# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ общественно-политическэ журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**май 3 июнь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2015

# Псалъащхьэхэр

**Мыкъуэжь Анатолэ.** Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!................................... 3

Публицистикэ

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Хэкум папщIэ................................................... 7
**НэщIэпыджэ Замирэ.** ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ.............................. 53

Усыгъэ

**Тхьэгъэзит Зубер.** МафIэ мыужьых. *Усэ*............................................. 61

Публицистикэ

Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэхэр................................................ 63

Усыгъэ

**ЩоджэнцIыкIу Алий.** Шагъдий гъэшхахэм техутэ. *Усэ*....................... 70

Прозэ

**КIыщокъуэ Алим.** Нал къута. *Романым щыщ пычыгъуэхэр*...... 71

Усыгъэ

**КIыщокъуэ Алим.** *Усэхэр*....................................................................... 87

Прозэ

**Нало Ахьмэдхъан.** Рейхстагым адыгэбзи тетщ. *Рассказ*..................... 93
**Журт Биберд.** Мэрэмэжьей. *Рассказ*..................................................... 107

Усыгъэ

**Бицу Анатолэ.** Сурэт. Нэф. *Усэхэр*......................................................... 115
**Ацкъан Руслан.** «Аргуэру нэгум къысфIыщIохьэ зауэр...».
ЛъэIу. *Усэхэр*................................................................................... 116
**КIэщт Мухьэз.** Дэшхуей гуэрэн. *Усэ*....................................................... 117
**Гъубжокъуэ Лиуан.** Автобус къэувыIэпIэм деж. *Усэ*........................... 118
**Мыкъуэжь Анатолэ.** «Хуейщ дыгъэр бзийкIэ гуэшэну...».
Макъхэр. *Усэхэр*................................................................................ 119

Прозэ

**Мэзыхьэ Борис.** Сэ ныбжьэгъу сиIэщ. *Рассказ*....................................... 121
**ХьэIупщы МуIэед.** ЩхьэкIуэ. *Новеллэ*..................................................... 131

Публицистикэ

**Уэзрокъуэ Заур.** Блокадэ........................................................................... 135
**Уэрыш Нурхьэлий.** Берлин къызэращтар................................................ 137
**КъардэнгъущI Зырамыку.** Си зауэ гъуэгуанэхэр.
*ГукъэкIыжхэм щыщщ*........................................................................... 141
**АфIэунэ Рае.** Гынымэ зыщыуа письмо щимэхэр...................................... 161
**Гъут Iэдэм.** Гузэвэгъуэшхуэм пэджэжу....................................................... 165
Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм яуса уэрэдхэр................................................ 166
Зауэм, лIыгъэм, хахуагъэм ятеухуа псалъэжьхэр.................................... 173

Псалъэзэблэдз.................................................................................................... 174
ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр............. 175

# УАФЭ КЪАЩХЪУЭР ИРЕГУФIЭ!

Илъэс мин бжыгъэкIэ узэIэбэкIыжмэ, дунейпсо зыужьыныгъэм и япэ гулъхэр къэтIэпIу щыхуежьа лъэхъэнэм, нобэ зи цIэр ямыщIэж усакIуэ гуэр, гущIыхьэ щыхъуу, щIэупщIэгъащ: «ИIэну кIэ цIыху гужьгъэжьым?!» А зэман жыжьэм къыщыщIэдзауэ цIыху хейуэ щыIэм я хъуэпсапIэщ я уафэр къащхъуэу, я щIылъэр щхъуантIэу, я бын япIыжрэ я гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуар IэфIу яшхыжу дунейм тетыныр. АрщхьэкIэ щыIэщ а хъуэпсапIэ нэхум и бий кIэуфIыцIхэр. Ахэр нэпсеягъэр зи псэм псыдыуэу къыщIэф, ахъшэмрэ мылъкумрэ зи нэр къыщхьэрипхъуа, цIыху гуауэмрэ гузэвэгъуэмрэ гухэхъуэ хэзылъагъуэ, зауэр фейдэ хэкIыпIэ щIыныр зи нэрыгъ бзаджэнаджэхэрщ. Апхуэдэхэм ЩIым и бынжэу зыкъалъытэж икIи шэч лъэпкъ къытрахьэркъым Дунейм и тепщэу щытыну езыхэм зэрахуэфащэм. Я мурад Iейхэр зрагъэхъулIэн папщIэ, абыхэм я гъуэгум къащыпэщIэхуэ псори хьэдэлъэмыж зэтращIэ. А Iиблис щылъхухэрщ цIыхубэр игъащIэ лъандэрэ бэлыхь хэзыдзэр – зауэ-банэ хэзымыгъэкIыр.

Зауэр – щхьэм къимытIасэ щIэпхъаджагъэщ, гущIэгъуншагъэщ, хьэдэгъуэдахэщ. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ абы мыгъуагъэрэ тхьэмыщкIагъэу къишэр. ЦIыху бжыгъэншэхэр зэрыхэкIуадэм, ныкъуэдыкъуэ зэрыхэхъухьым нэмыщI, зауэм щIыуэпсым и дахагъэмрэ и беигъэмрэ Iисраф зэтрещIэ, лIэщIыгъуэ минхэр зи ныбжь културэм и Iэужь лъапIэхэр зэтрекъутэ, сабий зеиншэхэмрэ зи нэм нэпс къыщIэмынэжа фызабэ тхьэмыщкIэхэмрэ мин бжыгъэкIэрэ къызэренэкI, цIыхугухэм шынагъэрэ фIэщмыхъуныгъэрэ ирелъхьэ, цIыхупсэхэм мыкIуэдыжын фэбжь яредз, зи гъащIэр зэтекъута щIэблэ гугъапIэншэхэр губгъуэжьым кърено.

Ахэращ зауэр хьэкIэкхъуэкIагъэу щыIэм я нэхъыкIэу къыщIэлъытапхъэр. Аращ цIыху хейуэ щыIэм я нэлат зауэ зэщIэгъэстакIуэхэм щIалъыгъэсыпхъэр.

Зы зауэ лIэужьыгъуэ закъуэщ бгъэзахуэ хъуну щыIэр. Ар ущалъхуа Хэкур иубыду пщылIыпIэ уригъэувэн мурадкIэ къыптеуэ бийм иращIылIэ зауэрщ. ДэркIэ апхуэдэ щхьэхуитщIыжакIуэ зауэу щытащ Хэку зауэшхуэр.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и мафIэсым ЩIы хъурейр зэщIилыпщIэным зымащIэщ иIэжар. И гъуэм имыхуэжу къежьа благъуэ фIыцIэм и мурадащ дыгъэр иубыду дунейр кIыфIыгъэм щIригъэлъэфэну. АрщхьэкIэ нэхугъэм и телъхьэхэм къызэпаудащ а мурад фIейр. Псом хуэмыдэу абы удын жагъуэ езыдзар совет зауэлIхэрщ, совет цIыхубэрщ.

... 1941 гъэм июным и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди къэралым къытеуат. Лэжьэгъуэ махуэр хьэлэлу къезыхьэлIа гуащIэрыпсэухэр гъэмахуэ жэщым и жьыбгъэ щабэм IэфIу щIэжеикIырт. Зи нэ жей къемыкIуэр курыт еджапIэр къэзыух ныбжьыщIэхэрт – хъуэпсапIэ дахэхэр зи гум щыпхъэру нэхущ пшэплъым IущIэну зи мурадхэрт. Иужьрей уэзджынэр къызыхуеуагъащIэу гъащIэм лъэбакъуэщIэ хэзычэ а щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ, я гуращэхэр яIэщIигъэхуу, къахэIуащ гуIэгъуэм и тхьэгъуш макъ. Ди Хэкум и уафэ къащхъуэр яуфэбгъуащ нэмыцэ кхъухьлъатэхэм, ди щIыналъэм къизэрыгуащ биидзэ бжыгъэншэхэр. КъуэкIыпIэ пшэплъыр къриIащ къэрал гъунапкъэр зыхъумэ ди сэлэтхэм я лъым. Абыхэм яхуэщыгъуэ хуэдэ, нэхущ бзу цIыкIухэми я жьгъыру макъыр пачащ. Абдеж къэIуащ псэзэпылъхьэпIэ ихуа Хэкуанэм и джэ макъ! ИкIи ди къэралышхуэм лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувэри блыну пэщIэуващ лъэгущIэтын дищIын мурадкIэ къежьа бий хьэщхьэрыIуэм.

Лъыпсрэ нэпскIэ гъэнщIа гъуэгуанэ гугъу къызэпачащ ди цIыхухэм. ЦIыкIуи ини, жьыи щIэи – зэрыкъэралу къэмылэнджэжу пэщIэтащ ди лъапсэм псы изыгъэжыхьыжыну зи гугъа бий ерум.

1945 гъэм майм и 9-м ди ТекIуэныгъэкIэ иухащ илъэсиплI зи кIыхьагъа а зауэ гъуэгуанэ хьэлъэр – Хэку зауэшхуэр. Кремлыщхьэм къыщхьэщыт вагъуэ къуапитхур нэхъри къызэщIэлыдащ, салют бжыгъэншэхэм щхъуэкIэплъыкIэу къызэщIагъэнэхуащ ди Хэкум и уафэ къащхъуэр. ГуфIэгъуэ нэпсымрэ гуауэ нэпсымрэ яфIызэхэлъэдэжауэ, цIыхухэм щIагъэкIырт ТекIуэныгъэм и нэпс!

Зауэ куэд къращIылIащ Урысейм. Ауэ ар зэи зыми лъэгуажьэмыщхьэу хуэгъэувакъым. Къэхъуакъым къытеуа бийм ар щыпэмылъэща – джатэ къихакIэ къыхуэкIуар а иIыгъа джатэм щытемыкIуэдэжа!

УсакIуэм зэрыжиIащи:

> *Дыгъужьу бийр къихьам си Лъахэм,*
> *ТхъэкIумэкIыхьу къебгынэж!*

Аращ ноби: фIыкIэ къытлъихьэм – фIыуэ дыкъыхущIэкIынущ, IейкIэ къытщишэм – фIы щIихынукъым.

Зауэмрэ мамырыгъэмрэ литературэ псом и темэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къогъуэгурыкIуэ Гомер и деж къыщыщIэдзауэ. Зы лъэпкъи щыIэу къыщIэкIынкъым зауэм къихьа гузэвэгъуэхэмрэ зи гуащIэкIэ псэужхэм я плъапIэ мамырыгъэмрэ яхуэфэщэн тхыгъэкIэ пэмыджэжауэ. Адыгэ литературэми увыпIэшхуэ щаубыд а темэхэм. ИкIи жыIапхъэщ зауэмрэ мамырыгъэмрэ ятеухуауэ ятхахэм я нэхъыфIыпIэм ди тхакIуэ

пажэхэм я IэдакъэщIэкIхэри – ар прозэуи щIы, усыгъэуи щрырет – зэращыщыр. Псом хуэмыдэу а темэхэр куууэ, гъащIэм и пэжыр я лъабжьэу, щызэпкърыхащ зауэм и курыкупсэм хэта ди тхакIуэ нэхъыжьхэм я тхыгъэхэм.

Зауэ лъэхъэнэм, зауэ нэужь илъэс хьэлъэхэм, мамырыгъэм ятеухуауэ утыкушхуэ узэрихьэ хъун тхыгъэ купщIафIэхэр я Iэдакъэ къыщIэкIащ ди тхакIуэ нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми.

*Дунеишхуэ, умыIэуэльауэ.*
*Дунеишхуэ, сынолъэIу, зыущэху.*
*Топ зыщIыпIи зэрыщамыгъауэр*
*Хьэкъ къысщыщIи, мы си гур гъэпсэху.*

*Дунеишхуэ, умыдаущыншэ,*
*Ущыбзэншэм, псэншэ ухъу къысфIощI:*
*Сабий макъкIэ дыхъэших уэ щIумычэу,*
*Бзу уэрэдхэр уемызэшу шэщI.*

*Гъэщхъыщхъ пщIащэр, псыхэри гъэушэ,*
*Iэуэльауэ, гъахъэ, щIэ уи Iуэху:*
*ГъащIэр щIым зэрыщекIуэкIыр кIэншэу*
*ЗыхэзгъащIи, мы си гур гъэпсэху.*

Мамырыгъэр – зыузэщIыныгъэм, цIыхугъэм, дахагъэм я шэсыпIэщ. Дунейр мамыру екIуэкIмэщ щIэныгъэми, культурэми, литературэми, гъащIэм и адрей IэнатIэхэми зыщебгъэужьыфынур, а зыужьыныгъэр цIыхум и фейдэ зыхэлъхэм, къэкIуэну щIэблэхэм я насыпым щыхуэбгъэлэжьэфынур.

Iэщэ къыщIэпщтэн щхьэусыгъуэ уимыIэу, уи мурад дахэхэр зэбгъэхъулIэу дунейм утетыныр, шэч хэмылъу, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ насыпышхуэщ. Аращ цIыхухэмрэ къэралхэмрэ, зауэ-банэ хэмыту, зэгурыIуэн, сыт хуэдэ Iуэхуми псалъэкIэ унафэ тращIыхьын щIыхуейр. Апхуэдэ лъагапIэ цIыху акъылыр нэсатэмэ, шэч лъэпкъ къытумыхьэжу жыпIэ хъунут фIы зигу илъ псоми я мурад нэхъыщхьэр къайхъулIауэ. АрщхьэкIэ а хъуэпсапIэ нэхур уэгум къыщыблэ вагъуэ жыжьэу мызэкIэ тпэIэщIэщ.

*Ди лIэщIыгъуэр гуапагъэ хуэныкъуэщ.*
*ГумащIагъэ абы къомэщIэкI.*
*УвыIакъым ноби зауэм и Iэр –*
*Анэм нэпс зыщIыпIэ щыщIегъэкI.*

ЩIы щIагъым мэкъумэш щызыщIэ гуэрхэр ноби яужь итщ Урысейр и пIэ кърашу имылэжьыпхъэ ирагъэлэжьыну. АрщхьэкIэ ди къэралыр ящыщкъым нэуфIыцIщхьэрыуэу мыл-

гъурыджейм нытелъадэхэм. ЗэпIэзэрытущ, зэпэшэчауэщ ар сыт хуэдэ Iуэхуми зэрыбгъэдыхьэр.

МынэхъыфIу пIэрэт гъащIэм и псынэр зыгъэутхъуэну, уеблэмэ изыгъэгъущыкIыну хэт а щхьэзыфIэфIхэр зыщIэгупсысыжамэ, Урысейм и тхыдэм зэ ириплъэжу икъукIэ зэрыщхьэрыуэр къагурызыгъэIуэжын дерс къыхахамэ?! Шэч хэмылъу, нэхъыфIт.

ЦIыхуу щыIэм псэупIэ закъуэу диIэр мы ЩIы хъурейрщ. Аращ ар, нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, тхъумэн, дгъэфIэн, дгъэлъэпIэн щIыхуейр. Аращ фIы зигу илъ псори нэхъри зэкъуэувэу мамырыгъэм и телъхьэ къару лъэщу къыщIэувыпхъэр. Аращ мы дунейм тхакIуэу тетыр, къалэмыр я Iэщэу, ем пэувын щIыхуейр.

Дунейр къызыхуигъэщIар залымыгъэкъым, мыгъуагъэкъым, хьэзабкъым.

Дунейр къызыхуигъэщIар гуфIэгъуэщ, гуапагъэщ, фIылъагъуныгъэщ, насыпщ.

ЩIыр щIыщыIэр сабий къыщалъхунырщ, ЩIыр щIыщыIэр къыщыкIынырщ гуэдз!

*Гъатхэ хадэр, зэрахабзэу,*
*Бынунагъуэм ягъэкъабзэ.*
*ЯщIа мафIэм къыхеху Iугъуэ –*
*Уафэ къащхъуэри мэгуфIэ.*

*И нэгу къищу нэщхъыфIагъэ,*
*Анэр бынхэм яхуопщафIэ.*
*Хьэку уэнжакъым кърехху Iугъуэ –*
*Уафэ къащхъуэри мэгуфIэ.*

*ЩIимыгъанэм зауэ Iугъуэм,*
*Хуиту щIылъэм къыIуплъэфмэ,*
*Уафэр хуейкъым нэгъуэщI фIыгъуэ.*
*Уафэ къащхъуэр ирегуфIэ!*

Мы махуэхэм ди къэралышхуэм и дэнэ щIыпIи Iэтауэ щагъэлъапIэ Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 70 зэрырикъур. Дэри ди журналым и ещанэ къыдэкIыгъуэр зэрыщыту хухэтхащ а махуэшхуэм.

ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьыжахэм ди щхьэр яхудогъэщхъ!

Ирехъу ди Хэку уардэр нэхъри быдэ икIи лъэщ!

**МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ,**
*«Iуащхьэмахуэ» журналым*
*и редактор нэхъыщхьэ*

# ХЭКУМ ПАПЩIЭ

## Дэтхэнэм дежкIи

Илъэс 70 дэкIащ дунейм къыщыхъуахэм я нэхъ лъыгъажэ дыдэу екIуэкIа зауэр зэриухрэ. Ди цIыхухэм зэрахьа лIыхъужьыгъэм и пщIэр зэманым щIиуфэркъым. Хэку зауэшхуэм и илъэс хьэлъэхэр нэхъ жыжьэ хъуху, тхыдэм увыпIэ ин щызыубыда ТекIуэныгъэм и мыхьэнэр нэхъ наIуэ мэхъу. Абы къигъэлъэгъуащ ди Хэкум, абы IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм, ди жылагъуэ ухуэкIэм я лъэщагъыр.

ЕтIуанэ дунейпсо зауэм и дерсхэм ноби егупсысыжурэ, цIыхухэр яужь итщ ахэр къызыхэкIа щхьэусыгъуэхэр зрагъэщIэну, дяпэкIэ ящIэнухэм егупсысыну.

Ди къэралыр фашизмэм текIуэныр къэзыша Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ СССР-м ис лъэпкъхэм зэщIыгъуу зэрахьа лIыхъужьыгъэр, абыхэм я зэкъуэтыныгъэр. Хэку зауэшхуэм нэхъри быдэу ипсыхьащ а зэныбжьэгъугъэр.

Америкэ, инджылыз, франджы унафэщIхэм, дзэзешэхэм я гугъащ мылъкукIэ дэIэпыкъуурэ къызэрагъэпэща Германием и къарумкIэ Совет къэралым пэлъэщыну. Абыхэм нацист хьэкIэкхъуэкIэр ягъэшхащ, япIащ, зэщIаузэдащ. Ахэр хуейт Гитлер Совет СоюзымкIэ зигъэзэну. Абы ЕтIуанэ дунейпсо зауэр къеIэт икIи гугъуехь лъэпкъ хэмылъу Чехословакиер, Польшэр, Франджыр, Югославиер, Бельгиер, Даниер, Голландиер, Норвегиер, нэгъуэщI къэралхэри еубыд. Инджылызым хэщIыныгъэ инхэр ирет.

1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м фашистхэр Совет Союзым къытоуэ. Ди къэралым къихьащ къызыхуэтыншэу зэгъэпэща, техникэкIэ зэщIэузэда дивизэу 153-рэ (абыхэм танк дивизэу 19-рэ моторизованнэу 14-рэ яхэту). И блыгущIэтхэм я дзэхэри хэту бийм СССР-м къриутIыпщхьа псори дивизэу 190-рэ хъурт. Нэмыцэ щIылъэрыкIуэдзэхэм я танк гупиплIри, хьэуа флотитхум ящыщ плIыри совет-герман фронтым Iухьат. Псори зэхэту ди гъунапкъэхэм кърашэлIащ цIыху мелуани 5,6-рэ, танкыу 4300-м нэс, топу мин 47,2-рэ, кхъухьлъатэу 4800-рэ.

Зауэм и пэщIэдзэм зэрыпхъуакIуэхэр Совет къэралым и щIым жыжьэу кIуэцIрыкIыфащ. АрщхьэкIэ «къуэкIыпIэ зекIуэр» абыхэм зэрагугъам хуэдэу хъуакъым – Дзэ Плъыжьым бийм удынышхуэ иридзырт, 1941 гъэм и кIэм фашистхэм цIыху мин 800-м нэс яфIэкIуэдащ. 1942 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм ирихьэлIэу нэмыцэхэм укIыгъэу, хъыбарыншэу хэщIар мелуанитIым нос.

Совет зауэлIхэм лIыхъужьыгъэ яхэлъу яхъумэрт щалъхуа щIыналъэр. АрщхьэкIэ нэмыцэхэр, пIалъэкIэ яIэ ефIэкIыныгъэр къагъэсэбэпурэ, япэкIэ кIуатэрт. Апхуэдэу абыхэм къайхъулIащ Москварэ Ленинградрэ, Индылрэ Кавказ къуршхэмрэ гъунэгъуу къекIуэлIэныр. Ди къэралым псэхэхыр къыщхьэщыхьат. Мис а лъэхъэнэ хьэлъэм псори бийм ерыщу пэщIэуващ. Заводхэмрэ фабрикэхэмрэ жэщ, махуэ ямыIэу лэжьэну хьэзырт. Яубыда щIыпIэхэм партизанхэр щыкуэдт. Зи Хэкум и насыпымрэ щхьэхуитыныгъэмрэ щIэбэн дэтхэнэ зым дежкIи лIыхъужьыгъэр хьэл-щэн хъуат.

# «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм – ажал!»



СССР-м и адрей лъэпкъхэм ящIыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр Хэкур яхъумэжыну тэджащ. Республикэм и къуэ, ипхъу мин 60-м щIигъу фронтым кIуащ.

ТекIуэныгъэ Иным Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэм куэд халъхьащ. Абыхэм къызэрагъэпэщауэ щытащ 175-нэ фочауэ, 115-нэ шуудзэ дивизэхэр. Ахэр жыджэру хэтащ Киев, Сталинград зыхъумахэм. Зауэм мыкIуэу къэнахэри, къалэнышхуэ ягъэзащIэу, фронтым хуэлэжьащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностыр зауэ Iэмэпсымэхэу дзэр зыхуейм хузэрахъуэкIри, Налшык гидротурбиннэ, Дохъушыкъуей спирт, Прохладнэ ремонт заводхэм, Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым зауэ хуэIухуэщIэхэр къыщIагъэкIащ, фабрикэхэм ерыскъыпхъэхэр щагъэхьэзыращ, щыгъынхэр щадащ.

КъБАССР-м щыщ зауэлI мин 50-м щIигъум къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ Хэкум и орденхэмрэ медалхэмрэ къыхуагъэфэщащ, 33-м Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ, 6-м ЩIыхь орденым и нагъыщищри кърататащ.

1943-1945 гъэхэм Налшык дэрбзэр фабрикэм совет зауэлIхэм яхуидащ щыгъыну сом мелуанрэ мин 550-рэ и уасэ.

IэфIыкIэ щащI фабрикэм фронтым иригъэшащ IэфIыкIэ тонн 5599-рэ, лы комбинатым – лыуэ, нэкулъхэкIыу тонн мин 18.

Зауэм и илъэсхэм республикэм и мэкъумэш хъызмэтым (хозяйствэм) къэралымрэ фронтымрэ яритащ гъавэ тонн мин 273-рэ, сэхуран тонн мин 47-м щIигъу, мэкъуу тонн мин 55-рэ, лыуэ центнер мин 97-м нэс, нэгъуэщI IэщхэкI, хадэхэкI куэд. Абы нэмыщI унэгуащэхэм зауэм ирагъэшащ щIакIуэ, лъэпэд, Iэлъэ хуабэхэр. Налшык и закъуэ щыгъын, ерыскъы илъу вагон 20-м щIигъу фронтым иутIыпщащ. КъБАССР-м шуудзэхэм 1941-1945 гъэхэм яритащ адыгэш хэплъыхьауэ мин 27-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэм яхузэфIэкI халъхьащ къэра-

лым и лъэщагъыр гъэбыдэнми. Абыхэм зэхуахьэса ахъшэмкIэ ирагъэщIри Дзэ Плъыжьым иратащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолец», «Къэбэрдей комсомолец» кхъухьлъатэ эскадрильехэр, «Си ныбжьэгъу пэж» кхъухьлъатэ гупыр, «Ордензехьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэт», «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм – ажал!» танк колоннэхэр. Ди гуащIэрыпсэухэм ахъшэшхуэ халъхьащ «ЦIыхубэм я егъэджакIуэ», «Орджоникидзе гъущI гъуэгум и лэжьакIуэ» танк колоннэхэр ухуэным. Псори зэхэту Iэщэ къыщIэгъэкIыным сом мелуани 160-рэ мин 580-рэ халъхьащ.

## Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит мэхъуж

1942 гъэм шыщхьэуIум и пэщIэдзэм фашистыдзэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къихьащ. Ди щIыналъэм пIалъэ кIэщIкIэ щагъэув гуащIэрыпсэухэр еудыхыным и «хабзэр».

АрщхьэкIэ, зыми къимыгъэувыIэфу дыгъэм и гъуэгур зэрыхигъэщIым хуэдэу, ди цIыхухэри, гуауэми, залымыгъэми, Iэщэми кърамыгъэкIуэту, хуитыныгъэм, насыпым, Совет властыр я Хэкум щагъэувыжыным щIэбэнырт. Абыхэм шэч къытрахьэртэкъым фIыр ем зэрытекIуэнум, нэмыцэ фашистхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрырахужынум. ГугъэфIымрэ фIэщхъуныгъэмрэ ахэр гугъуехьым трагъакIуэрт, бийм ерыщу ебэныным къыхураджэрт.

ЛэжьакIуэбэм къызэпаудырт бийм хуэлэжьэн папщIэ заводхэмрэ фабрикэхэмрэ зэфIагъэувэжыныр. Фашистхэм Iэрамыгъэхьэн папщIэ мэкъумэшыщIэхэм гъавэр, Iэщыр, щIым зэрелэжь машинэхэр ягъэпщкIурт.

Бахъсэн къуажэм щыщ Щауэ Данил ихъумащ икIи колхозым иритыжащ комбайныр и Iэмэпсымэ зыбжанэ. Комбайнер Семеркинэ Анастасие мэкъу пыпхъуэм комбайныр щихъумащ. Кыщпэк МТС-м и лэжьакIуэхэу Къумыкъумрэ Купшынымрэ щIым щIатIэри яхъумащ тракторипщIым я пкъыгъуэхэр.

Бийм гуащIэу пэщIэтащ республикэм щыпсэу лъэпкъхэр. А бэнэныгъэм хэтащ балигъ мыхъуахэри цIыхубзхэри. Аруан районым щыщ «ТекIуэныгъэ» колхозым и тхьэмадэу щыта КъардэнгъущI Мурид къызэриIуэтэжамкIэ, адыгэ цIыхубзхэр лэныстэкIэ нэмыцэхэм щапэщIэта къэхъуащ.

Адыгэ хэкупсэхэм (патриотхэм) ягъэпщкIуащ уIэгъэ хъуауэ е сымаджэу ди щIыпIэм къина урыс сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ.

Мазэ бжыгъэкIэ фашист зэрыпхъуакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым хьэкIэкхъуэкIагъэ щызэрахьащ. Абыхэм зэтракъутащ Тырныауз комбинатыр, Бахъсэн ГЭС-р, Дохъушыкъуей спирт заводыр, Iисраф ящIащ трактору 1039-рэ, комбайну 309-рэ, колхозхэр, совхозхэр; былыму диIам я процент 75-р, мэлу, бжэну республикэм итам я процент 88-р дахуащ. Ягъэсащ, къагъэуащ КъБАССР-м и школ 227-м щыщу 216-р, Налшык дэта унэшхуэу 117-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щIыналъэм мазэ бжыгъэкIэ зауэ щекIуэкIащ. А зэманым Дзэ Плъыжьымрэ партизанхэмрэ Грознэмрэ Бакурэ я щIыдагъэр яхъумэу лIыхъужьыгъэ къагъэлъэгъуащ.

Кавказым щекIуэкIа зауэхэм ящыщу нэхъ напэкIуэцI IупщIу щытащ 1943 гъэм щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и щIыналъэр хуит къызэращIыжар.

Фашистхэм яхузэфIэкIакъым ди республикэм куэдрэ зыщаIэжьэну. Дзэлыкъуэ, Прохладнэ, Бахъсэн, Шэджэм районхэр абыхэм зэраIэщIэлъар мазитху иримыкъущ, адрей районхэр нэхъ мащIэщ. Ауэ а зэман кIэщIыми фашистхэм яIэщIэкIуэдащ парт, совет лэжьакIуэу мини 4-м щIигъу.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуащIэрыпсэухэр пщылIыпIэм ирагъэувэжыну

хэтащ, ауэ абыхэм зэрыпхъуакIуэхэм зыхуагъэщхъакъым.

1905 гъэм екIуэкIа революцэм и цIэкIэ щыIэ типографием фашистхэм газет къыщыхудагъэкIакъым. IэфIыкIэ щащI фабрикэм и лэжьакIуэхэм Налшык фашистхэр дэсыху IуэхущIапIэр зэфIагъэувэжын ядакъым.

Республикэм и лэжьакIуэхэм, колхозхэтхэм, къулыкъущIэхэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ къэрал, колхоз мылъкур нэмыцэ хъунщIакIуэхэм щахъумэнымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуащ партым и щэхурылажьэ комитет. Абы и секретару щытащ ФочыщIэ Iэбисал. Апхуэдэу къызэрагъэпэщащ партым и Налшык къалэ, Бахъсэн, Прохладнэ, Тэрч, Налшык, Iуащхьэмахуэ, Лэскэн райком щэхурылажьэхэр.

37-нэ армэм и унафэщIхэм ящIыгъуу фашистхэм зэребэныным кадрхэр хуэгъэхьэзырынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ комсомолым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомми. Абы игъэхьэзырри бийм и тылым игъэкIуауэ щытащ комсомолецу 100-м щIигъу. Абыхэм ящыщ куэдым я къалэныр щIыхь пылъу ягъэзэщIащ.

Зеикъуэдэс Хьэмырзэ Марие совет сэлэтрэ офицеру 150-рэ гъуэгу щэхукIэ нэмыцэхэм яIэщIигъэкIащ. Доткъул (Хьэтыкъуей) Розэрэ Куэт Цоцэрэ партизанхэм я унафэкIэ Бахъсэн районым щыщ къуажэ зыбжанэм фашистхэм я Iуэху зыIутыр зрагъэщIащ.

Бийм IэщIэлъ щIыналъэм щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ къыщыхута совет зауэлIхэм хэкупсэ куэд ядэIэпыкъуащ.

Аушыджэр щыщ пионер ЩэрэлIокъуэ СулътIан совет тIасхъэщIэххэм къахуигъуэтырт мэз гъуэгу щэхухэр. Абы и дэIэпыкъуныгъэкIэ ди зауэлIхэм нэмыцэ сэлэт гупышхуэ къаухъуреихьащ икIи зэтраукIащ.

ТIасхъэщIэх хахуэхэт Кыщпэк щыщ ныбжьыщIэхэу Хьэпэхъу Хьэсэнрэ Атэлыкъ Чэримрэ, Прохладнэ щыщхэу Соколов Николай, Обжорян Толэ, Вахнин Петя сымэ. Тэрч районым щыщ Алъхъэс Галя уIэгъэ хьэлъэ хъуа совет кхъухьлъатэзехуэр кърикъэлащ.

Зеикъуэ щыщ еджакIуэхэу ГъукIэхэ Мухьэмэдрэ Мухьэдинрэ, Ахъмэт Гъэфар сымэ бийм къыфIадыгъуа IэщэмкIэ нэмыцэ сэлэтхэм езэуащ. А къуажэ дыдэм щыщхэу Бетыгъуэн Сэлимрэ Мэршэнкъул БетIалрэ, нэгъуэщI зыбжани партизанхэм ядэIэпыкъуащ бийм иIыгъ къуажэм колхозым и Iэщыр дэхуауэ бгым щыгъэпщкIунымкIэ.

ХьэтIохъущыкъуей Ищхъэрэм (Къызбрун I) щыщхэу Абей Аслъэнрэ Зинченкэ Дмитрийрэ я ныбжьыр зэрынэмысам къыхэкIыу партизанхэм зыхагъэхьауэ щытакъым. Ауэ абыхэм мурад ящIат нэмыцэхэм езэуэнуи, ар къайхъулIащ. Къуажэм фашистхэр щыдахужым щыгъуэ абыхэм фашист зыбжанэ яукIащ, тIу гъэр къащIащ. АфэщIагъуэ ХьэцIыкIу, я унащхьэм зыщигъэпщкIури, автоматкIэ бийм яхэуащ, зыбжани иукIащ. Абы и къуажэгъу Жолдащ Хъусен ди зауэлIхэм ядэIэпыкъуащ нэмыцэ десантникхэр гъэр щIынымкIэ. Мэзокъуэ Шурэ уIэгъэ хъуа ди зауэлIыр кърикъэлащ.

Арщыдан щыщ щIалэ цIыкIухэу Къэмбэчокъуэ Iэмырхъанрэ Мэремкъул Адэлбийрэ нэмыцэхэм Iэщэ-фащэ куэд къыфIадыгъуащ. Ахэр фашистхэм къащIащ икIи яубыдри тутнакъэщым щIадзащ. Ауэ хэкупсэ ныбжьыщIэхэр щIэпхъуэжащ.

Къундетейдэс щIалэ цIыкIухэу Нэзрэнхэ Борисрэ Алихъанри лIыгъэ зэрахьащ. Ар къыщыхъуар 1943 гъэм щIышылэм и 4-рщ. Налшык дахужа нэмыцэдзэхэм Шэджэм адрыщIым зыкъыщагъэбыдат – абыхэм я мурадт ди зауэлIхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр зэтраIыгъэну. Зауэ гуащIэ екIуэкIырт. Али-

хъанрэ Борисрэ псыхъуэм дэлъэдащ икIи ахэр яIууащ уIэгъэ хьэлъэ хъуа урыс сэлэту 15-м. ЦIыкIухэм ахэр зырызыххэу IэжьэкIэ къыдашащ икIи Борэн ЖэбрэIил и унэм яшащ. Сэлэтхэм я уIэгъэхэр япхащ, ягъэшхащ, хъужыхункIэ якIэлъыплъащ.

Кавказыр хуит къыщащIыжым екIуэкIа зауэ хьэлъэм 1942 гъэм и бадзэуэгъуэм щIидзащ, 1943 гъэм и жэпуэгъуэм Тамань хытIыгуныкъуэм щиухащ.

Кавказ Ищхъэрэр хуит къегъэщIыжыным хахуэу щIэзэуахэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мащIэкъым. Абыхэм ящыщщ Гуэбэшы Николай, Ефэнды Жыраслъэн, Къущхьэ КIыщыкъуэ, Пащты Цоцэ, Теувэжыкъуэ Мухьэмэд, Жамборэ Хьэбас, Гъэсашэ Къасболэт, Хосровьян Георгий, Шыхъуэ Бализэ, Уэрэзей Тамарэ, Елгъэр Адэлбий, Вэрокъуэ Iэмырбий, Къардэн Бэлэтокъуэ, Настаев Хьэжбэчыр, Казьмин Михаил, Холаев ЖэбрэIил, Къатинэ МуIэзин сымэ, нэгъуэщI куэди.

Къэбэрдей-Балъкъэрым папщIэ екIуэкIа зауэм совет зауэлIхэмрэ партизанхэмрэ лIыгъэм и щапхъэ куэд щагъэлъэгъуащ. Урыс сэлэт Подгорнэ Афанасий Iуэхур гугъу зэрыхъуар щилъагъум, шэ зэрылъ и машинэр бийм и нэхъ IувыпIэм хихуащ, ар къауэри фашисту 8 иукIащ, 6 уIэгъэ хъуащ.

Таганрог щыщ зауэлI Матвеев Пётр нэмыцэ танк щIагъым зыщIидзэри, ар игъэсащ, езыри хэкIуэдащ.

ЩымыIэж пулеметчикым и пIэ иувэри, взводым и унафэщI, азербайджан Зульфугаров Камал езыр къаукIын и пэкIэ Ислъэмей къуажэм деж фашист 50 щыхигъэщIащ. Лейтенант Пирмисашвили Алексей зи пашэ артполкым нэмыцэ танк дивизэм и унафэщI генерал фон Макк, дивизэм и штабым и тхьэмадэ Графф, штабым и лэжьакIуэ Мюллер, нэгъуэщIхэри зыщIэс плъапIэр икъутащ. Абы папщIэ куржы щIалэ хахуэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щхьэмыгъазэу фашистхэм зэрыщезэуам, лIыгъэ ин къызэрагъэлъэгъуам папщIэ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр фIащащ Пилипенкэ Иван, Лурсманишвили Владимиррэ Канкавэ Владимиррэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхъумахэм яхэтащ Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Къардэн Къубатий, Ушанёв Сергей, Михайленкэ Василий сымэ. Республикэм и щIым фашистхэм хахуэу щезэуащ ди хэкуэгъухэу Шортэн Аскэрбий, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм, Жэмырзей Ясин, Моргачев Николай, ХъуэкIуэн Розэ, Мамхэгъ Шу, Гуэщокъуэ Iэниуар, Беслъэней Залымхъан, Черкесов Сэрбий, Щербак Иван, Пинхасов Хаким, Елчэпар Мухьэмэд, Зацепилин Георгий, Къуэдзокъуэ Мусэрбий, нэгъуэщIхэри.

Ди республикэр яхъумэурэ, лIыгъэ яхэлъу я псэр ятащ ди хэкуэгъухэу Мартыс Гергий (Бахъсэн), Дол Мухьэмэд (Куба), Малкандуев Азрэт (Гундэлэн), Балъкъэр Iэуал (Кыщпэк)...

1942 гъэм и кIэм – 1943 гъэм и пэм Кавказ Ищхъэрэм бжьыпэр Дзэ Плъыжьым щиубыдащ. Iуэхум и пэжыпIэр щIауфэу, яIыгъ совет щIыхэм ис ди цIыхухэр къагъэпцIэн, абыхэм зэрызыкъыпэщIасэр ягъэмэщIэн папщIэ фашистхэм ягъэIуащ Кавказ Ищхъэрэм «урысхэр щызэхакъутауэ, Грознэри хэту къалэ куэд къаубыдауэ».

Уеблэмэ, Гитлер и хэщIапIэм щIышылэм и 3-м хъыбар нэпцI къитащ «Тэрч районым и деж ебгъэрыкIуэ инхэр щрагъэкIуэкIыу ахэр илъэсыщIэм IущIауэ».

Iуэхур зэрыщытыр мырат. А зэманым фашистыдзэхэр Сталинград деж хьэлэч къыщащIырт, фельдмаршал Паулюс и армэ зауэлI мин 285-рэ зыхэтыр зэтраукIэрт, гъэру къаубыдырт. Мис а зэманым Кавказ фронтым и дзэ-

хэри Кавказ Ищхъэрэм фашистхэр ирахужыну ежьащ.

1942 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Орджоникидзе деж щызэтраукIа иужькIэ нэмыцэхэр ебгъэрыкIуэныгъэм къыпыкIащ. «СС-Викинг» дивизэм и полкым, 2-нэ къурш-лъэсыдзэ румын дивизэм, «Бранденбург» полкым, моторизованнэ батальон зыщыплIым ящыщу къэнахэм а лъэхъэнэм быдапIэр щаIыгът Тэрч – Змейскэ – Ардон – Дзауджикау – Алагир – Дур-Дур щIыпIэхэм. Ауэ абдежым ахэр куэдрэ исакъым. 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 22-м ди дзэхэр Налшык къалэм и къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ нэмыцэхэм щебгъэрыкIуэу хуежьащ, бийр ирагъэкIуэтри, Осетием щыщ къуажэ зыкъоми къаубыдыжащ.

Зи быдапIэхэр зытраха нэмыцэ полковник Кюнн и 13-нэ танк дивизэр, румын генерал Думитреску и лъэсыдзэ дивизэр, нэгъуэщIхэри хуэпIащIэу ищхъэрэкIэ икIуэту хуежьащ.

Ар и пэщIэдзэу уващ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм зэрыпхъуакIуэхэр ирахужыным.





Ялъэмык|ыу зэрырагъэкIуэтыжыр щIауфэн папщIэ, фашистхэм жаIэрт фронтым и линиер нэхъ кIэщI ящIын щхьэкIэ ахэр зэкIэ икIуэту, щIэхыуи къагъэзэжыну. Ауэ нэсу пцIыт. Ди дзэхэм я удын гуащIэм абыхэм я щхьэр щIаригъэхьауэ арат. Зы быдапIэм адрейр къыкIэлъыкIуэу бийм IэщIэкIырт. 1942 гъэм дыгъэгъазэм и 24-м къыщыщIэдзауэ 1943 гъэм щIышылэм и 4-м нэсыху Кавказ Ищхъэрэм Германым щыфIэкIуэдащ сэлэтрэ офицеру мин 11-м щIигъу. А зэманым къриубыдэу бийм и кхъухьлъатэу 18, танкыу 320-рэ, топу 151-рэ, пулемету 190-рэ якъутащ.

Советыдзэр зэтрагъэувыIэн папщIэ дэтхэнэ зы къуажэри, Iуащхьэри, псыежэхри фашистхэм къагъэсэбэпыну хэтащ. Гъуэгухэм, къалэ дыхьэпIэхэм, псы Iуфэхэм, цIыху нэхъ здэкIуэнухэм абыхэм лагъым щIалъхьэрт, лъэмыжхэр якъутэрт.

Ауэ абы къызэтригъэувыIэфынутэкъым зи щIыналъэр хуит зыщIыж лъэпкъхэр пщылIыпIэм къыIэщIэзыгъэкI советыдзэхэр.

Налшык хуит къыщащIыжа етIуанэ махуэм Совет информбюром хъыбар дуней псом иригъэщIащ:

«Кавказ Ищхъэрэм Дзэ Плъыжьыр лъэщу щебгъэрыкIуащ икIи жыла-

гъуэ зыбжанэ хуит къащIыжащ. Зауэ гуащIэхэр щекIуэкIащ Налшык деж. Нэмыцэхэм къалэм и хъуреягъкIэ щащIауэ щытащ инженер ухуэныгъэ лъэщу зыбжанэ, щыхьэрым и дыхьэпIэ псоми лагъым щIалъхьащ. Ди зауэлIхэм топхэмрэ танкхэмрэ я дэIэпыкъуэгъуу, бийм и быдапIэ псори яубыдащ, жэщым къалэм дыхьэри, тегушхуауэ ебгъэрыкIуа иужь, ар къащтащ. Налшык и дыхьэпIэхэмрэ уэрамхэмрэ бийм къыдинащ езым и сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдищэхэр».

«Налшык къаубыдыжкIэрэ, – къитыгъащ а махуэхэм Лондон и радиом, – урысхэм хуит къащIыжащ нэмыцэхэм щIымахуэ фэтэр гъуэзэджэ яхуэхъуну щыта къалэр. Ауэ абыкIэ зэфIэкIыркъым. Налшык яубыдри, нэмыцэхэм урыс позицэхэм хьэлэ даукIат икIи гъущI гъуэгуищым я зэхэкIыпIэм шынагъуэ иратат. Налшык къаубыдыжри, урысхэм я хьэлэр къыдаудыжащ икIи нобэ щыщIэдзауэ а гъущI гъуэгуищри Дзэ Плъыжьым ей мэхъуж. Абы щIывгъужыт Налшык къалэм и гъунэгъуу пщIэшхуэ зиIэ минералхэр зэрыщIэлъыр... Ар къэплъытэмэ, иумыгъэлейуэ жыпIэ хъунущ урысхэм ехъулIэныгъэшхуэ къахьауэ. ИкIэм-икIэжым – абы псом хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ – къэлъытэн хуейщ нэмыцэхэр Кавказым и щIыдагъэ къыщIэхыпIэ къулей дыдэхэм иджы гъунэгъу зэрыхуэмыхъур, атIэ кIуэ пэтми нэхъ пэIэщIэ зэращIыр».

Зэхэуэ хьэлъэхэр щекIуэкIащ Прохладнэм и екIуэлIапIэхэм. Мыбдежым фашистхэм щезэуащ офицер Рубанюк Иван зи пашэ зауэлIхэр. Ахэр Мэздэгу лъэныкъуэкIэ къикIыу Прохладнэм къебгъэрыкIуэрт. Къалэм щIэзэун папщIэ ягъэува нэмыцэ гарнизоныр зэхапIытIэри, офицер Филиппов Василий зи командир танкистхэр Прохладнэм дыхьащ. Бий хьэдэ куэд къинащ зауэр щекIуэкIа губгъуэм. Къалэм ди дзэхэм къыщаубыдащ танкыу, бронемашинэу 25-рэ, топу 27-рэ, пулемёту 37-рэ, фочу 1000, автомашинэу 63-рэ, хъумапIэу 6.

Прохладнэр хуит къыщащIыжым лIыгъэ къагъэлъэгъуащ политрукхэу Шумовский Иванрэ Бароминский Маркрэ, лейтенант Герман Юрэ... Ахэр пэуващ фашист танк 20-м, ди дзэхэм я щIыбагъ къыдыхьэну хэтахэм. А зауэ гуащIэм лIыхъужьхэм бийм и танк 11 щакъутащ, адрейхэр ягъэшынэри щIэпхъуэжащ.

Прохладнэ япэу дыхьахэм ящыщ зыщ а къалэм къыщалъхуа лейтенант Боронов Сергей. Танкист хахуэм къехъулIакъым текIуэныгъэр игъэмахуэшхуэну. Прохладнэр хуит хъужыным куэд имыIэжу ар къаукIащ. Адрей зауэлI яукIахэм я гъусэу лейтенант Бороновыр къалэм дэсхэм щIалъхьэжащ. Ахэр щIэзылъхьахэм яхэтащ лейтенантым и анэри.

– Сэ къызохьэлъэкI иджыпсту сыпсэлъэну, – жиIащ анэм къуэр щыщIалъхьэм, – Серёжэ фIэкI сэ зыри бын сиIэтэкъым. Си щIалэхэ, фщIэж абы и лъыр!

Советыдзэхэм Бороновым и лъыр ящIэжырт. Ахэр япэкIэ кIуатэрт. Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэми зауэр щыщIэхуабжьэрт.

ХэщIыныгъэ ин иIэу бийр икIуэтащ Къубэ-Тэбэ, Куба, Марьинскэ къуажэхэм я деж щызэригъэпэща быдапIэхэм нэс. Мы щIыпIэм зауэ гуащIэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ 57-нэ, 34-нэ, 10-нэ гвардейскэ фочауэ бригадэхэр. ЩIышылэм и 10-м и жэщым ди дзэхэр Куба, Марьинскэ къуажэхэм дыхьащ. Жэщ зауэм фашист щэ бжыгъэ гъэр къащIащ. Къуентхъыр мащIэтэкъым: пулемёт 240-рэ, автомашинэу 166-рэ, н.къ.

Дзэ Плъыжьым и ебгъэрыкIуэныгъэр апхуэдизкIэ лъэщт, Iэубыдыпӏэншэти, хьэдэхэр щIимылъхьэжу, Iэщэ-фащэ куэд къигъанэу, бийр епIэщIэкIыу икIуэтыжырт.

1943 гъэм щIышылэм и 11-м советыдзэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м

и щIыр къанэ щымыIэу бийм къыIэщIахыжащ.

Дзэ Плъыжьым щIэгъэкъуэнышхуэ хуэхъуащ партизан зэщIэхъееныгъэри. ВКП(б)-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомымрэ зыхъумэжынымкIэ Налшык комитетымрэ къащта унафэм ипкъ иткIэ республикэм къыщызэрагъэпэщат партизан гупхэр. Зэман кIэщIым къриубыдэу партизан гупи 10 хьэзыр хъуащ. Абыхэм къызэщIаубыдэрт цIыху 700-м нэблагъэ.

Партым и обкомым и унафэкIэ гуп псори зы партизаныдзэу зэгуагъэхьэжащ шыщхьэуIум и 20-м.

Гуп зэгуэтым и унафэщIу ягъэуващ Царяпин Георгий, комиссару – Къудей Чэрим.

Гупыр Iыхьищу гуэшат. Япэм хэтт Прохладнэ районым щыщ партизанхэр, етIуанэм – Бахъсэн районым, ещанэм – Дзэлыкъуэ, Нагорнэ районхэм я партизанхэр. Абыхэм я унафэщIт, я комиссарт парт, совет лэжьакIуэ цIэрыIуэхэу Грицай, Фоменкэ, Ерыжокъуэр, Хьэтэжьыкъуэр, НэщIор.

Партизанхэм бийм зауэ гуащIэхэр иращIэкIащ. Абыхэм мащIэрэ гужьеигъуэм хадзакъым фашистхэр. Апхуэдэ жэщ теуэныгъэхэм ящыщ зыуэ щытащ партизанхэр 1942 гъэм фокIадэм и 21-м Къармэхьэблэ зэрыдэуар. А жылэм дэст нэмыцэ танк батальон, гарнизон лъэщ. Ауэ партизанхэр шынакъым. Къуажэм лъэныкъуищкIэ ахэр щыдыхьащ икIи зыр адрейм кIэлъыкIуэу ягъэсу щIадзащ фашистхэм псэупIэ ящIа унэхэр. СыхьэтитIым нэблагъэкIэ екIуэкIа зэхэуэм партизанхэм щызэтраукIащ бий сэлэтрэ офицеру 70-м нэблагъэ, якъутащ автомашинитI.

А жэщым лIыхъужьыгъэ къагъэлъэгъуащ партизан псоми. Бахъсэн районым и партизанхэм ящыщ Къуэдз Бот шууэ, уафэхъуэпскIым хуэдэу, пхылъэтащ жэщ кIыфIым. Абы и автоматым хьэдэ гурышэу иригъэгъуэлъыкIащ фашист сэлэт зыбжанэ, гранатэкIэ икъутащ нэмыцэхэм щыжейуэ, зыщагъэпсэхуу къагъэсэбэп тыкуэныр. Ауэ езыри IэщIэкIыфакъым биишэм. Къулъкъужын Ищхъэрэм щыщ лIы хахуэр къыщаукIащ Къармэхьэблэ. Апхуэдэу а жэщым лIыгъэшхуэ зэрахьащ КхъуэIуфэ ФIыцIэ, Жанкъазий Софият сымэ.



Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа партизан бэнэныгъэм и тхыдэм и напэкIуэцI нэхъыфIхэм ящыщ зыщ жэпуэгъуэ мазэм и япэ Iыхьэм Хьэбэз къуажэм зыщызыгъэбыда нэмыцэ гарнизоныр, жэщ теуэ ящIу зэрызэтраукIар. А жэщым иужькIэ Совет информбюром къитащ хъыбар: «Нэмыцэ фашистыдзэхэм яубыда щIыпIэм щызауэурэ, къэбэрдей-балъкъэр партизанхэр лIыхъужьыгъэкIэ теуащ бийм и дивизэм и штабым. Совет хэкупсэхэм зэтраукIащ сэлэтрэ офицеру 100-м нэблагъэ, автомашинитIрэ пулемётитIрэ якъутащ».

Партизанхэм я дежкIэ нэхъ хьэлъэ дыдэу, гуимыхужу щытащ абыхэм Анзорей щрагъэкIуэкIа зауэ гуащIэр. Дыгъэгъазэм и 5-м гупыр къуажэм дэуащ. Абы и къалэнт ди дзэхэм ящыщ зым и ебгъэрыкIуэныгъэм и пэ къихуэу нэмыцэ гарнизоныр зэтриукIэну, бийм зыщигъэбыда щIыпIэхэр къихутэну. Сыхьэтийрэ ныкъуэкIэ щызэуащ а къуажэм партизанхэр икIи нэмыцэ сэлэтрэ офицеру 200-м щIигъу зэтраукIащ. Псом хуэмыдэу лIыгъэ къагъэлъэгъуащ пулемётчикхэу АфIэунэм, Бондаренкэ, Хъураным, автоматчикхэу Каминскэм, Мэзлом, Савранскэм, нэгъуэщIхэми.

Нэхущым ирихьэлIэу фашистхэм зыкъащIэжащ. Абыхэм партизанхэм къраутIыпщащ танкхэмрэ бронемашинэхэмрэ икIи ахэр къыкIуэтын хуей хъуащ. Лэскэн зэхэуэм къыщаукIащ партизан хахуэхэу Меликьянц Владимир, Махъцы Хьид, Тэшэло БетIал, КхъуэIуфэ ФIыцIэ, Маринич Надеждэ, Согуэ Мэжид, Къанщауэ Хьэмел, Алибэч Мэстафэ, Аслъэн Илья, Двоенкэ Иван,

Чурилов Михаил, нэгъуэщIхэри. Ауэ бийми зыхищIащ хэкупсэхэм я губжьыр, яхузэфIэкIынур зыхуэдизыр.

Мазитхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр бгъуэнейрэ бийм теуащ икIи нэмыцэдзэхэм я штабу щы зэтрикъутащ, яукIащ нэмыцэ сэлэтрэ офицеру 700-м щIигъу, 31-рэ гъэр ящIащ, бийм къытрахащ топи 10, топышэу мини 5, автомашинэу, мотоциклу, шыгу зэщIэщIауэ, лъакъуэрыгъажэу, шыуэ куэд, фочышэу мини 10, пулеметхэр, фочхэр. Партизанхэм бийм къытрахыжащ колхоз былымрэ шыуэ мин 68-рэ.

Жанкъазий Софият, Балъкъыз Лилэ, Буцкая Ольгэ, Валоник Розэ сымэ я хахуагъэр зауэр екIуэкIыу ди республикэ псом щызэлъащIысауэ щытащ. Iуэху захуэм, Хэкум, ТекIуэныгъэм папщIэ я гъащIэр ятащ Панайоти Юля, Козуб Шурэ, Савченкэ Марие сымэ. Бийм къыхуэгъэдзыхакъым абыхэм ящыщ зыгуэри.

Куэд мэхъу апхуэдэу лIыхъужьыгъэм, Хэкум хуиIэ пэжыгъэм и щапхъэ къэзыгъэлъэгъуахэр.

Ди къэралым пщIэшхуэ къыхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэм ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэ гуащIэмрэ абыхэм я лIыхъужьыгъэмрэ - абыхэм я нэхъыбэм орденхэр, медалхэр къратащ.

# НапIэдэхьеигъуэ



1944 гъэм ди дзэхэм Таллин къащтащ. АпхуэдизкIэ псынщIэу къащтати, нэмыцэ псори хунэсатэкъым абы дэIэпхъукIыжыну. Фашист зыкъомым егъэзыпIэхэм зыщагъэпщкIуат.

Офицер Иуан Хьэсэн къалэн къыщащI Фин хы къуэпсым и ныджэр щIищыкIыну. И ротэм щыщ зауэлI зыбжанэ зыщIегъури, ар а щIыпIэм макIуэ.

ЩIыпIэр къуршылъэт, мывэ джей инхэр щыкуэдт. «Мыбдежым ущыбэлэрыгъ хъунукъым, – яжриIащ и гъусэхэм Хьэсэн. – Гъуанэдэууэ бийр дэнэкIи къиукIыфынущ».

Асыхьэтым Иуаным къелъагъу епхауэ псы Iуфэм Iут кхъуафэжьейр. Абы лIыжь гуэр зиудыгъуауэ ист.

«Ухэт? Мыбдеж щыпщIэри сыт?» – лIыжьым йоупщIхэр.

Эстон тхьэмадэм къахуиIуэтащ шынагъэкIэ кхъуафэжьейм ираубыдауэ зэрисыр. Абы нэмыцэ генерал гуэрым унафэ къыхуищIат жэщ зэрыхъуу езыри и гъусэхэри хы къуэпсым зэпришу, Финляндием ишэн хуейуэ… ЩIэпхъуэжыну зи мурад генералым щIыгъут сэлэтипщI. Абыхэм зыщагъэпщкIуат хы Iуфэм пэгъунэгъу мэзым.

«Дауэ сщIымэ нэхъыфI? – йогупсыс Иуаныр. – Дэ абыхэм я зэхуэдитI дыхъуркъым. Къалэм згъэзэжу зауэлI гуп къызыщIызгъун?» ИтIани щIогъуэж: «ЛIыгъэр бжыгъэкIэ къалъытэркъым – зэкъуэхуауэ датеуэнщ».

Фашистхэм зыщагъэпщкIуа пхъэ унэ цIыкIум щэхуу йокIуалIэ. ЩIыхьэпIэм деж зы къэрэгъул щытти, «цIутI» жрагъэIакъым. Ар Iэуэлъауэншэу Iуахри, унэм щIэсхэм ятоуэ.

Зэхэуэ гуащIэм бий зауэлI зыбжанэ хокIуадэ, къэнахэр – генералыр я пашэу – гъэр къащI.

Абы и пэкlи Хьэсэн лlыгъэншэу щытакъым. Нэмыцэ зэрыпхъуакlуэхэр СССР-м къыщытеуа махуэм щегъэжьауэ абы lэщэр игъэтlылъатэкъым.

Иуан Хьэсэн яхэтащ Ленинград зыхъумахэм, Прибалтикэр хуит къэзыщlыжахэм. Ар Европэм и щlыпlэ куэдми щызэуащ. Зэрихьа лlыгъэм папщlэ дамыгъэ лъапlэхэри кърататауэ Германием нэсащ.

1945 гъэм и гъатхэпэ мазэт. Ди дзэхэр Берлин гъунэгъу хуэхъуат. Ауэ иджыри бийм и къару илът. «Зы совет зауэлl Одер къызэпрыдгъэкlынкъым», – жаlэри нэмыцэхэм а псым и адрыщl ныджэм зыщагъэбыдат.

Жэщ гуэрым Иуаным и ротэр щэхуу Одер и адрыщl ныджэм зэпрокl. Япэ ищахэм псы lуфэм зыщагъэбыдэ.

Нэху щыху увыlакъым зауэлlхэр – зыдэсыну щlытlхэр къатlащ, я lэщэхэр бийм хуагъэпсащ. Фашист быдапlэхэр гъунэгъут, я къэрэгъулхэр зэрызэпсалъэр зэхэпхырт. Абыхэм я зэпсэлъэкlэмкlэ къапщlэрт совет зауэлl гуп псым зэпрыкlыу зэрапэтlысынур пщlыхьэпlэу зэрамылъагъур.

Пшагъуэ телъу нэху щащ. Арати, нэху зэрыщу, Иуаным и гупым бийм еуэн щlедзэ. Арщхьэкlэ къарухэр зэхуэдэтэкъым. «Фыкъызыхэкlа псым фыхэтхуэжынщи, федгъэтхьэлэнщ», – жыхуаlэу нэмыцэхэр къобгъэрыкlуэ, ди зауэлlхэм яlыгъ щlы кlапэм, уэ къехым хуэдэу, шэр къытрагъэлъалъэ. Иуаным и ротэми бийм худичыхыркъыми, зэхэуэр нэхъри гуащlэ мэхъу. Шэхэр мэфий, щlыр дэзджызджу гранатэхэмрэ топышэхэмрэ къоуэ. Фашисту яукlыр куэд мэхъу, совет зауэлlхэри хокlуадэ. Ауэ дыдейхэр псым къызэпрыкlыху заlыгъын хуейт.

Абы хэту ди дзэхэр псы lуфэм къыщитlысыкlыу хуежьащ. Иуаным зыкъеlэтри, ину жеlэ: «Ей, маржэ хъужыхэнхэ, нобэ хуэдэ зы махуэщ Хэкум дэ lэщэ къыщlыдитар… Япэкlэ!»

Командирыр япэ иту ди зауэлlхэм ебгъэрыкlуэн щlадзэ. Бийм зыхуэlыгъакъым – икlуэтащ.

А пщэдджыжьым Хьэсэн и ротэм фашисту щэм нэс зэтриукlащ. Псом ящхьэрати, ди дзэр псым зэпрыкlыныр къызэригъэпэщащ.

Шэджагъуэхуэкlуэу ротэр нэмыцэ къуажэ гуэрым дыхьащ. Зауэлlхэр езэшат, зэхэуфlеяхэт. Ауэ ахэр хунэсакъым загъэпсэхунуи загъэкъэбзэнуи… Лъэныкъуэкlэ къызэрыкъуэхауэ къуажэм къыхуэкlуэрт lэщэкlэ зэщlэузэда езырызекlуэ машинэхэр, абыхэм яужь нэмыцэ лъэсыдзэр иту.

Иуаным полкым и унафэщlым псынщlэу зыпещlэ, lуэхур зытетыр жреlэ икlи йолъэlу пщэдджыжьым щызэуа щlыпlэмкlэ икlуэтыжыну хуит къищlыну.

– Апхуэдэу щхьэ нэхъ къапщтэрэ? – къоупщl полковникыр.

– Къуажэм дыкъыдэнэмэ, нэщанэуапlэ дащlынущ, дикlуэтмэ, зыхъумэжыпlэхэр диlэщ.

– Арамэ, хъунщ… Гъэзащlэ.

Ротэр, пщэдджыжьым щызэуа щlыпlэмкlэ йокlуэтыжри, бийм потlыс. Хъуреягъыр иращэкlыу езырызекlуэ машинэхэр къоблагъэ. Иуаным унафэ ещl: «Гъунэгъу дыдэ къэхъуху фемыуэ!».

Мис, япэ итыр езым хуэзанщlэ къохъу. Зджызджу къыщхьэщокlуатэ танкым нэхърэ мынэхъ тlасхъэ жырым къыхэщlыкlа машинэжыр. Гъунэгъу дыдэу зыбгъэдегъэхьэри, Хьэсэн абы гранатэр иреутlыпщ. Ауэ а зэ еутlыпщыгъуэмкlэ машинэм тета топыр хуэкъута къудейщ. И лъэгур и тlасхъапlэщи, и щlагъым щlэхуэу зэреуэнум зыхуещl. Машинэр къыщхьэщыхьэ щыхъум, Иуаным абы иреутlыпщ етlуанэ гранатэр. Езыми псынщlэу щlытlым зыдедзэж. Щыблэу къэlуащ уэ макъыр, щlыр игъэзджызджу. Зэщlэфиежу адэ-мыдэкlэ зэбгролъеикl жыр къутахуэхэр.

А псори напIэдэхьеигъуэм къэхъуа Iуэхущ. Абы къыкIэлъокIуэ етIуанэ тэлайр – етIуанэ машинэри къоуэ. Куэд дэмыкIыу ещанэми мафIэ Iэмбатэу зыкърегъэIэт; еплIанэри, и лъэгур щIеудри, зепщыпщэу ныджэм къытренэ.

Зы зэман къызэплъэкIмэ, командирым елъагъу и гъусэ зауэлIхэр зыдэс щIытIхэм я щIыбагъ къыдыхьауэ машинэшхуитIым япэ взводыр Iисраф къызэращIыр. Абыхэм ягъэщтащи, сэлэтхэр къыщолъэт, къыщылъэтхэр нэмыцэхэм пулемёткIэ щIагъэлъэлъ.

– Фи гупэр, фи гупэр яхуэвгъазэ, – мэгуо Хьэсэн икIи а лъэныкъуэмкIэ зреч.

«Феуэ нэлатыр зытехуэнхэм», – мэкIий ар, и зауэлIхэм закъригъэщIэжу. Иуаным и гранатэр едзри, машинэхэм ящыщ зыр къегъауэ. ЕтIуанэми гранатэр иреутIыпщ. НэгъуэщI ар зыми хунэсыжакъым. Гъунэгъуу къыщыуа шэм и лъэр щIеуд.

Хьэсэн зыкъищIэжащ уIэгъэщым щIэлъу. Зигъэхъеину хуежьащ – лъэкIакъым. ЗыкъиIэбэрэбыхьу щIедзэ. Йоплъ и лъакъуэхэр зэрыхуэгъэхъейм. Зыр егъэхъеиф… ИкIи зэуэ къыхощтыкI: «Адрейр пытыжкъым!» ГущIыхьэ пщтырыр и тэмакъым къыщIоувэ: «ЕI, бетэмал, си щIалэгъуэ дахэти»…

1945 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м Иуан Хьэсэн къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Газетым тету а унафэм къыщеджам ар иджыри сымаджэщым къыщIатхыкIыжатэкъым.

А гъэ дыдэм абы Къэбэрдейм къигъэзэжащ. Хьэсэн ди республикэм и унафэщIхэм яхэту щылэжьам IуэхуфI куэд зэфIигъэкIащ.

1972 гъэм Иуан Хьэсэн ТIалиб и къуэр дунейм ехыжащ. Ар зыщалъхуа Дохъушыкъуейм щагъэуващ абы и фэеплъ. А къуажэм и зы уэрамми и курыт еджапIэми Иуаным и цIэр зэрахьэ.



## Зы илъэс закъуэ



Дунейр уэфIт. Темрыкъу хы къуэпсым къыхиху акъужь гуапэр псэм йодэхащIэ, абы полкым и ныпыр дохуарзэ. Кхъухьлъатэзехуэхэр сатыру иувыкIахэу а ныпым и пащхьэм итщ, я унафэщIхэм жаIэм йодаIуэри. Бийм зы мэскъалкIэ зэрыхудамычыхынум, ар уэгуми щIылъэми зэрыщыхагъэщIэнум теухуа псалъэмакъщ екIуэкIыр. ЗауэлIхэр щытщ, я нэгухэр зэхэуфауэ, гужьгъэжьыр я нэхэм къыщIихыу.

УнафэщIхэм я ужькIэ псалъэ къещтэ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан. Полк псор умэзэхауэ йодаIуэ и адэм къигъэхьауэ иджыпсту ар къызэджэ тхыгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щызэрахьэ залымыгъэм теухуауэ гур зыгъэуз псалъэхэр зэрытым. Абы пищэу Ахьмэдхъан жеIэ: «Фашистхэм яукIащ си шыпхъуитI – ФатIимэтрэ Абчарэрэ, си къуэш Шэмэул. Абыхэм яукIащ совет цIыху минхэр. ИкIи си псэр пытыху, си гур къеуэху, хейуэ кIуэдахэм ялъ сщIэжыну фыкъызогъэгугъэ».

Адыгэ щIалэр хуэпэжащ ищIа тхьэрыIуэм. Къанкъуэщ Ахьмэдхъан ябгэу бийм ебгъэрыкIуэрт, абы кIуапIи жапIи яритыртэкъым. НапIэдэхьеигъуэт

зыхуейр гъэщIэгъуэн гуэр къигупсысын папщIэ. Ар еплъыртэкъым бийр зэрыхъу бжыгъэм.

… «Мессершмитт»-м зэребгъэрыкIуэ ди кхъухьлъатэхэр ялъэхъэн я гугъащ, ауэ къикIа щыIэкъым. Ди «Як»-хэр бомбэзехьэхэмкIэ яфIэкIуэри, абыхэм уэр хузэхаублати, радиоаппаратым бгъэдэсу мыдэкIэ щIым щыIэ унафэщIыр къэпIейтеяуэ хьэуам хэтхэм йоджэ: «Напэ фиIэщ! Еуэ уэ, шэмэдж! Пыгъэщ, Къанкъуэщ!» УафэхъуэпскIым хуэдэу псынщIащэу йокIуэкI зэхэуэр. Бий мафIэм иса къуажэм я жыг хадэ зэщIэгъэгъахэмкIэ йохуэх «Юнкерс»-у тIу. Ещанэм егъэкIэрэхъуэжри, уафэ лъащIэм йохьэж. Ар еху «Як»-м. «Юнкерс»-м ехуэх нэпцI зещI, зэм зегъэхуэм, зэми кIэщIу къегъэкIэрахъуэри, адэ-мыдэкIэ зыщIедз.

«Нэхъ лъагэу!» – къоIу ар зыхум и макъыр. Зауэм дихьэха Къанкъуэщ Ахьмэдхъан щыгъупщат зэрыпсалъэ Iэмэпсымэр игъэувыIэжын икIи щIым тетхэм зэхах абы и псалъэхэр: «ЛъыщIэжым фыIэщIэкIыу щIыми зыщывгъэпщкIуфынкъым, уафэми фыщыбзэхынкъым. Адыгэм жеIэ: «Зилъ зыщIэжым и бийр хьэдрыхи къыщигъуэтынщ».

Мес ар, лъыщIэжым ирихужьар, моторитI зэрыт и кхъухьлъатэ щхъуантIэ-гъуэжьыфэмкIэ щтапIэ ихьэжауэ къуршыщхьэм щызолъатэ. Абы ищIэркъым леймыгъэгъур и ужь зэритыр, ауэ ерыщу къызэребгъэрыкIуэмкIэ, еруэ и къыкIэлъыкIуэкIэмкIэ, и «Як»-р Iэзэу зэригъэIурыщIэмкIэ икIи пулемётыр къызэреуэ щIыкIэмкIэ къыгурыIуэу хуожьэ и ажалыр и ужь зэритыр, гузэвэгъуэри къыкIэщIозэрыхь…

Къанкъуэщым ирихужьа фашист кхъухьлъатэр гъуахъуэу, Iугъуэмрэ гъуэзымрэ зэщIащтауэ бгы гуэрым жьэхоуэри, зэхощащэ. «Як»-м, бгым жьэхэуэным иIэж щымыIэу, зыдредзеижри уэгу щхъуантIэм къохутэж. Зэ зыкъегъэзэж, и бийм къыщыщIар зрегъэлъагъури, адрей совет кхъухьлъатэхэм яхоувэж.

Куэд дэмыкIыу Къанкъуэщ Ахьмэдхъан ТIалэ и къуэр Совет Союзым и ЛIыхъужь ящI. А унафэр дунейм къытохьэ 1943 гъэм фокIадэм и 2-м.

Зы илъэс закъуэщ Къанкъуэщ Ахьмэдхъан зауэм зэрыхэтар. А зэман кIэщIым абы нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм хэщIыныгъэшхуэ ярет. 1943 гъэм Къанкъуэщым и кхъухьлъатэр Керчь деж къыщраудыхащ. Ауэ абы и щIыхьым, и пщIэм бийм зыри хуещIакъым.

## Еянэ топышэ



Къардэн Къэбард Лэкъумэн и къуэм и гъащIэр ещхьт вагъуэижым – махуэ 257-рэщ ар Хэку зауэшхуэм зэрыхэтар. Дэфтэрхэм яхъумащ абы сыхьэтихым къриубыдэу и танкымкIэ нэмыцэ фашисту 50-м щIигъу зэриукIар, топу 5 зэрикъутар, къуентхъыу танки 7, топ 13, автомашинэ 78-рэ дыдейхэм къаIэрыхьэным ар зэрыхэлIыфIыхьар...

Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн Къэбард теухуауэ щыIэ тхылъхэр мащIэщ. Ауэ абыхэм Аушыджэр щыщ адыгэлIыр къахощ Хэкум и бын пэжу, шынэ зымыщIэ танкисту, ныбжьэгъуфIу, цIыху хьэлэлу, сыт и лъэныкъуэкIи щапхъэу. Апхуэдэу

ар щыдолъагъу, къэбгъэлъагъуэмэ, урыс тхакӀуэ цӀэрыӀуэ Гарин Фабиан и тхылъым, 1963 гъэм Москва къыщыдэкӀам, «Танкым телъ удз гъэгъахэр» зыфӀищам. Абы къыхэтхащ мы пычыгъуэ цӀыкӀур.

*   *   *

– Ныбжьэгъу Къардэн, уэ нэхъыфӀу зыкъэдгъэцӀыхут, – жиӀащ Боровицкэм.

ЩӀым щыс сэлэтхэм къахэтэджыкӀащ щӀалэ къуэгъу, зи нэкӀур дыгъэм къамылыфэу ижьар. Нэрылъагъут ар зэрыпӀейтейр. КӀэщӀ дыдэуи къиӀуэтащ Кавказ къуршыжьхэм я лъапэм къызэрыщалъхуар, мэлыхъуэу зэрылэжьар, къалэшхуэ илъагъуну, еджэну зэрыщӀэхъуэпсар.

– СыноупщӀыну сыхуейт, – къэӀуащ Кульдиным и макъыр. – Уи сыт Совет Союзым и ЛӀыхъужь хъуа Къардэн Къубатий?

– Си къуэшщ, – жиӀащ щэхуу Къэбард.

Сэлэтхэр гуапэу къеплъащ я ныбжьэгъум. Комбатым жиӀэнӀауэ хэтащ. Ауэ а напӀэзыпӀэм зыгуэр ину къэджащ:

– ПсынщӀэу фи машинэхэм фитӀысхьэж!

Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкӀыу зауэм и мафӀэр щӀэрыщӀэу къызэщӀэнащ... Танкхэр, кхъухьлъатэхэр, топхэр зэщӀэгъуахъуэрт. МафӀэм исырт машинэхэр, псэупӀэ унэхэр, шыгу зэщӀэщӀахэр, цӀыхухэр. Пшагъуэмрэ Ӏугъуэмрэ зэхэтым ярейуэ, зэуапӀэр кӀыфӀ хъуат, шэ зэмыфэгъу зелъатэхэр къыхэлыдыкӀыу... Бийр зы километркӀи къэкӀуэтэфакъым. ИхъуреягъкӀэ щыплъагъуэрт нэмыцэ сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ я хьэдэхэр, мафӀэ бзийр зыщхьэщыт танкхэр...

Къардэн Къэбард егупсысырт бийм ебгъэрыкӀуэу, я быдапӀэр зэрызэпхитхъыным, адрей танкхэм гъуэгу зэрахуищӀыным. Машинэр зыгъакӀуэр старшина Трохинырт. Къардэным и танкым и ужь итт Дегтярёв, Бондарь сымэ зи унафэщӀхэри... Бийм ди танкхэр здикӀыну и гугъэр ищхъэрэ лъэныкъуэмкӀэти, абыкӀэ зыщагъэбыдат, фӀыуи загъэхьэзырат. Ар къыгурыӀуэри, Трохиным унафэ хуищӀащ шоссем текӀыу губгъуэ гъуэгумкӀэ игъэшыну. Дегтярёв, Бондарь сыми къащӀащ Къардэныр зыхущӀэкъур. Ди танкхэр, лъэгумк1э яунэтӀри, къуажэм дэмыхьэу, къухьэпӀэ лъэныкъуэмкӀэ екӀуэкӀащ, зыкъагъазэри, къызэдилъащ.

– Гъуэжькуийм хуэдэу, – кӀиящ Къэбард, Трохиным зыхуигъазэри, – бийм дытоуэри, хьэбэсабэ дощӀ!

Къуажэм къызэрыдэхутэу къалъэгъуащ ищхъэрэ лъэныкъуэмкӀэ загъэзауэ танкищ щыту. Къардэныр еуэри, зым Ӏугъуэ фӀыцӀэр къыщхьэщыуващ. Дегтярёв игъэсащ етӀуанэрей танкыр. Ещанэм зыкъигъэзэну хэтащ, ауэ хунэсакъым. Абыи техуащ Къэбард и топышэр.

Абдежым лъэныкъуэкӀэ къыкъуэкӀащ «Фердинанд» зыбжанэ. Къардэным и танкым къытелъэлъащ топышэхэр. Матюшкиныр уӀэгъэ хьэлъэ хъуат, ауэ абы хузэфӀэкӀащ топыр иузэдыну. Къэбард и Ӏэр къиӀэтри, къыхэщэӀукӀащ – лъыпсыр къыпыжырт...

– Къызэт бронебойнэр! – еджащ ар Матюшкиным.

Ауэ абы зыкъигъэхъеижыфыртэкъым. И къару псори зэхилъхьэри, топышэр къищтащ, ерагъыу топыр иузэдри, нэмыцэ танкым еуащ. Матюшкиным иужькӀэ джэлащ Зайцевыр. Трохиным, адэ-мыдэкӀэ зригъэгъазэурэ, гъуанэу блы зиӀэ хъуа танкыр япэкӀэ игъакӀуэрт. Къардэным, къару телъыджэ гуэрхэр къыхыхьэжауэ, топыр иузэдурэ игъауэрт.

Еянэрей топышэр къыщытехуэм, Къэбард и нэхэр щыункIыфIыкIащ, псэкIэ зыхищIащ и гур удыным зэгуиудауэ лъыр уэру зэрыщIэжыр... А напIэзыпIэм къызэхихащ Бочковскэм и танкхэри къызэрысар, фашистхэр зэрикIуэтыр...

Бийм зэуэныр щигъэтри, гъэру зыкъитащ. Къуажэдэсхэр гъуанэпщIанэ хъуа совет танкым деж щызэхуэсащ. УкIыгъэ хъуа сэлэтиплIыр къыщрахым, фызыжьхэр, сабийхэр зэщIэгъуэгащ...

Мыгувэу ди танкхэр япэкIэ кIуэтащ. Бийр икIуэтыжырт...

## Къуршыбгъэ



Ди къэралышхуэм щызэлъащIысащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, кхъухьлъатэзехуэ Къардэн Къубатий Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм батэр игъэшу бийм зэрезэ-уам теухуа хъыбархэр. А хъыбархэр щадж еджапIэхэм, абыхэм щIагъэдэIу къулыкъу зыщIэну дзэм ираджэ ныбжьыщIэхэр.

ИужькIэ генерал-майор хъуа Къардэн Къубатий къикIуа гъуэгуанэм ириплъэжащ абы къыдэзэуа дзэзешэ цIэрыIуэхэр, тхакIуэхэр. «Уэгум ихьамэ, ар бгъащхъуэм хуэдэт», – дыкъыщоджэ Цукасов Георгий «Хэкум и цIэкIэ» зыфIища и тхылъым. ЦIыхубэ усакIуэ ХьэхъупащIэ Амырхъан Къардэным щхьэкIэ и усэм щыжеIэ: «Къуршыбгъэм хуэдэу ар уэгум щыхуарзэт, Щыблэшэуи бийм ар и гущхьэм къытехуэрт».

Уэгум итхэр зым зыр щриджэкIэ, цIэ лей зыфIащ хабзэщ. Къардэным къреджэну зыфIищыжат и Хэкум и цIэр – Къэбэрдейр.

«Сэ сы-Къэбэрдейщ, сы-Къэбэрдейщ, бийм собгъэрыкIуэ» псалъэхэр пшэхэм къызэпхыIукIыу ди къэралми Европэми я уафэхэм Iэджэрэ щыIуащ. Езыр щраджэ щыIэт: «Къэбэрдей, Къэбэрдей махуэ хъун, бийм сыкъыхегъэзыхь, къыздэIэпыкъу».

Апхуэдэуи, нэгъуэщIуи зауэр зи кIыхьагъым Iэджэрэ Iуагъэни «Къэбэрдей» псалъэр. Ар къэзыпсэлъхэр къыщыщыгугъаи, абыхэм щагъэгушхуаи щыIэу… АтIэ хэтыт ар – зауэм щыгъуэ батэр зыгъэша адыгэлIыр?

Къубатий властыщIэм зи нэр къигъэплъэжа мэкъумэшыщIэхэм я бынт, Дыгъужьыкъуей (Аушыджэр) щыщ адыгэ унагъуэ къызэрыгуэкIым къыхэхъукIат. Школ нэужьым егъэджакIуэ IэщIагъэр зригъэгъуэтащ. Щалъхуа къуажэм, иужькIэ Налшык къулыкъу щищIащ. Щыхьэрым къэIэпхъуа нэужь абы Iэмал егъуэт кхъухьлъатэзехуэ хъуну иIэ мурадыр зригъэхъулIэну. Лэжьыгъэм къыщыдэхуэхэм деж аэроклубым кIуэурэ, лъэтэфу абы зыщегъасэ. ЗыIэпешэ Къардэныр уэгум, къыгуроIуэ кхъухьлъатэзехуэ нэс мыхъумэ, насыпыфIи зэрымыхъунур, нэгъуэщI гъащIэкIэ зэрымыпсэужыфынур икIи дэрэжэгъуэ Iуэхукlэ зыщIидзар и кIэм нигъэсыну гъуэгу тохьэ. 1939 гъэм Къубатий Качэ къалэм макIуэри абы щыIэ училищэм щIотIысхьэ.

ЕджапIэр къеухри, Къардэным и дзэ къулыкъум Винницэ щыщIедзэ. Ар исщ зэребгъэрыкIуэ кхъухьлъатэ псынщIэм. Ис къудей, зиIэтрэ пшэхэм хы-

хьамэ, зэрыхуейуэ уэгум «щегъэджэгуф».

Европэ псор зытелэжьа фашистхэр Iэщэ лъэщкIэ зэщIэузэдат, зауэ хуэIухуэщIэкIи Iэзэ хъуат. Бийм а лъэхъэнэм иIа кхъухьлъатэхэри дыдейхэм ефIэкIырт. Зауэр щIидзэри зэманыфI дэкIа нэужьщ ди дзэм я кхъухьлъатэ нэхъыфIхэр хьэзыр щыхъуар. ЗэкIэ щыIэхэмкIэ нэмыцэхэм япэщIэтын хуейт. ИкIи ди кхъухьлъатэзехуэхэм фашист зызыгъэлIхэм худачыхыртэкъым, уеблэмэ ахэр ягъэгулэзырт.

Зауэм зэрыщIидзэрэ зы мазэ нэблэгъауэ, Къардэным къалэн къыщащI Шепетовкэ лъэныкъуэкIэ бийм дзэшхуэ щызэхуишэсу ди тIасхъэщIэххэм къахьа хъыбарыр зэ къиипщытэжыну. Апхуэдэ «зекIуэм» щыбэлэрыгъ зэрымыхъунур, нэмыцэ кхъухьлъатэхэр къыхуэзэми запэщIимысэу зафIигъэбзэхыжын зэрыхуейр, зениткэхэми защимыхъумэу зэрымыхъунур къыжриIэу полкым и унафэщIым ар игъэIущат. Ар ищIэжырти, езыми зимыIэтыщэурэ Шепетовкэ и Iэгъуэблагъэхэм нэсри, гъуэгухэм къыщыхьуухэр зригъэлъэгъуащ, уеблэмэ танк бжыгъэхэр ибжу зыбжанэри ящхьэпрылъэташ. Абы хэту жыжьаплъэу къелъагъу: аддэ, уафэ нэзымрэ щIылъэмрэ щызэлъэIэсым, кхъухьлъатэ цIуугъэнэ цIыкIу гуэр къыщопщIыпщIри, зы тэлайкIи мэбзэхыжыпэ. «ДауикI, ар зыщIыпIэ деж щетIысэхащ, – йогупсыс Къардэныр. – Апхуэдэу щыщыткIэ, а лъэныкъуэмкIэ аэродром щыIэщ».

Къубатий зеIэтри, кхъухьлъатэр щилъэгъуа лъэныкъуэмкIэ еунэтI. «Сыздежьам сыкъыхуэблэгъащ», щыжиIэм зениткэхэр къеуэу щIадзэ, шэхэр и гупэмкIи и щIыбагъымкIи щызэкIэщIапхъ. «Мыхэр здэщыIэм аэродроми щыIэщ», – жиIэу, уэгум зыщигъазэу, зыщыщIиупскIэурэ шэхэм защихъумэжурэ щIыпIэр къеплъыхь икIи зыхуейр къелъагъу...

И щIагъымкIэ укъыхудэплъеямэ, къехуэх фIэкIа умыщIэну, зэуэ ди кхъухьлъатэм зрегъэлъэхъшэх икIи, шэхэр трагъэлъалъэу, аэродромым и зы лъэныкъуэм щхьэпролъэт.

Асыхьэтым Къардэным игу къэкIыжат сакъын хуейуэ командирым къызэрыжриIар, ауэ игъэзэжыну и гум къыхуидакъым. Зэуэ зыкъигъазэри, зениткэхэр къызэреуэм хуэдэу, аэродромым и адрей лъэныкъуэри щIищыкIащ. Мыдэ жьапщэшхуэм щIиупскIэм хуэдэу, кхъухьлъатэр зэ-тIэу ещIащ, ар и гъунэгъубзэу къыщыуэ шэхэм зэрадзэу арат. Ауэ абыхэми къелащ, псынщIэу зиIэтри, абы здикIамкIэ къиунэтIыжащ. Къубатий аэродромыр зэрыщыIэр къищIа къудейтэкъым. Абы кхъухьлъатэ дапщэ тетми, ахэр здэщыт щIыпIэхэри зригъэлъэгъуат. Апхуэдэ хъыбарым дыдейхэр щыгуфIыкIынтэкъэ! Къардэныр зыщыгъуазэ хъуахэм къедаIуэри, хьэуам щызауэ дзэм и Iэтащхьэ генерал Шелухиным унафэ ищIащ полкитIри занщIэу заIэту нэмыцэхэм я аэродромым теуэнхэу.

Фашист аэродромыр а махуэм щIым щыщ ящIыжащ, кхъухьлъатэу абы тетари зэтракъутащ.

Къардэным гукъинэж щыхъуащ япэу къриудыха кхъухьлъатэм зэрезэуа щIыкIэр. А лъэхъэнэм ар зыхэт полкым Днепр телъ лъэмыжхэр, абы къекIуалIэ гъуэгухэр бийм щихъумэрт. Къубатий зиIэта къудейуэ, гу лъетэ пшэм къызэрыкъуэхыу нэмыцэ кхъухьлъатэ псынщIитI, я зэхуакум даубыдэну, и ужьым къызэриувам. «ЕI, бетэмал, сыту нэхъ пасэу гу ялъызмытарэт», – жиIэу егупсысри, зэраIэщIэкIынум иужь ихьащ. ЛъэныкъуэкIэ игъэшыну хуежьат, ауэ хъунутэкъым, ижьырабгъумкIэ къебгъэрыкIуэм и шэм ихьынут. Езыр щта хуэдэу бийхэм къафIигъэщIыну, кхъухьлъатэр зэ зы лъэныкъуэмкIэ, зэ адреймкIэ триIуантIэу щIедзэри, «и кIэм къитIысхьахэр» егъэбэлэрыгъ, зэуи, кIуэцIрыхуам хуэдэу, зрегъэхуэх. Мо къэзыхуитIри Къардэным

щхьэпролъэтыкIхэр, езыми зимыIэжьэу нэхъ лъагэжу зеIэт. «Мессер»-хэм къагъазэри, абы къыхудрагъэзей. Зыр нэхъ гъунэгъу къыщыхуэхъукIэ, Къубатий псынщIэу зыкъегъэлъахъшэри, ар бгъукIэ къыхуэгъэза мэхъу, езыми уэн ирегъажьэ. «Мессер»-р, хьэуам щылъэпэрэпа хуэдэ, пэкIэ йощIэ, ирегъэзыхыпэри, Iугъуэ фIыцIэр и пщэдэлъу, щIым йохуэх. ЕтIуанэ «Мессер»-ми иджы игу хуэгъэтIылъат, ауэ ар, нэрыплъэкIэ къыпхуэмылъагъужыну, игъэзэжауэ къыздикIамкIэ кIуэжырт...

Зауэр Кавказым къэсат. Кхъухьлъатэзехуэхэм махуэ къэс ялъагъурт фашистхэм яубыда щIыпIэхэм насыпыншагъэу къыщыхъухэр. Фашистхэм къаруушхуэ зэщIагъэуIуауэ, Мэздэгу лъэныкъуэмкIэ щыкIуэцIратхъыу, Грознэмрэ Бакурэ яубыдыну хэтт. А къалэхэм къыщыщIаш щIыдагъэр зыIэрагъэхьэну арат зыщIэкъур. Ар къайхъулIамэ, Сталинград деж щекIуэкI зауэшхуэми бжьыпэр щаубыдыжыну щыгугъырт. Ауэ дапхуэдиз танкрэ топрэ, кхъухьлъатэрэ лъэсыдзэрэ бийм Кавказ Ищхъэрэм къримыутIыпщами, и дзэр щыхуIуагъэщхъащ. АбыкIэ фIыщIэшхуэ ябгъэдэлът уэгум щызауэхэм. Абыхэм яхэтт Къардэн Къубатии. Аушыджэр щыщ щIалэм а зэманым Ленин ордену тIурэ Бэракъ Плъыжь орденымрэ кърататат.

Къардэн Къубатий и полкыр «ЛАГГ-3» кхъухьлъатэм итIысхьэрт. АбыхэмкIэ лъэтэфу загъэсауэ Псыжь деж бийм щиухуа быдапIэхэр щызэтракъутэрт.

Станц гуэрым хуэкIуэ совет дзэхэр яхъумэн мурадкIэ «ЛАГГ-3» кхъухьлъатихым, Къардэныр зэрысыр я пашэу, заIэтат. Жыжьи нэмысыщауэ, и гъусэхэм ящыщ зыр и командирым къоджэ: «Къэбэрдей, Къэбэрдей, мо къызэрыкъуэха къомыр плъагъурэ? Сыт тщIэнур?»

«Зывгъэхьэзыр, ауэ ебгъэрыкIуэ кхъухьлъатэхэм зыдевгъэхьэхыу, бомбэзехьэхэр зыщывмыгъэгъупщэ», – ещI унафэ Къардэным. Къаруушхуэт ахэр зыпэщIэувар: бомбэзехьэ кхъухьлъатэхэр сатыритIу, зэребгъэрыкIуэ тIощIым ахэр яхъумэжу, ди лъэсыдзэр здэщыIэ щIыпIэмкIэ яунэтIат. «Хьэуэ, дэ дыхэкIуадэми, ахэр лъэсыдзэ бэлэрыгъам ебгъэкIуалIэ хъунукъым», – арат Къубатий и гупсысэр зытеухуар.

Бгъащхъуэхэм хуэдэу Къардэным и гупыр бийм тоуэ, «Юнкерс»-хэм гъунэгъу зыхуащIурэ бомбэзехьэхэм яхоуэ, ахэр иракъухь, икIи бзаджагъэкIи лIыгъэкIи бийр хагъэзыхь. А махуэм ди кхъухьлъатэзехуэхэм гуфIэжу къагъэзэжащ, абыхэм бомбэзехьэу плIырэ зэребгъэрыкIуэ зы кхъухьлъатэрэ къраудыхат.

Полковник Маркелов Василий игъэхьэзыра тхылъым мыпхуэдэу итт: «Капитан Къардэн Къубатий Лэкъумэн и къуэм, эскадрильем и унафэщIым, фашизмэм и бийуэ екIуэкIа зауэм зыкъыщигъэлъэгъуащ шынэ зымыщIэ кхъухьлъатэзехуэ Iэзэу, лIыхъужь нэсу. 1941 гъэм къыщыщIэдзауэ иджы къэсыху (1943 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэрщ зи гугъу ищIыр) адыгэ зауэлI хахуэм 577-рэ уэгум зиIэтащ, абы щыщу 170-рэ щIылъэрызекIуэ дзэхэм ятеуащ, зыIэтыгъуи 117-м фашист кхъухьлъатэхэм езэуащ, кхъухьлъатэ 21-рэ къриудыхащ. Абы бийм и техникэрэ и цIыху куэдрэ Iисраф ищIащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, зэтрикъутащ автомашинэу 150-рэ, танкитI, топибл, зениткэ щытыпIэу 13».

1943 гъэм и шыщхьэуIу мазэм Къардэн Къубатий къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр.

Абдежым щиухакъым адыгэлI хъыжьэм и зауэ гъуэгуанэр. И полкым щIыгъуу ар жыджэру хэтащ Новороссийск, Кърымыр, Белоруссиемрэ Польшэмрэ хуит къээзыщIыжахэм, Германием и щIыналъэм фашистхэм кIэ ще-

зытыжахэм. А лъэхъэнэми абы къыхуагъэфэщащ орденхэмрэ медалхэмрэ.

Совет Союзым и Лlыхъужь, майор Къардэн Къубатий хэтащ Текlуэныгъэм и щlыхькlэ Мэзкуу щекlуэкlа еплъыныгъэшхуэм. Зауэ нэужьым абы къиухащ академиеу тlу. Зи пщlэр лъагэ генерал-майорым и щlэныгъэр, и lэзагъыр зрихьэлlэн lуэху гугъущ къыхихар, ар дзэ унафэщlу, Ставрополь щыlэ авиацэ еджапlэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ДОСААФ-ми и пашэу лэжьащ.

## Берлин нэс



Хэт игъэунэхуа зауэ гуащlэм укъыхэкlыжауэ дагъэгъэсыныр зыуха кхъухьлъатэ ныкъуэкъутэр къэплъэфэсыжыныр зыхуэдэр?! Зи дамэр зэпыуда бгъэжьым ещхьу, уебэ-уещlэу псынщlагъ пlыгъам зыкъыбогъэхь икlи, «Ий, сохуэх» щыжыпlэ дыдэм, тlысыпlэм укъыщхьэщохьэри, шэрхъхэр къызэщlыбох, щlым уоцырхъ… Уоцырхъ, узэридзэу, итlани мывалъэ псыхъуэм лъапцlэу къыщыбжыхьауэ алэрыбгъу щабэм укъытехьэжа хуэдэу зыкъыпщохъуж. Асыхьэтым гулъэф пщlауэ узэрилъэфри, адэ-мыдэкlэ узэрызэридзэри сытым щыщ? Щlылъэ анэм и lэплlэ гуапэм укъихутэжауэ ущlиупскlэу аращ.

Тlэ, укъэувыlащи, зыбгъэхъеину къару уиlэжкъым, ауэ уолъагъу уи ныбжьэгъухэр къызэрыжэр, кабинэм lэплlэкlэ укъызэрырахыр. «Упсэу? Упсэумэ, аращ!»

Абдежым къыбгуроlуэ, дапхуэдизкlэ уэгур фlыуэ умылъагъуми, щlы щхъуантlэм ущыпсэуным нэхъ насып зэрыщымыlэр…

Командирри къосри, уи lэр къеубыд: «Упсэу? Тхьэм и шыкурщ!»

Асыхьэтым уи lупэр зэтумыхми, уи къару къызэрихькlэ уи гущlэм укъокlиикl, аддэ, уафэ щхъуантlэ укъызэхыжам нэlусу: «Сыпсэущ!»

Гъащlэр зэрылъапlэр, упсэуну зэрынасыпыр фlы дыдэу ящlэрт Хэку зауэшхуэм хахуэу щызэуа, Лъахэм и щхьэхуитыныгъэм папщlэ зи псэр зыта кхъухьлъатэзехуэхэм. А гъащlэр фlэlэфlт икlи игъэлъапlэрт лlэнкъэнэну бийм пэщlэта Къуэныкъуей Назири. Дагъэгъэсыныр иухарэ и кхъухьлъатэри ныкъуэкъутэ хъуауэ ар къыщелаи къэхъуащ.

Полкым и комсорг Гаврилов Василий «Хэкум и щlыхькlэ» газетым трыригъэдза тхыгъэм дыкъыщоджэ: «1944 гъэщ, накъыгъэм и 1-щ. Кърымыр хуит къэщlыжынымкlэ екlуэкl зауэхэр и кlэм ноблагъэ… Пщэдджыжь нэмэзу ди «Як» гупым заlэтащ бийм и аэродрому Херсонес щыlэм теуэну. Кхъухьлъатэзехуэхэм яхэтщ Шпундяков Сергейрэ Булатов Георгийрэ, Егорович Владимир, Абдрашитов Щэмил, Къуэныкъуей Назир, нэгъуэщlхэри.

Цlэрыlуэ хъуа Качэ къалэм щащlа зыплъыхьыпlэ-унафэ щlыпlэм деж хъарзынэу щыплъагъуэрт зэребгъэрыкlуэ совет кхъухьлъатэхэр, тенджызымкlэ къыщыщхьэщыхьэу абыхэм бийм бомбэхэр зэрытрадзэр.

Ди «Як»-хэр къежьэжа нэужь, Херсонес щхьэщыта «Фокке-вульф»-хэр къэпхъэращ. Къуэныкъуейрат и ужь итри, абы удыныр нэхъ лъэlэсащ. Нэмы-

цэ топышэхэмрэ пулемётышэхэмрэ Назир и лъэныкъуэмкӀэ къагъэлъэлъащ. Адыгэ щӀалэм и «Як»-р зэщӀэнащ.

«Качэ деж дытету а псори зылъэгъуахэр дыкъыхэщтыкӀащ: гугъэр щыхэтхыж дакъикъэм телъыджэ къэхъуащ: «Як»-м занщӀэ зищӀыжщ, «Фоккер»-хэм къаӀэщӀэкӀри, аэродромым къиунэтӀыжащ.

Кхъухьлъатэм дыщыбгъэдэлъэдам псори дыкъэуӀэбжьат: шэ зытемыхуа щӀыпӀэ иӀэжтэкъым. Лейтенант Къуэныкъуейм ерагъкӀэ кабинэбжэр ӀуигъэкӀуэтри дэ, и ныбжьэгъухэм, къэтлъэгъуащ пщӀэнтӀэпс щыгъэ цӀыкӀухэр къызэхуэх абы и нэкӀу фагъуэр, ауэ нэщхъыфӀэр», – игу къегъэкӀыж полковник Булатов Георгий.

Апхуэдэ гузэвэгъуэ куэд пэщӀэхуащ Лашынкъей къуажэм щыщ щӀалэр, ауэ зэрымыгужьейм, сыт хуэдэ щытыкӀэ гугъуми хэкӀыпӀэ къыщигъуэтыфу акъыл жан зэриӀэм, зэрыӀэмалшым ар къригъэлащ.

Уэгум уихьэрэ бийм упэувамэ, напӀэдэхьеигъуэкӀэ Ӏуэхум утеплъэкъукӀ хъунукъым. УафэхъуэпскӀым хуэдэу псынщӀэщ уи гупсысэр, уигу къэкӀыр, къэбгупсысар зы тэлайкӀэ бгъэзэщӀэжын хуейщ, бийм бэуапӀэрэ зыкъэщӀэжыпӀэрэ иумыту. Арат Къуэныкъуейри къыдэзыхыжыр.

1944 гъэм мазаем и 25-м Къуэныкъуей Назиррэ абы и гуэгъу Иванов Александррэ уэгум ихьащ. Абыхэм я къалэнт Сиваш зэпрыкӀ ди дзэхэр нэмыцэ кхъухьлъатэхэм щахъумэну. Я къежьэжыгъуэ хъуауэ зэныбжьэгъухэм къахуозэ фашист бомбэзехьэ пщыкӀутӀрэ ахэр зыхъумэ зэребгъэрыкӀуэ кхъухьлъатиплӀрэ.

А дакъикъэм Къуэныкъуеймрэ и ныбжьэгъумрэ къафӀэӀуэхутэкъым абыхэм я бжыгъэр. Бомбэзехьэхэр ящхьэщыбгъэхьэу ди дзэр Ӏисраф ебгъэщӀ хъунутэкъым. ИкӀи Назиррэ Сашэрэ я кхъухьлъатэхэм зыкъагъазэри, уащхъуэдэмыщхъуэу бийм йобгъэрыкӀуэ. И топымрэ пулемётымрэ зэдегъауэри, Къуэныкъуейм нэмыцэ кхъухьлъатэ пашэм удын хьэлъэ иредз. «Юнкерс»-м и дамэ лъэныкъуэр гуощэтри, езыри йохуэх. Ивановми зы кхъухьлъатэ ирегъэпсых.



Назир зыкъегъазэри аргуэру зы бомбэзехьэ хьэуам къыщегъауэ. Иджы бийхэм я сатырыр къутащи, бомбэхэр я щӀыпӀэхэм щрадзыхыжурэ зэбгролъэтхэр.

Къуэныкъуейр кӀэлъопхъэр нэгъуэщӀ «Юнкерс»-м. А дакъикъэми гу лъетэ Александр и Ӏуэхур зэрызэӀыхьэм: зэребгъэрыкӀуэ кхъухьлъатиплӀым тӀурытӀ защӀауэ ар я кум даубыдэну хэтщ. Назир и ныбжьэгъур къригъэлыну зыкъегъазэ. Иванов нэхъ къыхэзыгъэзыхьам гъунэгъу хуохъу икӀи кӀакхъум йоӀэ, ауэ уэ макъ къэӀуркъым – шэхэр иухащ. Къуэныкъуейр щилъагъум, Александр къебгъэрыкӀуам кӀэбгъу зещӀыж. АрщхьэкӀэ адрей лъэныкъуэмкӀи и ныбжьэгъум кхъухьлъатитӀ къыщебгъэрыкӀуэрт. Назир абыхэм накӀуэпакӀуэу япожьэ. ПсынщӀэу гъунэгъу зэхуохъу, зы тэлай дэкӀыжмэ, зэжьэхэуэнурэ тӀури хэкӀуэдэнущ. Ауэ фашистым зыхуэӀыгъакъым, лъэныкъуэкӀэ триӀуэнтӀащ. А щӀыкӀэм тету Иванов Александри ажалым къелащ…

Къуэныкъуейр Берлин къэзыщтахэм яхэтащ. Абы и бгъэм хэлът Бэракъ Плъыжь орденитӀрэ Вагъуэ Плъыжь орденитӀрэ, медалхэр. Зауэ нэужьым Назир къратыжащ Совет Союзым и ЛӀыхъужьым и Дыщэ Вагъуэри.

Хэку зауэшхуэр иуха нэужьи абы дзэм къулыкъу щищӀащ – эскадрильем и командиру, полкым и унафэщӀым и къуэдзэу. И узыншагъэр «ещӀэкъуауэу» зэрыхуежьэу, Назир авиацэм къыхэкӀыжри, Налшык къэӀэпхъуэжащ. Санаторэхэм ящыщ зым и унафэщӀу щытащ.

1975 гъэм Къуэныкъуей Назир дунейм ехыжащ. Абы и цӀэр фӀащащ Ла-

шынкъей щызэхэт мэкъумэш Iуэхущ IапIэм, Налшык, адыгэ къуажэ зыбжанэм я уэрамхэм.

## Ерокъуэ щыщ ЛIыхъужь



Абы къигъэщIар илъэс тIощIрэ тхурэ ирикъуркъым. И щIалэгъуэ дахэу, и насып къэкIуэгъуэу ар дунейм ехыжащ.

Мэсей Аслъэнджэрий 1920 гъэм Ерокъуэ къуажэм къыщалъхуащ, пасэу и адэр фIэкIуэдри, унагъуэ Iуэхури и пщэм къыдэхуащ.

Налшык дэт егъэджакIуэ техникумыр къиуха нэужь, Аслъэнджэрий я жылэм къокIуэжри, щIэблэм щIэныгъэ иригъэгъуэту, школым и унафэщIым и къуэдзэу мэлажьэ. Адыгэ щIалэ екIум хьэл зэтет иIэт, нэмысышхуэ хэлът, IуэхукIэ бгъэдыхьам «хьэуэ» жриIэртэкъым. Апхуэдэущ ар зэращIэжыр и къуажэгъухэм, и ныбжьэгъуу щытахэм, и Iыхьлыхэм.

Хэку зауэшхуэр къэхъеиным куэд имыIэжу Мэсейр ВКП(б)-м и Лэскэн райкомым и парт кабинетым и унафэщIу мэлажьэ.

Аслъэнджэрий езыр фIэфIу зауэм яфIэкIуащ, дамыгъэкIыну хуит къызэращIми ебакъуэри.

1942 гъэм фашистхэм Сталинградрэ Кавказымрэ хуаунэтIащ къарушхуэ. Абыхэм лIэнкъэнэну япэщIэува совет зауэлI хахуэхэм ящыщт адыгэ щIалэр. Тенджыз ФIыцIэм и дзэ гупым хэту абы лIыхъужьыгъэ нэс къигъэлъагъуэрт, зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъурт.

Мэсейр политрукыу здэщыIэ фочауэ батальоныр зэгуэрым бийм къиухъуреихьащ. Ауэ Аслъэнджэрийрэ и ныбжьэгъухэмрэ я гур яфIэкIуэдакъым. Зауэ гуащIэ ирагъэкIуэкIыурэ, зэрыхуа щытыкIэ гугъум къикIыжхэри, ди дзэм гъусэ зыхуащIыжащ. Абы щыгъуэ Мэсейр уIэгъэ хьэлъэ хъуащ икIи уIэгъэщым илъэс нэблагъэкIэ щIэлъащ. Хъужа нэужь, Аслъэнджэрий танкисту ирагъэджэну Чирчик (Узбекистан) ягъакIуэ.

1944 гъэм и гъатхэм Мэсейр Белорус фронтым щозауэ. Ар танк взводым и унафэщIщ. Фашистхэр СССР-м ирахужа нэужьи, Европэм ис лъэпкъхэр хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ.

Етхущ Iанэ танк бригадэм Аслъэнджэрий пщIэшхуэ щиIэт. Бийм и щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу къыщыхутэфрэ нэмыцэхэр игъэгулэзу, абыхэм япэтIысрэ гъуанэдэууэ Iисраф зэтрищIэу Мэсейм Iэджэ игъэхъащ. КIуэрыкIуэм здытетым езым и танкымкIэ еуэурэ бий танкитI икъутэрт. Апхуэдэу зэрыщхьэмыгъазэм, зэрыхахуэм папщIэ абы кърат Вагъуэ Плъыжь орденыр.

Командир Iэзэу зэрыщытыр псом хуэмыдэжу нэрылъагъу къищIащ 1945 гъэм и щIымахуэм Польшэм зэрыщызэуам. Езым къигупсыса Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ, а лъэхъэнэм Аслъэнджэрий бийм хэщIыныгъэшхуэ иритащ. Абы икъутащ топ зэмылIэужьыгъуэу пщыкIуз, жыр быдэм къыхэщIыкIа машинэу пщIы, Iэщэ зэрылъ транспорту пщIы, Iэщэрэ шэрэ зэрылъ гу

зэщIэщIахэу пщIейрэ тхурэ.

Ауэ абыхэмкIи иухыркъым ерокъуэ щIалэм зауэм щигъэхъар. Ар къыхэжаныкIащ Петркув-Куявски деж щекIуэкIа зауэ гуащIэми. Генерал Орловым и Iэ зыщIэлъ тхылъым мыпхуэдэу итщ: «Бийм иIыгъ щIыпIэм тIасхъэщIэх танкищкIэ кIуауэ, уащхъуэдэмыщхъуэу ятеуэри, фашист зауэлIхэр игъэгужьеящ, Петркув-Куявски къалэм яфIыдыхьэри, къуентхъыуи зыIэригъэхьащ топитху, пулемёт пщыкIутI, хьэлъэ зэрылъ машинэ пщыкIубл, апхуэдэу гъэр къищIащ бий сэлэтрэ офицеру зы гуп».

Люблин, Демблин, Мазовецк къалэхэр къыщащтэми ар япэ итащ, бийм и щхьэр щIригъэхьэу. 1945 гъэм и мэлыжьыхь мазэм лейтенант Мэсей Аслъэнджэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. Хэку зауэшхуэр иухыным къэнэжа щымыIэу ар Вислэ деж щыхэкIуэдащ.

Ди щхьэхуитыныгъэм зи псэр щIэзыта Мэсей Аслъэнджэрий и фэеплъыр адэжь щIыналъэм щагъэлъапIэ. Абы и цIэр зэрахьэ Налшыкрэ Нарткъалэрэ, къуажэ зыбжанэм я уэрамхэм, Ерокъуэ курыт еджапIэм.

# ТIасхъэщIэх хахуэ



646-нэ фочауэ полкым и штабым ираджащ тIасхъэщIэх гупым и пашэ сержант Тамбий Владимир. Полкым и дзэ Iэтащхьэхэм нэмыщI, абы щIэст генерал гуэри. Тамбийм къыжраIащ къалэнышхуэ и пщэм къызэрыдалъхьэр – и гупыр щIыгъуу Днепр зэпрыкIын икIи езыхэм яхуэзанщIэ псы Iуфэм бийм къарууэ щиIэр зыхуэдизыр къащIэу, рацэкIэ къатын зэрыхуейр.

– Ди кхъухьлъатэхэмрэ топхэмрэ нэхъ зэуэну щIыпIэхэр, псом хуэмыдэу Iэщэ щытыпIэхэр, къэфхутэу абыкIэ хъыбар къыдэвгъэщIэн хуейщ, – къагъэIущырт ар. – Упэлъэщын?

– Хуит сыфщI Iуэхум и ужь сихьэну!

– УмыпIащIэ, – пыгуфIыкIащ генералыр. – Уэ иджыри ущыгъуазэкъым а псори къэпщIа нэужькIи къыппэщытым.

– Сыт щхьэкIэ, къэдгъэзэжынукъэ?

– Хьэуэ, адрей псы Iуфэм фыкъыщытIущIэнущ, – жиIащ унафэщIым.

– НтIэ, ныбжьэгъу генерал, абы щыгъуэ фэ фынызэпрыкIыху дыфпэплъэу дыщысынкъым. Дэ бийм фIэдубыдынщ фыныщитIысыкIыну щIыпIэр.

– ИкъукIэ фIыуэ къыбгуроIуэ, сержант, дызэрыпщыгугъыр. Ауэ... – генералыр зэуэ нэщхъей къэхъуащ. – Сэ уэ бжесIэн хуейщ, уи гъусэнухэми ар яжеIэж, мыбы хэгъэзыхь зэрыщымыIэр, псэзэпылъхьэпIэу фи Iуэхур зэрыщытынур...

– АбыкIэ сэри си гупми укъыттемышыныхь.

– Гъуэгу махуэ, сержант Тамбий, узыншэу Днепр адрыщI дыщызэхуэзэжыну сыщогугъ...

Кхъуафэжьеит IкIэ тIасхъэщIэххэр жэщым Днепр тохьэ. БгъуфIэщ, Iэуэлъауэншэщ ар, адрей Iуфэм нэр нэплъыс къудейщ. НэуфIыцIщхьэрыуэу бийм къиутIыпщ топышэхэм зэзэмызэ псыр къыдракIей... Езыхэм ялъэкI къамыгъанэу хьэнцэхэмкIэ псыр щIатхъу. Нэхъ здекIуэлIэфыну щIыпIэр

къыхихыну тегъэхуэпауэ япэкIэ здэплъэм, Тамбийм игу къокIыж генералым къыжриIахэр, куэдкIэ къазэрыщыгугъыр къызыхэIукI и макъ щабэри и тхьэкIумэм къиIуэ зэпытщ. БгъуфIэщ, абрагъуэщ Днепр. Кавказым щежэх къуршыпс уэр цIыкIухэм яхуэдэкъым. «Балъкъыпс хэт емыфэнрэт, – зэуэ игу къокI Владимир. – Къысхуихуэжыну пIэрэ абы щыщ зы псы щIыIэ Iубыгъуэ исфыжыну?»

Зи Хэкур зигу къэкIыжа адыгэ щIалэм и сабиигъуэри и нэгу къыщIоувэж. Мес, шы гуартэхэр, Iэщ хъушэхэр щызэкIэщIэпхъа Дзэлыкъуэ хъупIэм и Iуащхьэ зэщIэгъэгъахэр. Езыр и анэ дэлъхум и шым тесу джабэ лъапэм ирожэ. Дамэ къытекIам хуэдэу, къуакIэбгыкIэхэр къызэренэкI, шуей ныбжьыщIэр кIэлъожэ, «кIэлъолъатэ» зы гухэхъуэ гуэрым. Уафэмрэ щIылъэмрэ щызэлъэIэсым щыIэ и насыпым.

Ар щисабиигъуэрт. Иджы и щIалэгъуэ дахэу ар шыгъажэм хэтт. Iуащхьэр зэ хъурейуэ къажыхьауэ шу гупышхуэ шыгъэжапIэм тету ипщэкIэ зэрохь. Псоми я щIалэгъуэщ, псоми я лъы къэплъыгъуэщ. Зэрохь, къытежам къуажэм нэхъ пщащэ дахэу дэс Нафисэт гуэлмэдыныр зэрыритынур ящIэу. Нобэ Володя щыгъуазэщ и насыпыр здэщыIэм. Зыгуэрхэр абы къытежыну хэтщ. Иджыри къэс шхуэмылакIэр кIэщIу иIыгъамэ, ар егъэлалэ. Хуит хъуа пцIэгъуэплъым зеукъуэдий, и никъуэкъуэгъухэр жыжьэу къызэренэкIри, Iуащхьэм япэ нос...

Владимир автоматыр ирегъэкIуэтэкIри, и гуфIакIэмкIэ мэIэбэ. ИкIи шыгъажэм щытекIуэу Нафисэт къритыгъа гуэлмэдыным йоIусэ. Абы къыфIощI фIыуэ илъагъу хъыджэбзым Iуплъауэ.

Тамбийр щыгъуазэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэр зэрыщыIам, дэнэ щIыпIи хуэдэу, цIыху куэд зэрыщаукIам икIи и гур къыхоузыкI. «Дауэ фыхъуа си Iыхьлыхэр? Дауэ ухъуа, Нафисэт?» - жеIэри, автоматыр екъуз.

– Зыгуэр жыпIа, ныбжьэгъу командир? – къоупщI зауэлI Конев Тимофей.

– Адэжь щIыналъэр сигу къэкIыжащ.

ТIасхъэщIэххэр Днепр и адрыщI ныджэм Iуохьэ. ИтIанэ псым драгъэзых, къуацэ-чыцэ гуэрэнхэр къыщыкI щIыпIэ къалъыхъуэу. Абыхэм псынщIэу кхъуафэжьейхэр ныджэм дралъэфей, пабжьэм хагъапщкIуэ.

«Иджы Iуэхум щIыдодзэ», – щыжаIэм, зэуэ умэзэхахэщ, нэмыцэ псалъэмакъ къызэхахри. Асыхьэтым кIыфIым къыхалъагъукI псы Iуфэм бий зауэлIищ къызэрекIуэлIар. Зыгуэрхэр нэщхъыфIэу зэжраIэурэ, абыхэм загъэщхъауэ псым хъы къыхахыжырт. Тамбийм и гупым ахэр макъыншэу яукI икIи замыIэжьэу я япэ къалэным, бийм и Iэщэхэр здэщыт щIыпIэхэр къэхутэным, щIадзэ.

Нэху здэщым полкым и унафэщIым хъыбар ирагъэщIэ.

– Псы Iуфэм зыщывгъэбыди, – жеIэ абы, – сыхьэт зыбжанэкIэ зыфIыгъ.

– ТлъэкI къэдгъэнэнкъым.

Куэд дэмыкIыу ди топхэм къэуэн ирагъэжьэ, бийм лъапсэрыхыр къыхуагъакIуэу. Адрейхэми Днепр къызэпрыкIын щIадзэ. Тамбийм и гупри щыскъым, псым къытехьа совет зауэлIхэр пулемётышэкIэ щIэзыхъумэну хэт бийхэм я щIыбым дыхьэурэ зэтраукIэ. Зэ зы щIыпIэм, зэ адрейм къыщыхутэурэ, фашистхэр ягъэгужьей икIи куэд щтапIэ ихьэжынхэу зэрохьэжьэ. Арат тIасхъэщIэххэри зыхуейр: нэмыцэм къагъэна щIытIыр яубыд, езыхэм шэр къемэщIэкI хъуати, щIэпхъуэжахэм къагъэна пулемётхэмкIэ уэныр яублэ.

Куэд дэмыкIыу фашистхэм къагуроIуэ псы Iуфэм къыщитIысыкIахэр зэрымащIэр. Iуэхур ягъэзэкIуэжын папщIэ Тамбийм и гуп цIыкIур къаухъуреихь...

«Бий икIуэтам къебгъэрыкIуэжын щIидза нэужь, Тамбий Владимир,

зауэлI ахъырзэман зыбжанэ фIэкIа щIымыгъуу, куэдкIэ езыхэм нэхърэ нэхъыбэ нэмыцэхэм къэмылэнджэжу яфIиIыгъащ яубыда щIы кIапэр...

Бийм къаруущIэ кърищалIэурэ хэнейрэ къебгъэрыкIуащ, ауэ сержант Тамбиймрэ абы и гъусахэмрэ фашистхэр ирахужьэжурэ къыздикIам нэс яхужырт, езыхэм яубыда зэуапIэри зыIэщIагъэкIакъым», – апхуэдэу итт Москва ягъэхьа тхылъым.

Ди тIасхъэщIэх хахуэхэр толъкъуныр зыпэмылъэщ къыр быдэу бийм пэщIэтащ. Фашист куэди Iисраф ящIащ. Ауэ езыхэми ящыщу тIу къаукIат, Тамбийр уIэгъэ ящIат. Лъыр зэрыщIэкIыр, къарууншэ зэрыхъур зыхищIэрт, итIани абы пулемётыр игъэлъалъэ зэпытт. «Фэ фщIыжа Iэщэщ, бзаджэнаджэхэ, фызыукIыжыр... ФыкъакIуэ, фи ажалым фыкъыхуеблагъэ!» – арат Владимир бийм жриIэну игъуэтыр.

Арыххэу «Ура!» лъэщым псы Iуфэмкіэ зыкъыщеIэт. Дыдейхэр къэсат...

155-нэ фочауэ дивизэм и зауэлIхэм Днепропетровск яубыдыж. А махуэ дыдэм уIэгъэ хьэлъэ мэхъу Тамбий Владимир.

Дохутыр Iэзэхэм абы и гъащIэр хуахъумащ, ауэ и зы лъакъуэр памыхыу хъуакъым.

1944 гъэм мазаем и 22-м Тамбий Владимир Георгий и къуэм къыфIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр.

Зауэ нэужьым ар щыпсэуащ Армавир. «Сыныкъуэдыкъуэщ» жиIэу ар тIысыжакъым, хузэфIэкI ищIэу цIыхухэм яхэтт, абыхэми фIыуэ къалъагъурт.

1981 гъэм Тамбийр дунейм ехыжащ. Ауэ ноби абы и фIыщIэр кIуэдакъым, и гъащIэ дахэр, и лIыхъужьыгъэр ныбжьыщIищэхэм щапхъэу къахуэнащ.



# Ажалым къызыпикIухьа



Яхэгуауэ Михаил КъуэкIыпIэ Жыжьэм къулыкъу щищIэрт. Зауэр къэхъейри, сэлэтхэр абыкIэ куэдрэ щаIыгъыжакъым. МафIэгухэм кърагъэтIысхьэри, дыгъэ къухьэпIэмкIэ къыдрашеижащ. А гъуэгуанэ кIыхьым зэрыщыгувар хыумыбжэмэ, Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху Яхэгуауэр миномёт батареем связисту хэтащ.

1943 гъэм ар щозауэ Курск деж. ЛъэныкъуитIымкIи танк минхэр щызэпэщIэувауэ къызэрекъутэххэрт. Совет Iэщэр фашистхэм ейм зэрефIэкIыр абдеж наIуэ щыхъуащ. Ди миномётхэми лъэкI къыщагъэнакъым – жыр машинэ Iэджэ хьэбэсабэ ящIащ.

«АтIэ Яхэгуауэр сыткIэ къэсэбэпа, топ зыгъауэхэм яхэмытамэ, танк ису ебгъэрыкIуахэми ящымыщамэ?» – жиIэу щIэупщIэн гуэри къыхэкIынщ. Ауэ фронтым Iутар фIыуэ щыгъуазэщ дэнэ деж къыщахьа текIуэныгъэми связистхэм я фIыщIэ зэрыхэлъыр.

Зауэр и гуащIэгъуэу екIуэкIыу нэхъ щIыпIэ шынагъуэ дыдэхэм кIуэурэ кIапсэхэр зэпищIэжыну къыхуихуащ псыгуэнсу щIалэм. Биишэр и хъуреягъкIэ къыщыпIэнкIыу, зэм пщыуэ, зэми къыщылъэтрэ жэуэ связыр щызэпыуда щIыпIэр къиихутэрт икIи зэригъэзэхуэжырт.

Ари къыщыхъуар Курск дежщ. Зэхэуэр зэщIэплъауэ полкым и батареемрэ унафэщIхэмрэ зэмыпсэлъэжыф хъуащ. Топхэм заущэхуащ. Ахэр

нэуфIыцIщхьэрыуэу ягъауэркъым – ууейхэм удын ятебдзэнкIэ шынагъуэщ... Яхэгуауэ Мышэ щIэпхъуащ, губгъуэм кIуэцIрыша кIапсэр иубыдри. Ауэ ар куэдрэ ягъэжакъым. Нэмыцэхэр гъунэгъу дыдэу къепщылIауэ къыщIэкIати, шэ къытрагъэлъалъэхэм адыгэлIыр щIым ираIулIащ, и щхьэр кърамыгъэIэту.

Къуацэ зэрыт къуэм нэсыным зэ илъыгъуэт къыхуэнар – абдежым биишэхэр къыщылъэIэсыжынутэкъым. Яхэгуауэм и ныбжьэгъу Болотов Захар къыкIэлъыджащ: «Мишэ, къэгъазэ», – жиIэу. ИкIи фашистхэр абы трагъэплъэкъуэкIыу и щIыбагъымкIэ автомат уэ макъхэр къыщыIуащ. Къигъэзэжами хъунут, ауэ ар и щхьэм трилъхьакъым, «бийхэм саIэпыхуащ иджы» щыжиIэм, къыщылъэтри жэрыгъэкIэ метрипщI хуэдэ ижащ, аргуэру щIым зыхидзэжащ. Иджы Яхэгуауэм зызыкъуигъэпщкIуэн щыIэт – джабэ нэпкъ цIыкIумрэ къуацэ-чыцэмрэ къахъумэрт. КъиIэбэрэбыхьурэ Мышэ кIапсэр къигъуэтыжащ икIи ар здэшэщIамкIэ езыри пщыуэрэ щызэпыуда щIыпIэм нэсащ. КIапсэр зэпищIэжыну хунэса къудейт фашистхэр абдежым къыщеуам. И гъунэгъуу къыщыуа лагъымым джабэ нэкIум къыкIэриуда щIыр абы къытрипIэжащ. Езым ягъэ екIатэкъым. ЩIы къытрипIам къыхэпщыжри, абы лъэныкъуэ зригъэзащ...

Шынагъуэ куэдым къелащ Яхэгуауэ Михаил. Сыт хуэдэ гузэвэгъуэ пэщIэмыхуами, щтэуэ имыщIапхъэ илэжьакъым, здэмыкIуапхъэкIэ кIуакъым, зэрыхуа щытыкIэ гугъум лIыгъэрэ губзыгъагъэрэ хэлъу къикIыжыфащ.

БжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ ди дзэхэр Днепр екIуэлIащ. Оболонье къуажэм пэгъунэгъуу щекIуэкIа зауэ гуащIэм лIыгъэшхуэ щызэрихьащ Яхэгуауэм. 360-нэ фочауэ полкым и миномёт батареем и ефрейторым дамыгъэ лъапIэ къызэрырата тхылъым иратхащ: «ЩIыпIищым кIапсэр щызэпыудауэ къехутэ ефрейтор Яхэгуауэм. Биишэхэр а щIыпIэм къызэрытелъалъэр илъагъу пэтми, и псэм емыблэжу псынщIэу связыр зэфIигъэувэжыфащ, абы и сэбэпкIи миномёт батареем хузэфIэкIащ бийм и мафIэр зэтезыIыгъэ удын иридзыжын. Зауэр здекIуэкIым аргуэру Яхэгуауэ Михаил къихутащ кIапсэр зэрызэпыудар, ауэ ар щызэпыча щIыпIэр иджыри бийм иIыгът. Абы щыгъуи шынакъым Яхэгуауэр – кIапсэр зэпищIэжыну ежьащ. ЩIалэ хахуэм гъуэгум фашист зауэлIитху къыщыхуэзати, зы къэмынэу зэтриукIащ, связри зэфIигъэувэжащ. Бийм еуэну батареем аргуэру Iэмал игъуэтыжащ».

Днепр япэу зэпрыкIа зауэлI гупым яхэтащ Яхэгуауэр. Связыр къызэрызэригъэпэщыжыну кIапсэхэри Iэмэпсымэхэри здызэпришат. Псым зэпрыкIахэм къебгъэрыкIуа бий куэдым зыщахъумэжын хуей щыхъум – Яхэгуауэми, къыпэщыта къалэныр зэфIигъэкIауэ, Днепр и сэмэгурабгъур къреджэ икIи топхэмкIэ фашистхэм нэхъ щеуэну щIыпIэхэмкIэ дзэ унафэщIхэм хъыбар ярегъащIэ. Ижьырабгъу ныджэм бийм къыщиухъуреихьа дзэ пакIэр къелынтэкъым, адрей псы Iуфэм хуаIа пыщIэныгъэр зэпыуамэ. Ар зэпигъэуакъым адыгэлI хахуэм – Днепр псышхуэм къызэприша кIапсэр щызэпыуд къэхъуами, кIыхьлIыхь зимыщIу зэпищIэжыфащ икIи совет зауэлIхэр Днепр зэпрыкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хъуащ.

УIэгъэ хьэлъэу а зауэм къыIуашыжат Яхэгуауэр. УIэгъэщми щIэлъащ. Ауэ нэхъыфI зэрыхъуу зауэм яфIыIухьэжащ. И унагъуэ хыхьэжа хуэдэт, зауэр зэрыщIидзэрэ зыщIыгъуахэм я деж щынэсыжам. «Ди Мишэ, лъапэ махуэ къыухьэжьэж», – жаIэу къаувыхьауэ IэплIэ къыхуащIырт, гуфIэщахэу хэт тутын къыхуишийрт, хэти зытетIысхьэн къыхуигъэхьэзырырт. «Сыт мыпхуэдизу фыщIызэрызехьэр?» – жиIэу асыхьэтым батареем и унафэщIри къыщыIухьэм, псори зэлъыIуокIуэт, аргуэрми и IэплIэм къохутэ, итIанэ бгъэдокIуэтыжри командирым ар къызэпеплъыхь: «ТIэкIу уфагъуэщ, ныбжьэгъу, – къыжреIэ, – ухъужыпауэ узиIэ уэ».

– Ныбжьэгъу командир, ар иджыпсту щlэфагъуэр зы бжьэ ефа нэужь нэхъ тхъуэплъ хъужын щхьэкlэщ, – мэгушыlэ Болотов Захар.

Командирыр сыхьэтым йоплъ.

– Дакъикъитхукlэ щlыдодзэ зэхэуэм, – жеlэ абы.

– Связыр лэжьэнущ, – жэуап етыж Яхэгуауэм икlи и lуэху иужь йохьэж. Абы дяпэкlи къыпэщылът зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр и кlэм нэс икlуну.

1943 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Унафэ къищтащ Днепр щызэпрыкlым зэрахьа лlыхъужьыгъэм щхьэкlэ блыщlрэ еянэ фочауэ дивизием щыщ цlыху пщыкlуийм Совет Союзым и Лlыхъужь цlэр фlащу. Абыхэм яхэтт Яхэгуауэри.

Цlыху насыпыншэу къыщlэкlынтэкъым Михаил, зауэ гуащlэ куэдми къелри ар хэтащ Теклуахэм я еплъыныгъэшхуэ Мэзкуу щекlуэкlам. ГурыфlыгъуэшхуэмКъызэщlиlэтэу ар блэкlащ фашист нып фlыцlэхэр зи лъабжьэм щlадза Мавзолейм.

## Цlыхухъу нэпс



Москва деж лlыгъэшхуэ зэрахьэу бийм пэщlэтахэм яхэтащ Къармэхьэблэ къуажэм щыщ Мусэ Менлы.

Зауэм щыlухьа япэ махуэм къыщыщlэдзауэ абы ныбжьэгъу къыхуохъу фочауэ взводым и унафэщl Лисицэ Пётр. Абы и гъусэу зыпэщlэхуа гузэвэгъуэр Менлы игу къэкlыж зэпытт.

1941 гъэм и щlымахуэр ткlиящ. Уэсукхъуэр жьым зэрихьэрт. Апхуэдизкlэ lуву къриупцlэхырти, топхэри пулемётхэри уэсым яфlыщlихъумэрт, сэлэтхэр зыдэс щlытlхэр исейрт. Ауэ зэхэуэр нэхъ кlащхъэ хъуртэкъым. Фашистхэм я ебгъэрыкlуэныгъэр зэпыуащ щыжаlэм, мыбдеж кърашалlэ зауэр зымылъэгъуа щlалэ гуп. Абыхэм яхэтт Менлыи.

Куэд дэмыкlыу зэхэуэм щlидзэжащ: топышэхэмрэ лагъымхэмрэ ящхьэпролъэт, пулемётышэхэр, уэм хуэдэу, къытрагъэлъалъэ. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэри къащхьэщыхьащи, я щхьэр къаригъэlэтыркъым. Дэнэкlи lугъуэщ, гъуэзщ, мафlэщ... Зэщlэфие, зэщlэгъуагъуэ макъхэр зыуэ зэхыхьэжащи, тхьэкlумэlупсыр ирач.

Мусэм и тхьэкlумэхэр щиубыдыкlащ, и lур гъущlащ, гын lугъуэр и нэм щlэбжьэу хуежьащи, и нэпсхэри къыщlож. «Жыхьэрмэ мафlи мы сыкъызыхэхуар», – апхуэдэу егупсысыну хунэса къудейт, lэуэлъауэ псори зэуэ увыlэжу хъуреягъыр щымыбзэ щыхъужам.

– Зэфlэкlа? – йоупщl Менлы и ныбжьэгъум.

– Иджыщ щыщlадзэнур, умыбэлэрыгъ, – жеlэ Лисицэ. – Ауэ абы ящlэнури дощlэри дэ тщlэнури дощlэж. – Танк къызэрагъэауэ гранатэхэр къегъэхьэзыр.

Лисицэ къыпыгуфlыкlыу къызэрепсалъэм и гур къыдихьэжауэ Мусэм зызэпелъэщlыхьыж. Итlанэ маплъэри, зы абрагъуэ гуэрхэр уэсым къыхэнэlукlхэу елъагъу. Ахэр кlуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къохъу. Нэмыцэ танкхэр къахуокlуэ, абыхэм я къуагъым къуэту лъэсыдзэри къокlуатэ.

– Фызэрыуэнум зыхуэвгъэхьэзыр! – унафэ ещӀ Лисицэ.

Бий танкыр абы накӀуэпакӀуэу къыхуокӀуэ. Менлы и гур къилъэтыным хуэдэщ. АдэкӀэ напӀэдэхьеигъуэм абы гранатэр, и кӀакхъур кърепри, зэрифӀэщкӀэ еутӀыпщ. Ар къызэрыуар зэхех, итӀанэ елъагъу жырым къыхэщӀыкӀа танк абрагъуэр зэщӀэскъыскъэу и пӀэм къызэринар...

Москва нэужьи щӀыпӀэ куэдым щызэуащ Мусэ Менлы.

Зэгуэрым адыгэ щӀалэмрэ абы и ныбжьэгъу Халилов Зейналрэ тӀасхъэщӀэх ягъэкӀуат. ЗэуапӀэ губгъуэр хъарзынэу зэпаупщӀри, къапэщыта къалэнри ягъэзэщӀауэ къагъэзэжат. Мэзым къыздыкӀуэцӀрыкӀыжым ахэм къаӀуоуэ нэмыцэ сэлэтитху. Фашистхэм ящыщ зым и фочыр Мусэм къытрегъапсэ. ИщӀэнум хунимыгъэсу, ар Зейнал автоматышэмкӀэ зэпхреугъуэныкӀ. Адрейхэм щӀым зыхадзэ. А тӀум нэмыцэхэр зэтраукӀащ, ауэ Зейнали уӀэгъэ хьэлъэ къащӀащ. И ныбжьэгъум и уӀэгъэр Менлы хуепхэри, ар и плӀэм илъу къожьэж, зэм къэпщым, зэм къакӀуэурэ, зэуапӀэ губгъуэм къызэпрокӀыж...

Иджы Мусэр Белорусым щызауэрт.

Зы махуэ гуэрым тӀасхъэщӀэххэм къалэн щащӀ бийм и щӀыбым дыхьэу Бахъэ ПщтыркӀэ зэджэ къуажэм пэгъунэгъуу ежэх Гнилушкэ псым телъ лъэмыжыр къагъэуэну. Гупым и унафэщӀт старшина Кольчинский Геннадий. Мэзхэмрэ къуэ куухэмрэ къызэранэкӀыу, хьэлъэри я плӀэм илъыжу, гъуэгу хэха ямыӀэу жэщитӀ-махуитӀкӀэ кӀуа нэужь, лъэмыжыр къалъэгъуащ. ТӀасхъэщӀэххэр щыгъуазэт куэд дэмыкӀыу нэмыцэ танкхэмрэ лъэсыдзэмрэ а щӀыпӀэм къызэрысынум.

Бийр абы зэпрымыкӀ щӀыкӀэ лъэмыжыр къэгъэуэн хуейт, ауэ ар екӀуэлӀапӀэншэт, пулеметхэр къытрагъэувауэ быдэу яхъумэрт. АтӀэ дауэ ящӀыну? Абы иричэнджащэу пшапэр зэхэуэху къуэгъэнапӀэм къуэса тӀасхъэщӀэххэм къалъэгъуащ пкъо инхэр зэпаӀыгъыу кӀуэж нэмыцэхэр. Я дамэхэм пкъо зырыз тралъхьэри Мусэмрэ Кольчинскэмрэ, Грунинымрэ Сорокинымрэ мэзым зэкӀэлъхьэужьу къыхэкӀащ икӀи лъэмыжымкӀэ яунэтӀащ.

Лъэмыжым носхэри, Менлырэ Геннадийрэ пкъор нэпкъым ираутӀыпщхьэх, езыхэри абы кӀэлъожэх.

ПсынщӀэу лагъымхэр лъэмыжым кӀэщӀалъхьэ, кӀапсэри пащӀэ, абы и кӀапэм мафӀэ щӀагъанэри, къуэм къыдэпщыжхэу хуожьэ. Абдежым хъумакӀуэхэм гу къылъатэ.

«Хальт! Хенде хох!» – зэхах къазэрыкӀэлъыджэр. Аращ жаӀэну нэмыцэ къэрэгъулхэр зыхунэсыжар. Мусэмрэ Кольчинскэмрэ мащэ гуэрым зыщрадзэ дыдэм лъэмыжыр дрехуей.

ЛӀыгъэ хэлъу зэрызауэм, зэрыпсэемыблэжым къыпэкӀуэу Мусэ Менлы орденхэмрэ медалхэмрэ и бгъэр ягъэщӀэращӀэрт. Псом хуэмыдэу ар иригушхуэрт «ЩӀыхь» орденым. Ар лӀэужьыгъуищу щыӀэти, тӀур къыхуагъэфэщакӀэт.

Зэгуэрым тӀасхъэщӀэх къикӀыжауэ абы къещӀэ и ныбжьэгъу Лисицэ Пётр къызэраукӀар. Абдежым Менлы игу къокӀыж Москва щахъума лъандэрэ къыдэгъуэгурыкӀуа и ныбжьэгъу лъапӀэм цӀыхугъэу дилъэгъуар, и нэпсри хуэубыдыркъым. АтӀэ зауэр зи кӀыхьагъым иджыт ар къыщыдзыхар... Мусэр командирым йолъэӀу Лисицэ и снайпер фочыр къратыну.

А зэманым къыщыщӀэдзауэ Менлы фашистхэм ещэу щӀедзэ: офицерхэу, тӀасхъэщӀэххэу, топхэмрэ пулемётхэмрэ зыгъауэхэм ящыщхэу абы куэд ӀэщӀэкӀуэдащ. Ар гъуанэдэууэ дэнэкӀи къиукӀырт, гъунэгъу дыдэу япэтӀысырти. ИтӀани игу плъар упщӀыӀуртэкъым, абы и ныбжьэгъу Лисицэ илъ ищӀэжырт.

Ефрейтор Мусэ Менлы гукъинэж щыхъуат езыр зыхэта Белорус фронтым щыщ еплӀанэ фочауэ ротэр Вислэрэ Одеррэ я зэхуакум зэрыщызэуар.

Нэмыцэхэр я гъуэм щраукIыхьыж лъэхъэнэт. А зауэм адыгэлI хахуэм фашист 65-м я ажал къигъэсащ.

1945 гъэм накъыгъэм и 31-м Мусэ Менлы къыхуагъэфащэ «ЩIыхь» орденым и ещанэ нагъыщэри.

Зауэм къикIыжри, Менлы колхозыр зэфIэзыгъэувэжхэм яхэтащ. ЯпэщIыкIэ гъэш фермэм, итIанэ мэл пщыIэм я унафэщI къалэнхэр игъэзэщIащ. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутатуи щытащ.

1963 гъэм Мусэ Менлы дунейм ехыжащ. Ауэ Хэкум щыгъупщэркъым и бын хахуэр. Абы и цIэр фIащащ Налшык, Бахъсэн къалэхэм, къуажэхэм я уэрамхэм. Мусэм и гъащIэр къызыщыгъэлъэгъуа тхыгъэхэр, сурэтхэр щIэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ музейм.

*Шэрджэс ЛIыхъужьхэр*

## Свирь деж



Зауэр зэрекIуэкIым теухуауэ 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21-м къата хъыбархэм мыпхуэди къыхэхуат: «Онегэ, Ладогэ гуэлхэм я зэхуакум ди зауэлIхэр щебгъэрыкIуэри, Свирь псым и Iуфэм деж бийм и быдапIэр зэпатхъащ, абы хьэлэчыр халъхьащ, Iэщэ куэд къытрахащ, сэлэт, офицер мащIэкъым гъэр ящIар, къуажэхэр хуит къащIыжащ».

Радиокlэ къэlуа а хъыбар гъущэм и къуагъым къуэлъыр совет зауэлIхэм я лIыгъэ, гуеигъэ, цIыху гъащIэ мащIэтэкъым. А зэхэуэ гуащIэм хэтащ адыгэ щIалэ Къардэн Мурат. Абы щыгъуэм ар гвардием и сержант нэхъыжьт, фочауэ взводым и унафэщIт. Абы и гупым къылъысат нэхъ къалэн гугъу дыдэр. Псы, шэд защIэу километр тIощI жэщым зэпичу бийм и быдапIэм екIуэлIэн, абдеж ди дзэр ипэкIэ зымыгъакIуэ Iэщэ бзаджэхэм я щытыпIэр зэхакъутэу, дэIэпыкъуэгъухэр ялъэIэсыху щIыналъэм къыхэщ Iуащхьэр яIыгъын хуейт.

Ар Къардэным зэрыхузэфIэкIа щIыкIэр къыщигъэлъэгъуащ фочауэ дивизэм и унафэщI Харазие Гиви и рапортым:

«Свирь зэпрыкIыныр даущыншэу къызэфIигъэкIащ Къардэным икIи абы и гупыр бийм зэрымыщIэкIэ тезэрыгуэри, и быдапIэ нэхъыщхьэхэр къищтащ, куэдкIэ къебэкI фин сэлэтхэм IэпщэрыбанэкIэ яхыхьэри, яхуэукIыр яукIащ, ямыукIахэри гъэр къащIащ. СыхьэтитIкIэ Къардэным и взводым быдапIэр иIыгъащ, нэхъапэ ялъэIэса, езыр зыхэт ротэм и командирыр къыщаукIым, абы и пIэм иувэри, зауэлIхэр игъэгушхуэу финхэм лъэрыщIыкIыр яхилъхьащ, ахэм икIуэтыпIэ яримытыжу къиухъуреихьри, дяпэкIэ къапэмыувыжыфын ящIащ. Къардэн Мурат Iэсхьэд и къуэм зэрихьа лIыгъэшхуэм папщIэ хуэфащэщ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр».

ЛIыхъужьым и Вагъуэмрэ Ленин орденымрэ Къардэн Мурат Калинин Михаил Кремлым къыщритащ.

ВакIуэ-Жылэ къуажэм къыщыхъуа щIалэр зэрыцIыкIу лъандэрэ жану, хэлъэт иIэу щытащ. Илъэс пщыкIутху ирикъуа къудейт абы лэжьэн щиублам.

1939 гъэм дзэ къулыкъум яшэри, зауэм и кIэм уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ къыхэкIыжыху, бий бзаджэм пэщIэтащ. Ар хэтащ Халхин-Гол деж щекIуэкIа зэхэуэшхуэми. Абы щыгъуэм автомашинэр зэригъэкIуэфу зригъасэри, топы-

шэхэр яхуIуишащ. Мурат щеджащ шуудзэ, инженер училищэхэми.

Дэнэ щымыIами, жаныгъэрэ лIыгъэрэ къигъэлъагъуэ зэпытащ.

Контузие хъуауэ сымаджэщым щIэлъ Къардэн Мурат «Советская гвардия» газетым очеркышхуэ тритхыхьауэ щытащ (1944 гъэ, шыщхьэуIу). Абы итт: «Ди Мурат Совет Союзым и ЛIыхъужьщ. А хъыбарым щымыгуфIыкIа къахэкIагъэнкъым ар зыхэта, зыцIыхуу щыта зауэлIхэм, хуэфащэ дыдэщ а щIалэ гуейм а щIыхьыр».

АдэкIэ зауэ мыхъужыну къалъытэри, Къардэныр дзэм къыхагъэкIыжауэ ТекIуэныгъэ Иныр къэтхьащ. Хэкум къигъэзэжри, унафэщI IэнатIэ зэхуэмыдэхэр иIыгъыурэ къекIуэкIащ. Мурат 1991 гъэм дунейм ехыжащ, ауэ абы и цIэр игъащIэкIэ тхыдэм къыхэнащ.

## Уэхьид и уэрам



Илъэс куэдкIэ тхылъымпIэхэм ягъэпщкIуауэ къэрал архивым хэлъащ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щыщ Къардэн Уэхьид Совет Союзым и ЛIыхъужь хъун хуейуэ къащта унафэр.

Школым физкультурэмкIэ щригъаджэу дзэ къулыкъум яшауэ щыта щIалэм и щхьэм щымысхьыжу Хэкур ихъумащ, ТекIуэныгъэм папщIэ и псэр итащ.

НэгъуэщIу жыпIэмэ, шуудзэм и пулемётчикым езым и щхьэр игъэтIылъри, и зэуэгъухэр ажалым къригъэлащ, я гупыр къэухъуреихьыныгъэм къригъэкIыжащ. Абы щыгъуэм сэлэтхэм я пащхьэ къыщыжаIащ адыгэ щIалэм лIыгъэу зэрихьар зэрыгъуунэншэр.

Дауэ щымытами, захуагъэр ищIыIу къэхъужащ. ТекIуэныгъэр илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу Къардэн Уэхьид Урысейм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Къардэн Уэхьид и фэеплъ екIу ПсэукIэ-Дахэ дэтщ, абы и цIэр зэрахьэ къуажэ уэрамхэм.

## Венэ ещIэж



Хэку зауэшхуэр иухыу илъэс 45-рэ дэкIыжауэщ капитан, батальоным и командир Хьэбэч Умар къыщцылъысыжар лъырэ и гъащIэмкIэ къиихьа ЛIыхъужьыцIэр. 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 11-м Совет Союзым и Президент Горбачёв Михаил къыдигъэкIа унафэмкIэ щIигъэбыдыхьыжа къудейщ апхуэдиз илъэскIэ тхылъыншэу, ауэ хьэкъыпIэкIэ хуэфащэу Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэу адыгэлIым къиихьар.

Апхуэдиз илъэскIэ Венэ къалэкум ит фэеплъым капитан Хьэбэчыр Совет Союзым и ЛIыхъужьу тетхауэ щытами, зыхуэзэуа къэра-



3 Заказ №94

лым абы хуэфащэр лъигъэсыжатэкъым.

Гъуащагъэкlэ тратхауэ пlэрэ ар? Щхьэ лlыхъужь щыхъуам унафэ къыдэмыкlарэ адыгэлl гуейм теухуауэ?

А упщlэхэм псэхугъуэ кърататыртэкъым партым и Къэрэшей-Шэрджэс обкомым и етlуанэ секретару щыта Темыр Умар. Абы мурад ищlащ Хьэбэч Умар и лlыхъужьыгъэм и пэжыпlэр зэхигъэкlыну. Дэни щыщlэупщlэу, щылъыхъуэу щlидзащ. Абы зригъэщlащ Хьэбэчыр 1921 гъэм Ботэщей (иджы Малэ Зеленчук) къызэрыщалъхуар, Черкесск педучилищэр къиухыу Карачаевск къалэм дэта институтым зэрыщеджэжар, Алий-Бэрдыкъуэ къуажэм егъэджакlуэу зэрыщылэжьар, 1939 гъэм къулыкъум зэрашар, 1941-1943 гъэхэм уlэгъэ хьэлъэ зэрыхъуар, 1944 гъэм и шыщхьэуlу мазэм «Александр Невский» орденыр къызэрыратар, капитан, батальоным и командир зэрыхъуар, зэрыхэкlуэдар.

Темырым мурад ищlащ щlалэм и щlыхьыр зэфlэгъэзэувэжыныр Венэ къалэмкlэ къыщlидзэну. Абы ежьэным ипэкlэ, Хьэбэчым и анэ Гъагъэ хуэкlуащ. Бзылъхугъэ тхьэмыщкlэр гъыуэ хадэм ихьэри, щlыгу lэмыщlэ кърихащ: «Мыр си щlалэм и кхъащхьэм схутекlутэ», – жиlэри.

Темырыр Венэ зэрынэсу, ди дзэ атташеуэ Австрием щыlэ полковник Юмашев Михаил зыхуигъэзащ.

– Хьэбэч Умар и хэкуэгъу Венэ къэкlуауэ австрийцхэм къащlэмэ, уаlэтынущ. Абы и хэкlуэдэкlар куэдым ящlэ икlи ягъэлъапlэ, щхьэхуит къэзыщlыжа лlыхъужьу къалъытэри, – жиlащ Юмашевым.

Абы гъэщlэгъуэн дыдэ щыхъуащ а зауэлl хъыжьэр Совет Союзым и Лlыхъужьхэм иджыри къыздэсым зэрахэмытыр. Шварценберг утым ику дыдэм ит фэеплъым тетхат Сталин Иосиф и унафэр. Тlощlрэ ещанэу абы къыщыгъэлъэгъуат Совет Союзым и Лlыхъужь, гвардием и капитан Хьэбэч У. Хь.

Венэ тхылъ куэд щызэхуихьэсауэ Темыр Умар къигъэзэжри, иужь икlакъым Хьэбэчым и щlыхьыр зэфlимыгъэувэжу. Аращ зи фlыщlэр апхуэдиз илъэс дэкlыжа нэужь лlыхъужьым и пщlэр зэригъуэтыжар.

Зауэр иухыным махуэ бжыгъэ нэхъ къэмынэжауэ Умар Венэ къалэ щыхэкlуэдащ.

Иужькlэ къызэрыщlэкlыжамкlэ, Хьэбэч Умар тlэунейрэ хуагъэфэщауэ щытащ Совет Союзым и Лlыхъужь цlэ лъапlэр. Япэм Карелием щекlуэкlа зэхэуэшхуэм (1944 гъэ), етlуанэу Венэ хуит къыщащlыжым. Псалъэм къыдэкlуэу жытlэнщи, Хьэбэчым и батальоным хэтущ Къардэн Мурат Совет Союзым и Лlыхъужь зэрыхъуар.

Икlэм-икlэжым Умар щlыхьыцlэр зэригъуэтыжам щыгуфlыкlащ и лъэпкъри, адыгэ псори. Къэрэшей-Шэрджэсым и цlыхубэ тхакlуэ Брат Хьэбас «Хахуэм и вагъуэр ужьыхкъым» фlэщыгъэ иlэу абы тхылъ хьэлэмэт тритхыхьащ, полковник Нежинский Валентинрэ журналист Адзын Мухьэмэдрэ «Уахътыншэм и гъуэгу» зыфlаща документальнэ повестри къыдагъэкlащ.

Совет Союзым и Лlыхъужь Хьэбэч Умар и цlэр Хьэбэз районым и къуажэ уэрам нэхъыщхьэхэм, зыщеджа педучилищэм зэрахьэ, и фэеплъи Ботэщей дэтщ.

*Адыгей ЛӀыхъужьхэр*

# «Урысхэм затыркъым», – жиӀащ Андырхъуейм



Илъэс тӀощӀрэ зым хыхьа къудейт Андырхъуей Хъусен зауэр къыщыхьея махуэм. Дзэм ираджауэ къулыкъу ищӀэрт абы, 733-нэ фочауэ полкым и 2-нэ ротэм и политрук ӀэнатӀэр къыхуагъэфэщауэ. Зыри пэплъатэкъым зауэм, хьэ щэхурыпхъуэм зэрихабзэу, фашистхэр, я псалъэм епцӀыжри, 1941 гъэм мэкъуауэгъуэ мазэм и 22-м ди къэралым къытеуащ. Мейкъуапэ пэмыжыжьэ абзэзхэ къуажэм, Хьэкурынэхьэблэ, къыщалъхуа абэзэхэ щӀалэри пэплъакъым зауэм. Абы и нэгу щӀэтыр зыщалъхуа къуажэрт, и Ӏыхьлыхэрт, зыдеджа и ныбжьэгъухэрт – дзэ къулыкъур зэфӀэкӀмэ, яхыхьэжынут абыхэм, и хэкум игъэзэжынурэ, зыми пимыщӀ ӀэщӀагъэм ирилэжьэнут: ар усакӀуэщ, и усэхэр щӀэх-щӀэхыурэ традзэ Адыгейм къыщыдэкӀ газетхэм...

Хунэсакъым абы: зауэ гущӀэгъуншэм и мафӀэ лыгъэр къыщылыдащ къэрал гъунапкъэм, нэмыцэ фашистхэр, хьэщхьэрыӀуэ хъуауэ, хэкум къиужьгъащ.

Андырхъуей Хъусен зыхэт 136-нэ дивизэр 1941 гъэм фокӀадэм и 20-м Ростов и Ӏэшэлъашэм Ӏэпхъуащ. Абы щыгъуэ дон губгъуэхэм зауэ гуащӀэ щекӀуэкӀырт, Кавказым къыхуеӀэ бийр къатезэрыгуауэ. Дивизэр нэмыцэхэм япэуващ фокӀадэм и 29-м: ахэр зэтригъэувыӀащ, зэхикъутэри иригъэкӀуэтыжащ. А махуэм ди зауэлӀхэм къагъэлъэгъуа лӀыгъэмрэ хахуагъэмрэ щытепсэлъыхьым, абы и командирым и псалъэм къыхэщащ политрук Андырхъуей Борэжь и къуэ Хъусен и цӀэр – бийм удынышхуэ езыдза зауэлӀ хахуэхэм ящыщт ар.

Ипщэ фронтым и Ӏуэхур хэплъэгъуэ хъуат: цӀыхурэ ӀэщэкӀэ къебэкӀ бийр къебгъэрыкӀуэ зэпытти, Дзэ Плъыжьыр къикӀуэтырт, бийм хэщӀыныгъэшхуэ иратурэ. Нэмыцэхэм яубыд къалэхэр, къуажэхэр зэтрагъасхьэрт, лажьэ зимыӀэ цӀыхухэр зэтраукӀэрт.

733-нэ фочауэ полкри къикӀуэтын хуей хъуащ, зэщӀэкӀуэри, полкым Нагольнэ псым и Ӏуфэм зыщигъэбыдащ. ЕтӀуанэ фочауэ ротэм Дьяковэ къуажэм и Ӏэшэлъашэм зыщигъэбыдащ, псым телъ лъэмыжым пэмыжыжьэу. Андырхъуей Хъусен и ротэм къалэн къыщащӀащ: бийр псым къызэпрывмыгъэкӀ. Ар пхузэфӀэкӀын щхьэкӀэ, зэрыжаӀэщи, «щӀым зыщӀэвэн» хуейт: бжьыхьэ щӀыӀэри зыхамыщӀэжу, ротэм и зауэлӀхэм окопэхэмрэ щӀытӀхэмрэ ятӀащ, топхэр, лагъым зэрадз Ӏэщэхэр лъэмыж дакъэм щыхасащ.

ЖэщкӀи махуэкӀи къахэкӀыртэкъым Андырхъуей Хъусен ротэм и зауэлӀхэм: ягу фӀы яхуищӀырт, лӀыгъэ яхэлъын зэрыхуейр, я адэ-анэхэр, я шыпхъухэр, я щхьэгъусэхэр я щӀыб къызэрыдэтыр ягу къигъэкӀыжырт. Псоми ягъэщӀагъуэрт: «Дапщэщ ди политрукыр щышхэри щыжейри – жэщми махуэми етӀысэхыркъым».

Батальоным и комиссарым ириджащ политрукыр.

– Зауэ гуащӀэ къытпоплъэ, – къыжриӀащ абы. – Уи ротэм къылъыса ӀэнатӀэр нэхъ шынагъуэ дыдэхэм ящыщщ - бийм къаруушхуэ къиунэтӀынкӀэ хъунущ абыкӀэ: лъэмыжым къимыкӀмэ, нэмыцэ танкхэм нэгъуэщӀ кӀуапӀэ ягъуэтынукъым, ар зэраубыдынум и ужь итынущи, фатемыплъэкъукӀ, танк-

хэр къаутӀыпщмэ, лъэмыжыр къэвгъауэ, псым ахэр къызэпрывгъэкӀ хъунукъым...

Ар жыӀэгъуафӀэщ: зы танк къызэпрывгъэкӀ хъунукъым... Политрукми ещӀэ абы мыхьэнэшхуэ зэриӀэр – ротэм къылъыса ӀэнатӀэм куэд зэрелъытар: нэмыцэхэр абдеж щызэтраӀыгъэху, дивизэр здикӀуэта щӀыпӀэм изэгъэнущ, зигъэбыдэнурэ бийм къыпэувынущ...

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкӀ хъуауэ, пшэр зэкӀэщӀихури, бжьыхьэ дыгъэм и бзий махэр Дьяковэ къыдэпсащ. Къуажэм щхьэщытщ уэнжакъхэм кърихуу Ӏугъуэ сырыхур. Хъусен и нэгу къыщӀыхьэжащ езыр къыщыхъуа жылэр – Хьэкурынэхьэблэ. И нэгу къыщӀэуващ къуажэм къыдина и анэр, и Ӏыхьлыхэр, и ныбжьэгъухэр, фӀыуэ илъагъу пщащэ дахэр... Сыт я дуней абыхэм иджыпсту, сыт ягъахъэрэ? Дауи, псоми я гур здэщыӀэр зауэрщ, аращ я щхьэм илъ зэпытыр. ЯлъэӀэсынкӀэ хъуну абыхэми зауэ гущӀэгъуншэр? Хьэуэ, ар къэмыхъун щхьэкӀэ, Хъусен зэблэн щыӀэкъым, и псэр итын хуей хъуми, къызэфӀэнэнукъым...

Нэмыцэхэр къызэрехьэжьащ, топышэр зыкъомрэ къытракӀута нэужь, мацӀэм хуэдэщи, къызэрохь, танкхэм зыкъуадзэурэ. Шэр, лагъымыр къытолъалъэ Хъусен и ротэм – ротэм и нэхъыбэр укӀыгъэ хъуащ, ауэ бийр лъэмыжым кърагъэкӀакъым. Нэмыцэхэм ар щахузэфӀэкӀам ротэм къыхэнэжа щыӀэтэкъым: хэт уӀэгъэщ, хэт укӀыгъэщ. УӀэгъэ хъуащ Хъусени: и блэгъукӀэр шэм икъутащ.

Пшапэр зэхэуауэ, нэмыцэхэр псым къызэпрыкӀри, Хъусен къаувыхьащ. ПулемёткӀэ яхэуэурэ, политрукым япэ къища фашистхэр зэтриукӀащ. Андырхъуейм шэр къыӀэщӀэухащ, нэмыцэхэр етӀуанэу къебгъэрыкӀуащ. Зы гранатэ закъуэ къыхуэнэжати, ар къищтэри, Хъусен къызэфӀэуващ.

– Урыс, зыкъэт! – зэхихащ абы.

– Урысхэм затыркъым! – ар жиӀэри, гранатэр яжьэхидзащ политрукым къытегуплӀа фашистхэм.

Апхуэдэу итащ Андырхъуей Хъусен и гъащӀэр. Илъэс тӀощӀрэ зырэт зауэлӀ хахуэм и ныбжьыр...

Адыгэ щӀалэм зэрихьа лӀыгъэм и хъыбар фронт псом щыӀуащ, ар щапхъэ яхуэхъуащ хэкум и хъумакӀуэ зауэлӀ куэдым. Хъусен зыхэта полкым и комиссар Шемяков Борис зауэлӀхэм я пащхьэм мыпхуэдэ псалъэ щыжиӀауэ щытащ: «Ди полкым и Бэракъ Плъыжьым и пщӀэр лъагэ зыдэхъуа лӀыхъужьхэм дрогушхуэ дэ. Уэрэд хуаусынущ политрук Андырхъуей Хъусен зэрихьа лӀыгъэм. Адыгейм щыщщ а лӀыхъужьыр. Гурэ псэкӀэ фӀыуэ илъагъу Хэкурщ абы и гъащӀэр зыщӀитар. Бийм пикӀуэтакъым ар, уӀэгъэ хьэлъэ хъуарэ пэт, лъы ткӀуэпс къыщӀэмынэжыху, Ӏэщэр игъэтӀылъакъым. Андырхъуейм и псэр зыщӀита Хэкум зэи щыгъупщэнкъым лӀыхъужьым и цӀэр».

Дьяковэ къуажэм деж щызэрихьа лӀыгъэм папщӀэ Андырхъуей Хъусен Борэжь и къуэм Совет Союзым и ЛӀыхъужь цӀэ лъапӀэр къыфӀащащ. Адыгэ щӀалэрщ СССР-м и тхакӀуэхэм ящыщу а цӀэ лъапӀэр япэ дыдэ зыфӀащар.

Дивизэми пщӀэшхуэ хуищӀащ адыгэ лӀыхъужьым: абы и цӀэкӀэ зы снайпер фоч хахри, фочым мыпхуэдэ тхыгъэ традзащ: «Совет Союзым и ЛӀыхъужь Андырхъуей Хъусен и цӀэкӀэ». А фочыр зыхуагъэфэщэнур Андырхъуей Хъусен хуэдэу хахуэу зауэ, лӀыгъэ зыгъэлъагъуэ зауэлӀхэрт.

Сталинград деж зауэ гуащӀэ щекӀуэкӀырт абы щыгъуэ. Индыл Ӏуфэ щызауэрт Андырхъуей Хъусен зыхэта дивизэри. Абы щыщ фочауэ шэрыуэхэр – снайперхэр зэхуашэсащ дивизэм и унафэщӀхэм. «Дэ, Сталинград и хъумакӀуэхэм, къэрал псор къыткӀэлъоплъ иджыпсту икӀи къытщогугъ, – жиӀащ дивизэм и унафэщӀым. – Бийм зы лъэбакъуэкӀэ дыпикӀуэт хъунукъым, къалэр фашистхэм едмыгъэубыдын щхьэкӀэ, ди псэ деблэжынукъым. АбыкӀэ щапхъэ зытетх хъун зауэлӀ хахуэ куэдым я цӀэ къипӀуэфынущ. Псом

япэ зи цӀэ къиӀуапхъэр политрук Андырхъуей Хъусенщ».

Адыгэ щӀалэ хахуэм и цӀэкӀэ хаха снайпер фочыр а махуэм иратащ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым - Ильин Николай Яков и къуэм. Андырхъуей Хъусен и цӀэр зытраӀуа фочыр щратым, абы жиӀащ: «Си тхьэлъанэщ Совет Союзым и ЛӀыхъужь Андырхъуей Хъусен хуэфащэу сыкъыщӀэкӀынкӀэ. Си къаруми си гъащӀэми себлэжынкъым, фашистхэр ди Хэкум игъэкъэбзыкӀа хъун папщӀэ».

А псалъэр игъэпэжащ фочауэ хахуэм. Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочыр кърата нэужь, етӀуанэ махуэм Ильин фашистибгъу ӀуипӀащ, къыкӀэлъыкӀуэ махуэм – аргуэру фашист пщыкӀубл. Сталинград деж щызауэурэ, махуэ пщыкӀузым фашист 95-рэ иукӀащ.

Сталинград фронтым цӀэрыӀуэ щыхъуащ Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочым иризауэ снайпер шэрыуэ Ильин Николай. 1942 гъэм щэкӀуэгъуэ мазэм ирихьэлӀэу абы зэтриукӀа фашистхэм я бжыгъэр 216-м нэсащ, 1943 гъэм и пэщӀэдзэм а бжыгъэр 300-м щӀигъуат. Снайпер хахуэм ита псалъэр игъэпэжащ: зы махуи игъэхьэулеякъым абы Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочыр.

Бийр Сталинград деж щызэхакъутэри, Донской фронтым и зауэлӀхэр ебгъэрыкӀуащ. Зауэ гуащӀэ куэдым лӀыгъэ щызэрахьащ Андырхъуей Хъусен зыхэта фочауэ дивизэм. Ар щызэуащ Орёл, Белгород къалэхэм, ахэри, нэгъуэщӀ къалэ куэди фашистхэм къаӀэщӀэзыхыжа зауэлӀ хахуэхэм япэ итащ. Абы щыгъуэ Ильин Николай Совет Союзым и ЛӀыхъужь цӀэ лъапӀэр къыфӀащакӀэт. Андырхъуей Хъусен и цӀэр зыфӀаща фочымкӀэ фашист 494-рэ иукӀауэ, Совет Союзым и ЛӀыхъужь Ильин Николай 1943 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм зауэм хэкӀуэдащ.

Фашист куэд хэзыгъэщӀа фочым тратхащ Ильин Н. Я. и цӀэри. Снайпер хахуэр щыщӀалъхьа махуэм фочыр хуагъэфэщащ фочауэ шэрыуэхэм ящыщ зым – Гордиенкэ Афанасий. «Совет Союзым и ЛӀыхъужьхэу Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я цӀэкӀэ» – апхуэдэ тхыгъэ тетт Гордиенкэ къылъыса фочым. ЗауэлӀхэм я пащхьэ иувэри, абыи псалъэ итащ:

– Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ ялъ сщӀэжыну фыкъызогъэгугъэ, ди Хэкум и хуитыныгъэм папщӀэ схузэфӀэкӀ сщӀэнщ, си гъащӀэм себлэжынкъым, фашистхэм сащысхьынкъым.

Андырхъуей Хъусенрэ Ильин Николайрэ я фэеплъ фочымкӀэ Гордиенкэ Афанасий Ефим и къуэм фашист 424-рэ хигъэщӀащ.

Фашист 918-рэ зэтраукӀащ Ильинрэ Гордиенкэрэ Андырхъуей Хъусен и фэеплъ фочымкӀэ. Зауэм и мафӀэ лыгъэм къелащ лӀыхъужьхэм я фоч цӀэрыӀуэр: нобэ ар щахъумэ Урысей Армэм и Музей Нэхъыщхьэм.

# Шапсыгъ шууей



Ацумыжь Айдэмыр хы Ӏуфэм Ӏус ШахэкӀей шапсыгъ къуажэм 1912 гъэм къыщалъхуащ.

Бийр Кавказ Ищхъэрэм къэблэгъауэ, Псыжь щыпсэухэм шуудзэ корпус къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хыхьащ Ацумыжь Айдэмыри.

Шапсыгъ щӀалэр зыхэт шуудзэм Кавказым къиужьгъа бийм хэщӀыныгъэшхуэ иратащ 1942 гъэм и гъэмахуэм. Абы щыгъуэ Айдэмыр кърагащ Хэку зауэ орденым и япэ нагъыщэр.

Новкус-Артезиан къуажэм деж (Псыжь губгъуэ) зауэ гуащӀэ щекӀуэкӀащ 1942 гъэм. Абдежми лӀыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ

адыгэлIым: ар зыхэт батареем нэмыцэ танк, топ куэд икъутащ, фашист куэди зэтриукIащ. А зауэ гуащIэм хэкIуэдащ езы Айдэмыри. Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр абы 1943 гъэм къыфIащащ.

ЛIыхъужьым и цIэр фIащащ ар къыщалъхуа шапсыгъ къуажэм дэт еджапIэм, фэеплъи щыхуагъэуващ ШахэкIей.

## Лъостэнхьэблэ – Одер – Эльбэ



Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Адыгейм щыщ Лъостэнхьэблэ 1919 гъэм къыщалъхуащ, абы щызэхэт колхозым щылэжьащ.

1940 гъэм дзэм ираджащ, Хэку зауэшхуэм и япэ махуэм щыщIэдзауэ фронтым Iутащ. Миномёт батареем хэту лейтенант нэхъыжь Бжьыхьэкъуэм зауэ гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ. 1941 гъэм Москва бийм щызыхъума зауэлI хахуэхэм яхэтащ Бжьыхьэкъуэр. Ар Харьков, Полтавэ, Смоленск къалэхэм деж щызэуащ, Одер псым япэ зэпрыкIахэм ящыщщ, Эльбэ псым дежи лIыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ. Зауэм щызэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ папщIэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Бэракъ Плъыжь, Хэку зауэ, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, медаль зыбжанэ къратащ.



Одеррэ Эльбэрэ деж щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

1968 гъэ пщIондэ дзэм къулыкъу щищIащ абы, полковник цIэр зэрихьэу. 1991 гъэм Бжьыхьэкъуэ Къымчэрий дунейм ехыжащ.

## Апхуэдэт Блашэпсынэ щIалэр



Къуэш Алий 1922 гъэм Блашэпсынэ къэбэрдей къуажэм къыщалъхуащ. 1941 гъэм и бжьыхьэм зауэм Iухьащ, япэ, етIуанэ Украин фронтхэм, япэ Белорус фронтым хэту бийм езэуащ.

Алий зыхэт сапёр батальоным фашистхэм я танк куэд щакъутащ Миус псым и Iуфэм, лIыгъэшхуэ къигъэлъэгъуащ ди дзэр Днестр щызэпрыкIым щыгъуи. 1944 гъэм Къуэш Алий къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр.

Зауэ нэужьым Къуэшыр Мейкъуапэ щыпсэуащ, IэнатIэ зыбжанэм пэрытащ. 1971 гъэм дунейм ехыжащ. Блашэпсынэ щагъэуващ къэбэрдей адыгэ лIыхъужьым и фэеплъыр, а къуажэм дэт курыт еджапIэм абы и цIэр зэрехьэ. Блашэпсынэ и уэрамхэм ящыщ зыми фIащащ Къуэш Алий и цIэр.

# Нэхей Даут къикІуэтыркъым



Нэхей Даут Адыгейм щыщ бжьэдыгъу Уэчэпший къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ, педагогикэ еджапІэр къиухри къуажэ школым щылэжьащ. 1939 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ.

Хэку зауэшхуэм и пэ махуэм щыщІэдзауэ бжьэдыгъу щІалэр хэтащ, лІыгъэрэ хахуагъэрэ къигъэлъагъуэу. Даут зи пашэ батальоныр Вислэ псым япэ зэпрыкІахэм ящыщщ. Генерал-полковник Колпакчи итхауэ щытащ: «Нэхейр зи пашэ батальоным бийр зэхикъутэри, ди дивизэм гъуэгу къритащ». Даут и батальоным лІыгъэ щызэрихьащ къалэ-быдапІэ Познань дежи. Батальоным и командир Нэхей Даут абы щхьэкІэ къыфІащащ Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр. АдыгэлІ хахуэм къратащ Бэракъ Плъыжь, Невский Александр, Вагъуэ Плъыжь, Хэку зауэ орденхэри.

1946 гъэм дзэм къыхэкІыжри, Нэхей Даут зыщалъхуа къуажэм къигъэзэжащ, егъэджакІуэу, курыт школым и унафэщІу лэжьащ. 1955 гъэм дунейм ехыжащ.

# Днепр щызэпрыкІым





Тхьэгъущэ Исмэхьил хы Іуфэм Іус Куэдэщхьэпэ шапсыгъ къуажэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиуха нэужь, колхозым щылэжьащ. 1940 гъэм дзэ къулыкъум ираджащ.

1942 гъэ лъандэрэ фронтым Іутащ Тхьэгъущэр, ар и лІыгъэрэ хахуагъэкІэ щІэх дыдэ цІэрыІуэ щыхъуауэ щытащ езыр зыхэт полкми, полкыр зыхыхьэ дивизэми.

Тхьэгъущэ Исмэхьил лІыгъэ ин щигъэлъэгъуар ди дзэр Днепр псым щызэпрыкІым щыгъуэщ. Бийм шэр къытрикІутэми, лейтенант Тхьэгъущэм и ротэр Днепр зэпришын хузэфІэкІащ. Псым и ижьырабгъу нэпкъым зыщагъэбыдэри, абыхэм нэмыцэхэм егъэрыкІуэ дзэм гъуэгу иратащ. Шапсыгъ хахуэр 1944 гъэм зауэм хэкІуэдащ.

Тхьэгъущэ Исмэхьил Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэр 1943 гъэм къыфІащащ. Абы и цІэр зэрехьэ зыщалъхуа къуажэм дэт еджапІэм, фэеплъи абы щыхуагъэуващ.

# Тетщ бжьэпэм фэеплъ



ФIыцIэ Iэбубэчыр Адыгейм щыщ Банэхэс къуажэм 1912 гъэм къыщалъхуащ. Шапсыгъщ. Зауэм кIуа нэужь, Керчь, Таганрог, Мариуполь деж щитIысыкIа десантым хэтащ.

ФIыцIэ Iэбубэчыр Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыщIыфIащар Николаев къалэр хуит къыщащIыжым зэрихьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэщ: а къалэм и кхъухь тедзапIэр яубыдын папщIэ, десант ирагъэтIысыкIауэ щытащ, зауэлI 67-рэ хъууэ; абы хэтащ адыгэлI хахуэри. Кхъухь тедзапIэр яубыдри, ди сэлэтхэр бийм пэщIэтащ, ди дзэр ялъэIэсыху.

Десантым хэтам щыщу псэууэ къэнар цIыху пщыкIутIщ; ФIыцIэ Iэбубэчыр уIэгъэ щыхъуащ абдежым, ауэ и пщэ къыдалъхьа къалэныр игъэзэщIэн хузэфIэкIащ. Кхъухь тедзапIэр зыубыдауэ щыта зауэлIхэм псоми къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр. Николаев къалэм дэж Ингул псым и бжьэпэм нобэ тетщ абыхэм я фэеплъ.

Адыгэ щIалэр 1944 гъэм зауэм хэкIуэдащ. ФIыцIэ Iэбубэчыр и цIэр фIащащ езым и къуажэ Банэхэс дэт курыт еджапIэм.



# «ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори



ЩхьэкIумыдэ Мэсхьуд Банэхэс къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуащ, къуажэ еджапIэр къиуха нэужь колхозым щылэжьащ. 1941 гъэм и гъэмахуэм фронтым кIуащ, Москва зыхъумахэм яхэтащ, Ржев, Ленинград деж щызэуащ. Псков, Новгород, Ригэ къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм ядэзэуащ.

Псков хуит къыщащIыжым щыгъуэ зэрихьа лIыгъэм папщIэ шапсыгъ щIалэм къратащ «ЩIыхь» орденым и етIуанэ, ещанэ нагъыщэхэр. А орден лъапIэм и япэ нагъыщэр ЩхьэкIумыдэ Мэсхьуд 1945 гъэм къыхуагъэфэщащ.

Зауэ нэужьым ЩхьэкIумыдэр Кърым щIыналъэм (районым) щыщ Винограднэ жылэм дэсащ, жызумгъэкI бригадэм и унафэщIу щытащ, абы щыгъуэ къратащ Октябрь революцэм и орденри.

ЩхьэкIумыдэ Мэсхьуд 1971 гъэм дунейм ехыжащ.

# Серет Iуфэ деж



Налшык пединститутым къыщыдеджахэми, иужькIэ дзэм къулыкъу къыщыдэзыщIахэми Оганьянц Грант нэмысышхуэ, хьэл-щэн дахэ зыхэлъ щIалэу щытауэ ягу къагъэкIыжырт – гупыр игъэгупыфырт, ныбжьэгъур игъэпэжыфырт, езым и щхьэм темылъ трилъхьэртэкъым, ауэ зыми шыбгъэ зыкъърыригъэлъхьэнутэкъым.

Спортыр фIыуэ илъагъурт. Ар яхэтащ 1937 гъэм кхъуафэжьейхэмкIэ Тэрч техьэу псы гъуэгу защIэкIэ Мэзкуу нэса цIыхуиблым. Упелуану, гушхуи пкIуэцIылъу ущытын хуейт Тэрчрэ Каспий тенджызымрэ къызэбнэкIыу, иужькIэ Индыл утехьэу, ар зи кIыхьагъым кхъуафэжьейкIэ удэсеин щхьэкIэ. ИкIи дэсеяхэщ. Мэзкууи гуапэу иригъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэр...

Институт нэужьым Оганьянцыр Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэну ираджэ. Къэрал гъунапкъэм пэгъунэгъу Береза-Картусскэ къалэм къулыкъу щищIащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ Брест и гъунэгъуу лъэсыдзэм зыщегъасэ. Зегъасэ Iэщэми хуэIэижьу. Унэм къигъэхьауэ щыта письмохэм ящыщ зым абы щетх: «Нобэ гъэунэхупIэ сихуащ – япэу къэрэгъулым сыщыIащ. ФокIадэм и 5-м нэщанэ еуэнымкIэ дыкъапщытати, фочкIэ къибуд хъуну бжыгъэ 30-м щыщу 30-р къизудащ. Пулеметри фIы дыдэу згъэуащ ...».

Куэтэншы Хьэмидрэ Грантрэ зы полк хэтащ. Полкым и еджапIэри къызэдаухащ. Абыхэм ныбжьэгъу къахуохъу Логвинов Иван. Абы игу къигъэкIыжырт: «Институт къэзыуха Хьэмидрэ Грантрэ къулыкъур къатехьэлъакъым. НыбжьэгъуфI схуэхъуа а щIалэхэм сэри сащIыгъуу, илъэсым дджынур мазитIым зэдгъащIэри, щыри училищэ дыщIагъэтIысхьащ...»

А еджапIэм щагъэхьэзырхэм къахэкIын хуейт кхъухьлъатэзехуэ дзэхэм папщIэ политлэжьакIуэхэр. Кхъухьлъатэм епха Iуэху псори – ахэр зэрызэпкърылъым деж къыщыщIэдзауэ зыгъэлъатэ, къэзыгъэтIысыж IэмэпсымэхэмкIэ иухыу – зрагъэщIэну я къалэнт. ИкIи зрагъэщIат. Ауэ училищэр зауэм къаригъэухакъым. Абы зэпэIэщIи ищIащ.

... Лейтенант Оганьянц Грант занщIэу зауэм ягъэкIуакъым. Абы щыгъуэм дзэр нэхъ зыхуэныкъуэ танкист IэщIагъэм хурагъэджащ.

ЕпщыкIузанэ къэзакъ шу дивизием и 71-нэ танк полкым хэту Грант зауэм Iуохьэ. Взводым и командиру къыщIидзэри, танк ротэм и унафэщI хъуауэ щытащ.

Оганьянц и взводыр сыт щыгъуи нэхъ пэрытхэм, ебгъэрыкIуэхэм ящIыгъут. Шууейхэм я гъащIэр ихъумэу езым Iэджэрэ шэпэIудз зищIащ.

... Ар къыщыхъуар Кальмиус псы ЗэпрыкIыпIэм дежщ. АдрыщI ныджэр зыIэщIэлъ бийм и топхэмрэ пулемётхэмкIэ шу гуп къызэрыкъуэххэм яхэуэурэ хьэлэч зэтрищIэрт. Уанэгу пцIанэ хъуа шыхэр щыщу губгъуэм илъэдэжхэрт. Абы щыгъуэм ди танкхэм сытыт ящIэр? ЕбгъэрыкIуэну хуежьэрт, ауэ утыку пцIанэм зэрынэсу топышэхэмрэ лагъымхэмрэ къатещащэу щIадзэрти, къимыкIуэтыжу хъуртэкъым.

Грант лъэныкъуэкIэ бийм къыпикIухьыну хуожьэ, ауэ зэпрыкIыпIэ игъуэтыркъым. Топым къыхиудауэ гъуэгум телъ псей жыгыжьхэм зэуэ гу лъетэ.

Псынщlэу танкым къолъэ, и гъусэхэр зэщlегъэуlуэри, псым зэпрыуувэ жыгитl трелъхьэ. Икъукlэ дзыхьщlыгъуэджэт абы утехьэну, уецlэнтхъуэхыу къуэм укъыдэнэнкlи хъунут, ауэ танкист хахуэр къикlуэтакъым – езыр псом япэ зэпрыкlащ. Ныджэ лъагэм щыдригъэзейм, абы кlэлъыплъу щытахэм я псэр lукlат. Къэхъуар сытыт? Жыг лъэдакъэр гусеницэ ижьым къыкlэщlэщтэри, танкыр ещlащ, ауэ зэуэ илъри, лъагапlэм щхьэдэхащ.

Адрей танкхэр апхуэдэ мыл тримыгъэхьэныр нэхъ къищтэри, Грант езым еймкlэ километр зыбжанэкlэ зызыукъуэдия биидзэм и щlыб дыхьащ. Псом япэу абы яхуиунэтlащ зэпрыкlыпlэм еуэ топхэмрэ пулемётхэмрэ.

... Мыдэкlэ ди генералыр нэрыплъэкlэ плъэуэ зы lуащхьэ гуэрым тетщ, радистми унафэ хуещl: «Полкым и командирхэм яжеlэ зэкlэ ебгъэрыкlуэн щагъэтыну... Пщэдей кхъухьлъатэхэр къедджэнщ. Зэт, зэ увыlэт... Сыт мобыкlэ къыщыхъур?»

Икlи игъэщlагъуэу генералым егъэунэху зэпрыкlыпlэм къеуэу щыта топхэм «я жьэр» зэраубыдар. Нэмыцэхэр икlуэтрэ?.. Хьэмэрэ?.. Ар и нэм щlоlуэтыхь, аргуэру нэрыплъэр зыlуелъхьэж. Я lэхэр lэтауэ зы нэмыцэ гуп цlыкlу псыхъуэм къызэрыдэхуащ, ахэр ди танк гуэрым къеху.

Генералым унафэ ещl шуудзэр псынщlэу ебгъэрыкlуэну.

А щlыпlэм щызэрихьа лlыхъужьыгъэм папщlэ Оганьянц Грант 1943 гъэм и фокlадэм кърагащ Хэку зауэ орденым и етlуанэ нагъыщэр.

Езы Грант абы щыгъуэ унэм итха письмом мыпхуэдэу укъыщоджэ: «Дыздежьа лъэныкъуэмкlэ щыдокъутэкl. Мыбдежым зы гупыфl цlыкlу щыхэгъэщlэн хуейщ, ди гъуэгур хуит хъун папщlэ. Иужьрей зэманым бийм я курыкупсэм дыщыхыхьэф къохъу икlи фашистхэм я нэкlухэр шынэм зэкlэщlишауэ долъагъу. Апхуэдизкlэ я гур идохри, автомат дыдэр яхуэмыгъэуэжу мащтэ. Зэгуэрым, сытегушхуэри, танкым зыкъисшиикlащ икlи автоматкlэ сахэуэу щlэздзащ... Апхуэдэм деж зэброжхэр, я lэхэр яlэтурэ. «Фу, цlыхумэ», жызыlэу щыта фашистхэр аракъэ къызэрынэжар?..»

Абы и ужькlэ Грант хэтащ Днепр зэпрыкlыу Корсунь-Шевченкэ деж бийр къыщызыухъуреихьахэм.

1944 гъэм и гъатхэм къэзакъ шуудзэр Карпат къуршхэм къыщыхутащ. А лъэхъэнэм Оганьянцыр зауэрт танк унафэм щlэту.

Карпат бгы лъапэхэм деж щыщlидзащ гъэмахуэ псом екlуэкlа зауэ гуащlэм. Лъэныкъуитlри ебгъэрыкlуэну хэту, ауэ зыр адрейм пэмылъэщу куэдрэ зэрыудынахэщ. Абдежым бийм и lуэху щынэхъыфlт: зыхъумэжыпlэ ищlа зы щlыпlэм икlмэ, къыкlэлъыкlуэ быдапlэхэри и хьэзырт. Зэрикlуэта щымыlэу ди дзэхэм къапэтlысыжырт. Апхуэдэ зэуэкlэм ди сэбэп зэрыхэмылъыр къызыгурыlуэ ди дзэ lэтащхьэхэм унафэ ящl бийм кlэщlу и ужь иту ебгъэрыкlуэн хуейуэ.

Ротундэ-Ажюдень щlыпlэхэм пэгъунэгъуу Серет ущызэпрыкlыныр lуэху гугъут. Бийм къуршылъэ щlыпlэр хъарзынэу къигъэсэбэпырт. А псым нэсмэ, ди дзэхэр нэщанэуапlэ хъун хуэдэу и дзэр къигъэтlысат икlи ди танкхэр гъунэгъу зэрыхъуу и топхэмрэ миномётхэмкlэ къэуэн щlидзащ. Ротэм и унафэщlым къыгурыlуэрт абдеж зыщралъэфыхьмэ, хэщl зэраlэнур. Ебгъэрыкlуэу мыдрей ди дзэхэр къекlуэлlэху псы зэпрыкlыпlэр иубыдыну мурад ещl. «Сыкъаукlынщ» жиlэу мышынэу езыр хохьэри псым и кууагъри къепщытэ.

Фашистхэм я пщlыхьэпlэ къыхагъахуэртэкъым а дзэ пакlэ цlыкlум къарикуну. Зэуэ танкхэр къуэгъэнапlэхэм къызэрыкъуэхри, шэр къазэрытелъалъэм хуэдэу, зэрехьэжьауэ псым зэпрокlхэр. Нэмыцэхэр икlуэту хуежьащ. Асыхьэтым къекlуэлlа ди лъэсыдзэри танкхэм яужь иуващ. Арщхьэкlэ кlуэ

пэтми нэхъ хьэлъэ хъурт къуршылъэ щIыпIэм танккIэ ущызэуэну. 1944 гъэм шыщхьэуIум и 26-м капитан Оганьянц и ротэр зауэ гуащIэ хэхуащ. Лагъымхэр зыщIалъхьа, быдапIэ лъэщу иращIэкIа щIыпIэр къызэнэкIын хуейт. Абы унафэ ещI топхэмкIэ еуэурэ кIуэцIрыкIыпIэ пхракъутыкIын хуейуэ. Апхуэдэуи ящI. Езыр зэрыс танкыр япэ иту дэкIыпIэмкIэ яунэтIри, бий къапэтIысахэр ирахужьэ.

Шэджагъуэ нэужь хъуауэ ахэр нэсащ фашистхэм ягъэхьэзыра «лагъым губгъуэм». Капитаныр и танкым къикIащ щIыпIэм еплъыну. ЩIым теува къудейуэ шэ фий макъ къэIуащ. Командирыр ещIащ.

Ротэм хэтхэм ар бийм хуагъэгъуакъым. Я танкхэм итIысхьэжхэри ахэр ежьащ фашистхэр зэтраукIэу, зэтрапIытIэу. Иджы ахэр къэзыгъэувыIэжын къару щыIэтэкъым.

ЦIыхухэм, хэкум я хуитыныгъэм щIэбэну дунейм ехыжа щIалэ хахуэм къыхуагъэфэщащ Хэкум и дамыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр – 1945 гъэм гъатхэпэм и 24-м абы къыфIащащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Ноби ЛIыхъужьыр Хэкум щыгъупщэркъым. Абы зэрихьа хахуагъэм ди щIэблэр щыгъуазэ ящI, Грант я щапхъэу къагъэтэдж. 1966 гъэм СССР-м зыхъумэжыныгъэмкIэ и министрым и унафэкIэ Оганьянц Грант игъащIэкIэ хэтыну танкыдзэ гуэрым хатхащ. Абы къикIыращ: пщыхьэщхьэ къэс танкист сатырхэм хэтхэр ябжыну щыщIадзэкIэ, Грант и унэцIэр псом япэу къраIуэ. АбыкIэ жаIэну зыхуейращ: «Оганьянц Грант иджыри къулыкъу ещIэ».

# Бгырыс вагъуэ





Ди къэралым фашист Германиер къыщытеуам япэу бийм пэщIэувахэм икIи ар къэзыгъэувыIахэм яхэтащ кхъухьлъатэзехуэ Байсултанов Алим. А лъэхъэнэм ар илъэс 22-рэ ирикъуа къудейт. Апхуэдэу щIалэ щхьэкIэ, фин зауэми хэтауэ Байсултановыр зауэлI хьэзырт. Алим яхэтащ фин хы къуэпсыр яхъумэу Ханко деж лIыхъужьыгъэшхуэ къыщызыгъэлъэгъуа ди зауэлI хахуэхэм. Ди хэкуэгъур дауэ къыщыхутат а хы тIуащIэм?

Зауэм и пэкIэ Байсултанов Алим Налшык щыIа аэроклубым зыщигъэсащ, иужьыIуэкIэ щеджащ кхъухьлъатэзехуэхэр щагъэхьэзыру Бийск дэта еджапIэм. Ар къиуха нэужь къулыкъу ищIэну ягъакIуэ Прибалтикэм, хыр зыхъумэ дзэхэм хагъэхьэ.

Къыдеджахэми къулыкъу къыдэзыщIахэми къаIуэтэж Байсултановыр цIыхугъэ дахэ зыхэль щIалэу, и хьэл-щэнкIэ адрейхэр зыдригъэплъейуэ зэрыщытар. ЦIыху Iэсэт и ныбжьэгъухэм щахэтым деж, ауэ бий илъэгъуакъэ – ябгэ хъурт...

1941 гъэм и мэкъуауэгъуэ мазэу, зауэри къэхъея къудейуэ, Байсултанов Алимрэ нэгъуэщI щIалитIрэ къалэн къыщащI я кхъухьлъатэхэмкIэ заIэту бийм дзэшхуэ щиIыгъ Тарку къалэм теуэнхэу. Байсултановыр пашэ ящIри, а гуп цIыкIур гъуэгу тохьэ. ИщIагъымкIэ сытри фIыуэ щыплъагъуу дунейр бзыгъэт. Ди кхъухьлъатэхэми лъагагщэу заIэтыркъым. Здежьа щIыпIэм гъунэгъу хуэхъуауэ Алимрэ и гъусэхэмрэ ялъагъу фашист кхъухьлъатэхэу плIы къызэ-

рыкъуэхауэ къазэрыхуэкIуэр. Алим и гъуситIым я зым еджащ: «Къызэдаlуэ, кьызэдаlуэ: япэ итым сэ сытеуэнущ, уэ си щlыбымкlэ сыкъыщыхъумэ!»

ЗэрыжиIам хуэдэуи ещI. Бий кхъухьлъатэм гъунэгъу зыхуещIри, пулемётым и кIакхъур щIеч. Бий кхъухьлъатэр, шэ зытехуа къуаргъыжьу, и дамэхэмкIэ адэкIэ-мыдэкIэ ещIэу хуожьэ, кьолыдри, Iугъуэ фIыцIэр къыщхьэщихыу, йохуэх.

И гъуситIми зы бий кхъухьлъатэ я кум даубыдэри, кIуапIи жапIи ирамыту кърагъэпсых. Адрей фашист кхъухьлъатэхэм къыздикIамкIэ яунэтIыжащ. Къалэн щащIар ягъэзащIэри, Алим сымэ зыри яхэмыщIауэ къагъэзэжащ. Ахэр къетIысэхыжа нэужь, я ныбжьэгъухэр гуапэу къехъуэхъуащ. Полкым и командир подполковник Михайловми комиссар Безносовми «Фи япэ ехъулIэныгъэмкIэ!» – жаIэу щIалэхэм я Iэхэр къаубыдащ.

Абы и ужькIэ полкым щекIуэкIа парт собранэм Байсултановым и хъуэпсапIэр къыщохъулIэ - партым хагъэхьэ.

... Уэгум зы мэскъалкIэ ущыщыуамэ е зы напIэдэхьеигъуэкIэ ущыбэлэрыгъамэ, бийм къыпщIигъэкIуэнукъым. КъимыдэкIэ, гуп ухъумэ, зыр адрейм удэIэпыкъужыфу ущытын хуейщ. А псоми фIыуэ щыгъуазэт Алим икIи зиIэтрэ зауэм Iухьамэ, къашыргъэм хуэдэу, ябги нэ жани хъурт, и гупсысэр асыхьэтым къэхъуну Iуэхум триухуэфырт. Апхуэдэу зэщIэкъуауэ зэрыщытым и сэбэп езым къекIыжырт, и ныбжьэгъухэм дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэт. Мыпхуэдэ Iуэху зэгуэрым къэхъуащ: «Бийм мафIэ ирадзыну» полкым и бомбэзехьэ кхъухьлъатэхэр гъуэгу техьат. Ахэр зыхъумэхэм яхэту лъэтат Байсултановри. Ди бомбэзехьэхэм биидзэм хэщIыныгъэшхуэ иратащ а махуэм. Хъарзынэуи къагъэзэжат, ауэ гъуэгум абыхэм къащылъэщIохьэ кхъухьлъатэ псынщIэхэр – «МЕ-110»-хэр. Зэзэуэн щIадзэ. Зэуэ Алим гу лъетэ эскадрильем и командир Белоусовым и кхъухьлъатэм и ужь «МЕ-110»-р къызэриувар икIи, зы тэлай дэкIыжмэ, абы командирыр зэрыс кхъухьлъатэр Iисраф къызэрищIынур. И командирыр кърипгъэлын щхьэкIэ, Алим езым шэпэIудз зищIу бийм и гупэм зредзэ, шэхэр къызэрытелъалъэр зыхищIэу лъэныкъуэкIэ зыщIедзри, фашист кхъухьлъатэм накIуэпакIуэу хуеунэтI икIи и тегъапси и еуи зыуэ и пулемётыр егъэлъалъэ. «МЕ-110»-р зэщIонэ. Апхуэдэу и ныбжьэгъухэр ажалым къыщригъэл, езыри къыщахъуми куэдрэ къэхъуащ. Алим къыдэзэуахэм яхэтащ «уей-уей» жезыгъэIа кхъухьлъатэзехуэхэу Гринько Пётр, Антоненкэ Алексей, Цоколаев Геннадий, Васильев Михаил сымэ. Нэхъ иужьыIуэкIэ, Алим хуэдэу абыхэми къыфIащат Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. Ленинград зыхъумэжхэр абыхэм иригушхуэрт, ирипагэрт... Дунейр къызэрыхъурэ ямылъэгъуа лIыхъужьыгъэшхуэ кьагъэлъагъуэрт ленинграддэсхэми, а къалэр зыхъумэж псоми. ЩIылъэми, хыми, уэгуми фашистхэм я нэр щамыгъаплъэу ди дзэхэр япэщIэтт. IэщэкIэ нэхъыфIу зэщIэузэда, бжыгъэкIи куэдкIэ нэхъыбэ хъу бийт зыпэщIэтри. Дуней псор къыкIэлъыплъырт зауэр зыщхьэщыкIа, биидзэм и кум къина къалэм зэрызимытым, Iэщэри, гъаблэри, гугъуехьхэри абы дэсхэм зэрапэмылъэщым. Алим егупсысырт: «Сыту пIэрэ апхуэдэ къару ди цIыхухэм къезытыр?» – жиIэу. Жэуапи зритыжырт: «Дызэрызахуэм, ди лъахэр зэрытхъумэжым къыдет а къарур икIи хамэщI щIэнэцIу къежьа зэрыпхъуакIуэхэм ящыщ зы ди щIым къытемынэжыху, уэгум къимыхьэж хъуху дэ абыхэм дащысхьынкъым».

Зыми гу лъамытэу зы бий кхъухьлъатэ полкым и хэщIапIэм къыщхьэщыхьат зэгуэрым, щIым щыт ди кхъухьлъатэхэм къеуэн мурадыр иIэу. Асыхьэтым зиIэта къудейуэ уэгум итт Алим. Зы дакъикъи зимыIэжьэу абы къыхуиунэтIащ бий кхъухьлъатэм. Лъэныкъуэ зыхуищIщ, еуэри, полк псом ялъагъуу къриудыхащ. Ди кхъухьлъатэзехуэхэр дыхьэшхыу зэхэтт: «Уа, унэ-

мыцэн хуейтэкъэ-тIэ ди бгъащхъуэр уэгум иту къыдэпкун щхьэкIэ», – жаIэу.

Зэгуэрым Балтикэм и тенджыз къарухэр зи унафэм щIэт генерал-лейтенант Самохиныр полкым къэкIуат. Командир нэхъыщхьэхэр зэхуишэсауэ абы къариIуэтылIэрт бийм и кхъухьлъатэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, абыхэм ди кхъухьхэм хэщIыныгъэ къызэрыратыр. «НтIэ сыт щIэн хуейр?» – жаIэу псори гупсысэ хэхуат. «Псом япэу, – жиIащ генералым. – КъэщIэн хуейщ а кхъухьлъатэхэр зэрыхъур зыхуэдизыр. Ар къэтщIа нэужь, а щIыпIэм деуэнщ».

Генералыр картэм теIэбащ: «Мыбы сурэт щытрихыну гъэкIуэн хуейщ нэхъ Iэзэ дыдэу икIи лIыгъэ зыхэлъу фиIэр. Уэгур зыхъумэ зениткэхэр куэдыкIейуэ здэщыт мы щIыпIэм сурэт щытезыхыфынур, нетIи жысIащи, Iэзэ дыдэу щытын хуейщ».

– Байсултанов Алим абы дгъэкIуэнщ, – жиIащ полкым и командирым.

Iуэхур зытетыр къыжраIа нэужь, Байсултановыр егупсысащ: «Дауэ сщIымэ нэхъыфI?» Ар гузавэрт и къалэныр хуэмыгъэзэщIэнкIэ. АтIэ, зэрыгурыIуэгъуэти, апхуэдизу яхъумэ щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу ущхьэщыхьэфми, зениткэхэм куэдрэ ущхьэщагъэтынутэкъым, урагъэпсыхынут. Полкым и унафэщIхэри а махуэм гупсысэу зэхэсат, ауэ зыри къахуэгупсысатэкъым. ИужькIэ Алим нэщхъыфIэ къохъу, мэдыхьэшх: «Мис иджы сэ абыхэм яхуэфI сыхъунщ», - жери полкым и командирым зыхуегъазэ, и мурадри ирeIуэтылIэ.

Ауэ Алим дыхьэшхэн къыщыхъужа и гупсысэр адрейм къыдиIыгъыщакъым. Полкым и командирыр иригузавэрт Алим и щхьэр хилъхьэнкIэ...

Алим сурэт зытрихын хуей щIыпIэм уащхъуэдэмыщхъуэу щхьэщыхьащ. Фашистхэр къэуIэбжьат, я зениткэхэмкIэ задзащ. Трагъапсэ «Дэнэ укIуэжын, улъахъшэщ», - жыхуаIэу. Ауэ сыт а ялъагъур? Совет кхъухьлъатэм тIысын мурад иIэу и дамэхэр къахущIеупскIэ, и шэрхъхэри къызыкIэщIихащ. Абы къикIырт: «Фыкъызэмыуэ, гъэру зызот». Нэмыцэхэм ар я гуапэ мэхъу... ТIысыпIэм зыхуигъэхьэзыр щIыкIэу кхъухьлъатэм зэ хъурейуэ къеуфэрэзыхьри, зигъэлъахъшэу хуожьэ. Ауэ тIысыркъым. ЗытетIысхьэн хуея лъагъуэм хуимыгъэззэфа хуэдэу, сэмэгурабгъур ирещэкI. Фашистхэм хьэрэкIытIэхэр худрагъэуейуэрэ къыздэтIысыну лъэныкъуэр кърагъэлъагъу. Алими ар къыгурыIуа хуэдэу зещI, нэхъри зегъэлъахъшэри, аэродромым и ижьырабгъумкIи сурэт трех.

Ещанэуи, тIысын фIэкIа умыщIэу, къыщхьэщохьэри, зыхунэмыса щIыпIэхэм щхьэпролъэтыкI. И Iуэху зэфIэкIати, газым трекъузэ, и шэрхъхэр зэщIекъуэжри, пцIащхъуэм хуэдэу, уэгум йохьэж. Бийхэр я IэфракIэхэм едзэкъэжу къызэхонэ.

Тегушхуэныгъэ зыхэлъ щIалэм и цIэр фIыкIэ Iуат. Зы махуэ къанэртэкъым абы Ленинград и уафэм зыщимыIэту. Абы и бгъэм къыхалъхьат Бэракъ Плъыжь ордену тIу, медалхэр, эскадрильем и командирым и дэIэпыкъуэгъуу ягъэуват. 1942 гъэм и гъэмахуэм къабжати, Байсултановыр уэгум зэрихьа бжыгъэр 277-м нэсат, плIыщIрэ тхурэ хъуат уэгу зауэу иригъэкIуэкIар, бий кхъухьлъатэу къриудыхат и ныбжьэгъухэм я гъусэу 13, езым и закъуэу 8, тIур бий аэродромхэм щикъутат.

Балтикэ щIыналъэм адэжкIэ щыIуат гвардием и капитан Байсултановым и цIэр. Абы теухуа тхыгъэхэр газетхэм традзэрт, фронтым Iухьа зауэлIхэр Алим ещхьу щытыну ягъэIущырт, 1942 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ар Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIащ.

Абы и ужькIи Байсултановыр зэхэуэ куэдым хэтащ. 1943 гъэм фокIадэм

и 23-м Алим фин хы къуэпсым щхьэщыту кърaудыхащ. Абы щыгъуэ ар илъэс 24-рэт зэрыхъуар. Ар ящыгъупщакъым полкым къыдыхэтахэм. Абы илъ ящIэжу и ныбжьэгъухэм бийр ягъэгулэзырт икIи куэд мыщIэу ди къэрал гъунапкъэм и уэгури къабзэ ящIыжащ.

Хэкуми щыгъупщакъым и хуитыныгъэм зи псэр щIэзыта и быныр. Зыщалъхуа Яныкъуей къуажэм и уэрамыщхьэм абы и фэеплъ щагъэуващ. Абдеж къокIуэри мэщыгъуэ къуажэдэс балигъхэри еджакIуэ цIыкIухэри.

Совет Союзым и ЛIыхъужь Байсултанов Алим лъэужьыншэу кIуэдакъым. И къуэ Валерий летчик хъужащ. Ар илъэс къэс къокIуэж и адэр щыпсэуа къуажэм икIи зэманыр зэрыкIуэр щыгъупщэжауэ куэдрэ бгъэдэтщ и адэм и фэеплъ лъапIэм. Бгъэдэтщ и адэм нэхърэ нэхъыжь зэрыхъужами, абы хуэдэу Хэкум къызэрыхущIэкIынуми егупсысу, игъащIэкIэ езым нэхърэ нэхъыщIэу къэна и адэм щхьэкIэ и нэпс хуэмыубыду.

## МафIэм имыс, псым имытхьэлэ



Совет Союзым и ЛIыхъужь, генерал Кузнецов Георгий и гъащIэмрэ и къекIуэкIыкIамрэ щыгъуазэ хъуа дэтхэнэми игъэщIэгъуапэу жиIэнщ: «Мы цIыхум имыгъэунэхуауэ сыт щыIэ? МафIэ къыщIэнэри – исакъым. Хым щIэтIысыкIыу хуежьэри – итхьэлакъым. Биишэри зыбжанэрэ къылъэIэсат – къелащ. АтIэ аракъэ «насыпыфIэщ» жыхуаIэжыр...»

Зауэ нэужьым Георгий и Iуэхур дэкIуэтеящ. Дзэ еджапIэ нэхъыщхьэу (академиеу) тIу къиухри, къэралым и дзэ Iэтащхьэхэм ящыщ зы хъуащ – щытхъу зыхужаIэ, пщIэ зыхуащI къулыкъущIэшхуэщ. Дауи, насыпыфIэу щытын хуейщ апхуэдэр!

Езым ар щызэхихкIэ, къущхьэмыщх мыхъу зышхым хуэдэу, и нэкIур золъэ, гукъеуэгукъэкIыж хьэлъэ гуэрхэм зэщIаубыдэ. Хэт ищIэн иджыпсту абы и нэгум къыщIэувэжхэр?.. Зауэм хэкIуэда и ныбжьэгъуфIра?

МафIэ зыщIэнауэ ехуэх кхъухьлъатэм, езыр дэмыIэпыкъуфу, ирисхьара? Е бомбэхэмкIэ зэтракъута совет къуажэм Iисраф щыхъуа лIыжьфызыжьхэмрэ сабийхэмрэ и нэгум къыщIэувэжа? Зэманым хузэфIэкIакъым зауэм къиша къулейсызыгъэхэр абы и гум иригъэхужын, теплъэгъуэ шынагъуэхэр и нэгум щIигъэкIуэдыкIыжын.

ИтIани генералым и нэгум щIэхыу зызэлъыIуехыж. Ар топсэлъыхь Хэку зауэшхуэр ди совет цIыхухэм я дежкIэ гъэунэхуныгъэ ину зэрыщытам, тхыдэм къыщымыхъуауэ цIыху мелуанхэм лIыгъэшхуэ зэрызэрахьам, ди щIалэгъуалэм абы дерс къыхегъэхыным иIэ мыхьэнэм. НэщхъыфIэ къэхъужауэ Георгий топсэлъыхь дуней псом фIэтелъыджэу ди къэралым зауэ нэужьым игъуэта зыужьыныгъэшхуэхэм. Игу къегъэкIыж зауэм и пэ лъэхъэнэр, Налшык къалэ зэрыщыпсэуар. И сабиигъуэмрэ и щIалэгъуэмрэ щигъэкIуа щIыпIэр абы зэи щыгъупщэркъым.

Школыр къыщаухым зэныбжьэгъу щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ хъуэпсапIэ нэху куэд яIэт я гъащIэр зэраухуэнум теухуауэ, насып дахэкIэ я къэкIуэнум псори щыгугъырт... Ауэ а псори фашистхэм къызэпауд... Илъэс

пщыкӀуийм иту и Хэкур ихъумэжыну Налшык яфӀыдэкӀат Георгий…

Генералым и нэгур аргуэру зэхоуэ... Асыхьэтым зыхыбощӀэ зауэр зыгъэунэхуахэр насыпыфӀэ-насыпыншэкӀэ зэхэбгъэкӀыну зэрымытыншыр, насыпыр гурыфӀыгъуэ защӀэу зэрызэхэмылъыр, ар цӀыхупсэхэр къезыхуэкӀ, махуэ къэс зыхуэпабгъэ къару лъэщу зэрыщытыр.

Кхъухьлъатэзехуэу ирагъаджэри, Кузнецов Георгий 1943 гъэм и жэпуэгъуэ мазэу зауэм Ӏухьащ. ЯпэщӀыкӀэ хы ФӀыцӀэм, иужькӀэ Балтикэ хым я уэгум щызэуащ.

… Мы къэтӀуэтэжынур Георгий хы ФӀыцӀэм щхьэщыту къэхъуащ. Бий кхъухьым бомбэкӀэ зыбжанэрэ еуэри, ар мафӀэу зэщӀигъэнащ, лъагэу зиӀэтыжуи хуежьащ. «Иджы хъунщ», – жиӀэу зыкъигъэзэну щыхуежьэм, къыхэщтыкӀащ: нэмыцэ дамыгъэ зытет зэребгъэрыкӀуэ кхъухьлъатэ псынщӀэр, уафэхъуэпскӀым хуэдэу, я бгъумкӀэ къыщыбгъэдохьэ, езым и «бомбэзешэр» нэхъ хуэмщ, нэхъ мыкӀуэмытэщ... Зы тэлай дэкӀыжмэ, биишэхэр къытелъэлъэнурэ, хым хэхуэнущ. Сыт ищӀэнур? ПсынщӀэу зригъэхуэхыу щӀедзэ. Бий кхъухьлъатэр абы щхьэпролъэт, ищхьэмкӀэ къыщоцырхъ жыпӀэну. Георгий зиӀэтыжу хуожьэ... Нэхъри зигъэлъахъшэу бийм ӀэщӀэкӀыфынут, ауэ и щхьэм трилъхьэркъым.

А дакъикъэ кӀэщӀым Ӏэджэ игъэващ Георгий, Ӏэджэ гупсыси и щхьэм щызэблэуащ. «Гъэзэжын хуейщ, псэууэ гъэзэжын хуейщ, мы пщӀэр зыми къыпхуигъэдэхэнукъым… Зыкъегъэл!.. Зыкъегъэл!.. Зыкъегъэл!..» – а псалъэхэр, зыгуэрым къыжриӀэ хуэдэ, и тхьэкӀумэхэм къиӀуэрт... А псалъэхэр къызэрыӀум хуэдэуи, и нэгум къыфӀыщӀыхьэрт бийр, и дзэхэр къыӀуигъэпсауэ, къыщыдыхьэшхыу. Ди уафэми дримыгъэтыжыну, ди щӀылъэми дытримыгъэтыжыну къэкӀуа бийм зыфӀигъэпщкӀунуи?.. Хьэуэ! Мес, езыри зыкъигъэзауэ къыхуокӀуэ... «А уэ узэрысым хуэдэ сисащэрэт, бетэмал!» – игу къокӀ Георгий, бийр и щӀыбым къыфӀыдыхьэу хуежьэу аргуэру зыщригъэхуэхкӀэ. Иджы, бийм зэрыпэмылъэщым игъэгубжьауэ, нэхъ лъахъшэж зещӀ, тенджызым хэхуэным нэсауэ... Зызэтреубыдэж. ХэкӀуадэу щытми, бийр зэ и гупэ къиищӀыну, ауэ щӀэмыпхъуэжыну ерыщ йокӀуэ. ИкӀи, ӀулъэтыкӀыж хуэдэурэ, зеӀэт. Уэгу лъащӀэм ихьауэ зыкъегъазэри, гу лъетэ фашист кхъухьлъатэзехуэм аргуэру къызэрыхуиунэтӀам. Иджы абы ищӀэнум щыгъуазэщи, Ӏэмал хуокӀуэ. МащӀэу зегъэлъахъшэ, кӀэщӀу къыдрегъэзэеижри, гъунэгъу къэхъуа нэмыцэ кхъухьлъатэм накӀуэпакӀуэу хуеунэтӀ. ТӀуми ярыт пулемётхэри мэлъалъэ, хьитӀ зэраущтам хуэдэу, «мэбанэ»... Ди кхъухьлъатэм зигъэлъэхъшэну зи гугъа нэмыцэм нэхъ ищӀагъкӀэ и шэхэр еутӀыпщ...

НапӀэдэхьеигъуэ хуэдиз зэманщ а псори къызэрыхъур – зэпежьа кхъухьлъатитӀыр, шитӀ зэпежьам хуэдэу, псынщӀащэу гъунэгъу зэхуэхъурт. ЩӀакӀуэ кӀапэ зэдытехьа цӀыхуитӀым я кӀэрахъуэхэр зэдагъэуакӀэт. А тӀур зэхуихьырт гужьгъэжьым, бампӀэм, ажалым, ерыщагъ бзаджэм. ИкӀи тӀуми я гугъэр гъащӀэм хахыж хъунут, ауэ... Иужьрей напӀэзыпӀэм бий кхъухьлъатэм… лъэныкъуэкӀэ триӀуэнтӀащ. А тэлайм абы, и кӀыхьагъ псомкӀи кӀуэцӀрихыу, шэхэр телъэлъащ. Гъунэгъу дыдэ къыщыхъуам Георгий Ӏуплъат бийм и нэкӀум... Шэхум хуэдэу хужь хъуат а нэкӀур, нэ щхъуантӀэ цӀыкӀухэри гужьеят, щтэӀэщтаблэт... Георгий хуиту бэуэжащ: бий кхъухьлъатэр, Ӏугъуэм зэщӀищтауэ, химкӀэ ехуэхырт...

Ар кхъухьлъатэзехуэ щӀалэм япэу къриудыха бий кхъухьлъатэт. ИужькӀэ Георгий куэдрэ щыгуфӀыкӀыжащ абы щыгъуэ кӀэбгъу зэрызимыщӀыжам. Бийм пикӀуэтауэ щытами, и щхьэм хуигъэгъужынутэкъым. ИужькӀи зы бжьизкӀэ бийм худимычыхыу зэуащ Кузнецовыр.

...Генералым и къулыкъущӀапӀэр зэи цӀыхуншэ хъуркъым: абы зэӀущӀэхэр

щрегъэкIуэкI, Iуэху зиIэхэм щахуозэ, телефон зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ псалъэурэ, унафэ гуэрхэр щещI, дзэхэм я еджэныгъэхэр зэрекIуэкIынухэр щеубзыху. Iэджэ Iуэхум полъэщ, жырым хуэдэу, зауэм ипсыхьа а цIыхур. И ныбжькIэ мыщIалэжми (уIэгъэжьхэми зыкърагъащIэ), ар сыт щыгъуи зэщIэкъуащ, уардэу зиIыгъщ. БлэкIамкIэ зыкъуипщытэжурэ, цIыхур къэкIуэнум егупсысын зэрыхуейм и гъуазэщ. «Кхъухьлъатэщ|Iэхэр иджырей зэманым къигъэув къалэнхэм япэлъэщыфын хуэдэу дауэ къэгъэсэбэпа хъуну? Зауэ екIуэкIам дызыхуигъэсахэр нобэрей махуэм къыхэхъукIахэм дауэ едгъэщIэфыну? Зауэ къэхъу хъужыкъуэмэ, зыгуэрхэм дахущыщIэу къыщIэмыкIыжыну пIэрэ?» – жиIэу, сыт хуэдэ Iуэхуми гумызагъэу хущыту абы къулыкъу хуещIэ фIыуэ илъагъу и Хэкум. Къэрал унафэщIхэри абы хуэарэзыщ. Хьэуа Къарухэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм къыпэкIуэу псом япэ абы къыфIащауэ щытащ «СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ нэхъ Iэзэ» цIэ лъапIэр.

Пэжщ, иджыпсту кхъухьлъатэхэр езым зэригъэкIуэжыркъым. Апхуэдэ хущIыхьэгъуи узыншагъи абы иIэжкъым, ауэ Георгий фIыуэ щыгъуазэщ дэтхэнэ кхъухьлъатэ лIэужьыгъуэщIэри зыхуэдэм, абы уздынихьэсыфынум, ар IэщэкIэ зэрызэщIэузэдам, а Iэщэхэри зыхуэдэм. Дауи, ар фIы дыдэу щыгъуазэщ езыхэм «зызэрагъэлIыфIу» щыта кхъухьлъатэхэмрэ иджы щыIэхэмрэ шурэ лъэсрэ зэразэхуакум. ИтIани гуапэу игу къокIыж зауэр щIидзэу куэдыщэ дэмыкIыу къэунэхуауэ щыта ди кхъухьлъатэхэр бийм ейхэм ефIэкIыу зэрыщытар. Ауэ абы къикIыркъым ди зауэлIхэм зауэр тыншу къахьэхуауэ, бийр тIасхъэу щытауэ. ХэщIыныгъэшхуэ ягъуэтущ, Iэджэ бэлыхьи ятелъущ цIыхухэри къэралри а зауэм зэрыщытекIуар...



Зэгуэрым зы кхъухьлъатэ гуп хъууэ бийм и гущIыIу ихьауэ фашист лъэсыдзэр Iисраф зэтращIэрт. ХамэщI къикIауэ ди лъахэр зыутэхэр щысхьырабгъу хуамыIэу зэтраукIэрт. А махуэм танк, машинэ, топ куэди зэтракъутащ. Ди лъэсыдзэми Iэмал иратащ ебгъэрыкIуэну. А Iуэхум здыхэтым, гу лъамытэу бий кхъухьлъатэхэр къызэрыкъуэхащ. Зэхэуэм щIадзащ. ЗэрыдаIуэ IэмэпсымэхэмкIэ зэуэ и ныбжьэгъу гуэрым и макъ къызэхех: «Георгий, уи щIыбагъым «Мессер»-р ныдохьэ».

И кIэм къыпытIысхьам IэщIэкIын мурадкIэ, абы лъэныкъуэкIэ зыщIедз, ауэ кIасэ хъуат. Удын хьэлъэ гуэрым и кхъухьлъатэр хыфIедзэри, ар топышэкIэ къызэракъутар къыгуроIуэ. И нэкIуми лъы хуабэр къызэрежэхыр зыхещIэ, итIани, мыгужьейуэ, лъэныкъуабэ хъуа и кхъухьлъатэм занщIэ зыкърегъэщIыжри, зэхэуэм хыхьэжыну хуожьэ. АрщхьэкIэ дагъэгъэсыныр зэрытыр къызэщIэнауэ къыщIокIри, кхъухьлъатэ кIуэцIым Iугъуэмрэ мафIэмрэ къолыдэ. Сенычылъэ къэлыдам хуэдэщ и кхъухьлъатэр, иджыпсту сахуэщ къыхэнэжынур. Елъэн хуейщ. Бжэм къоIэри, къикIыпIэр зэIуех. МафIэ бзийр къыдолыдейри и парашютми езыми къащIонэ. Къызэрелъэнур мафIэм есыж. Сыт къыхуэнэжыр? ХэкIыпIэ зимыIэ Iэмалыншагъэщ... Хэт ищIэрэ, кхъухьлъатэр хьэуам къыщымыуэ щIыкIэ, и насып кърихьэкIрэ хуэгъэтIысамэ, кьелынкIи хъунт. ИгъэтIысынуми, бийхэр щытепщэ щIыпIэщ иджыпсту ар зыхуэзанщIэр. НтIэ сыт и Iэмал? ЩIым гъунэгъу къыхуохъу – бийм иIыгъ щIым. ЗанщIэу яубыдынущ. Тхьэм ар жимыIэкIэ, мы мафIэм хисхьэми нэхъыфIщ, гъэр хъу нэхърэ...

А псэзэпылъхьэпIэ дакъикъэми Георгий гужьеякъым – кхъухьлъатэр къызэрыуэнур, зэрыхэкIуэдэнур ищIэу зыхуэIыгъащ... И нэкIур, и Iэхэр мафIэм илыпщIу хуежьарэ и щыгъынри къызэщIэнауэ, итIани зыхуэIыгъащ. Тегъэхуэпауэ дакъикъэхэмрэ жыжьагъымрэ зэпилъытурэ, абы дыдейхэм гъунэгъу закъыхуищIыжырт. ИкIи плъэмэ илъагъуу ди дзэ тIысыпIэхэм

ящхьэщокIуатэ. Абыхэм я деж нэсыным зымащIэ фIэкIа имыIэжу, кхъухьлъатэр егъэтIысыф…

Мафlэ къызыщIэна кхъухьлъатэм къижауэ цIыхуитI къазэрыхуэжэр зылъэгъуа ди совет зауэлIхэм зыкъыщащIэжар ахэр къабгъэдэлъэда нэужьщ. Асыхьэтым тхьэкIумэIупсыр иричу зыгуэр къэуащ. ЗэплъэкIмэ, ялъагъу: цIыхуитIыр къызэретIысэхар Iугъуэрэ гъуэзу уэгум дрехуеиж. «ФыкъэнэкIафIэщ, сыту фыкъэнэкIафIэ», жаIэурэ лъэсыдзэм щыщ щIалэхэм кхъухьлъатэзехуэмрэ абы щIыгъуа радистымрэ мафIэм ис я щыгъынхэр къыщатхъ, уIэгъэпхрэ хущхъуэ гуэрхэмрэ зыIыгъ цIыхубз щхьэцыгъуэр къагъэсри, къэрагъэIэзэ... «Аращ «зауэ джэгурэ дауэ джэгурэ щыIэкъым» щIыжаIар, – погуфIыкI генералыр. – ДяпщэкIэ къыщыс къэралхэр мэдауэ зауэ нэужьым дунейм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэхэр ягу иримыхьу, «ЩIырэ псыкIэ фыкъыдэдыгъуащ», – жаIэу. Iэщэри ягъэдалъэ… Дауи, мащIэ дыдэу фIэкIа абыхэм ялъэIэсакъым ЕтIуанэ дунейпсо зауэр. Ар дэ къызэрытлъэIэсам хуэдэу ялъэIэсамэ, си Iуэхут замыущэхутэмэ. АтIэ мы дунейм дэ дыкъызэмылауэ сыт щыIэ?»

ТэлайкIэ щыму щысщ генералыр, итIанэ и псалъэм пещэ: «Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж» жыхуаIэр зэгуэрым къысщыщI пэтащ. Зауэри и кIэм нэблэгъат а лъэхъэнэм… Арати, бий кхъухьхэм датеуауэ, тенджызым сыкъыщраудыхри, псым сыхохуэ. Сыкъыщехуэхым парашюткIэ сыкъелъэ хъунут, ауэ зэIынэри бжэр къысхуIукIатэкъым… Зи щIэр щIэуда кхъухьлъатэр куэдрэ псы щIыIум тетынт? Сэ ар, тезгъэлъэтыкI хуэдэурэ, тенджызым тезгъэтIысхьати, занщIэу щIилъэфакъым. Иджы хуэмурэ щIотIысыкI, сэ къикIыпIэм сыкъозауэ. Псы щIагъ дызэрыхъуу, бжэр мэхъей, ауэ псым къытрикъузэ хъуащи, плъэкIмэ – Iух. Къаруурэ сиIэр зэхуэсхьэсри, зэ сыкъекъуащ. Си къупщхьэ зэрытыпIэхэр зэрылъэлъыным нэсауэ аргуэру сыкъекъуащ... Хы абрагъуэм сыщIипIытIэну кабинэр къыстрикъузэу къысщыхъурт... Ещанэм сыкъыпэлъэщащ. СыкъыIэщIэкIащ ныкъуэзэIух сщIа бжэмкIэ... Арат си гугъэр. АрщхьэкIэ кабинэр щызэхуищIыжым си кIэрахъуэр адэкIэ къанэри, ар зыпыщIа фэ тхьэмпэ цIыкIухэр диубыдащи, кхъухьлъатэм сыздрелъэфэх. ЖьыIурыхьэгъуэм гур щIохъуэпсри, сыкъызэгуэудыным сынэсащ. Зы тэлайкIэ псыр къызжьэдэуэнущ. ЗезундэкIыу щIэздзащ. Зэ силъащ япэкIэ... ЕтIуанэу сыщилъым, фэр зэпычащ. Хуит сыхъуауэ сыкъыдосеиж. Сыкъыдосеиж нэху здэщыIэмкIэ, дыгъэмкIэ, хьэуамкIэ... Ауэ гъуни нэзи ямыIэжыххэм хуэдэт псы къатхэм, зэи дуней нэху сымылъагъужыным хуэдэт, си гур зэгуэудыным нэсат, лъыр си щхьэм къыдэуеяуэ, тхьэкIумэхэр вурт…

Сытми сыкъэсыжащ нэху здэщыIэм, хьэуа здэщыIэм... Уэху! Сыту фIы хуиту убауэу мы дунейм утетыну!.. Псы шыугъэр фIыуэ къызжьэдэуауэ хы щхьэфэм сыкъыщысам, къаруи сиIэжтэкъым, псэи схэмытыжым хуэдэт. ЗысщIэжуи къыщIэкIынтэкъым, апхуэдизкIэ сыундэрэщхъуати. Ауэ дыкъыщехуэхым парашюткIэ къелъауэ хьэфэ гъэпщар и кхъуафэжьейуэ псым тета Стрижок – абырэ сэрэ зауэ куэд дыздыIутащ – сыкъригъэлащ».

Кузнецовыр аргуэру хэгупсысыхьащ. Дауи, тыншкъым а псори псэкIэ щIэрыщIэу бгъэвыжыну? «СокIуэд» щыжыпIэ дакъикъэм укъелыныр зыхуэдэр зымыгъэунэхуам ищIэнукъым. Ар хъунт езыр-езыру укъелтэмэ. ГъащIэм укъыщIэбэнурэ, хьэзабыр птелъурэ мащэм уезылъэфэх къару шынагъуэм уIэщIэкIыныр – ар текIуэныгъэшхуэщ. Ар псэм зезыгъэузэщI, гур хэзыгъахъуэ текIуэныгъэщ. Ар цIыхум щыгъупщэжыркъым... Кузнецов Георгий апхуэдэ гукъэкIыжхэр и куэдщ...

А лъэхъэнэм дзэм къыщыдагъэкIыу щыта газетхэм ящыщ зым, «Балтикэм и кхъухьлъатэзехуэ» газетым, Кузнецов Георгий теухуа тхыгъэхэр



4 Заказ №94

къыщыбгъуэтынущ. Абыхэм ящыщ зыр мыпхуэдэу къыщIидзэрт: «...Уэгур зыхъумэ зениткэхэм я мафIэ гуащIэм пхрыкIхэри, ди бомбэзехьэхэр бий кхъухьхэм ящхьэщыхьащ икIи абыхэм ятехуэу бомбэхэр ирадзыхащ. А зэхэуэм къыхэжаныкIащ лейтенант нэхъыжь Кузнецов – бомбэкIэ еуэурэ, тонн миниплI зэрыхуэ кхъухьыр щIезыгъэлъэфар».

А газет дыдэм и нэгъуэщI къыдэкIыгъуэм укъыщоджэ: «Гвардием и капитан Кузнецоврэ гвардием и лейтенант Красовскэмрэ дрырагъэхуеящ бийм и топ зыбжанэ, автомашинэ 50, гу зэщIэщIа 19, зэтраукIащ фашист 250-рэ».

Абы и ужькIи Георгий нэхъ ехъулIэныгъэшхуэ къехь. 1944 гъэм фокIадэм и 21-м абы щIрегъэлъафэ тонн мини 8 зэрыхуэ хьэлъэзешэ кхъухь абрагъуэр.

Зэ еуэгъуэкIэ ар псым хущIэгъэтIысыкIакъым, зыбжанэрэ ебгъэрыкIуащ... Кхъухьым ит уэгухъумэ пулеметхэм шэр къыхудрагъэлъэлъейрт, кърагъэпсыхын мурадкIэ. Ауэ езым Iэзагъышхуэ хэлъу кхъухьлъатэр уэгум «щигъэджэгуурэ», шэхэри зылъимыгъэIэсу, и мурадыр зригъэхъулIащ. И ныбжьэгъухэми, и унафэщIхэми къалъытащ Кузнецов батэр игъэшауэ. Абы щыгъуэ зэрихьа лIыгъэхэри, нэхъапэхэм хахуэу зэрызэуари гулъытэншэу къэнакъым. 1945 гъэм и гъатхэпэ мазэм Кузнецов Георгий Совет Союзым и ЛIыхъужь ящIри, Дыщэ Вагъуэри и бгъэм къыхалъхьащ. Абы и пэкIи, и ужькIи Георгий дамыгъэ лъапIэ куэд кърататщ. Абыхэм яхэтщ Ленин ордену тIу, Бэракъ Плъыжь орденыр, Александр Невскэм и цIэкIэ щыIэр. Генерал-полковникщ.



## Удзхэр сыт щыгъуи мэгъагъэ



Мэзкуу зыхъумэжхэм ягу къэкIыртэкъым зымащIэкIи бийм худачыхыну. Ахэр лIэнкъэнэну пэщIэуват езыхэм нэхъри куэдкIэ нэхъыбэ, Iэщэ лъэщкIи зэщIэузэда биидзэм. ИгъащIэм къэмыхъуа лIыхъужьыгъэхэр зэрахьэрт, нэгъуэщI Iэмал щамыIэжым деж лагъымхэр ябгхэм щIапхэрэ танкхэм щIэгъуалъхьэу, я бгъэмкIэ дзотхэр зэхуащIу... АтIэ фашистхэм я гугъащ махуэ бжыгъэкIэ Мэзкуу къащтэну, дуней псом зэхахыу ар ягъэхъыбарат...

Гитлер и унафэр ягъэзащIэу Германием и дзэ Iэтащхьэхэр зыщысхьыжыртэкъым, зы дзэм адрейр кIэлъыкIуэу Мэзкуу къраутIыпщырт. Мис апхуэдэ пыIэзэфIэхь зэману Мэзкуу деж зауэм щыIухьащ ди хэкуэгъу Иллазаров Исай.

… Зылъэгъуахэм ящIэж 1941 гъэм и щIымахуэр уаеу зэрыщытар. ЩIыIэр градус 50-м щынэс щыIащ, ауэ абы щхьэкIэ зауэ гуащIэхэр зэпыуакъым… Исай зыхэхуа ротэм уэздыгъей мэзым и лъапэм деж зыщигъэбыдат. Япэу зауэм Iухьэ дэтхэнэми хуэдэу, Иллазароври гузавэрт: «Дауэ сыкъыщIэкIыну пIэрэ? ЕмыкIу къэзмыхьащэрэт», – жиIэу. Нэхущым деж къилъэгъуащ абы уэс Iув зытелъ губгъуэшхуэм къыщыхъея бийхэр: танкхэр зэбгъурыту къакIуэрт, лъэсыдзэр абыхэм я ужь итыжт. ЯпэщIыкIэ топышэхэм фиин щIадзащ, итIанэ Iуэхум хыхьащ пулемётхэр, автоматхэр, фочхэр... Шэ зэщIэфием,

лагъым къэуэжхэм уэсыр ядэтклурт, щlыр дэгызырт. Ди топхэм танк зыбжанэ якъутащ, итlани фашистхэм къебгъэрыклуэн щагъэтыртэкъым, хьэдэ лъэмыж зэрызэтехъуэри кърадзэртэкъым. Сыт хуэдиз фашист зэтрауклат а махуэм! Езым и фочыпэми зы бий ихьаклэт. Пщыхьэщхьэхуегъэзэклыу бийр иклуэтыжащ... Исай уэсым хэст пщlэнтlэпсыр зрикъуэклыу, хуабжьу зэрешар зыхищlэу. «Къызэрыщlэклымклэ, зауэм ylутыныр лэжьыгъэ хьэлъэщ», – егупсысащ ар, зыкъиlэтыжурэ.

Дыгъэгъазэм Иллазаровыр уlэгъэ хъури зауэм къыlуашащ. Уlэгъэщым здыщlэлъым абы щlипщытыклыжырт къигъэщlа илъэсхэр, и псэуклар. Атlэ абы и ныбжьыр илъэс тlощlым зэрыщхьэдэхрэ куэд щlакъым. Илъэгъуаишхуи щыlэкъым, итlани lэфlу игу къигъэклыжын иlэт: школыр, комсомолыр, егъэджаклуэхэр, дунеяплъэ ежьа пионерхэм мафlэшхуэ зэщlагъэстрэ и хъуреягъым къыщыфэу, щыджэгухэу зэрыщытар.

«Нэхъ пасэу балигъ сыхъуащэрэт», – жиlэу къэхъуащ. 1934 гъэм ебланэ классыр къиухри вакъэ щащl фабрикэм лэжьэн щыщlидзащ, комсомолым абы щыхыхьащ. Нэхъ иужьыlуэклэ Исай шоферу щlакхъуэ гъэжьапlэм щолажьэ. Илъэс пщыклуийм иту фыз къешэ. Надярэ абырэ зы бын зэдагъуэтауэ зауэр къэхъеящ.

И анэмрэ и щхьэгъусэмрэ кърагъэжьащ. И анэм ерагъклэ зиlыгът. «Гъуэгу махуэ, си щlалэ, уи щхьэр хъумэ», – жиlэу зригъэзэклыурэ и нэпсхэр щlилъэщlыклырт. Сабийр зи lэблэм тес Надя и нэпсхэр игъэпщклуртэкъым. «Ди щlалэ цlыклум и хьэтырклэ зыхуэсакъыж... Зыхуэсакъыж». Иджыри къэс а псалъэхэр и тхьэклумэм итщ, и щхьэгъусэм и макъыр щыгъупщэркъым... Итlанэ ар щыгъуазэт Надя бын етlуанэм зэрыпэплъэм. Абыи иригузавэрт. «Аргуэру зы къахэхъуамэ, дауэ я lуэху ехъулlэрэ?» – жиlэу. Ауэ унэм къиклыу япэ письмор къыlэрыхьа нэужь и гур зэгъэжащ. Зэнысэзэгуащэм къатхырт абы етlуанэ щlалэ цlыклур къызэрыхуалъхуар, Владимир зэрыфlащар, къэралыр къазэрыдэlэпыкъур.

Езыми письмоклэ яхуиlуэхуащ Москва зыхъумэхэм зэрахэтыр, бийр куэд мыщlэу зэрызэхакъутэнур. «Мы клуэцlрыхун фашистхэм зэ датевгъаклуэ, итlанэ нэзгъэзэжынщи, дефlаклуэу дыпсэунщ», – апхуэдэу иухырт и тхыгъэр...

Узыншэ зэрыхъужу ар зауэм lухьэжащ. Москва деж щиклуэтыжа бийм иджыри и къару илът, иджыри зауэр къихьэхун и гугъэт. Зы къали, зы къуажи, зы псы зэпрыклыпlи къигъанэртэкъым лъы имыгъажэу. Ауэ зи lэщэми зи цlыхуми хэхъуэ советыдзэр абы къыхузэтегъэувыlакъым. Ебгъэрыклуэхэм яхэту Иллазаровми зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэр километр миным щlигъуклэ иклуащ, зэуащ лlыгъэ къигъэлъагъуэу. Бийм щысхь хуиlакъым. Белоруссием щызауэу Исай и бгъэм къыхалъхьащ Щlыхь орденым и ещанэ нагъыщэр.

... Витебск лъэныкъуэмклэ ди дзэр ямыгъэклуэну фашистхэм зыхъумэжыпlэ лъэщхэр яухуат. Бийм нэхъ зыщигъэпхъашэ щlыпlэ гуэр къищтэну сержант Иллазаровыр зыхэт ротэм къалэн къыщащl. А щlыпlэм ебгъэрыклуэну ротэр йожьэ. Ауэ фашистхэр зыдэс щlытlхэм нэсыным къэнэжа щымыlэу, топхэмрэ пулемётхэмклэ бийр къахэуэу щlедзэ. Ди зауэлlхэм щlым зыхаубгъуэ. Ротэм и командирыр къауклащ, lуэхур хэплъэгъуэ мэхъу. Я щхьэр кърамыгъэlэту бийм шэр къатрегъэлъалъэ. Исай и щхьэр къыдрехьейри зеплъыхь... Зы дакъикъэ дэклыжмэ, псори lисраф зэрыхъупэнур къыгуроlуэ. «Лlэнми лlыгъэ хэлъщ», – жеlэри зыкъеlэт.

272-нэ гвардие полкым и командир подполковник Пешковым зэритхыжамклэ, а зауэр мыпхуэдэу екlуэклащ:

«... Мыхьэнэшхуэ зиlэ а дакъикъэм, шэхэр къызэрелъэлъэхым хуэ-

дэу, Иллазаров Исай зыкъиIэтащ, хьэуэ, зыкъиIэтакъым, автомат гъэпкIар иIыгъыу къыщылъэтри, кIиящ: «ЯпэкIэ, ди Хэкум папщIэ!» Бийр здэщыIэмкIэ илъащ... Иллазаровым зимыгъэгувэу командир къалэныр и пщэм дилъхьэжат, бийм зэратекIуэнур я фIэщ ищIри, зауэлIхэри зригъэдэIуащ. И щхьэкIэ лIыхъужьыгъэшхуэ къигъэлъагъуэу, дзэ пакIэм унафэ тэмэм зэрыхуищIыфыр къигъэнаIуэу япэкIэ илъащ. Шынэ зымыщIэ Иллазаровыр япэ итщ, абы тегушхуэныгъэшхуэ хэлъу къызэщIиIэтэри, ди зауэлIхэр, шэр бийм трагъэлъалъэу, абы и щIытIхэмкIэ зэрехьэжьащ. Иллазаров хахуэр зауэлIхэр щIыгъуу щIытIхэм нэсащ. Шэм къела нэмыцэхэр IэпщэрыбанэкIэ зэтраукIэурэ, япэ зыхуэза щIытIыр къызэранэкIащ. Абджым Иллазаровым унафэ ещI, яхэщIыр яхэщIу, бийм и ужьыр хун хуейуэ. АбыкIи нэрылъагъу ещI зауэм и Iэмал щIэуэ къежьахэм фIыуэ зэрыщыгъуазэр...»

АдэкIэ полкым и командирым итхырт Иллазаровым и сэбэпкIэ Карташи къуажэр къызэращтар, бийм и зэуапIэ IэнатIэр зэпрытхъа зэрыхъуар, а зэхэуэ гуащIэхэм Иллазаровым и IэкIэ фашист куэди зэрыщыхигъэщIар.

ЗауэлI хахуэм хуэфащэ гулъыти къыхуащIыжащ – 1945 гъэм гъатхэпэм и 24-м дунейм къытехьащ ар Совет Союзым и ЛIыхъужь зэрыхъуамкIэ унафэр. Ауэ Иллазаровыр абы щыгъуэ псэужакъым – латышхэм я щIыналъэр хуит къэзыщIыжхэм яхэту 1944 гъэм фокIадэм и 6-м къаукIащ. Ар щыщIалъхьащ зауэлIхэм я кхъэу Баускэ къалэм щыIэм.

Налшыкдэсхэм ягу ихуркъым я хэкуэгъу лIыхъужьыр. ЯгъэлъапIэ, яIэт абы и пщIэр. Иллазаровыр зыщеджа епщIанэ курыт еджапIэм зэрехьэ абы и цIэр. Налшык щыIэщ Иллазаровым и цIэр зезыхьэ уэрами. Ригэ, Минск, Налшык къалэхэм Хэку зауэшхуэм теухуауэ къыщыдэкIа тхылъхэм Исай и гъащIэм, зэрихьа лIыхъужьыгъэм ятеухуа тхыгъэхэм укъыщеджэнущ.



Илъэсхэр макIуэ, гъащIэми зэхъуэкIыныгъэ Iэджэ къыщохъу, ауэ Хэкум зыщигъэгъупщэркъым Иллазаровым хуэдэ и бын пажэхэр, гузэвэгъуэ махуэр къыщысым лъахэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIахэр. Абыхэм я фэеплъ щIыпIэхэм яхьыну удз дахэхэр сыт щыгъуи мэгъагъэ.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,*
*Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ*
*щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*



# ТекIуэныгъэм и махуэшхуэ

Хэку зауэшхуэм и Iэ щIыIэр зылъэмыIэса зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым. Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къэралым и лъэр щIауду зыIэщIалъхьэжыну иужь щихьэм, ди хэкум лъэпкъыу исыр зылI и быну зэкъуэувэри, бийм пэуващ. Ди къэралым щыщу цIыху мелуан 27-рэ хэкIуэдащ а зауэм, махуэ къэс цIыху мин бжыгъэм ажалыр я натIэ хъурт, сыхьэт къэс – цIыху мин 800 къаукIырт, дакъикъэ къэс сэлэт 13 хэщIырт советыдзэм…

Мы гъэм илъэс 70 ирикъуащ Хэку зауэшхуэр ди ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ. Ар Iэтауэ щагъэлъэпIащ щыхьэрми хэгъуэгухэми. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэри гушхуауэ хэтащ а махуэшхуэм. Абы иращIэкIа дауэдапщэхэм пщэдджыжьым Налшык къалэ дэт «МафIэ мыужьыхым» деж щыщIидзащ. КъБР-м щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ мамырыгъэр къытхуэзыхьа зауэлIхэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий я пашэу, мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм я лIыкIуэхэм, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутахэм, студентхэм, еджакIуэхэм. Абы иужькIэ цIыху гупышхуэм яунэтIащ парадыр щекIуэкIыну ЗэгурыIуэныгъэм и утымкIэ.



УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и оркестрым щIэту 78-нэ дзэр, Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм, Гъунапкъэхъумэ, МафIэсгъэункIыфI IэнатIэхэм щылажьэ щIалэхэмрэ кадет еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэмрэ я фащэ екIур ящыгъыу парадым хэтащ. ТекIуэныгъэм и парадыр езыгъэкIуэкIар полковник Сидоренкэ Владимирщ.

КъыкIэлъыкIуэу Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я нып абрагъуэхэр республикэм и спортсмен пэрытхэмрэ чемпион

хъуну гугъэ уэзыгъэщI ныбжьыщIэхэмрэ блахащ. Абыхэм къакIэлъыкIуащ зауэлI-интернационалистхэр, Афган зауэм лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэта ди щIалэхэр, республикэм и волонтёрхэр.

Уэлбанэ ухиубыдэмэ, псыф уохъу, зауэм ухиубыдэмэ, гуауэ къыптопсыхэ жаIэ. Хэку зауэшхуэм цIыхухэм щалъэгъуа гуауэр зыгъэзэкIуэжар куэдым я псэр зыщIата текIуэныгъэр къызэрахьарщ. Зауэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм папщIэ ди щIыналъэм щыщ Iэджэм Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыхуагъэфэщащ, «ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори къэзыхьахэр мащIэкъым, цIыху минипщIым щIегъу орден, медаль зэхуэмыдэхэр зратахэр.

Парадым кърихьэлIахэм ехъуэхъуащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий икIи жиIащ нобэ ди япэ ит ветеранхэм пщIэшхуэ зэрахуищIыр, абыхэм я лIыхъужьыгъэр цIыхубэм зэи зэращымыгъупщэнур.

# Полк уахътыншэ

«Полк уахътыншэ» урысейпсо акцэр къызыхуэтыншэу къыщызэрагъэпэщат а махуэм Налшык. Парадым хэтхэм яужьым иту кърикIуащ зи адэшхуэхэр зауэм хэкIуэда цIыхубэр. Абыхэм яхэтт нэхъыжьхэри, щIалэгъуалэри, сабийхэри. Республикэм и къалэ, район зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа цIыхухэм зэгуэр зауэлIу щыта я адэшхуэхэм, благъэхэм, Iыхьлыхэм я сурэтхэр яIыгъыт иригушхуэу, гукъэкIыжым зи нэпс къригъакIуи яхэту. Сэлэтхэр, офицерхэр, тылым и лэжьакIуэхэр, гъэрыпIэ ихуахэр – куэд хъурт сурэтхэм зи нэгу къищ лIыхъужьхэр. Ахэра хуэдэт а махуэм уэрамым ирикIуэр – мамырыгъэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ зи псэр щIэзыта ди адэшхуэхэра хуэдэт ТекIуэныгъэ Иным щыгуфIыкIыр. Ауэ къахуихуакъым абыхэм гуфIэгъуэ махуэр ялъагъуну, щIэблэм я гурыфIыгъуэр зыхащIэну, лъахэм и зыужьыныгъэм кIэлъыплъыну. ИтIани, махуэшхуэм и дахагъымрэ къыдэкIуэтей щIэблэм я дэрэжэгъуэмрэ абыхэм я псэр зэрыщыгуфIыкIам шэч хэлъкъым.

КIуэ пэтми цIыху нэхъыбэ къызэщIэзыгъэуIуэ «Полк уахътыншэр» иджы етIуанэ щокIуэкI ди республикэм. Абы и унэтIакIуэщ а Iуэху дахэр нэгъабэ Налшык япэу къыщезыхьэжьа Битокъу Маринэ.

«Нэгъабэ япэу едгъэкIуэкIауэ аращ мыхьэнэшхуэ зиIэ мы Iуэхур. ЦIыхухэр тэмэму зэрыщымыгъуазэм къыхэкIыу, дэ, щIалэгъуалэ нэхъ зэрыщIэхэр, япэ дыкъыдэкIауэ щытащ. Ауэ, дызэримыгугъауэ, цIыху хъарзыни къызэхуэсат абы щыгъуэм, школакIуэхэри яхэту. Мы гъэм акцэм зиубгъури, цIыху мини 4 хуэдиз хэтауэ худогъэфащэ, – къыддогуашэ Маринэ. – Дэ мыбы залымыгъэкIэ зыри кьетшалIэркъым. Полкым хэтыну зи нэ къикI, гукъыдэж зиIэхэращ къекIуэлIапхъэу къэслъытэр. КъБКъУ-м, нэгъуэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэм студентхэр къипсэлъыкIырт, хэтыну зэрыхуейр жаIэу. Ахэри къыдэкIащ, жыжьэу зэхаха хъыбарым къиша куэди къытхэтащ.

Мы Iуэхум лъабжьэ хуэхъуар цIыху щхьэхуэм благъагъэкIэ къекIуалIэ лIыхъужьым и сурэтыр иIыгъыныр щ, абы и фэеплъыр зэрихъумэр, пщIэ зэрыхуищIыр къигъэлъагъуэу. Сэ мыхьэнэ иIэу къэслъытэркъым ди республикэм щыщ лIыхъужь гуэрым и сурэт ауэ сытми тIыгъыу полкым дыхэтыным. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыхэм я цIэхэр тхылъым ихуащ, я сурэтхэр

къыдэкIыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм къытрадзэ, я цIэхэр дощIэ. Акцэм хэтхэм утыку кърахьэн хуейр зи лIыгъэм, хахуагъэм иригушхуэ я адэшхуэхэм я сурэтхэрщ, нобэрей мамыр гъащIэр зэфIэгъэувэным зи гуащIэ хэзылъхьахэрщ. Си щхьэкIэ сыщогуфIыкI цIыхухэм ар къафIэIуэхуу къызэрыдэкIам. Дызэримыгугъауэ куэд къызэхуэсат, щыщIидзэнум, зэрекIуэкIынум къыщIэупщIэхэм кIэ яIэтэкъым. Абы къегъэлъагъуэ ди адэшхуэхэм зэрахьа лIыхъужьыгъэр щIэблэм зэрызэхащIыкIыр. КъищынэмыщIауэ, абыхэм ирипагэу я щхьэр Iэтауэ а гъуэгум щрикIуэкIэ ахэр нэхугъэм, захуагъэм ирегъэгупсыс. Зэ а Iуэхум хэта сабийм къыгурыIуэнущ Хэку зауэшхуэм къэралым дежкIэ иIа мыхьэнэр, абы хэта дэтхэнэми и лIыгъэр зыхуэдизыр. 1941-1945 гъэхэр щIалэгъуалэм я дежкIэ жыжьэщ, хамэщ, ямыцIыхущ. Мис апхуэдэхэм я дежкIэ гъэщIэгъуэну къысщохъу мы Iуэхур, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэмрэ иджыреймрэ зэпещIэ».

«Полк уахътыншэм» хэта зыбжанэм я гупсысэр зэдгъэщIащ, я адэшхуэхэм я къекIуэкIыкIам зэрыщыгъуазэм тедгъэпсэлъыхьащ, республикэм къыщрахьэжьа IуэхущIэм зэреплъыр жедгъэIащ.



**Багъэтыр Луизэ:** ЩIэблэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ мыхьэнэ ин дыдэ иIэу къызолъытэ «Полк уахътыншэм». Абы хэт дэтхэнэ цIыхуми ихь сурэтымкIэ жиIэ хуэдэт Хэкум и хъумакIуэхэм пщIэ зэрахуищIыр, къэралым и текIуэныгъэшхуэр езыми зэригъэлъапIэр.

Илъэс 70 ирикъуащ зауэр зэриухрэ, абы и лIыхъужь куэд дыди нобэ къытхэтыжкъым. АрщхьэкIэ, абыхэм я сурэтхэр лъагэу яIэту цIыху минхэр щызэхыхьэкIэ, махуэшхуэр зыгъэдахэхэм езыхэри яхэту къыпфIегъэщI. «Полк уахътыншэм» мыхьэнэшхуэ иIэщ, щIалэгъуалэр фIым, мамырыгъэм и телъхьэу къэгъэхъунымкIэ, тхыдэм нэхъ пэгъунэгъу хуэщIынымкIэ. А псор зыхыбощIэ «полкым» ущыхэткIэ.



Хэку зауэшхуэмрэ абы текIуэныгъэр къыщытхуэзыхьахэмрэ ятеухуауэ гукъэкIыж е хъыбар зэрымылъ унагъуэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Сэри си адэшхуэр Хэку зауэшхуэм и щIалэгъуэ дыдэу хэтат, гугъуехь мымащIэ и нэгу щIэкIат. Абы и лIыгъэмрэ хэлъа цIыхугъэмрэ ятеухуауэ зэпымыууэ хъыбар зэхэсх зэпытщ.

Багъэтыр Сэфарбий Дал и къуэр! И цIэр зэрыIу къудейм ноби срогушхуэ. Къуажэ школым щыщIэсым къыщыщIэдзауэ ар щIалэ жану, губзыгъэу икIи гумащIэу къыдэкIуэтеяуэ жаIэж. Сэфарбий и ныбжьыр илъэс 20-м иту Хэку зауэшхуэм щIидзащ икIи армэм къикIыжа къудейуэ, 1941 гъэм и мэкъуауэгъуэм, зауэм япэу дэкIахэм ящыщу IэнатIэ гугъум Iууващ. А IэнатIэм къалэн

нэхъыщхьэу къигъэувырт Хэкумрэ абы и цIыхухэмрэ псэемыблэжу ихъумэн хуейуэ.

Зауэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъасэ еджапIэ хэхар къиуха нэужь, сержант нэхъыщIэ цIэр зыфIаща си адэшхуэр 69-нэ гвардие топгъауэ полкым хагъэхьащ. Абы хэту Сэфарбий Кавказым къыщыщIэдзауэ Германием нэс кIуащ. «Связист-гвардеец хахуэ Багъэтыр Сэфарбий и къару емыблэжу лъахэмрэ цIыхумрэ ихъумащ, Новороссийск къалэр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэзыхыжахэм яхэтащ, Кърымми бийр изыхужахэм ар ящыщщ. Къапщтэмэ, Багъэтырыр Украинэ псом кIуэцIрыкIащ», – си адэшхуэм щхьэкIэ щыжыIащ ди Хэкум и хъумакIуэхэр зэрыт зы тхылъым.

1944 гъэм и гъэмахуэм Украинэ фронтым и япэ дзэр Польшэм и гъунапкъэм Iухьэри, Сандомир къалэм пэгъунэгъуу Вислэ псыежэхым зэпрыкIауэ щытащ. Бийм щебгъэрыкIуа Львов-Сандомир щIыпIэм щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хэтащ си адэшхуэр. Польшэр хуит къащIыжащ, нэмыцэр Германием нэс яхужащ.

ЛIыхъужьыгъэ хэлъу Хэкур зэрихъумам и щыхьэту, абы дамыгъэ лъапIэхэр кърататщ: Вагъуэ Плъыжь орденыр, «ЛIыхъужьыгъэм папщIэ», «Кавказыр зэрихъумам папщIэ», «1941 – 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралыр Германием зэрыщытекIуам папщIэ» медалхэр.

1945 гъэм Сэфарбий дзэм къыхэкIыжри, къыщалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ. Зауэ нэужьым къэIэтыжын хуей хъуа жылэ зэтекъутам ар етIысэх имыIэу тележьащ. Тыништэкъым а зэманым къуажэ советым и унафэщIу улэжьэну, арщхьэкIэ зауэм жыру ипсыхьа цIыхур а къалэным пэлъэщащ.



Сэфарбий «Курпский» совхозым и парт комитетым и унафэщIуи илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Зауэм къыщыхуагъэфэща медалхэм къахэхъуащ и гуащIэдэкIым къыпэкIуа нагъыщэхэри. Абыхэм ящыщщ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденымрэ медалитIрэ.

Си адэшхуэм и бынхэр псори унагъуэ хъуауэ имылъэгъуами, жылэдэсхэм зэрыжаIэмкIэ, абы езым хэлъа хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ и щIэблэм яхэпща хъуащ. МащIэ дыдэщ абы къигъэщIар, илъэс 56-рэ къудейщ. АрщхьэкIэ, абы и пэжыгъэмрэ цIыхум хуищIа нэмысымрэ ноби псэущ. Езыр зэрызмылъэгъуар сигу къоуэ…



Зауэр къэхъеяуэ цIыхухъухэр щыдашым, си анэм и адэшхуэ Щад Чопеи япэ итхэм ящыщу зауэм Iухьащ. Тэрч Iуфэм кхъуафэжьейкIэ Iуашт цIыхухэр. Чопей и лъакъуэ лъэныкъуэр абы иригъэувауэ, мыдрейр иджыри щIым тетт Кубра уэсят къыщыхуищIам: «Мы дыздэкIуэ зауэр щIэх иухыну къыщIэкIынкъым, ди сабийхэм зэрыпхузэфIэкIкIэ, щIэныгъэ егъэгъуэт, си анэри IэщIыб умыщI, си фэеплъу ар лъагъу». Щад Чопей зауэм хъыбарыншэу хэкIуэдащ. Апхуэдиз акъылрэ хахуагъэрэ зыхэлъа ди нэхъыжьхэм сыт хуэдиз хъыбар къытхуаIуэтэфынут?! ГъащIэ дерс дапщэ щIэблэм къыдатыфынут?.. Мис ахэр си щхьэм щызэблокI си адэшхуэхэм сащегупсыскIэ.



**Битокъу Тамарэ:** Си адэшхуэ Битокъу Мишэ 1942 гъэм фронтым кIуауэ щытащ, и ныбжьыр илъэс 16 фIэкIа мыхъуу, езыр IэмащIэлъэмащIэ цIыкIуу. ЯпэщIыкIэ штабым писару щIагъэтIысхьащ. Ауэ зауэм и кIэм и ныбжьыр илъэс 19 ирикъуауэ, ар зэпэщIэувэныгъэхэм хэтащ, Софие (Болгарие) хуит къезыгъэщIыжахэм ядэзауэу. Зауэр щиухам дзэм



къыхэнэри иджыри илъэситIкIэ къэтащ, 1947 гъэм къигъэзэжащ Софие къулыкъу щищIауэ. А лъэхъэнэм дзэ корреспондентуи лэжьащ си адэшхуэр. КъищынэмыщIауэ, дахэу сурэт ищIырт. Къигъэзэжа нэужь еджэну Ленинград кIуауэ щытащ. Ауэ зауэм щыщыIам жэщ-махуэ зыбжанэкIэ зэкIэлъхьэужьу псыпцIэм хэтын хуейуэ къахуихуэри, и жьэжьейм щIыIэ хыхьат. Ар хъужыпатэкъыми, Ленинград и щIыуэпсыр емызэгъыу, зы илъэс щыIэри къэкIуэжащ. Мишэ Лэскэн куейм парт IэнатIэ щыпэрытащ, иужькIэ Налшык къэкIуэжри, «Кабардино-Балкарская правда» газетым сурэттехыу щылэжьащ. Иджыри къэс диIэжщ абы и сурэттехыр. 1963 гъэм дунейм ехыжащ си адэшхуэр. ЩIалиплI къыщIэхъуащ.



Си анэм и адэшхуэ ТекIуий Кушбии 1941 гъэм илъэс 40 хъууэ, 115-нэ шуудзэм хэту дэкIауэ щытащ. ИкIи лIыхъужьыгъэ зэрихьауэ узыншэу къигъэзэжащ.

Ди унагъуэм ис псори дыхэтащ Налшык щекIуэкIа «Полк уахътыншэм». Си адэшхуэм и сурэтыр сIыгъыу сыщрикIуэм сэрауэ къысщыхъуртэкъым абдеж щалъагъур, атIэ си адэшхуэр ирикIуэу къысфIэщIырт. ПсалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэн гурыщIэщ абы къыуитыр. Къезыхьэжьахэм фIыщIэшхуэ яхуэфащэщ.

**Сокъур Руслан:** Си адэ Сокъур Аскэрбий ТIэмашэ и къуэр 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Ленинград къулыкъу щищIэну ираджат. Ар яхэхуат Энгельс и цIэр зезыхьэ дзэ-политикэ училищэм и комендант взводым. Хэку зауэшхуэр къехъейри, 1941 гъэм и бадзэуэгъуэм училищэр Шуя къалэм ягъэIэпхъуащ. МазихкIэ абы щагъэхьэзыращ командир политлэжьакIуэ нэхъыщIэхэр. Училищэм и комендант взводыр, цIыху 21-рэ зыхэтыр, Ленинград къэнащ училищэр яхъумэну. 1941 гъэм и шыщхьэуIум Сокъур Аскэрбий зыхэта 2-нэ полкыр Ленинград



яхъумэну Пулковскэ лъагапIэм ягъэкIуащ. Си адэм РККА-м къулыкъу зэрыщищIар къалъытэри, 3-нэ разведбатым и

тIасхъэщIэххэм хагъэхьащ. ИужькIэ абы къулыкъу щищIащ 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ фочауэ полкым.



Зауэм хэтыху лагъым къауэхэм фэбжь зыбжанэ къыхихащ си адэм, контузие хъуащ. ИужькIэ ныкъуэдыкъуэ хъури, илъэс 22-м иту и унэ къаутIыпщыжащ.

Жэмтхьэлэ къигъэзэжа нэужь, Аскэрбий къуажэ советым и секретарь лэжьыгъэм пэрыуващ. Ауэ зауэр къэсащ зыщалъхуа лъахэми. 1942 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м щегъэжьауэ 1943 гъэм и щIышылэм и 1 пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ-фашистыдзэм яубыдауэ щытащ. 1943 гъэм щIышылэм и пэм бийр ирахужьэжащ. Совет властымрэ къэрал управленэм и органхэмрэ зэтрагъэувэжа нэужь, си адэм и лэжьыгъэм пищэжащ. ИлъэсиблкIэ пэрытащ ар а IэнатIэм. А лъэхъэнэм тылым ущылэжьэнри тынштэкъым, къуажэдэсхэм жэщ-махуэ яIэтэкъым, зауэм зэтрикъута колхозыр зэтрагъэувэжырт, фронтым хьэпшыпхэр ирагъашэрт. «Псори фронтым папщIэ! Псори ТекIуэныгъэм папщIэ!» къыхуеджэныгъэм щIэтт тылым и лэжьакIуэхэр.

Зауэр иуха нэужь, 1945 гъэм, си адэм къыхуагъэфэщащ «1941-1945 гъэхэм хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ» медалыр. ИужькIэ къратащ «Ленинград зэрихъумам папщIэ» медалыр. Ар къэрал дамыгъэ 14-м я кавалерщ.



И щIалэгъуэм Ленинград и къыщхьэщыжакIуэхэм я сатырым зэрыхэтам и фэеплъыр игъащIэ псокIэ ихъумащ абы. 1982, 1984, 1986, 1987 гъэхэм Ленинград 42-нэ армэм и 13-нэ дивизэм и 296-нэ полкым и ветеранхэм я зэхуэсым щыIащ. 1992 гъэм мэлыжьыхьым и 21-м дунейм ехыжащ ди адэр. Нобэ абы и щIалихымрэ и къуэрылъху 17-мрэ дохъумэ адэм, адэшхуэм и фэеплъыр, и лIыхъужьыгъэми дропагэ. Ар наIуэ къищIырт Сокъурхэ ди щIалэщIэхэм адэшхуэм и сурэтыр яIыгъыу «Полк уахътыншэм» зэрыхэтым.



**Джатэ Мадинэ:** 1942 гъэм гъатхэпэм и 13-м зауэм дэкIащ си адэшхуэм и адэ Гъурыжь Къэралбий Азиз и къуэр. Абы унэм къыщIинащ зи ныбжь хэкIуэта адэ-анэр, щхьэгъусэр, и щIалиплIыр.

Псыхуабэ тыкуэн щигъэлажьэрти, мылъкуи иIэт. Абы унагъуэм къахуигъэнат езыр къэтыху зыхэпсэукIын гъэтIылъыгъэхэр: шыгъу, дыжьын, фэтыджэн хуэдэхэр. Ауэ къигъэзэжакъым. Зэгуэрым Къэралбий и щхьэгъусэ ХьэIишэт пщIыхьэпIэу илъэгъуащ абы къигъэзэжауэ, къуажапщэм деж къыщежьэнуи къелъэIуу. ХьэIишэт ежьащ абы игъащIэ псокIэ: пщэдджыжьым къызэрыушу, къыдэкIырти, къуажапщэмкIэ плъэрт. Илъэс 95-рэ къигъэщIащ си адэшхуэм и анэ ХьэIишэт, щхьэгъусэм пежьэн и гугъэу къыщымытэджыфари и иужьрей

махуэрщ. «Дапщэщ Къэралбий зауэм щыдэкӀар?», – жыпӀэу уеупщӀамэ, махуэ бжыгъэ нэгъунэ зэтещыпыкӀауэ къыбжиӀэрт.



Гъурыжь Къэралбий зауэм хъыбарыншэу хэкӀуэдахэм хабжащ. Абы и щӀалэхэр хуейт адэм и зауэ гъуэгуанэм щыгъуазэ зыхуащӀыну. Письмохэр къикӀырт губгъуэ пощт №54 301-м. Иужьрейуэ абы тхыгъэ кӀапэ къыщикӀар 1943 гъэм и шыщхьэуӀурщ.

Дэ, Гъурыжь Къэралбий и къуэрылъхум и бынхэри, дыхуейт абы теухуауэ зы хъыбар кӀапэ нэхъ мыхъуми къэтщӀэну: дэнэ щызэуа, сыт хуэдэ гуп хэта? Дэнэ деж и псэр щита, дэнэ щыщӀалъхьа? Дэ зэи тлъэгъуакъым ар, ауэ ди гум щопсэу лӀыхъужьу, сэлэт хахуэу. Абы и псэр щӀиташ ди мамыр гъащӀэм, ди къэкӀуэнум, Хэкум.

«Полк уахътыншэм» сыхэташ ди адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм я щӀыхьыр зэрызгъэлъапӀэм срипагэу. Полкым зи сурэт щаӀыгъа дэтхэнэ сэлэтми езым и гъащӀэ гъуэгуанэ иӀэжт. КъыдэкӀуэтей щӀэблэм щхьэкӀи жэуаплыныгъэ гуэр схьыуэ къысщыхъурт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нэхъыщӀэхэр къыдэкӀуэтеиху ветеранхэми яхощӀ.

Налшык и уэрам нэхъыщхьэм срикӀуащ си адэшхуэм и адэ зэи сымылъэгъуам и сурэтыр сӀыгъыу. ИкӀи нэхъри зыхэсщӀащ нобэ дыкъэзыухъуреихь дунейр Хэкур тхуэзыхъума зауэлӀ хахуэхэм тыгъэ къызэрытхуащӀар.



**Нэгуэр Оксанэ:** Си адэшхуэ Нэгуэр Ӏэуес Исуф и къуэр 1923 гъэм накъыгъэм и 11-м Куба къуажэм къыщалъхуащ. Къулыкъу щӀэн щӀидзащ илъэс 18 и ныбжьу. Украинэм и къыщхьэщыжакӀуэхэм яхэтащ. ЦӀыхуищым зы автомат къалъысу арат. Зауэ зэманым си адэшхуэр яхэхуат бийм къиухъуреихьа ди сэлэтхэм. Гъэру яубыдри, абы и хьэзабри игъэунэхуащ. Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, абы иджыри илъэситӀкӀэ къулыкъу ищӀащ. 1947 гъэм унэм къигъэзэжащ. Щхьэгъусэ къишэри, быниплӀ,





абыхэм я быныжу 15 игъуэтащ. Ар колхозым щылэжьащ учётчикыу, бригадиру. «ЛӀыхъужьыгъэм папщӀэ» орденыр къратащ. ЕтӀуанэу къыхуагъэфэща орденыр илъагъуну хунэсакъым, 2007 гъэм накъыгъэм и 9-м дунейм ехыжащ.

ЩӀалэгъуалэм тщыгъупщэ хъунукъым зауэм и гуӀэгъуэр, абы щагъэва бэлыхьыр. «Полк уахътыншэ» Ӏуэхум сэ Ӏэмал къызиташ Хэкум щӀэзэуахэм я щӀыхьым си щхьэр хуэзгъэщхъыну, хуитыныгъэм и лъапӀагъыр сщызу зыхэсщӀэну.



**ХьэкIуащэ Хьэжмурат:** Си анэм и адэ Iулыдж Нахъуэ 1889 гъэм Курп Ищхъэрэ къуажэм къыщалъхуащ. И адэшхуэр къуажэм къыщацIыху хьэжыти, абы и деж мыдрисэм кIуэуэрэ щIэныгъэ зригъэгъуэтащ. Ар зыцIыху дэтхэнэ зыми жиIэжырт Нахъуэ диныр и фIэщ хъууэ, цIыхугъэ лъагэ хэлъу, гъащIэм хуэIущу зэрыщытар. 20 гъэхэм я пэщIэдзэм, си адэшхуэр цIыхугъэ яхуэхъуащ Киров, Орджоникидзе сымэ. Абыхэм коммунист гупсысэр къыгурагъэIуащ, лъэпкъ зэхуэгъэдэныгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ зэрательхьэр къыжраIащ.

Къэбэрдеишхуэм щыщу япэ дыдэу парт билет зратахэм яхэтащ си адэшхуэр. Тыншу щытауэ жыпIэ хъунукъым абы и гъащIэр. Зауэм ипэ Курп Ищхъэрэ дэта колхозым и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. Зауэ хъыжьэр ди щIыналъэм къэса иужь, Курп деж зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ, си адэшхуэр партизан отрядым хэту щытащ, командирым и къуэдзэу. Абы щыгъуэм и лъакъуэм къытехуа шэм и гъащIэ псокIэ игъэщхьэжэгъуащ ар.



Бын 14 иIащ си адэшхуэм. Абыхэм ящыщу щыр лIат. Нэмыцэр къащытеуам и бынунэр игъэIэпхъуэну хунэсатэкъыми, гъэрыпIэм и хьэзабыр зыхащIащ. Ахэр лъэсу Мэздэгу яхуащ фашистхэм, икIи щIымахуэ щIыIэу жэщ-махуэ зыбжанэкIэ жьыр щызэпиху члисэм щIагъэсащ. ИужькIэ хьэпшып къызэрырашэкI вагонхэм ирагъэтIысхьэри, Германие лъэныкъуэмкIэ ирашэжьащ. Дзэ Плъыжьыр къапэщIэувэри, мафIэгур Ставрополь деж къыщызэтрагъэувыIауэ щытащ, насып Тхьэм къаритати, си адэшхуэм и бынунагъуэр къигъуэтыжащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм къуажэ колхозыр къэIэтыжыным илъэс бжыгъэкIэ хуэлэжьащ си адэшхуэр. Зауэм къыщытехуа удынхэм тыншу ягъэлажьэртэкъым, и узыншагъэр екIакIуэ зэпытти, 50 гъэхэм пенсэ тIысыжащ. Абы УФ-м къыбгъэдэкI пенсэ хэха кърату щытащ. Куэдрэ сымэджа нэужь, 1966 гъэм дунейм ехыжащ.

Си адэшхуэм и зэфIэкIым, лIыхъужьыгъэм дрогушхуэ дэ, и щIэблэр. Налшык къалэ щекIуэкIа «Полк уахътыншэм» си щхьэр лъагэу слъагъужу сыхэтащ, абы и фэеплъ нэхур зэрытхъумэр наIуэ къэсщIрэ езым и псэр зэрызгъэгуфIэм гупсэхугъуэ къызиту.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

# МАФIЭ МЫУЖЬЫХ

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
ЖаIэ лIахэм псори я зэхуэдэу,
Ауэ дыноплъыху,
Ауэ дыноплъыху,
Ди лIыхъужьхэм я макъ зэхыдохыр:

«Дэ къытхуэкIуэ псоми лъагъунлъагъу,
Дэ дымылъэгъуахэр фрелъагъу.
Дэ тхулъэмыкIахэр зылъэвгъэкI.
Зауэ лыгъэ къэвмыгъэхъу афIэкI.
Ди щIыналъэр къэвгъэщIэрэщIэж.
Дэ дымыгъэщIахэр — къэвгъэщIэж».

ТекIуэныгъэ ин,
ТекIуэныгъэ ин
Зауэ гъуэгум тету ахэр хуэплъэт.
Я псэм пащIыр зыт,
Я псэм пащIыр зыт:
Ди сэлэтхэм я гур Хэкум хуэблэт.

МафIэ мыужьых,
МафIэ мыужьых,
Уэ къыпхуэкIуэм нэпсыр къыфIыщIохур.
ЩIыр щытыхукIэ блэ,
ЩIыр щытыхукIэ блэ, —
Хэку лIыхъужьхэр ди гум иумыгъэхуу.

Пхуэдэ абы фIэкI,
Пхуэдэ абы фIэкI
ТфIэфIщ дэ щIылъэм щызэщIамыгъанэм,
Мамырыгъэм дэ,
Мамырыгъэм дэ
Гурэ псэкIэ арщ дыщIыхуэбанэр.



# Хэку зауэшхуэм хэта адыгэ тхакIуэхэр

## ЩоджэнцIыкIу Алий



ЩоджэнцIыкIу Алий Бахъсэн районым щыщ Кушмэзыкъуейм къуажэм 1900 гъэм къыщалъхуащ. Я унагъуэр хуэщIауэ псэухэм ящыщтэкъым. И адэ къуэшым и фIыгъэкIэ, Кушмэзыкъуейм къыщызэIуаха школым 1908 гъэм ящтэ. Ар къеухри Алий щIотIысхьэ а зэманым Бахъсэн дэта семинарием. ЩIалэ гурыхуэмрэ егъэджакIуэ Цагъуэ Нурийрэ абы ныбжьэгъу щызэхуохъу. Нэхъ иужьыIуэкIэ Алий щоджэ Дагъыстэным, итIанэ – Къырымым. Ауэрэ Тыркум къыщыщIедз. Гугъуехьымрэ хьэзабымрэ я бжьы хьэлъэр пасэ дыдэу зыгъэунэхуа щIалэм а лъэхъэнэм етх цIэрыIуэ хъуа «Нанэ» усэр. Абы къыкIэлъокIуэ ди литературэм налкъутналмэсу щылыда адрей и тхыгъэ телъыджэхэр.

УсакIуэм и гум и пщтырагъыр хилъхьащ и иужьрей дыдэ тхыгъэхэм ящыщ «Нырес си псалъэр уи дей» поэмэми. Мыбы цIыхубэм къикIуа гъуэгуанэр, игъэва бэлыхьыр Iупщlу къыхощыж. УсакIуэр щогуфIыкI езым и зэманым къэхъу зэхъуэкIыныгъэфIхэм. Арщхьэкlэ, а дахагъэ псори хэутэн ищIын мурадкIэ, бий зэрыпхъуакIуэр Хэкум къохьэ. А махуэ хьэлъэхэм, цIыхухэм фIэщхъуныгъэ ин яхилъхьэу, усакIуэм жеIэ:

*Фашистым я лъэр ди щIыпIэм*
*Хуэшэчыххэнукъым – пхыхунщ.*
*Захуэм и Iэщэр дзэгуэнкъым,*
*Къуаншэр щхьэжагъуэу кIуэдынщ.*

А псалъэ Iущхэр нэрылъагъу хъуащ. Ауэ ар езы Алий илъагъужакъым. УсакIуэшхуэр 1941 гъэм Бобруйск гъэрэщым илIыхьащ.



## КIыщокъуэ Алим



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ, М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь КIыщокъуэ Алим Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1914 гъэм къыщалъхуащ. Ар зауэ гъуэгуанэм техьащ сэлэт къызэрыгуэкIыу. Ауэ куэд дэмыкIыу офицер мэхъури, миномёт взводым и командиру ягъэув, иужькIэ «Хэкум и къуэ» армэ газетым и корреспондентщ. Ар щIэх-щIэхыурэ зауэм и IэнатIэ нэхъ шынагъуэ дыдэхэм макIуэ, и нэгу щIэкIхэр етхыж. Ди сэлэтхэм зэрахьэ лIыгъэр, фашистхэм ялэжь бзаджэнаджагъэр къегъэлъагъуэ.

Зауэ лъэхъэнэм КIыщокъуэм и къалэмыпэм къыщIэкIащ усэ 50-м щIигъу, «Адэ» поэмэр, очеркрэ рассказу куэд. Дон Iуфэ деж сэлэту щежьэри, Алим Балтийскэ тенджызым нэсащ майор хъуауэ. ЛIыгъэ къигъэлъагъуэу зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэхэр зэпызыча, Хэкум и дамыгъэ лъапIэхэр и бгъэм хэлъу къэзыгъэзэжа КIыщокъуэ Алим тхакIуэшхуэу, общественнэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу дунейм тетащ.

# ЩоджэнцIыкIу Iэдэм



Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм Бахъсэн районым щыщ Кушмэзыкъуей къуажэм 1916 гъэм къыщалъхуащ. 1941 гъэм и октябрым ЩоджэнцIыкIум зауэм дэкIыну зэрыхуеймкIэ лъэIу тхылъ етх. ЯпэщIыкIэ ар щIагъэтIысхьэ Новочеркасск дэт военнэ училищэм.

1942 гъэм и августым Iэдэм зыхэт шууей зауэлIхэр Ставрополь щIыналъэм ягъакIуэ. ЩоджэнцIыкIум абы лIыгъэшхуэ, тегушхуэныгъэ ин хэлъу зикъыщегъэлъагъуэ.

ИужькIэ сэлэт хахуэр щозауэ Ростов, Кърымым, Миус псым деж. Ар яхэтащ Николь, Херсон, Николаев, Прагэ, нэгъуэщI къалэхэри бийм къаIэщIэзыгъэкIыжахэм.



Автоматым щIыгъуу къалэмри IэщIэлъащ ЩоджэнцIыкIу Iэдэм. УсакIуэ-сэлэтым и рассказхэр, тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIэхщIэхыурэ къытехуэу щытащ шуудзэ корпусым къыдигъэкI «Казак-гвардеец» газетым. Абы и тхыгъэхэм щигъэлъапIэрт совет зауэлIым и щIыхьыр, и лIыгъэр. Апхуэдэ лIыгъэ езыми къигъэлъагъуэу зэрыщытаращ абы къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр къыщIыхуагъэфэщар.

Зауэ нэужь илъэсхэм ЩоджэнцIыкIу Iэдэм щытащ республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэу, Къэбэрдей АССР-м культурэмкIэ и министру, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу. КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату мызэ-мытIэу хахащ.



# КIуащ БетIал

Адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ КIуащ БетIал Аруан районым щыщ Старэ Шэрэдж къуажэм 1920 гъэм къыщалъхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиуха нэужь, КIуащыр Приморскэ крайм ягъакIуэ урысыбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэу. Абы щыIэу Хэку зауэшхуэр къохъейри, 1941 гъэм и августым езым и лъэIукIэ зауэм макIуэ. Сэлэт къызэрыгуэкIыу щIедзэри, майор хъуауэ, фочауэ батальоным и командиру зауэр еух.

КIуащыр яхэтащ фельдмаршал Паулюс и дзэр зэхэзыкъутэу бий куэд гъэр къэзыщIахэм. Зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ БетIал къыхуагъэфэщащ Вагъуэ Плъыжь, Бэракъ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, Александр Невскэм и орденыр, медалу зыбжанэ.

1957 гъэм, илъэс 37-рэ фIэкI мыхъуауэ, зауэм и гъуэгуанэ хьэлъэхэр зэпызыча, гъащIэм гу щызымыхуа усакIуэшхуэр дунейм ехыжащ.

# Шортэн Аскэрбий



Адыгэ тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ, щIэныгъэлI Iэзэ Шортэн Аскэрбий 1916 гъэм Аруан (иджы Лэскэн) районым щыщ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Зи адэр пасэу зыфIэкIуэда щIалэ цIыкIур Налшык Сабий унэм къашэ, итIанэ Псыхуабэ дэт фабрично-заводской училищэм щIотIысхьэ. ИужькIэ Аскэрбий щеджащ Налшык педагогическэ техникумым, итIанэ – Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт ГИТИС-м и режиссёр отделенэм. Абы щыщIэса илъэсхэм Шортэным и япэ пьесэхэр тхын щIедзэ. Ауэ и зэфIэкIыр нэсу игъэлъэгъуэну Iэмал щигъуэтар зауэ нэужь зэманырщ.

37-нэ армэм и связисту щыта Шортэныр зауэ гуащIэ куэдым хэтащ. Зауэр майору зыуха тхакIуэр фронтым и сыт хуэдэ IэнатIэ пэрамыгъэувами, лIыхъужьыгъэ, жэрдэмышхуэ хэлъу зыкъигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэту Аскэрбий къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, медалуи зыбжанэ.



Зауэ нэужьым Шортэныр щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым. Абы къыфIащащ Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысейми искусствэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ цIэ лъапIэхэр.

Шортэн Аскэрбий куэд хилэжьыхьащ ди лъэпкъ театральнэ искусствэм зегъэужьыным, IуэрыIуатэр джыным. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ тхылъ зыбжанэ хъу «Бгырысхэр» роман-эпопеер, адыгэ фольклорым, культурэм, искусствэм ятеухуа лэжьыгъэ куэд дыдэ.

# Нало Ахьмэдхъан



Адыгэ литературэр лъэ быдэкIэ зыгъэувахэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Нало Ахьмэдхъан Аруан районым щыщ Старэ Урыху (Хьэтуей) къуажэм 1921 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр педрабфакыр къызэриухыу, ар дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ. Куэд дэмыкIыу зауэр къохъейри, япэ махуэхэм щыщIэдзауэ Налор зауэм Iуохьэ.

Зауэ гуащIэ куэдым хэтащ Ахьмэдхъан. Ленинград дэт Военно-инженер училищэр къиуха нэужь, лейтенант хъуа щIалэщIэм

5 Заказ №94

шынэ, къикIуэт зымыщIэ зауэлIу зыкъигъэлъэгъуащ. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ абы къыхуагъэфэщащ Александр Невскэм и орденыр, Хэку зауэ орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалу 14, Польшэм и медали яхэту.

«Нэхущ шу», «Псы Iуфэм Iут унэ цIыкIу» романхэр, повестхэр, рассказхэр зэрыт тхылъ зыбгъупщI зи Iэдакъэм къыщIэкIа тхакIуэ цIэрыIуэр илъэс куэдкIэ КъБКъУ-м егъэджакIуэу щылэжьащ.

## Къардэн Бубэ



Къардэн Бубэ Бахъсэн районым щыщ Дыгулыбгъуей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Зауэр къыщыхъеям абы пединститутым щитырт иужьрей экзаменхэр. Бубэ езыр щIэлъэIури зауэм кIуащ. ЯпэщIыкIэ ар щIагъэтIысхьэ военнэ училищэм. 1941 гъэм и ноябрым 12-нэ армэм и 404-нэ фочауэ полкыр щызауэ Донбасс яшэ. ИужькIэ фочауэ ротэм и командир мэхъу.

Къардэным зауэ IэнатIэхэм мызэ-мытIэу лIыхъужьыгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ. Молдавием и къалащхьэр хуит къыщащIыжым псом япэ Кишинев дыхьар Бубэ зи командир батальонырщ.

Майор Къардэн Бубэ и зауэ гъуэгуанэр Берлин щиухащ. Зауэм щызэрихьа лIыхъужьыгъэм папщIэ абы къратащ Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, Хэку зауэ орденым и етIуанэ нагъыщэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ.



1945 гъэм и кIэхэм республикэм къигъэзэжри, Къардэныр пединститутым, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмкIэ и кафедрэм щылэжьащ. 1954 гъэм республикэм и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIу хахащ. ИлъэситIкIэ а къалэныр ирихьэкIа нэужь, егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыувэжри, щIэныгъэлI цIэрыIуэм бзэм, грамматикэм ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIигъэкIащ.

Къардэн Бубэ къыдигъэкIащ и зауэ гъуэгуанэр къыщыгъэлъэгъуэжа тхылъ куэд. Ар зэдзэкIакIуэ Iэзэуи щытащ.

## КъардэнгъущI Зырамыку



ТхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ КъардэнгъущI Зырамыку Аруан районым щыщ Псыгуэнсу къуажэм 1918 гъэм къыщалъхуащ. Ди театрым япэу игъэува адыгэ пьесэр («Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ») зытхар зауэм ипэ къихуэу ГИТИС-р къэзыуха КъардэнгъущIырщ. Адыгэ IуэрыIуатэр джыным, ар зэхуэхьэсыжыным Зырамыку и гуащIэшхуэ хилъхьащ. Зэхуихьэсыжым и мызакъуэу, абы гум хыхьэу игъэзащIэрт адыгэ уэрэдыжьхэр.

1940 гъэм Зырамыку дзэм къулыкъу

щищIэну ираджэ. Абы щыIэу зауэр къохъей. Зауэ мафIэ лыгъейм и гъуэгуанэ хьэлъэм ар псэзэпылъхьэпIэ Iэджэм ирешэ, иужьым фашистыIуэм къохутэ. Гъэру зэрыщытам езым и лажьэ халъагъуэу Iейкlэ къыхузэпещахэр щыIами, пэжыр пэжти, зауэм щызэрихьа лIыгъэм папщIэ Зырамыку Хэку зауэ орденри нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэри къыхуагъэфащэ.

Лъэпкъ культурэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэр къалъытэри, КъардэнгъущI Зырамыку къыфIащащ «КъБАССР-м искусствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр.

## Къэжэр Индрис



УсакIуэ, уэрэдус, пшынауэ, уэрэджыIакIуэ Iэзэ Къэжэр Индрис Прохладнэ районым щыщ Альтуд къуажэм 1885 гъэм къыщалъхуащ. Абы еджэну Iэмал игъуэтакъым, ауэ адыгэ уэрэдыжьхэр, къафэхэр фIыуэ илъагъурти, пасэу пшынауэ IэщIагъэм дихьэхащ. Iэзэу пшынэ еуэ, дахэу уэрэд жызыIэ щIалэр псоми фIыуэ ялъэгъуат.

ЩIэх-щIэхыурэ радиокIэ къатырт абы и уэрэд гуакIуэхэр. Абыхэм нэмыщI, Индрис езым я къуажэм къыщызэригъэпэща ансамблым хэту здэщымыIа къуажэ, и пшыналъэр щимыгъэIуа къэгъуэтыгъуейт. ЕджапIэ лъэпкъ зэи щемыджа Индрис талант ин зэрыбгъэдэлъым щыхьэт техъуэрт абы зэхилъхьа макъамэхэмрэ уэрэдхэмрэ цIыхухэм гунэс зэращыхъур. Псом хуэмыдэу цIэрыIуэ хъуат зауэм и пэ къихуэу иуса «Таужан», «Рэмэзан», «Гухэлъ жыдгъэIэ», «ЗэгуакIуэр дахэщ» уэрэдхэр.

Адыгэ лъэпкъ искусствэм хуищIа хэлъхьэныгъэфIхэм папщIэ Къэжэрым 1936 гъэм кърατащ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр, «Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр 1939 гъэм къыфIащащ.

Къэжэр Индрис 1941 гъэм сентябрым и 3-м ансамблым хэкIри зауэм кIуащ, мазитI нэхъ дэмыкIыуи Бобруйск нэмыцэ гъэрэщым илIыхьащ.

## Гъубж Мухьэдин



Гъубж Мухьэдин Прохладнэ районым щыщ Къэрэгъэш (Иналхьэблэ) къуажэм 1913 гъэм къыщалъхуащ. Школ нэужьым Псыхуабэ дэт педучилищэмрэ Налшык щыIэ мэкъумэш техникумымрэ щеджащ. Ауэ и IэщIагъэм зэи ирилэжьакъым. Ар «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым щылэжьэну яшэ. А зэманым Гъубжым литературэм зрет, усэхэмрэ рассказхэмрэ итхыу щIедзэ. Ауэ щIалэм и мурад дахэхэр зауэм къызэпеуд. 1941 гъэм июным и 24-м Мухьэдин

зауэм макIуэ. Ар 121-нэ фочауэ дивизэм и 191-нэ фочауэ полкым хохуэ. Абы хэту ар щызэуащ Ельня, Оршэ, Ярцевэ, Смоленск, Вяльнэ къалэхэм. 1941 гъэм и бжьыхьэм Полтавэ областым щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм ящыщ зым миномёт отделенэм и командир, сержант нэхъыжь Гъубж Мухьэдин уIэгъэ хьэлъэ щохъури, Ульяновск къалэм дэт госпиталым щIохуэ, абы иужькIэ, и узыншагъэр зэрымыщIагъуэжыр къалъытэри, зауэм Iуамыгъэхьэжу и унэ къаутIыпщыж.

Щалъхуа къуажэм 1943 гъэм къегъэзэжри, ар колхоз тхьэмадэу ягъэув. АрщхьэкIэ, и узыншагъэр пэмылъэщу, Налшык къоIэпхъуэри, зыпэрыкIауэ щыта журналист лэжьыгъэм пэроувэж. Мухьэдин щылэжьащ радиом, «Советская молодежь» газетым. Абы къыдэкIуэу и литературэ творчествэми пещэж. Усэхэм, рассказхэм нэмыщI, абы и прозэ тхыгъэхэр зэрыт тхылъхэр Налшыки Москваи къыщыдэкIащ.

Хэку зауэшхуэм зи узыншагъэр хэзылъхьа адыгэ тхакIуэ, журналист Гъубж Мухьэдин «КъБАССР-м культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр къыфIащауэ щытащ.

# Тубай Мухьэмэд



Драматург, артист цIэрыIуэ Тубай Мухьэмэд Тэрч районым щыщ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1919 гъэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь, Тубайр щIотIысхьэ Налшык дэта театральнэ студием.

Тубайр дзэм ираджэ 1941 гъэм. Ар хэтащ ноябрым и 7-м Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкIа парад цIэрыIуэм.

1941 гъэм и щIымахуэм Тубайр Москва деж уIэгъэ щохъу. Хъужа нэужь, Мухьэмэд зауэ IэнатIэм пэроувэж. Ар нэсащ Эльбэ псым, Берлин, Харбин, Порт-Артур къэзыщтахэм яхэтащ.

Хэкум и орденхэмрэ медалхэмрэ и бгъэм хэлъу, Тубайм 1946 гъэм и лъахэм къегъэзэж. Абы зауэм и пэкIэ итхат «Мэжидрэ Мэрятрэ» пьесэр. Ар ягъэуваууи щытащ. Пьесэхэр тхыным къыдэкIуэу, Мухьэмэд куэдрэ игъэбжьыфIащ адыгэ театрым и сценэр. Ар театрым и унафэщIуи щытащ.

Тубай Мухьэмэд къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист», «РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр.

# Къуэныкъуей Мухьэж



Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм жыджэру яхэта Къуэныкъуей Мухьэж Шэджэм районым щыщ Лашынкъей (Тохъутэмыщей) къуажэм 1909 гъэм къыщалъхуащ. Ар щеджащ Ленинскэ учебнэ городокым. ЕджапIэр къиуха нэужь, къыщалъхуа къуажэм игъэзэжри, ар зыкъомрэ егъэджакIуэу лэжьащ. АрщхьэкIэ зэфIэкI зиIэ щIалэр къуажэм куэдрэ щамыгъэIэу Налшык къашэри музейм и унафэщIу ягъэув. А зэманым Мухьэж етх фIыуэ илъагъу и къуажэгъухэм я гъащIэм, абыхэм я гурыгъугурыщIэхэм, я хъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ ятеухуа усэхэр. Абыхэм нэмыщI Къуэныкъуейм и къалэмыпэм къыщIокI сабийхэм папщIэ рассказ цIыкIухэр. Документальнэ лъабжьэ зиIэ рассказхэмкIи утыку къохьэ. Къуэныкъуейращ адыгэ тхакIуэхэм ящыщу япэ дыдэу роман тхыным зезыпщытар. Илъэс зыбжанэкIэ зэлэжьа «Андемыркъан» романыр тхылъ тедзапIэм щIилъхьауэ зауэр къохъейри, Къуэныкъуейр 1941 гъэм июлым и 31-м Дзэ Плъыжьым ираджэ. Топгъауэ ротэм и командиру ар хэтащ зауэ гуащIэ куэдым. ЛIыгъэ ин къигъэлъагъуэу адыгэ щIалэр 1941 гъэм и октябрым зауэм хэкIуэдащ. ТхакIуэм и романым и Iэрытхри зауэм и мафIэ лыгъэм хисхьащ.



# Тау Борис



Тау Борис Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр пединститутыр къиуха нэужь, егъэджакIуэу лэжьащ. Хэку зауэшхуэм щIидзэным куэд имыIэжу дзэм ираджэри, офицерхэр щагъэхьэзыр еджапIэм ягъэкIуащ. Ар къиухри, зауэм Iухьащ. 1942 гъэм и кIэхэм Таур уIэгъэ хьэлъэ хъуащ, госпиталым яша щхьэкIэ, ар яхуэгъэхъужакъым. Зэрихьа лIыгъэм папщIэ, абы, зэрымыпсэужым хуэдэу, къыхуагъэфэщащ Бэракъ Плъыжь орденыр.

Тау Борис и усэхэр республикэм къыщыдэкI газетхэм къытехуэрт. 1939 гъэм дунейм къытехьащ абы и усэхэр щызэхуэхьэса «Догъагъэ» тхылъыр.

ЩоджэнцIыкIу Алий

# Шагъдий гъэшхахэм техутэ

Совет хэку хуитым и бынхэу
ГъащIэм и дахэм еса,
Насып зэхэлъыр зыухуэу
Зи гъащIэр лъапIэу лъыта!
Щхьэхуитыныгъэр уи бийхэм
ГущIэгъу къыпхуащIу къуатакъым,
Лъыр иумыкIуту цIыхугъэм
И гъуэгур нобэ бгъуэтакъым.
БлэкIа зауэшхуэхэм уи лIыгъэр
ЩIыгум и цIыхум ящIэж, –
Ди губгъуэ дахэхэр дэпагэу
ТекIуэ уэрэдхэр жаIэж.
Бийм ущытекIуэу есауэ
ЛIыгъэр къыщалъхур уи хэкущ,
Наполеонхэу щыкIахэр
Зыгъэпудахэр уи фочщ.
НаIуэщ уи тхыдэр си хэкум, –
Бийр къозэгъыфыркъым уэ иным.
Фашист нэпсейхэм я лъапсэр
Щыкъутэжынущ уи дежым.
Дэращ лъыгъажэм текIуэнур,
Дэращ зи дыгъэр бзий хущхъуэр,
Дэращ бэлыхьыр зыгъэсу
Насыпым цIыхур хуэзышэр.
Еуэ, хэку лъэщым и щIалэ,
Адэжь и щIапIэр гъэпагэ,
И гъуэм ихуэжыркъым блэ бзаджэр,
Мес, ди щIы кIапэм къытопщхьэ!
Уи лъакъуэ лъэщыр тегъэуви,
Езым и хэкум щылIыж.
..........................................
Еуэ, шагъдийхэу гъэшхахэм
Къэбэрдей щIалэр техутэ,
ПцIащхъуэр щIэмыхьэу щIэгъапхъуи,
Лъэпщ джатэр нобэ гъэхахуэ!..
*1941*



КIЫЩОКЪУЭ Алим

# НАЛ КЪУТА

*Романым щыщ пычыгъуэхэр*

## Зауэм и бзэ

**Н**эмыцэм я атакэр кIащхъэ хъуащ, мащIэ-мащIэурэ пичыжыпэри, щым хъужыпа щхьэкIэ, цIыхум зыгъэпсэхупIэ яIэкъым. Мычэму окопэ къатI, топышэрэ фочымрэ къыIуашэ, цIыхум яшхын жаIэри мэгузавэ. УIэгъэ хъуауэ окопэм илъхэр щIыбагъымкIэ яша зэрыхъуным иужь итщ. Танк къакIуэмэ, жаIэу, танкхэр адэкIэ-мыдэкIэ ягъэуври умылъагъуу ягъэпщкIу. А псом ищIыIужкIэ, псыкъуий къамытIу хъурэ. Шым псы яIухуакъым махуищ мэхъури. Шыр дэнэ къэна, цIыхум ирафын ягъуэтыркъым. Псыкъуий къагъуэтмэ, хьэбыршыбыр изщи, нэхъапэ щIыкIэ къигъэкъэбзыкIын хуейщ. Псым Iэщ лIа хадзащи, мэ къызыхихи щыIэщ. Красноармеец бел цIыкIукIэ псыкъуий къэптIыныр мастэкIэ псынэ къэптIэщI хуэдэщ.

А къомым хэт тепсэлъыхьми Апчарэ зэхех, телефону щыIэр коммутаторым къыпыщIащи. ЦIыхур зэрыпсалъэр нэхъыбэу щIагъыбзэщ.

Локотош зыщIэупщIэр «папиросщ». Адрейр зыхуейр «коробкэщ», ещанэр мэлъаIуэ «пыжьбанэ» къэвгъакIуэ жеIэри.

Абы къикIыр ищIэртэкъым, и телефонист нэхъыжьу Адэмокъуэм къыгуригъэIуэху.

Коробкэ жыхуаIэр танкт, пыжьбанэр – броневикщ, папирос жиIэмэ, топышэ къикIыу арат. Е, псалъэм папщIэ, комдивым жеIэ: жылапхъэу нормитI тефсэ. Абы къикIыр сыт? Топышэу, фочышэу, лагъыму боекомплектитI вгъэс, жиIэу аращ. Моуэ щыжаIи къохъу: Катя «фIыцIагъэ» жеIэри мэлъаIуэ, жиIэу. Ар зэхэзыхми жеIэр: «ФIыцIагъэр тхыт». «Катюшэр» зытеубыдэн хуей координатыр аращ абы зи гугъу ящIыр. Апчарэ ар фIэгъэщIэгъуэну йодаIуэ, къыгурымыIуэмэ, и гъусэм йоупщI.

Капитаным зэрыжиIам хуэдэщ, узэуэным Iэмал иIэщ. Iэмалрэ хьилэкIэ уIэзэмэ, ари куэд и уасэщ. Апчарэ мычэму имыщIэ къещIэри зэрытелефонисткэм щогуфIыкIыж. Аращ «зауэм и бзэ» жыхуиIэри.

Зы жэщым нэхърэ къыкIэлъыкIуэ жэщыр нэхъ шынагъуэж хъууэрэ йокIуэкI. Нэмыцэм я пулемёт къэлъэлъакъэ – дыдейри аращ, я топ къэуакъэ – ди топри йоуэж, зы хьэрэкIытIэ драдзеякъэ – дыдейхэми драдзей. Псом я нэхъ Iейр сыт жыIэт – «методическэ огонь» жыхуаIэр аращ. Абы уигъэжейркъым. ДакъикъитхудэкIыхукIэ зы топышэ къоуэ, цIыхур ямыгъэжейурэ гугъу ирагъэхьын щхьэкIэ. Моуэ жейм сыхелъафэ щыжыпIэ дыдэм, «ду» жиIэу къэуэнщи, укъигъэскIэнщ. Аргуэру дакъикъитху дэкIмэ, зы напIэзыпIэкIэ къэмыгувэу аргуэру къэуэнщ.

Окопэм исхэр жэщкIэщ щышхэр. Походнэ кухнэр кIыфI дыдэ мыхъуауэ окопэмкIэ кIуэ хъуркъым. Къалъагъумэ, топкIэ къоуэри – зэфIэкIащ, кашэр уафэм дрепхъей. Къызэралъагъури дауэ – хьэрэкIытIэ яутIыпщри, дунейр нэху ещI. Дыгъуэпшыхь ди кухнитI къакъуташи, Локотош ищIэнур ищIэркъым. Ежьащ кухнэ лъыхъуэну. Къигъуэтыни къимыгъуэтыни.

Нышэдибэ нэхущым нэмыцэр атакэ къежьэн я гугъауэ загъэхьэзырат. Дапщэ хъуа иджы сыхьэтыр?

Апчарэ Щынэхужьыкъуэ щыщыIэм тэмэму къищIэрт зэманыр здынэсар, къуршым еплъырти. Мыбы дэнэкIи плъэ – губгъуэ защIэщ, бгы жыхуэпIэр щыIэххэкъым. Iуащхьэ джафэкIэ Локотош зэджэр Iуащхьэ хуэдэ Iуащхьэми зыгуэрти. ТIэкIунитIэ къыхэпIиикI къудейщ, ауэ тактическэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу жаIэ. Пэжыр пэжщ – Iуащхьэр джафэ жыпIэмэ, джафэщ. Мо губгъуэшхуэм шы щыбгъэхъуну уасэ иIэжкъым, ауэ иджы уиш мыбы итыну ухуейкъым, удз дэнэ къэна, псы къудей ягъуэтыркъым. Шыр гугъу зэрехьыр Бекъан илъэгъуамэ, фIэгуэныхь хъунти, гъынт. Кхъухьлъатэм иукIыр куэд мыгъуэти…

Дыгъэр къыщIэкIа къудейщи, къыдэкIуеин дзыхь имыщIу и пIэм ит хуэдэщ, аращ Апчари зэманыр здынэсар къыщIыхуэмыщIэр. Адэмокъуэм сыхьэт иIэу щытамэ, зыгуэрти.

Сыхьэт зиIи щыIэу къыщIэкIынт.

Зы напIэзыпIэу, къыздикIари къыздихуари умыщIэу, дунейкъутэж къэхъуащ, щIыр зэщIэзджызджэу. Iугъуэри сабэри зэхыхьэжауэ, жыг баринэм ещхьу, дрихуейрт, а жыг щхьэкIэри адакъэкIэу зыкъиишэжырти, жьыр къыздепщэ лъэныкъуэр уигъэлъагъурт. Iугъуэр зэмыфэгъут, абы еплъмэ, Локотош къищIэрт топышэр зыхуэдэр: термитнэрэ фугаснэрэ. Комиссарыр здэкIуа лъэныкъуэмкIэ Iугъуэ защIэщи, зыри плъагъужыркъым. Дотий мыгъуэ къемыхъулIауэ узиIэ и «мурадыр». Коммутаторым иджыпсту бгъэдэсыр Адэмокъуэр аращи, Апчарэ зигъэпсэхуми хъунущ. Телефон кIапсэр зэпиудмэ, зэпищIэжыну кIуэнур Адэмокъуэрщ, етIуанэ аппаратым къыбгъэдэнэнур Апчарэщ.

Уэгум кхъухьлъатэ макъ къыщоIу. Бомбардировщикхэр лъахъшабзэу къокIуэ, зыщышынэн щыIэкъым. Япэ итым лъэныкъуабэ зищIри и дамэ щIагъым бомбэр къыщIэлъэлъащ, птулъкIэ фIыщIэм ещхьу. Я пашэм зэрищIа дыдэу адрейхэми защI. Зы хьэ и лъакъуэр щиIэтам, хьищэм я лъакъуэ щаIэт, жыхуаIэм хуэдэу. Бомбардировщикхэм хъурейуэ къауфэрэзыхьыр, ди окопэм ящхьэщымыкIыу. Iугъуэ фIыщIэм уафэ лъащIэр щIигъэнащ. Адэмокъуэр къэгузэващ, штепселыр гъуанэ цIыкIум ириIу щхьэкIэ, зыри зэхихыркъым. Линиер зыщIыпIэ щызэпыудащ. Апхуэдиз топышэрэ бомбэрэ къыщыуэкIэ, зэпимыудуи къэнэн.

– ТIыс иджы. Сэ сымыкIуэу хъунукъым, – жиIэри Адэмокъуэр Апчарэ къеджащ.

Адэмокъуэр щIалэжтэкъым, и ныбжьыр хэкIуэтат. Налшык къалэ пощтым щылажьэу къыщIашри дзэм хагъэхьат. И хьэлкIэ «цIыхубз хьэл гуэрхэри хэлъщ» жыпIэнт. ЩIэн хуейр езым ищIэнущ, Апчарэ иримыгъэщIэн щхьэкIэ. АпхуэдизкIэ и нэIэ хъыджэбзым тригъэтщи, Апчарэ щызэгуигъэпи къохъу. Иджыпстуи аращ – хъыджэбзыр къигъанэри езыр ежьащ.

Апчарэ япэ зи макъ зэхихар «Пятэращ».

– Танкхэр къыттеуащ. Танкым я ужьым автоматчикхэр итщ. Танкыр щы мэхъу, – жиIэрт «Пятэм».

«Первэм» жеIэ:

– Уи гъунэгъум дэIэпыкъу. Ар нэхъ къыхагъэзыхь, уэ нэхърэ.

– Дауэ сыдэIэпыкъун – уи щхьэр къэпIэтыну Iэмал зимыIэщ.

– Уэ укъыщалъхуам сыщIэгуфIар пщIэрэ? ЛIы хуэдэлI къыхэкIынущ, жысIэри аращ. КъыбгурыIуа? Абы щыгъуэ цIэ пфIэзмыщами, нобэ пфIэсщынущ. ПфIэсщIыну цIэр зыхуэдэр пщIэрэ? Нобэ лIыгъэ зепхьэм елъытащ. Уи муслъымэныцIэр пхуэсхъуэжынщ, умыгузавэ. Виктор пфIэсщынщ. Виктор жиIэмэ, текIуа жиIэу аращ. ТекIуэ бийм. Е Владислав пфIэсщын? ЩIыхьыр зи IэмыщIэ илъ, жиIэу. УкъимыкIуэт, си къуэш, укъимыкIуэт…

Апчарэ «Первэм» артиллеристхэм я телефоныр кърет. Комдивым и макъыр нэгъуэщI мэхъу.

– Афэрым. ТанкитI зэхэфкъутащ. Си гур вгъэзэгъащ. Сывохъуэхъу: тхьэм хывигъэгъахъуэ. Сызэрыфщыгугъауэ фыкъыщIэкIащ. Фи гъунэгъур дауэ щыт – и пIэм ис? Фыхуэсакъ. Нобэ гуащIэнущ, «Пятэм» танк теуащи, фэри фымыбэлэрыгъ – къыфтеуэнщ… – жиIэу комдивым топауэм я гур дахэ ещI.

– Дыбэлэрыгъынтэкъым. «Папирос» къыдомэщIэкI… Ди зы «сигарэр» исыкIыпащ.

Апчарэ къыгурыIуащ абы зи гугъу ищIыр – зы топ къакъутауэ аращ.

Зауэр нэхъри нэхъ гуащIэж мэхъу. Топышэр полкым я щIыбагъым къыщыуэ хъуащ. Адэмокъуэм къитIа кIэнауэ куум Апчарэ итIысхьауэ исщ. Кхъухьлъатэри ящхьэщыкIыркъым: иныкъуэм ягъэзэжмэ, нэгъуэщIхэр къос. Бомбэ зытрадзэнур дэни щалъагъурэ – псори Iугъуэ защIэ хъуащ, пшагъуэ фIыцIэм ещхьу.

Комдивым и макъыр къэIуу Апчарэ аргуэру зэхех. Анатолий Фёдорович зыгуэрым хуохъущIэ.

– Уэрэд жыпIэу щытакъэ: «Маскировкэр пщымыгъупщэу окопэ тIыныр уэ нэгъэс», – жыпIэу. АтIэ аращ, окопэр куу щIы. ЩIым зыхъумэр къехъумэж. ЩIэпщхьэ щIы щIагъым. Жырым нэхърэ щIыр нэхъ быдэщ. Уи гъунэгъум шы дыдэм окопэ къахуитIри иригъэуващ. КъыбгурыIуа? СощIэ сэри! Умыбэлэрыгъ.

Аращи, комдивым увыIэгъуэ иIэкъым. Зэ зым, зэ адрейм йопсалъэ. Хэт сыт жриIэнуми ещIэ. Зым дэIэпыкъуну къегъэгугъэ, адрейм йошхыдэ, ещанэм и гур дахэ хуищIурэ трегъэгушхуэ. «Сывиадэ хуэдэщ, си напэр тевмых» – аращ хэт епсалъэми и псалъэр зэриухыр. Псоми къафIощI комдивыр гъунэгъу дыдэу къащхьэщыту, гузэвэгъуэ къалъысмэ, къадэIэпыкъуну. Комдивым зэуапIэ псом и нэIэ тету, къыщыхъу илъэпкъыр и нитIкIэ илъагъу хуэдэщ.

Анатолий Фёдорович и макъыр зэхихмэ, Апчари и гур нэхъ къызэрогъуэтыж.

Асыхьэту «Четвёртэм» и макъ къэIуащ, псынщIэу «Первэр» жиIэри. Гузэвэгъуэ зэрихуар белджылыт. Комдивыр зыгуэрым епсалъэрти, и псалъэр зэпимыуду хъуакъым:

– «Четвёртэр» къолъаIуэ. Узот.

«Четвёртэ» хъужыр Дотийт. Абыи танкищрэ автоматчикыу

зы ротэрэ къытеуат. Комиссарыр зыщIэлъэIур «Катюшэр» автоматчикхэм къахигъэуэну арат. Бийм и квадратыр къыжриIащ. Дакъикъэ тIощI дэкIмэ, дыхуеижынукъым – автоматчикхэр ди окопэм къэсынущ, жиIэу комиссарым комдивыр игъэпIащIэрт. Комиссарыр Апчарэ и нэгум щIэт хуэдэт – лIы къуэгъум красноармеец щыгъын щыгъыу, и бгырыпхыр щIэкъуза пэт, и ныбэ иуэжам къолэлэхыр. Комдивыр мэхъущIэ: «Уэ абы щхьэ ущыIэ? КъаукIыху зэуэнхэр зэхэпшэу уахэт?»

«Приказыр-щэ? ФаукIами, фыкъимыкIуэт, жаIащи, ди пIэм дитынущ».

– Ит, ит. «Катюшэр» ялъэIэсынщ…

ДакъикъипщIи дэкIа хъунтэкъым, «Катюшэу» машиних къигъэсауэ Апчарэ щилъэгъуам. Къызэрысуи брезентыр тралъэфри, аппаратыр Дотий зи гугъу ищIа квадратым траубыдэри, хьэIуцыдзым ещхьу машинэхэр зэщIэкъугъащ. Апчарэ ищIэрт «Катюшэр» здэщытым деж гъунэгъуу ущыт зэрымыхъунур. Нэмыцэм гу къызэрылъатэм хуэдэу ахэр здэщыта щIыпIэм къеуэнущ, езы «Катюшэхэри» зэрытам куэдрэ имыту, зэуэнум еуа иужь ежьэжынущ.

Машинэхэри зэбгъурытт, жыжьэу уеплъмэ, мэкъу зэрылъ выгум ещхьыркъабзэт, брезентыр ятелъмэ. Ятемылъмэ, унащхьэ рейкэ зытралъхьам хуэдэщ жыпIэнт. Лагъым фIыцIэ кIыхь абы телъхэм я пхэм мафIэр къилыдыкIыу телъэтыкIырти, Iугъуэ фIыцIэр ялъэфу зытраубыдам кIуэрт. Апчарэ и щхьэр окопэм къригъэжауэ маплъэ. Машинихри брезенткIэ щIахъумэжауэ щежьэж дыдэм, Дотий и макъ къэIуащ: «Артиллеристхэ, берычэт бесын! Хьэкъурт хъун хуэдэу фымыгъэлыгъуамэ, согъэпцI! Хуэзакъэ нэмыцэр?..» – жиIэу.

«Катюшэм» я шэр гуащIэт, термитнэ мафIэр зылъэIэсар къелынутэкъым. Ар зылъагъур делэ щыхъу щыIэт. Иджыпсту ар щеуэм, автоматчик къомыр хэкIуэда дэнэ къэна, зы танки мафIэм исауэ къыщIэкIащ. «Дотий зыщIэхъуэпс дыдэр къехъулIауэ къыщIэкIынщ», жиIащ Апчарэ игукIэ. Бийм и «щIыхуэ» комиссарым къытехуагъэнкIи мэхъу, и гъащIэ хилъхьэми арэзы техъухьын хуэдэу.

«Катюшэ» къомыр здэщыта дыдэм топышэр къытелъалъэу хуежьащ, арщхьэкIэ машинэхэр бгъуэтым къащтэ – ежьэжахэщ.

Адэмокъуэри ешаелIауэ къэсыжащ. А лIым и нэкIэ илъэгъуат зауэм и гуащIэгъуэр. Линиер щызэпыудам лъыхъуэурэ лIыр жыжьэ кIуат. Уеблэмэ миномётчикхэм я окопэм «щыхьэщIащ». Албиян хуэзати, и шыпхъум къыщIэмыупщIэу къэнэнт. Адэмокъуэм жиIар жиIэжырт:

– Зи умыгузавэ, си шынэхъыщIэ, си нэIэ тезгъэтщ. Линиер зэпыудмэ, згъакIуэркъым. Сэ сокIуэ, езыр аппаратым къыбгъэдызонэри. Коммутаторым бгъэдрырес, нэгъуэщI сыхуейкъым. Ар куэдыщэщ хъыджэбзым дежкIэ.

Апчарэ ар и гум ирихьакъым:

– ЛIо, нтIэ, сыщIумыгъакIуэр? Линиер сэ схузэпыщIэркъэ. СощIэр ар зэращIыр. Школым физикэ дыщеджакъэ, – жиIэри зигъэгусэ хуэдэуи зищIащ.

Адэмокъуэм щIимыгъакIуэр нэгъуэщIт:

– Линиер зэпыщIэжыныр гугъукъым. Абы и къэгъуэтыныр аращ гугъур, си шыпхъуушхуэ. ЗэпылъитI я гур зэпыудамэ, я зэпыщIэжыныр зэрыгугъум хуэдэщ. КъыбгурыIуа?..

Миномётчикхэм уIэгъэр я куэдт. Батареем и командирыр Адэмокъуэм илъагъуу санэскадроным яшащ, уIэгъэ хъуауэ. Абы и пIэ иувар Албиянщ. А хъыбарыр Апчарэ и гуапэ мыхъуа дэнэ къэна, нэхъри гузэващ, си дэлъхури уIэгъэ хъумэ, жиIэу. Апчарэ пщIыхьэпIэу илъэгъуат и дэлъхур уIэгъэ хьэлъэ хъуауэ, бинткIэ уIэгъэр хуипхэу.

– Гугъуми ирегугъу. Къэзгъуэтынщ, – жиIэу Апчарэ зэрыжиIам тетт.

Адэмокъуэр етIысэхащ. Коммутаторым теIэбэри хъыджэбзым и псалъэм къыпидзащ:

– Мы аппаратыр военнэ уи гугъэ? Локотош совхоз гуэрым къагъэнауэ къигъуэтати, къищтащ. Мыбы хуэдэ коммутатор зиIи щыIэкъым зы полки. Полевой телефонкIэ зэджэр нэгъуэщIщ. Мыр, тобэ ирехъу, совхозым и директорым деж щIэту щытагъэнщ. Полевой телефоныр нэхъ зэгъэщIэгъуафIэщ. Мыбы бгъэдэси, уи дежкIэ нэхъыфIщ. По-пластунскэ жыхуаIэм хуэдэу упщыфрэ уэ сытми?..

– Ар сыт зищIысыр? Шындырхъуом ещхьуи?

Адэмокъуэм и мурадт хъыджэбзым и щхьэр иудэгунуи, иригъэдаIуэрт:

– Ей, си шыпхъу, зэгъэщIэгъуейщ. Дзэм хэтым мазэ псокIэ яхузэмыгъащIэу йолIалIэ. УзепщыпщэзакъуэкIэ зэфIэкIрэ. Зэм шындырхъуом хуэдэу, зэми блэм зебгъэщхьу, зэм танэ лъеикIэу улъейуэ. Аращ по-пластунскэ жыхуаIэр.

– Танэ дэлъеикIэри хэту, жыпIа? НтIэ, сэра уи гугъэ танэ лъеикIэ зымыщIэр?

Адэмокъуэм нэхъ щIегъэхуабжьэ.

– Уэ уамыгъэлъагъумэ, уэр-уэру пхузэгъэщIэну Iэмал иIэкъым. КъыбгурыIуа?

– Сэ къызгурыIуар пщIэрэ – иджы топышэм телефон кIапсэр зэпиудым, кIуэнур сэращ.

– Уи дэлъхум идэрэ? Идэнукъым. Сэ псалъэ естащ Албиян: уи шыпхъум щхьэкIэ умыгузавэ. Иджы езыр батареем и командирщи, телефонкIэ епсалъэ, – жиIэу Адэмокъуэм зи зыхигъэзагъэртэкъым.

– Си дэлъхум по-пластунскэ жыхуиIэм хуэдэу къипщэпщыхьыфу пIэрэ?

Абдеж аргуэру кхъухьлъатэ макъ къэIуащ. Плъэмэ, уафэ лъащIэм точкэ фIыщIэ цIыкIу куэд щIэту уолъагъу. Точкэ цIыкIухэр ин мэхъу, нэхъ лъахъши защI. Кърум ещхьу, зэкIэлъхьэужьу къокIуэ.

– НитIысхьэ кумбым, – жиIэри Адэмокъуэм унафэ ищIащ.

Арыншэми, Апчари есэжат, бомбардировщик къэсмэ, кумбым ипщхьэу.

Коммутаторри къызэщIэвууащ. Дотий и макъ аргуэру зэхэпхырт. Комиссарыр лъаIуэрт, Iуащхьэ джафэм и щIыбагъым щызэхуосри, «Катюшэр» къахэвгъауэ, жиIэу. Абы нэмыщIкIи, миномётчикхэм унафэ яхуищIырт лагъымым щымысхьу мо нэмыцэ

къому атакэ къежьэну зи хьисэпым къахэуэну.

– Шэч хэлъкъым, – жиIэрт Дотий, – Iуащхьэ джафэр яубыдын я мурадщ. Бомбардировщикхэр къытщхьэщытщи, зыкъыдагъэIэтыркъым. ЗэрытщхьэщыкIыу, атакэ къэкIуэнущи, феуэ, я мурадыр къевмыгъэхъулIэ. Зивмылъэфыхь куэдрэ!

Бомбардировщикхэр уэгум иту «Катюшэр» утыкум къихьэ хъунутэкъым.

Бомбэм щIыр ягъэхъей. Апчарэ зиущэхуауэ кумбым исщ, Албиян и миномётхэри мауэ, арщхьэкIэ абыхэм я уэ макъыр бомбэм зэхыуагъэхыркъым. Миномётчикхэм я миномётыр кууэ окопэм итщи, щIамыгъачэу мауэ, Iуащхьэ джафэм и пщэдыкъым дэуэу. Нэмыцэхэр зыщыгугъар: авиацэр уэгум итыху, ди жагъуэгъум зиущэхуауэ окопэм исынщи, итIанэ нэхъ гъунэгъуу къепщылIэн жаIэу я мурадати, къайхъулIакъым.

Апчарэ къыжраIэжат Чопракъ аузым къикIа бронебойщик щIалитIым Iэмалу къагупсысам и хъыбар. ЩIалитIым гъуджэ тIэкIу къагъуэтауэ я окопэм и щIыбымкIэ гъуджэр трагъэуват, абы уиплъэмэ, бийр къакIуэрэ къэмыкIуэрэ плъагъуу. Езы тIур окопэм ису къыдэплъеймэ – псори ялъагъу. Бронетранспортёр е танк къалъэгъуа – йоувыкIри йоуэ. «ЧопракъдэсхэрIэмалкIэ Iэзэщ» жиIэри Апчарэ дыхьэшхат, ар щызэхихым. Посылкэ къомыр щызэхуахьэсым, ящIатэмэ, гъуджи далъхьэнтэкъэ.

Бомбардировщикхэр уэгум зэрикIыжу, нэмыцэр атакэ къежьащ. Пщыхьэщхьэ хъуати, а зэр арауэ къыщIэкIынт нобэ атакэ къызэрыкIуэнур. Дотий здэщыIэ щIыпIэр арат нэмыцэр нэхъ зытефыщIыхьыр. Сыт ямыщIэми, «лIэну мурад зыщIар» яхуигъэкIуэтыртэкъым. Езы Дотий къылъысу нэмыцэ зыбгъупщI автоматкIэ зэтриукIауэ къыщIэкIынущ.

Дыдейхэми яхэкIуэдыкIар мащIэтэкъым. Пшапэр зэрызэхэуэу, лъэныкъуитIми зауэр щагъэтыжащ. ЗэуапIэ лъэныкъуэмкIэ къикIыурэ уIэгъэ хъуа къомыр зэкIэлъхьэужьу къежьауэ къокIуэ. Я щыгъын тIэкIур зэхэфыщIауэ, езыхэри лъы защIэу уIэгъэ хьэлъэ хъуахэр зэрылъ гум и ужь иту санэскадроныр здэщыIэмкIэ яунэтIащ.

УIэгъэ хъуа щIалэ къомыр щилъагъум, Апчарэ и нэпсыр хуэмыубыдыжу къыщIэжащ. Дыгъуасэ епщIанэ классым щеджэу щытахэм еплъ къащыщIам: хэт и Iэр хужькIэ пхауэ адрей Iэм телъщи, сабий быдзафэ зэрахьым хуэдэу хуэсакъыпэу ехьыр. Модрейм зигъэшащ, дуней хьэзабыр и щIыбым илъым хуэдэуи, лъэбакъуэу ичыр и псэм зыхещIэ. Нэхъ лъэрызехьитIым мыкIуэжыфу гъуэгум къытенам и блыпкъ зырызыр яубыдауэ, лъэпэрапэ мыгъуэмэ, гуIэжу къокIуэ. ЩIалэ цIыкIу дыдэ и лъакъуэ лъэныкъуэр елъэф, баш зыщIигъакъуэурэ. Абы хуэдэ щIалэ къэфэну къытехьамэ, къыдэфэн хъыджэбз къыдэмыкIмэ, укIытэжауэ щIалэхэм я щIыбагъым къыдэувэжу щыташ. И лъакъуэр зэрыпха бинтри къэтIэташи, елъэф. ИтIани, къэгумэщIауэ, зы псалъи къажьэдэкIыркъым икIи щэIуркъым. ЛIыгъэ мыгъуэм зрагъэхь. ЛIыгъэ яхэмылъамэ, танкым пэуву къагъэувыIэфрэт.

Нэху щыри, Локотош нэмыцэ мотоциклыр ищIыжри тетIысхьэжауэ илъэгъуащ. Шофёрымрэ езымрэ махуэ псокIэ елIэлIати, ящIыжыфащи, капитаныр мэгуфIэ. Локотош, шы къа-

рэ тес хуэдэ, мотоциклыр зэ губгъуэмкIэ еху, зэми къегъэзэжри Апчарэ зригъэлъагъуу блож. Хъыджэбзми ар фIэгъэщIэгъуэну и нитIыр тенащ.

– Дауэ къыпщыхъурэ? – жеIэри Локотош Апчарэ йоупщI, хъыджэбзым зыгуэр хищIыкI хуэдэ.

– Хъарзынэщ, тхьэ.

– Уехъуэпса?

– НтIэ.

– Уехъуэпсамэ, узот. Аракъэ хабзэр?

– Ауэ жысIащ, армыхъумэ сыткIэ сыхуей.

– СыткIэ, жыпIа? Адэмокъуэм фэрэ фызыхуей дыдэщ. Зи, фи коммутаторыр, фи Iэмэпсымэр ифлъхьэнщи, макIуэ-мэлъей. Аргуэру зы мотоцикл уиIэныр Iей сытми? Сэ зэзэмызэ сыхуей хъумэ, сытетIысхьэнщ. Гъуэгу дытехьэрэ – фыфейщи, фис.

Адэмокъуэр зыхуеиххэр аращ. Локотош нэхърэ нэхъ Iейуэ мотоциклкIэ IэкIуэлъакIуэкъым. Машинэр зэрызэрихуэфыр къаригъэлъагъуну тетIысхьэри мотоциклыр къызэщIигъэплъауэ адэкIэ жащ, мыдэкIэ жащ. Фермэр хъурейуэ къижыхьри къигъэзэжащ.

Локотош и гуапэт мотоциклым хэзыщIыкIым зэрыритыр.

– Хъарзынэ хъунущ. Апчарэ коммутаторыр иIыгъыу люлькэм исынщ, езы Адэмокъуэр мотоциклым тесынщ. Зи, алыхьым узэрелъэIунщ.

Капитаным и гур зэгъауэ тетIысхьэщ мотоциклми, полкым я НП-м кIуащ.

Адэмокъуэмрэ Апчарэрэ къэнащи, капитаныр здэкIуэмкIэ маплъэ.

– Мотоцикл зехуэкIэ дэнэ щызэбгъэщIа? – жиIэри Апчарэ щIэупщIащ.

– ЛIо, Локотош и закъуэ уи гугъэ механизацэм хэзыщIыкIыр? – жиIэри модрейри къыпыгуфIыкIащ. – Зауэм и пэм МТС-м сыщылажьэу щытащ.

Адэмокъуэр зэрыцIыкIу лъандэрэ IэпщIэлъапщIэт. Зыми зыри къримыгъэлъагъу щхьэкIэ, езым псоми гу лъитэрт. Нэм илъагъур Iэм ещIэж жыхуаIэм хуэдэти, теплъакъэ – зэфIэкIат. ЩIалэ цIыкIуу пхъэ автомобиль, шэрхъищ щIэту, ищIри жылэм ягъэщIагъуэу Iуащхьэм къежэхауэ щытащ. Уеблэмэ а автомобилым ису хьэгъуэлIыгъуэ кIуат, арщхьэкIэ чэф зиIэ щIалэ къомыр къежэри фIакъутащ.

Япэ дыдэ къуажэм кино къыщыкIуам, кономеханикым кIэрыхъыжьащ, кино гъэлъэгъуэкIэ сыгъащIэ, жиIэри. Киномеханикыр зыхуейр апхуэдэ гуэрт. Езыр хъыджэбзым япылъу тIысыжырт, щIалэ цIыкIум киноаппаратыр къыхуигъанэрти.

МТС зэрагъэпэщу илъагъури – машинэм дихьэхащ, и диным икIыным хуэдэу. Дзэм яшати – связист хъуащ, телефонми хъарзынэу хищIыкIырти.

КъыкIэлъыкIуэ махуэри нэхъ гуащIэжу къыщIэкIащ. Нэмыцэр хэ къэкIуэгъуэ атакэ къэкIуат. Зауэр зы дакъикъэ закъуэкIэ увыIакъым. «Iуащхьэ джафэ» жаIэу арат псоми яхуэмыгъэныщкIур. Iуащхьэ жыхуаIэри Мэшыкъуэ Iуащхьэ хуэдиз мэхъу жыпIэнщ. Бомбэмрэ топышэмрэ зэрыщытам нэхърэ нэхъ цIыкIу

ящIащ. «Катюшэ» машинихым абы иращIам урикъунти. Нэмыцэр зэщэри арат – Iуащхьэр яубыдыну, арщхьэкIэ иратыртэкъым. Атакитхур дыдейхэм зэпаудащ, нэмыцэм мыхьыр ирагъэхьу. Ауэрэ атакэ ехани къежьащ... Дыдейхэм я къарур къомэщIэкIри, Iуащхьэр фIаубыдынкIэ шынагъуэ хъуащ...





Пщыхьэщхьэ хъуауэ, командирхэр зэхуэзауэ зочэнджэщ, пщэдей зэрызэуэну планым йогупсыс, топсэлъыхь. Дотий жиIэр мыращ: танк къутауэ губгъуэм къинам телефонист игъэтIысхьауэ ди артиллерием я мафIэр корректировать егъэщIын хуейщ. А танкыр нэмыцэм Iуамылъэфыжын щхьэкIэ, бронебойщик гъэтIысауэ ебгъэхъумэ мэхъу, тягач къакIуэр икъутэн хуэдэу. Комиссарым зэрыжиIа дыдэм хуэдэу, кIыфI зэрыхъуу, нэрыплъэ, танк зэракъутэ гранатэ яIэу, телефони ялъэфри красноармеец гуп нэмыцэ танк къутам итIысхьэну ягъэкIуащ.

Танкыр зыплъыхьыпIэ хъарзынэ хъуащ, укъиплъмэ, нэмыцэм я оборонэр тыншу плъагъуу. Машинэ къекIуалIэми, танк е топ къэрашалIэми – зи, умылъагъу щыIэкъым. Къалъэгъуар телефонкIэ штабым къыжраIэри, мыдэкIэ абы и унафэр кIэщIу ящI. Топ, миномёт сытхэр хьэзырыпсщи, феуэ жыхуаIэм йоуэри зэхагъэщащэ. «Катюшэ» машинэхэри зыхуеиххэр аращи, узэуэнум, къеблагъэ. Нэмыцэм кIуапIи жапIи ямыгъуэту къажыхь, гужьеяуэ. «Iуащхьэ джафэр» зыIэщIэдмыгъэхьэмэ, псэупIэ къыдатынукъым, жаIэу абы трашIыхьауэ, нэмыцэм аргуэру загъэхьэзыр. ИтIани мыхьыр ирагъэхь, «Iуащхьэ джафэр» я нэм бжэгъуу къыщIэуэ хъуащи, увыIэркъым.

Пщыхьэщхьэ хъуауэ, нэмыцэм гу лъатащ бэлыхьлажьэр къызэрыкIыр танк къутауэ губгъуэм итыр зэрыарам. НтIэ? Танкыр къыIулъэфын хуейщ. Ди бронебойщикхэри зэщэр аратэкъэ. Танк къакIуэу щалъагъум, еуэри якъутащ. Ди артиллеристхэми унафэ хуащIат танкым къекIуэлIапIэ имыIэу мафIэкIэ къаухъуреихьыну. Нэмыцэм къагурыIуащ танкыр къыIуплъэф зэры-

мыхъунур. Къэнэжыр сыт? Танкыр гъэсын хуейщ, жаIэри къеуэу къыщIадзэри я танкыр зэхакъутэжащ, термит топышэкIэ мафIи къыщIагъэнащ.

Красноармеец танкым исахэри хэкIуэдащ.

Комиссарым езым и IэкIэ «молния» жыхуаIэ листовкэр къыдигъэкIащ, «еджи уи ныбжьэгъум ет» жиIэу тетхауэ. ЩIалитI танкым исам я зым и унэцIэр Къурмэнт, адрейм и унэцIэр ящIэртэкъым, и цIэм фIэкIа – Алий. Листовкэр зы эскадроным ирахым, адрей эскадроным яхьурэ псори еджащ, щIалитI хэкIуэдам я цIэри я унэцIэри мащIэ-мащIэурэ псоми къащIэжащ.

ИкIэм-икIэжым, нэмыцэм, къарууэ яIэр зэхалъхьэри, «Iуащхьэ джафэр» яубыдащ. Иджы ар къатумыхыжрэ, пщэдей щыщIэдзауэ нэмыцэр Iуащхьэм тесынущ.

Арат нэхъыбэу командирхэр зэгупсысыр.

# Жэщ нур

МафIэу танкхэм, машинэхэм ящIэнар ункIыфIыжатэкъым, уIэгъэ хъуахэми щIыбагъ лъэныкъуэмкIэ кIуэн щагъэтатэкъым, командирхэр, политработникхэр «Iуащхьэ джафэм» нэмыцэр техужа зэрыхъуным тепсэлъыхьу щызэхуэсам. Жыжьэу уплъэмэ – мафIэм ис унэхэм Iугъуэ фIыцIэр ящхьэщытт, нэмыцэ артиллеристхэм я топыр нэхъ зытеубыдапхъэм гу лъаригъатэу. Губгъуэм уихьамэ, лъымэ къыпщIихьэрт, гын Iугъуэмэри абы хэтыжу. Штабым къикIауэ командирхэри къэкIуат, «Iуащхьэ джафэр» нэмыцэм яубыда зэрыхъуар я гум темыхуэу. А лъагапIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр псоми ящIэрт. «Катюшэ» къудейр къащтэт. Абы я залпыр зытебубыдэнур дауэ къэплъагъуну? Нэмыцэм Iуащхьэр, дауи, къагъэсэбэпынщ – дэнэ дей топ щытми, миномёт щытми – псори ялъагъунущ.

Е Iуащхьэр къатехыжын, е мы щIыпIэм IукIын – арат Iуэхур зыIутыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ нэмыцэм уи щхьэ къуагъэIэтынукъым, окопэм исыр шхын щхьэкIэ лIами, зы кухня бгъэдыхьэ хъунукъым. АтIэ абы и Iэмалыр сыт?

Дивизэм я штабым къикIам: нэхущ зэрыхъуу, бийр къещхьэукъуэхыу щыщысым деж датевгъауи Iуащхьэм тесыр едвгъэудых, жаIэрт. Абы фIэбгъэкIрэ – нэмыцэм окопэ кууу къатIа иужь пэлъэщыгъуей хъунщ е упэлъэщыххэнкъым. Топу диIэмкIэ зэуэ деуэм, дэ къэттIа окопэр аращ мысыхьэткIэ ахэр зэрысри, зэдгъэпщэнур дощIэж.

НэгъуэщIу жызыIи щыIэт. Псалъэм папщIэкIэ, зы гупыфI зэхуэтшэсрэ, жэщыр кIыфI щIыкIэ, нэмыцэм я щIыбагъым дыкъыдыхьэрэ нэхущым деж дакъикъэ бжыгъэкIэ лъэныкъуитIкIэ атакэ дыкIуэ щхьэ мыхъурэ. Ар, хъуну жыпIэмэ, хъунут, ауэ нэмыцэм я щIыбагъым дауэ дыхьа хъуну? Гу къылъатэмэ – хэкIуэдащ. ХэмыкIуэдапэуи щIы – зыгуэр къэхъуж хъужыкъуэмэ, дауэ ядэIэпыкъуа хъуну, е атакэ кIуэмэ, здаунэтIын хуейр дауэ ебгъэщIэну, телефон, радио ямыIэмэ. Ди артиллерие дыдэм и мафIэр абы ятехуэнкIи хъунущ. Губгъуэ нэщIым зы жыг иткъым, угъуащэу уздэмыкIуэн укIуэмэ, зэIыхьакъэ, узыхуэзэнур пщIэрэ?

Псоми жаIэнур жаригъэIэри, Дотий къэпсэлъащ:

– Пэжщ, нэмыцэм я щIыбагъ къыдыхьэн хуей гупыр хэкIуэдэнкIэ шынагъуэщ. Ар къызгуроIуэ. Ауэ фегупсысыт мы зым: нэхущым деж атакэ дыкIуэмэ, тхаукIыкIынур тIукIэ-щыкIэ нэхъыбэщ. Сэ фыкъызэдаIуэмэ – нэмыцэм я щIыбагъ жэщу къыдыхьэныр къыхызох, – комиссарым жиIэнур имыуха пэтми, и псалъэр зэпигъэури щысхэм я нэгум иплъащ, фымыгузавэ, зыгуэр кIуэн хуеймэ, фэракъым кIуэнур, жиIэ хуэдэ. И псалъэми кIэщI зригъэщIащ: – Нэмыцэм я щIыбагъым къыдыхьэну гупыр зышэнури сощIэ, – жиIэри.

– Хэт? – жаIэри зыжьэу зыкъом щIэупщIащ, абы псори зэрытегузэвыхьыр пщIэуэ.

Дотий тIэкIу зиIэжьэри:

– Сэ. Аращ зышэнур. ДыщIызэдэуэни щыIэкъым. Дыгувэну Iэмал зимыIэщ. Уставым дауэ зэрыжиIэр: зауэм деж я нэхъ унафэ тэмэмыр сыт? ЗанщIэу къащтэрэ занщIэу ягъэзэщIэжыр аращ. НтIэ, дывмыгъэгувэ, жэщыр кIэщIщ, Iуэхуу къытпэщылъыр кIыхьщ. Сэ зэрыжысIэу зэ девгъэплъи, мыхъурэ – фэ зэрыжыфIэуи тщIынщ.

Комиссарым жиIам занщIэу еувэлIакъым. Командирхэм я гуапэ хъуакъым. Полкым и командир Муталиевым идэххэнутэкъым, штабым къикIа оперативникыр комиссарым къыдэмыщIатэм. Майор Муталиев жыхуаIэр нэгъуэщI щIыпIэ щыIэу зы щIэщхъу гуэр къыIэщIэхъуэри мыбы къагъэкIуати, комиссарым и гум къэкIащ, ярэби, гурыщхъуэ къысхуимыщIу пIэрэ, жиIэу. Ар абы и гум къэмыкIыу хъун – мы полкым майорыр къызэрыкIуэрэ комиссарыр эскадронхэм къахэкIыркъым, мычэму цIыхум яхэтщ. Полкым я плъапIэм «дауэ фыщыт?» жиIэу зэ къытехьакъым. Уеблэмэ полкым и командирым зыгуэрым къыжриIащ: комиссарыр Сталиным и приказым къеджэ къудейкъым, къеджа иужь присягэм хуэдэу красноармеец псоми Iэ трамыдзэу идэркъым. Абы ищIыIужкIэ распискэ къаIех, «сыкъаукIами, лъэбакъуэкIэ сыкъикIуэтынкъым» жиIэу иту.

Командирымрэ комиссарымрэ я псэр зы чысэм илъу зэролъагъу, жиIэу зыми жиIэртэкъым. Абы псоми гу лъатэрт, ауэ Дотий и гум хьэрэм лъэпкъ илътэкъым. Майорми къыгурыIуэрт иджыпсту угувэ зэрымыхъунури, жаIам еувэлIащ. Атакэ кIуэнухэм я кIуэкIэр зэгъэкIуа зэрыхъунум егупсысын хуейщ, артиллеристхэм, миномётчикхэм унафэ яхуумыщIуи хъурэ. МафIэ къыщызэIухын, щыщагъэтыжынур мыхъуу, дакъикъэ бжыгъэкIэ я къалэныр ятегуэшэн хуейщ. Абы нэмыщIыжкIэ, Дотий ишэну гупыр зэхуашэсын хуейщ, ари хэщыпыхьауэ къыхэхауэ. Сигнализацэ жыпIэми аращ.

Майорым хэт сыт ищIэн хуейми командирхэм ягуригъэIуащ. «Жэщ симфонием и дирижёрынур сэращ», – жиIэри зигъэткIиящ. Зыгуэр щыуэмэ, зэрыхуимыгъэгъунур ягуригъэIуащ.

– «Оркестрым» хэтхэм ящыщ къахэпIэнкIыкIым, и пэр щIым щысхуэнщ. Фымыбэлэрыгъ. Дызэрымылъагъуу дызэуэнущи, сигналым фыхуэсакъ. ХьэрэкIытIэ плъыжь, хьэрэкIытIэ удзыфэ, е зы плъыжьрэ удзыфитIрэ, е зы удзыфэрэ плъыжьитIрэ, е тIурытI – плъыжьрэ щIыхурэ – аращ сигналу диIэнури, дэтхэнэ зым и мыхьэнэр фэр дэнэ къэна, фи цIыхухэм гупсэхуу евгъащIэ. А сиг-

налхэр пшынэ Iэпэм хуэдэу щытын хуейщ, узытеIэбэм и макъыр щхьэхуэу. Армыркъэ – «жэщ нур» зыфIэтща операцэр «жэщ кIыфI» хъуауэ нэху дыкъекIынущ.

ФыкъэтIыс мыдэ. Мис сигналу диIэнур: артбатареемрэ миномёт батареемрэ: хьэрэкIытIэ щIыхуитI флъэгъуа – мафIэр къызэIувохри квадрат фызэуэнум фоуэ. ХьэрэкIытIэу плъыжьитI флъэгъуа – мафIэр нэмыцэ оборонэм и кууупIэм фохьри, нэмыцэр Iуащхьэм къевмыгъэкIуалIэу фIыгъщ. АпщIондэху нэмыцэм и щIыбагъым къыдыхьа ди гупыр атакэ къожьэри Iуащхьэм йобгъэрыкIуэ. Iуащхьэр яубыдакъэ – зы хьэрэкIытIэ щIыху драдзейри, дэри итIанэ докIуэ, Iуащхьэм нэмыцэ къедмыгъэкIуалIэу тIыгъщ, ди къару нэхъыщхьэр къэсыху. Иджы сыхьэтрэ дакъикъэ бжыгъэрэкIэ…

Албиян комиссарым и гъунэгъуу щысти, щэху цIыкIуу еIущэщащ:

– Локотош щхьэ здумышэрэ? КартэкIэ Iэзэщ. Жэщ кIыфIым уигъэгъуэщэнкъым.

Дотий, абыи егупсысауэ къыщIэкIынти, идакъым:

– Дэгъуэт, нэмыцэбзи хъарзынэу ещIэр. Ауэ, неIэмал, и лъакъуэр уIэгъэщи, къипщэпщыхьыфынукъым. Дэ нэхъыбэу ныбапхъэкIэ дыпщцын хуейщ.

Майорым диктант ярегъэтх жыпIэнт, командирхэм сигналыр, сыхьэт бжыгъэр къытригъазэ-нытригъазэу яригъэтхырти.

Албиян аргуэру комиссарым еIущэщащ:

– Сэри топографиемкIэ «тху» къэсхьу щытащ, – жиIэри.

Дотий лейтенантыр зыхуейр къыгурыIуати, къыпыгуфIыкIри и дамэм теIэбащ:

– Ухуейкъым, лейтенант. Уи шыпхъу цIыкIум уи нэIэ тегъэти нэхъыфIщ. Чарочкэ – Апчарочкэ… сыту хъыджэбз гуакIуэ. Дапщэри телефон трубкэр къащтэ – «узот», «зэфIэкIащ» жиIэу и макъ цIыкIур зэхэпхыныр куэд и уаси. Умыгузавэ, картэр сэри бзаджэу сщIэркъым.

Майорым, яригъэтхам кърригъэджэжурэ, къазэрыгурыIуар зригъащIэрт.

Жэщыр кIыфIти, командирхэм ятхам дахэ-дахэу къеджэфыртэкъым. Загъэщхъауэ, хьэрфышхуэкIэ ятха пэтми, плъагъуртэкъым.

Дотий хэт здишэнуми я унэцIэр езым кърибжэкIащ. Командирхэм яйхэри ямытхыу хъуакъым. Майорым псоми пIалъэ яритащ, абы зы дакъикъэ закъуэкIэ къыкIэрымыхуу зи гугъу ящIа илъэпкъыр Iэщэ-фащэкIэ зэгъэпэщауэ къэкIуэну. Гупыр зы цIыху плIыщI хуэдиз хъурт. Зауэ екIуэкIар гуащIэти, эскадронхэм цIыхуу къахуэнар мащIэ дыдэт. А цIыху плIыщIыр къэгъуэтыгъуафIэу къагъуэтакъым.

Оперативщик къахэсар икIэщIыпIэкIэ штабым кIуэжащ, зэрызэгурыIуар комдивым жриIэну. Командирхэри зэбгрыкIыжати, Муталиевым Дотий зыкъыхуигъэзащ:

– Уэ комиссарыр, уи пIэ щхьэ уимысрэ? Ди щIакхъуэ Iыхьэр тIэщIэбудыну щхьэ и ужь уит? Командирхэм нэхърэ уэ унэхъ хахуэ хуэдэ, щхьэ япэ укъиищрэ? Я гуапэ хъуа уи гугъэ ар? Ахэр нэхъ къэрабгъэу, уэ нэхъ лIыгъэ пхэлъу ара? Отряд пшэуэ нэмыцэм я

щIыбагъым удыхьэну уэ къыплъысыркъым. Уи IэщIагъэни хуейкъым. ЦIыхум зэхахыу бжесIэнутэкъыми аращ, армыхъумэ ар сигу къызэрыкIрэ мащIэ щIакъым. Ар зы!..

– ЕтIуанэу...

– ЕтIуанэу. Уэ укомиссарщ. Нэмыцэм комиссарым иращIэр уощIэ...

– УапэщIэхуэмэ...

– Ар пщIэрэ зэрыхъунур?

– Си псэр хэту сапэщIэхуэнукъым. Зы шэ си щхьэм хуэзгъэтIылъащ. Абы нэмыщIыж мыри, – Дотий и жыпым «лимонкэ» жыхуаIэ гранатэ цIыкIум хуэдэу зы кърихри къригъэлъэгъуащ. – Шэр сщыгъупщэрэ згъэс хъумэ, мыбы сыщогугъ. Тхьэгъу цIыкIур къипчынщи, уи тхьэкIумэм сыхьэт уедаIуэ хуэдэ Iулъхьи, зэфIэкIащ...

– Уэлэхьи, комиссар, уи диным уикIам уэ слъагъур. УзэрегуакIуэщ. КIуэ. Дэри тлъэкI къэдгъэнэнкъым, мыбыкIэ нэкIуэну отрядым сахэту сэри сынэкIуэнщ. Iуащхьэ щыгур ди зэхуэзапIэщ. Дауэ уеплърэ – командирымрэ комиссарымрэ нэмыцэм яIыгъ Iуащхьэм щызэхуэзэну зэгуроIуэ...

– Къащтэ уи Iэр.

Эскадронхэм къикIын хуея красноармеецхэр къакIуэу щIадзащ щырыщ-плIырыплIурэ. «Адрейхэри къэсыху зывгъэпсэху» жаIати, псоми удзым зыхадзащ. Асыхьэтуи жейм Iурих къахэкIырт, ешати. Дотий зэпиплъыхьырт, къагъэкIуар зыщIэлъэIуар арауэ пIэрэ, жиIэу. Езы красноармеецхэми комиссарыр фIыуэ къацIыхурт. Иджыри ягъэхъыбарыжыр дыгъуасэ зы взвод зэуапIэм къыIукIыу Дотий зэрыригъэзэжар. Пэжу, взводым щыщу къэнэжар зыбгъупщIи хъунутэкъым. «Вгъэзэж!» жиIэу комиссарыр щащIэкIием, зы щIалэ къэгъащ, «товарищ комиссар, немец на курган лысый бросает такой большой бомб – жить невозможно», жиIэу. Комиссарыр нэхъри щIэкIиящ, «дэ дылIэну аращ мыбы дыкъыщIэкIуар, псэупIэ дылъыхъуэу аракъым. Сталиным и приказым феджакъэ: «фыкъаукIами, фыкъикIуэтынкъым. Вгъазэ!» – жиIэри.

ЩIалэ зыбгъупщIым уIэгъэ хъуауэ зы къахьу арати, а уIэгъэр зым иратри адрейхэм ягъэзэжащ, комиссарыр я гъусэу. Ари нэмыцэр къазэрыхэуэу. Абы лъандэрэ цIыхум я фIэщ хъуртэкъым Дотий дыуэ пщIэхэмылъу. «НтIэ, е шэ, е топышэ къутахуэ ситу къытемыхуэрэ» жаIэу, зэдауэрт.

АпщIондэху оперативщикыр штабым нэсыжа хъунти, комдивыр телефон къеуащ. Полковникым майорыр егъалъэ, къешхыдэу: «Комиссарым и щIыбагъым зыкъуэвгъэпщкIуауэ ара? Къуэшрокъуэм и пщэ щхьэ дэфлъхьа нэхъ Iуэху шынагъуэр?» – жиIэу. Езы майорми жиIэнур ищIэркъым. «ЛIо епщIэнур – езыр тфIокIуэ. Командирым ди щIакхъуэ Iыхьэр тIэщIеуд!» – арат Iуэхур зыIутри.

МащIэ-мащIэурэ комдивым и къытехьэр текIыжащ. Ар абы и хабзэ дыдэт. Къэгубжьамэ, сабэ дрипхъейрт, батэкъутэр игъэшу: «ЦIыхур Iисраф ебгъэщIыну ара узэщэр? ЩIым щхьэ ущIэмыхьэрэ. КъегъэтI окопэр кууэ. КъыумыгъэтIрэ – си IэкIэ уи псэр хэсхынщ, кIэрахъуэр уи натIэгум изубыдэнщи. Нобэ узукIынщ. Пщэдей нэс узгъэпсэункъым. Комиссар, еуи укIыт

мыр», – жиIэнти, абыкIэ иухырт. И губжьыр щхьэщыкIыжакъэ – нэгъуэщI зыгуэр хъужащ жыпIэнт. Апхуэдизу зэшхыдам бгъэдыхьэрти, и дамэ щIагъым щIигъэувэрт. И макъым щэху зригъэщIыжырти, дахэ жриIэжырт: «Зумыгъэгусэ абы щхьэкIэ. Сэ сызыхуэгузавэр фэращ. Делэ кIуэдыкIэу фыхэкIуэдэну сыхуейкъым. Дапщэрэ вжесIэрэ: щIым зыхъумэр къехъумэж, жысIэу. Окопэ къэтI, нэхъ кууху нэхъыфIщ. Нобэ уэ сыптекIиякъэ, уэри ятекIиеж уи Iумэтым итхэм. Сэ бжесIам хуэдэу тIу, щы яжеIэ, гъэшынэ, дакъикъэ закъуэ къыдэхуакъэ – окопэр нэхъ куу егъэщI. Быдэ и анэ гъыркъым, жиIащ пасэрейм. Зывгъэбыдэ, фи лъабжьэр щIым евгъэубыд».

Нэмыцэм я щIыбагъым къыдыхьэну гупыр къызэхуэсауэ Дотий яхэтIысхьащ хэт сыт и къалэнми гупсэхуу ягуригъэIуэну. ЗдэкIуэнур зэрышынагъуэри ибзыщIыну и мурадтэкъым:

– Жэщыр кIыфIщ, хьэ къарэм хуэдэу. Шынагъуэщ, – жиIэрт комиссарым. – Псоми къэдмыгъэзэжынкIи мэхъу. Къэхъунур хэт ищIэрэ. Дыгъужьым и жьэм дыжьэдэпщхьэ хуэдэщ. Зигурэ зи щхьэрэ зэтемылъ фхэт – жыфIэ. Иджыпсту жыфIэ – здэтшэнкъым. Зы къэрабгъэ къытхэкIмэ, псори дигъэунэхъункIэ мэхъу. ЖыфIэт: хэт игъэзэжмэ нэхъ къыищтэрэ?

Зыми зыри жиIакъым. Псоми заущэхуат. Къэрабгъэ къазэрыхэмыкIынур езы комиссарми ищIэрт, алейуэ хэщыпыхьа! Зи цIэ ириIуа защIэщ къэкIуари. Дотий абы яхэту мащIэрэ зэуа. Хэт сыт хузэфIэкIынуми ещIэ.

– Хэт гукIэ ищIэрэ Пушкин адыгэм щхьэкIэ «Кавказский пленник» поэмэм хэту итхар? – жиIэри Дотий къыздрихар умыщIэу щIэупщIащ, модрейхэри куэдрэ гугъу иримыгъэхьу езыр къеджэжащ:

*Черкес оружием обвешен,*
*Он им гордится, им утешен,*
*На нем броня, пищаль, колчан,*
*Кубанский лук, кинжал, аркан.*
*И шашка – верная подруга*
*Его трудов, его досуга.*
*Ничто его не тяготит,*
*Ничто не брякнет, пеший, конный*
*Все тот же он, все тот же вид,*
*Непобедимый, непреклонный...*

– ЗэдзэкIын хуей?

– Хьэуэ. ГурыIуэгъуэщ.

– НтIэ, жиIэфакъэ ар жызыIам? Аращ Пушкин адыгэр къызэрыщыхъуу щытар. Дэри ткIэрылъщ Iэщэ, ди адэжьхэм ижьыижьыжкIэ якIэрылъам нэхърэ мынэхъ мащIэу. Ауэ плъагъурэ поэтым зэрыжиIар: «Ничто его не тяготит, ничто не брякнет...» Дэри дывгъэщI апхуэдэу, зы Iэуэлъауэ лъэпкъ дымыщIын щхьэкIэ. Сэ фызоцIыхур псори. Си деж фыкъэкIуамэ, сыныфщIэупщIати, фыкъагъэкIуащ. Сэ фыкъызэупщIмэ, дэтхэнэ зыри къызолъытэ «непобедимэу, непреклоннэу»... НтIэ, тIысэ, сызэрыфщыгугъыу фыкъыщIэкI...

КъызэщIэтаджэри псори дэлъеящ, къелъыхащ, – зыми Iэуэлъауэ ищIыртэкъым. Тутын ефэхэр тутын зырызи ефэжри ежьахэщ. Куэд дэмыкIыу, жэщ кIыфIым зыIуригъэлъэдам хуэдэу, псори бзэхащ. Гуэдз губгъуэшхуэм зэзэмызэ хьэрэкIытIэ гуэр къыхэлъэтырти дунейр къигъэнэхурт. Абдеж псоми загъэщхъыртн, нэхъ хуэм защIырт, Дотий фIэкIа къэмынэу. Комиссарым, нэху хъумэ, зиплъыхьырт, гъуэгур и гум ириубыдэу. Пулемётхэри зэ адэкIэ, зэ мыдэкIэ къыщыпIэнкIырт. ЦIыху Iэуэлъауи къыщыIу къэхъурт.

Псори зэкIэлъхьэужьу зым и лъэужьым зыр иувэу кIуэрт, зы псалъэ закъуи жамыIэу. Иныкъуэми къэувыIэрти, зэщIэдэIукIырт, уафэ лъащIэм щIэплъэу. Нэмыцэм нэхъ пэгъунэгъу дыхъуащ, жаIэу щыхуагъэфащэм, псоми хьэлъакъуиплI защIащ. Апхуэдэу кIуэгъуейт, ауэ арыншэу хъунутэкъым. ХьэлъакъуиплIыр щагъэтри ныбафэкIэ пщыуи хуежьащ. Нэмыцэм яубыда Iуащхьэ джафэр жыжьэу къакIухьын хуейт. Дотий къэувыIэрти, щылът, цIыхум я бауэбапщэр тIысыжыху. Езыри зэщIэдэIукIырт, къызэфIэувэрэ гуэдзым ящхьэпрыплъмэ, нэмыцэ машинэ сытхэр къызэранэкIауэ илъагъурт.

Умысакъыну Iэмал иIэт? УмыщIэххэу уахуэзэнкIэ мэхъу. Уахуэзэ хъумэ, дэнэкIэ ужэн? Нэмыцэр адэкIэ-мыдэкIэ гуэдзым хэсщ, я топ, миномётхэри къыхопIиикI. Иныкъуэм дежи Дотий разведчик ипэкIэ егъакIуэри егъаплъэ. Армырмэ, автоматчикхэм уахуэзэмэ, е пулемёт здэщыт урихьэлIэмэ, зэфIэкIащ. Шынагъуэ щымыIэу къиищIэмэ, мэпщ е лъэныкъуэкIэ дадзых, нэмыцэ здэщысым гу лъатамэ.

ТIэкIу-тIэкIуурэ Дотий и гупыр нэмыцэ оборонэм кууэ хыхьащи, псоми зыкъаIэтыжауэ хуэмурэ макIуэ. Уафэ лъащIэм ущIэплъмэ, «Iуащхьэ джафэр» ижьырабгъумкIэ къызэранэкIауэ уолъагъу. Гуэдз щхьэмыжым ухуэмысакъмэ, хьэцэпэцэ уи пэм ирихьэмэ, уигъэпсчэнщ. Ари узыхуэмей Iуэхущ.

Псалъэмакъ гуэр къэIуащ. Хэту пIэрэ ар? Нэмыцэ макъ хьэмэ венгр макъ? Бзэ зыщIэ дэнэ къипхын, бгъуэтыпэми, сыт и мыхьэнэ. Нэмыцэри венгрри – тIури зыщ. Гу къыплъатэмэ, уисыкIащ. Нэхущвагъуэр зэ къыщIэкIащэрэт, абыкIэ къапщIэ хъунут уздэкIуэну лъэныкъуэр. Псалъэмакъыр нэхъ IупщI хъуащ. Бел Iэуэлъауэ макъи зэхыбох. Окопэ къатIыр, жиIэу Дотий и гум къэкIащ. КъэувыIэри дакъикъэ зыбгъупщI щытащ. Гу Iэуэлъауи къэIуащ, тхьэм ещIэ гур къыщIэкIуар. Походнэ кухнэу пIэрэ? Хьэуэ, псы кърагъахъуэ, котелокхэр ятхьэщI, псы иракIут. Сэлэтхэр зэрызехьэу псы къэзыша гур здэщытымкIэ мажэ, зэдогушыIэ, зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Красноармеецхэри псы хуэлIащ. Уеблэмэ езы Дотий и тэмакъри гъущэ хъуащ.

Псы къэзышар адэкIэ кIуащ.

Дотий и гупри ежьэжащи, макIуэ. Гуэдзым зыгуэр къыхэпIиикIыу щилъагъум, и пIэм ижыхьащ. Сыту пIэрэ ар? Жэщыр кIыфIщи, зищIысыр къыпхуэщIэркъым, нэмыцэм хьэрэкIытIэ ягъэнэхухукIэ зиIэжьащ. Уафэр нэху къэхъури, къищIащ къыхуэмыщIар хыуэ зэгуэт миномёту зэрыщытыр. Нэмыцэм ар яхъумэрт, дэ «Катюшэр» зэрытхъумэм хуэдэ къабзэу. Сэлэтхэр, жэщыр уэмти, псы зытраутхэурэ зэдэджэгурт. Зауэм Iуту

пщIэнутэкъым. Иреджэгу, иреджэгу, къэнэжар куэдкъым, жиIэрт Дотий, абыхэм еплъмэ.

АдэкIэ укIуэ пэтми нэмыцэхэр нэхъ бэлэрыгъауэ зэхэтт, мыхэр зыщышынэ щыIэ, жыпIэу. Гуп-гупурэ сэлэтхэм къаджэдыхь. Машинэ макъ, гу Iэуэлъауэ, бронетранспортёр макъ къоIу. Дотий нэхъ псынщIэ зищIащ. Гу нэхъ къыплъамытэу къэнэнщ, езым уащыщу къафIэщIынкIи хъунущ. Езы нэмыцэхэри тхьэм ещIэ зи ужь итыр, жей щыIэкъым. Дотий плъэмэ, «Iуащхьэ джафэр» ерагъпсэрагъыущ зэрилъагъур, жыжьащи укIуэ хъунукъым. Хьэуазэ пыпхъуэм ещхьу, гуэдзым къыхощ. Зэзэмызи къуэкIыпIэмкIэ маплъэ, нэху щыным куэд къэнэжауэ пIэрэ, жиIэу. Нэмыцэхэми, хэт ищIэрэ, нэху щымэ, аргуэру атакэр къаублэн.

Иджы Iуащхьэмкiэ гъэзэжауэ нэхъ гъунэгъу зыхуэщIын хуейщ. УекIуэлIапи хъунукъым, ди артиллеристхэм я мафIэр къыптещэщэнкIи хъунущи. Нэмыцэхэм щхьэ замыгъэпсэхурэ? Я Iэщэр къралъэфалIэ, нэху мыщ щIыкIэ, жаIэу мэпIащIэмэтхъытхъ. Гуэдзыр Iувщи, плъагъуркъым, итIани Iэуэлъауэ къэIумкIэ къыбощIэ. Дзэ нэхъыби кърашалIэ.

Красноармеецхэм, япэм гузавэу шынами, иджы я гур къызэрыгъуэтыжауэ ягъэщIагъуэрт нэмыцэхэм я оборонэм и курыкупсэм иту къызэракIухьыр. КъызэщIэплъахэти, гъуэгур зыхащIатэкъым. Зэ дынэсыжу ди нэгу щIэкIар тIуэтэжащэрэт, жаIэу арат нэхъ зыщIэхъуэпсыр.

Хуэмурэ заущэхуурэ гуэдзым къыпхрыкIырт, «Iуащхьэ джафэр» ямыгъэкIуэду. Iуащхьэри нэхъ Iэпхъуа хуэдэт, гъунэгъу хъуртэкъыми. УемыужьэрэкIмэ, и чэзум унэмысынкIи шынагъуэщ.

Нэмыцэхэр я топхэм е я миномётхэм бгъэдэсу къалъагъумэ, яхуэмызэн хуэдэу дадзыхырти, жыжьэу къакIухьырт. Красноармеецхэм я Iэпэлъапэр шхэрт, гранатэ щхьэ яхэдмыдзэрэ, жаIэрт. Си Iуэхут ахэр уэршэру зэхэсмэ. Я щхьэ щIахьауэ щIэпхъуэмэ, дэнэу пIэрэт здэжэнур? Къэрэгъул къэгуоуащ. Псори къэскIауэ къэувыIащи, щытщ. Дотий къыгурыIуащ къэрэгъулыр зыхуейр: «ЛъэныкъуэкIэ зыIуевгъэх» жиIэу арат.

«Банэ пIураулъэф», жиIэри комиссарым дидзыхащ, къэрэгъулыр къимыгъэбырсеин щхьэкIэ. Тхьэм ещIэ абы ихъумэр – техникэщIэ къаIэщIыхьамэ, арагъэнщ.

Iуащхьэ щыгум хьэрэкIытIэ къыщынэхуащ. Дотий плъати, «зы километру къыщIэкIынщ къэнэжар» жиIэри абы триухуащ. Иджыри тIэкIу якIужмэ, увыIэпIэ гуэр къагъуэту загъэпщкIун хуейщ.

Нэхъ гъунэгъуу Iуащхьэм екIуэлIэху, топышэм къраудa кумбыр нэхъыбэ хъурт. Гуэдзыр хисыкIати, Iугъуэмэ иджыри къэс къахихырт. Гуэдзым чэф зиIэ тракторист тракторкIэ хэлъадэри зэхивыхьащ жыпIэнт. Иджы гуэдзыр нэхъ щыIувыпIэ гуэр хуэзатэмэ, зыхагъэпщкIуэнт. Нэмыцэхэм я топ, пулемёт сытхэр гъунэгъу тIэкIуу уолъагъу. АдэкIэ уплъэмэ, танк сытхэр, я топхэр ди дежкIэ гъэзауэ зэхэтщ. Санитарнэ машинэ гуэр къыщыблэжым, Дотий къыжьэхэуэ пэтащ. Ауэ нэмыцэхэм я гугъэнт красноармеецхэр я щIыбагъкIэ къекIуэкIауэ я пщэдыкъым къыдэсу – езым ящыщ къафIэщIри машинэм зыблригъэхащ. Зи къэпIэнкI макъ зэхах пулемётыр жыжьащэтэкъым. ХьэрэкIытIэ къызэщIэлыдэм, пулемётри мауэ.

Сыхьэтыр здынэсыну пIалъэм къэнэжар куэдыжтэкъым. Нэхулъи къыщIащ. Абдежым зыкъызэкъуахри топхэр къауэу хуежьащ. Топышэр Iуащхьэм къытолъалъэ. ЗанщIэу псори Iугъуэ мэхъу. Термит лагъымхэри къызэщIэлыдащи, Iуащхьэр къегъэнэху. «Катюшэ» жиIэри Дотий и гум къэкIащ, щIым мафIэ щIэна хуэдэу щилъагъум. Топышэхэри къауэрт, щIыр игъэгурыму, игъэзджызджу. Окопэ къэзымытIауэ Iуащхьэм теса нэмыцэхэр зэхэзежэ хъуащ. Нэмыцэм я топышэри Дотий сымэ здэщысым ящхьэпрылъэтурэ здэкIуэнум кIуэрт. МафIэм ис нэмыцэ щыIэу къыщIэкIынт, гын Iугъуэм жьэрымэ хэту къащIихьэрти.

Гуэдзми мафIэ къыщIэнауэ мафIэ бзийм псори къегъэнэху, лыгъэр мыбыкIи къэкIуэну шынагъуэщ. Жэщыр нэху хъуащ. «Iуащхьэ джафэм» тесар зэрызохьэ, я щхьэр здахьын ямыщIэу, зым зыр и ужь иту къызэрехьэхыу щыхуежьэ дыдэм, топ къэуэныр пичащ. Арат комиссарыр зыпэплъари, и отрядыр къиIэтри, «Ура!» жаIэу Iуащхьэм еIащ. МыдэкIэ уплъэмэ, Iуащхьэм тесхэм ядэIэпыкъуну мажэ жыпIэнут. Iуащхьэм тесхэр къызэплъэкIмэ, къэхъуар къахуэщIэркъым – я щIыбагъым жагъуэгъур къыхутэнкIэ щхьэ хъуа? Окопэ зэрысамкIэ ягъэзэжауэ мажэ, арщхьэкIэ красноармеецхэм я автоматышэр ятолъалъэ. Комиссарыр Iуащхьэм зэрынэсу хьэрэкIытIэ щIыху дригъэуеящ.

ЗэрызэгурыIуати, топауэм аргуэру къиублэжащ. АрщхьэкIэ иджы топышэр Iуащхьэм и хъуреягъкIэ къыщоуэ, мафIэ къалэкIэ къиухъуреихьу.

Муталиевым и гугъат Iуащхьэм нэмыцэ къытемынэжауэ. И отрядыр къызэщIиIэтэри, ари атакэ ежьащ, Дотий дэIэпыкъун и хьисэпу. Нэмыцэр лъэныкъуитIым дэубыда хъуауэ, ялъэкI къамыгъанэу зашхыхьыж. Комиссарым гу лъитащ майорыр пасэIуэу къызэрежьам, арщхьэкIэ удэIэпыкъуну Iэмал зимыIэт. Дауэ хъуми, Iуэхур здынэсынум нэгъэсын хуейт, нэху мыщ щIыкIэ. Нэмыцэм укъалъагъу зэрыхъуу къыптемыгушхуэу къэнэнукъым, Iуащхьэр зыубыдыр зэрымащIэ тIэкIум гу лъатэнщи.

Майорри пIэщIэну къыщIэкIынтэкъым, «комиссарым и щIыбагъым зыщывгъэпщкIуауэ ара?» жиIэу къемыщатэмэ. А псалъэр шэуэ къытехуати, майорыр и пIэм изэгъэжыртэкъым. Комдивыр къыхуэхъущIа къудейкъым. ТанкиплIи къаритащ, фи мурад нэхъ къывэхъулIа хъунщ, жиIэри.

ТанкиплIыр япэ иту майорыр ежьат, и ротэр иришажьэри. Танкымрэ пехотэмрэ къыщалъагъум, нэмыцэм я мафIэр абы къраутIыпщауэ дунейкъутэжщ. Езы Муталиевым сигналыр зэхигъэгъуэщауэ ищIэнур ищIэжыркъым. Iуащхьэ лъапэм нэсауэ майорыр, топышэ къутахуэ къытехуэри, джэлащ. И нэр къыщхьэрипхъуауэ зимыщIэжу гуэдзым къыхэнащи, комиссарым сыткIэ сэбэп хуэхъун.

«Iуащхьэ джафэм» и щыгур ди зэIущIапIэщ, жаIати, я зэхуэзэкIэр зэрагугъам хуэдэу къыщIэкIакъым. Комиссарым и отрядым щыщу Iыхьэ щанэр е уIэгъэщ, е къаукIащ. Майорым иришэжьахэми куэд хэкIуэдыкIащ. ИтIани я мурадыр къехъулIащ – нэмыцэр Iуащхьэм трахуащи, псэууэ къэнар мэгуфIэ. Я текIуэныгъэр «Iуащхьэ джафэм» хуэдиз фIэкIа мыхъу пэтми, текIуэныгъэщ. Лъы умыгъажэуи утекIуэн?

*Усэхэр* КIЫЩОКЪУЭ Алим

## ТЕЛЪХЬЭ УАНЭР СИ ШЫМ

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ.
Зауэм кIуэ жаIауэ,
ТэрчкIэ соукъуэдий.
Сэ уанэгу сыкъихурэ
Губгъуэм сыкъинами,
Сызыпылъ хъыджэбзым
И гум сумыгъэху.

Телъхьэ уанэр си шым,
Уэ си шынэхъыщIэ,
Дахэм гу щызмыхуэу
Нобэ шы сошэс.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си уэрэдыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

Сянэр къысщIэупщIэм,
Къэзгъэзэжу жыIэ.
Сядэр къоупщIамэ,
Пэжыр умыбзыщI.
Сэ уанэгу сыкъихуу
Губгъуэм сыкъинами,
Си хъыбарыр жепIэурэ
Дахэм игу сигъэлъ.

## ЗЭУАПIЭ

Ерыщу лъабжьэр фIагъанэу,
Мыбдежым бийхэр итат,
Жыр Iэщэ Iэджэр къагъанэу,
Ар дэ удынкIэ Iутхуат.
Щытщ танкхэр, топхэр пэзазэу,
Уэсыр сытхъу хужьу тесащ.
Бий хьэдэ нэжьгъым уэс изу,
Иныкъуэр мафIэм исащ.
Шэрхъ закъуэу шыгур ещIауэ,

Шийуэ уэс губгъуэм къинаи,
Уэс щIыIур фIыцIэ зыщIауэ
Гын Iугъуэ щIыгум тенаи.
Жьыбгъэр а щIыпIэм щоятэр,
Зауэм и шхахуэр есей –
Фийуэ бий хьэдэм толъадэ,
Хьэдэм хуеутхыпщIыр я цейр.
Бийр щIым ишэчыныр идакъым,
Ар абы и блыгу щIилъхьащ.
Хамэ насып хэт щIэкъуами
Ажалыр псынщIэу лъысащ.

## СИ ФОЧЫМ IЭПЛIЭ ЕСШЭКIАУЭ

Си фочым IэплIэ есшэкIауэ,
Окоп блын щIыIэм зызогъэщI,
Гупсысэ хьэлъэр къыстеуауэ,
Абы сэ си гур ныхегъэщI.

Мэгубжь сигу Iэлыр, зешхыхьыж, –
Ди адэжь и унэм бийр щIыхьащ.
Лейзехьэр и щхьэм ныщотхъуж,
Си анэжьым гуауэр жьэхихьащ.

Нэмыцэр хуэму бжьэпэм докI,
Къурш щхъуантIэ дахэм щыту йоплъ,
ЩIыгу сыщапIами тетын лъокI,
Ар сыту хьэлъэ. Си гур къоплъ.

Ар бийм хуэздэнкъым, щIы уи фIэщ,
Абы и щIапIэм сынэсынщ,
Ди щIыгу къарукIэ сэ сылъэщщ,
А бийм сэ мащэр лъызгъэсынщ.

## АТАКЭМ И ПЭКIЭ

Уэсятым хуэдэу, уэ, си къуэш,
КъедаIуэт сэ си псалъэ пэж.
Къытпоплъэ зауэр дэ пщэдей,
ЖызоIэр сэри: «Биим я ней!»
Къихьащ сигу Iэлым сэ зэуэн,
Фашистхэм я псэ зэу згъэнын

Си гуапэу, сэри сыщIохъуэпс.
Атакэм и пэ, уафэхъуэпскI
КъытфIэщIу, топхэр ныздеуэнщ,
Абдежым бийхэм датеуэнщ.
СлъэмыкIми Iуащхьэм сынэсын,
Дэ тщыщ а щIыпIэм лъэIэсынщ.
УIэгъэ сохъур… е саукI,
Фэ фыкIуэ адкIэ, фэ фыпхыкI,
Ирегъ си анэ, сэр нэмыщI,
Зым и ани и гур хремыщI;
Къытеплъэр зауэр дэ пщэдей.
Мырщ ди къалэныр дэ абдей:
Бийм дытекIуэн е дыкIуэдын!..
Аращи, къащтэ зы тутын.

## УIЭГЪЭ

Топышэм щIыпцIэр кърихуау,
Къутахуэр си бгъэм къытехуат.
СIэщIэхущ си Iэщэр сэ абдеж,
Лъы пщтырыр си бгъэм, сыт, кърeж, –
Къум псыншэр силъкIэ сэ согъэнщI,
ТкIуэпс плъыжьхэм удзыр яуфэнщI.
Топышэм губгъуэр зэхавау
Гын Iугъуэр дыджу щхьэщыуващ,
Мэзджызджыр ди щIыр, мэгумэщI,
УIэгъэр удзкIэ сэ солъэщI,
Къуэ кIуэцIым, нэпкъым щыуэр топщ.
Сэ си гур, къоплъыр, ар зэгуоп,
Абы зэуэнкIэ зимыгъэнщI –
Къарур уIэгъэм сфIыхегъэщI.
ЗауэлI илъ зауэм щымыкIуэд,
БлэкIынщ иджыри махуэ куэд.
Удз тхьэмпэ плъыжьхэр кIуэдыжау,
НэгъуэщI нэхъ дахэу къикIэжау,
УIэгъэр дыркъуэу сэ сиIэнщ,
ИтIанэ дищIми мыр жесIэнщ:
«Уэ дэрэ дыркъуэ къыттенащ,
АрщхьэкIэ бийхэм датекIуащ».

## СЭЛЭТ ШЫРЫКЪУ

Гъуэгу ткIум щытщI мафIэм пхисыкIауэ
И лъапщэм куэдрэ шэ техуащ,

Ди хэку ар слъыгъыу сыкъикIауэ
Берлин нэсыхукIэ сыкъэкIуащ.

Иджы и лъэгур къыщIэхуами,
ИтIани щIэкIэ ар схъуэжын?
Ар слъыгъыу бийхэм сатекIуащи,
Сэ ар гуфIэгъуэм хуэсхьыжынщ.

СхуащIынщ ныбжьэгъухэм джэгу, згъэзэжмэ,
БжэIупэр къабзэу япхъэнкIау,
Хуэм хъумэ, Iэгур къаублэжу,
Къэфэнщ бащлъыкъыр екъуэкIау.

Абы шырыкъур сэ нэсхьэсмэ,
Ар слъыгъыу сщIынущ ислъэмей,
Сэлэт шырыкъум сфIэфIщ сэ лъысмэ
Япэ къэфэгъуэр мис абдей.

## МАЙМ И 9-М 1945 ГЪЭМ

Духащ зэуэныр! ТекIуэныгъэр
Штык пцIанэм нуру толыдыкI!
Къихьащ гуфIэгъуэр ди цIыху лIыгъэм,
ФыкъикI окопхэм, фыкъыздикI!

ЗауэлIхэм, фIыгъуэм чэф ищIауэ,
КъикIын окопхэм шэчхэр ящI,
Я цейм ятIагъуэр кIэрыпщIауэ
Шейтейу къажыхьыр, ба зэхуащI.

Окопым къокIри зы долъей,
И каскэ щIыхур щхьэрихауэ.
ЩIы щIыIум щещIыр ислъэмей,
Iэгу йоуэ псори, къэгушхуауэ.

Фашист окопхэр хъуахэщ нэщI.
ЗауэлIхэр щохьэ бий зигу икIам:
«Урыс сэлэтым щхьэщэ хуэфщI,
Арщ къыфтекIуэнырзылъэкIар!»

## САЛЮТ

Бгым къелъэ псышхуэм и макъ уардэу,
Мэзкуу салютхэр зэхыдох,
Дэ текIуэныгъэр ди гъуэгу мардэу
Бийр щхьэхьу ди щIым дэ идоху.

Ар жьым хэкIуасэу макъ гуфIэгъуэу
Ди мэзхэм, губгъуэм щызэпхокI,
Абы йодаIуэр ди анэр гугъэу,
И щIалэр хъуэхъукIэ и гум къокI.

Абы йодаIуэр ди адэр пагэу,
И къамэр IитIкIэ иубыдауэ,
Щхьэ тхъуар иIэту, бжьыфIэу, лъагэу,
ГуфIэгъуэр нэкIум телыдауэ.

ЙодэIу а макъым ди нысащIэр,
ХуищIауэ IэплIэ и сабийм,
«КъэкIуэжмэ» – жиIэу ар мэпIащIэ,
Дэ докIуэ, докIуэ деуэу бийм.

ПщIэнтIэпсрэ лъыпсрэ зи фадэу
Щыта щIым пшэжьхэр щхьэщыдоху.
Бгым къелъэ псышхуэм и макъ уардэу,
Мэзкуу салютхэр зэхыдох.

## СЭЛЭТ СЭЛАМ

ЗэуакIуэ уи къуэр къикIыжащи,
Уи пащхьэм ити, зи щIыхь куу.
Сэлэт сэламыр къыпхуихьащи,
КъеIых а тыгъэр, си Мэзкуу.

Сэ а сэламыр илъэсиплIми
Бгъурылъу щIыхьым сигу илъащ,
Атакэм дежи, бийр къытхуилъми,
Пэслъытэу гъащIэм сэ схъумащ.

Уи къуэфIхэр текIуэм, салют щептуи
Площадь мывалъэу уубгъуам,
Уи унэ хужьхэу ин зэтету
Плакатым иту сэ слъэгъуам,

ХуэсщIыну щхьэщэ сыкъэкIуауэ,
Аузым хуэдэу, уи уэрамхэм
Сыдэтщ, насыпым чэф сищIауэ.
Уи мывэу дыгъэм къигъэплъахэм

СарикIуэм, мэIур си лъэ макъыр,
А макъыр мывэм и сэламу
КъысфIощIри, сэри сыхуосакъыр –
Ди бгы щIыхухэм ещхьу ари лахэщ.

Мо Кремль лъэщым и вагъуитхум
Сеплъыну бгыщхьэм сыкъыщыплъэрт,
Iугъуейм дыхэту бийхэр щытхум,
А тхум я нурыр си гум щыблэрт.

Уи деж, нэхъапэу къэслъытауэ,
Сэ гъуэгу зэпысчри сыкъэкIуащ,
СIых си сэламыр, гу къылъытэ,
Сэ куэдрэ лъыкIэ ар згъэнщIащ.

Кавказ бгы щIыхухэм сыщалъхуами,
СыппIащ уэ, гъащIэ къызэптащ.
ЗэуапIэ дапщэ сэ сихуами,
Пхуэстын си гъащIэр сэ сфIэфIащ.



НАЛО Ахьмэдхъан

# Рейхстагым адыгэбзи тетщ

*Рассказ*



**Къалэжь щIалэ танэхэм зауэр къазэрыгурыIуэу щытамрэ Хьэгъундокъуэ Барэ иджы и нэгу щIэкIымрэ зэхуэдэкъым: «Ур-р-р-а-а! Еуэ! УпщIатэ! ПIытI! УкI!» – Шуудзэ лъэтам бийр ирахужьэри зэхаупщIатэ, токIуэ, къалэр яубыд. Къалэдэсхэр гуфIэу къапожажьэри, шу сатырхэр ерагъыу пхыкIыф къудейщ бжьэ къэпщIам хуэдэу зэрызехьэ цIыхум. Хъыджэбзхэм удз гъэгъа къахь, фызыжьхэр магъ, сабийхэр шыпщэм къыдопщей – псори мэгуфIэ: цIыхур хуит хъужащ…»**

**Аращ Барэ Къалэжьым зауэр зэрыщицIыхуу щытар.**

**Зауэм хэт сержант Хьэгъундокъуэм иджы къыгурыIуащ зауэм зауэр зэрыщымыдахэр.**

**Зауэр ажалу Iейщ. Ауэ, пэжщ, зауэм хэтыкIэ Iэджи иIэщ. Зауэм хэт щыIэщ фоч имыгъауэу, дивизиехэр шахмат кIэну игъэIэпхъуэу, дэнэ сыт къыщыхъуми ищIэу (ищIэн хуейуэ, ищIэ и гугъэжу). НэгъуэщI хэтыкIи щыIэщ: лъабжьэмкIэ щагъахъэм и хъыбарыр кIэн зыгъэIэпхъуэм худрихьейурэ кIэн зыгъэIэпхъуэм и унафэри лъабжьэм кърихьэхыжу, кIэщIу жыпIэмэ, хъыбарзехьэ. А шахмат кIэну ягъэIэпхъуэр нэхъыбэщ, зыгъэIэпхъуэм нэхърэ. ЗыгъэIэпхъуэм куэд елъытащ, куэд и пщэ дэлъщ, куэдым я Iуэху зэрехуэ. ЯгъэIэпхъуэр а псо дыдэми щымыгъуэзэнкIэ мэхъу, егупсысыну къылъысыркъыми, хущIыхьэркъыми. Ауэ абы куэд елъагъу, куэд и фэ докI. Абы елъагъу зыми имылъагъу, зэхех зыми зэхимых, ешэч зыми имышэч, щIишэчыр ищIэжмэ и насыпщ. ЯтIэр, шэдыр, уэсыр и унапIэщ. Iэщэу зэрахьэмкIэ яукIыну къалъыхъуэ. Езыми иукIыну къелъыхъуэ. Къигъуэтын – зыкъримыгъэгъуэтын, иукIын – зримыгъэукIын – аращ сэлэтым и къалэныр. Ауэ ар къалэныш-**

хуэщ, акъылышхуэщ, лIыгъэшхуэщ! Дэнэ а къалэныр къыздикIар? Унафэщ, хабзэщ. Хабзэщи, анэм и лъэпагъым къуэр хегъэкIри шынелым кIуэцIешыхьри окопэ шэдым хедзэ, абы щыпсэуну, щызэуэну, щылIэжыну. НысащIэр къыщIенэри, щауэщIэр окопэ щIыIэм щодыкъ, и фыз и гупэ хамэ имыгъэгъуэлъыну. Сабий быныр къызэхенэри, адэр Iуохьэ зэуапIэм – бынунэр унэIут имыщIыну. Хабзэщ. ЦIыхухэм я унафэщ, я хабзэщ. Псыр ипщэкIэ дэжейркъым, атIэ ищхъэрэкIэ йожэх, аращ хабзэр. Хабзэщ дыгъэр къыкъуэкIрэ къухьэжу, цIыхуми я хабзэщ я Хэку, я жылэ, я анэ, я унэ, бийм ирамыту, яхъумэжу... Дунейр зэщIиуфIыцIауэ бийр къокIуэ, къоуэ, къопщ, къоуэ. Уаещ, ятIэщ, лъыщ, щIыIэщ, фIейщ, цIэщ, ажалщ. Къопщ – къоуэ, къотэдж – къоуэ, мэгъуэлъ – къоуэ, къоуэ, къоуэ, къыкIэрыхуахэм хьэдэр зэхуалъэфэсыжурэ щIатIэж. А псоми закъыкIэригъэхури зигъэпщкIуауэ, мес, сэлэт гуэри къуацэм хэсщ. И хъуржынитIыр игъэтIылъри мафIэ ищIауэ зегъэхуабэ, лулэ щIоф, и нэпс-пэпс елъэщI, Iугъуэр IэкIэ Iуихуурэ мэтэджри зеплъыхь, мэтIысыжри хъуржыныщхьэр етIатэ, зыгуэрхэр кърихыурэ мафIэм ирегъэу, ишытIэрэ зэпичурэ жыжьэу Iуедзыж. Сыт мыр зэлэжьыр? А-а-а! Мыр сэлэт кIуэрыкIуэсэж хьэдэфыщIщ: Iэпхъуамбэ дия къыпищIыкIахэр иджы къигъэвыжурэ Iэлъын къаIэрех, хуит хъужа Iэпхъуамбэхэр хыфIедзэж. Аращ мыбы зи Iуэху зэрихуэр. Ари зауэм и анэлщ...

Бийр къалэм къыдохьэ.

Къалэм и уэрам къэс дзэ сатыр фIей кIыхь дохьэ, допщхьэ, псыхьэлыгъуэ фIейуэ долъадэ. Къалэ зыгъуэтам, щIым зыщIиф шэдыпсу, унэм зытрагуашэ, унэхэм зыщIаф. УвыIэ имыIэу уэрам къэс къыдэлъадэ дзэ псыпэхэр къалэ унэхэм чэзу-чэзууэрэ зыщIаф. Псыпэм псыкIэ кърожэ, увыIэркъым. Унэхэми зыщIаф. ЗыщIамыфынкIи Iэмал иIэкъым – унэхэр нэщIщ: цIыхур хэт дэкIащ ди дзэм щIыгъуу, хэти щIэжри къалэку утыкум итIысхьащ, къыщIэна закъуэтIакъуэри подвалым Iэпхъуащ – сытми, унэхэр нэщIщ, хамэдзэри зыщIаф. Къалэ утыкум щызэхуэса цIыхубзхэр сатыр-сатыру зэбгъурысхэщ, уэс къесара, е сэлэт гъэблэгунэра – сытми зыгуэрым зыщахъумэу, я щхьэм тепхъуэ тепхъуащ, а тепхъуэм щIэсыр хэтми ящIэркъым, ямыIэтауэ. Хьэлэмэту къагупсысащ мы къалэку итIысхьэр! ЦIыхубзым сэлэтым зыщихъумэну IэмалыфIщ. IэмалыфIщ, ауэ сэлэт губжьам а Iэмалыр щыпэмылъэщыр нэхъыбэщ: сатыр зэхуаку къэс сэлэт сатыри ирокIуэ, щхьэтепхъуэр яIэтрэ и щIагъ щIэсыр зрагъэщIэу. Тепхъуэ щIагъым цIыхухъу щIагъуатэркъым, ауэ фызыжь щыгъын щыгъыу хъыджэбз тхьэIухуд гъунэжу къыщIокI. КъыщIокI, я унэхъугъуэ къэсащи. Зи унэхъугъуэ къэсар зыIэрыхьа сэлэтым, ар хэтми, и кIэн къикIащи, и гъэрыр кърешажьэ. Зэрыпэмылъэщынур ещIэри, адрейри ныкъуакъуэркъым. Ныкъуакъуэркъым, ауэ мэкIий, блэм зыщIишэ хьэндыркъуакъуэу. Магъ, мэкIий, мэкIэзыз. Тепхъуэ щIагъым щIэс сатырхэр абы дожьу. Зи Iэпэ яубыдыр куэд щыхъукIэ, абы дэкIийр нэхъыбэжщи, утыку иным гъуахъуэ макъыр толъкъуну щхьэщытщ. А макъым щхьэкIэ цIыхубз хашынри увыIэркъым. УвыIэркъым махуэми, «нэхущ, емыкIущ» жаIэу. Жэщми фонариккIэ тепхъуэ щIагъым щIоплъэ. Унэхэм зыщIамыфыжыфхэу, шэд инауэ, сэлэт сатырхэр уэрамхэм дэдиихьащ. Чэф хъуа зырызи уолъагъу. Сэлэт хэкIуэта гуэрым, и пащIэ къыщIэгуфIыкIыу, зи шэгъуэ нэмыса хъыджэбз дахэ цIыкIу подвалым ирешэх, сатырым хэдиихьам ар трагъэгушхуэ: – Екъу адэ, хэт и былым!

И фыз хэкІуэтамрэ ипхъу зи шэгъуэмрэ уних зэтетым къридзыхри езыри къыкІэлъелъэжауэ, кІэнауэ куум щы дэлъщ. ЛІы хэкІуэтам зыгуэр лъэкІыу зэрыщытам и щыхьэтщ и бгъэм дамыгъэ къом хэлъыр. ЛІыри фызри псэужкъым, ауэ я пхъур иджыри къотІыс, зыгуэрым гущІэгъукІэ хуигъэува псы птулъкІэм и Іэ къутар хуеший. И ІитІри и лъакъуитІри зэфІэщІыкІащ, нэгъуэщІ къутами пщІэркъым, ауэ псэущ. КІэнауэр куущ, хэт пхуипщхьэн? Сэлэт «гущІэгъулы» гуэрым автоматкІэ нещІысыж хъыджэбзым и адэм нимыгъэсар. Сэлэт псыпэу къалэм щызэбгрыжам ящыщ зы унэ кІыхьыжьышхуэм и бжэм Іуолъадэ. Япэ ит сэлэт закъуэр унэм щІопкІэри гуфІэгъуэр иІэу мэкІий:

– Ур-а-а-а! Мис мыр унэщ!

Пэжщ, унэр нэхущ, хуитщ, хуабэщ, сэлэт казармэм ещхьу гъуэлъыпІэ сатырхэр щыуэ ирокІуэ. Къалэр зыубыда сэлэтхэм хуамыгъэхьэзырауэ пІэрэ мыр? Ауэ мыр сыт? ГъуэлъыпІэ къэс цІыху илъщ. Ахэр щІэбгъэкІыу, унэр бубыд хъунущ. Сыту щэху мыпхуэдиз цІыху зыщІэлъ унэр?! «Мэжейхэр! А гъуэгу мыгъуэ ежьэн къом, лІа мыхэр: топ уэ макъ къомми щхьэ къамыгъэушарэ?» Сэлэтыр бгъэдолъадэ япэ гъуэлъыпІэм. ПІэ хужьым лІырэ фызрэ хэлъщ. ЛІыр еудыныщІэ – къэушыркъым. ЙоплъыпэрИ, хьэдэщ. Фызри хьэдэщ. ЕтІуанэ гъуэлъыпІэри, ещанэри… – псори хьэдэщ. Сэлэт мышынэр мэшынэ, кІийуи къыщІожыжри сатырхэм холъэдэж…

АпщІондэху спирт яІыгъыу сэлэт зэрегъэфа гуп къыІуохьэжри, нэхъыбэж ахэр къыздикІыжымкІэ зэрохь. Пэи кІэи зимыІэ подвалышхуэр, шагъыр гъэувыпІэр, хъумпІэцІэджыгъуэ ящІащи, гъуанэу иІэм дзэр епщІащ: хэт йохьэ, хэт къокІыж, адэ щІыхьауэ щызэрызехьэри мацІэм хуэдэщ. Унэ зэтет и лъагагъ хуэдиз зиІэ чеижьхэм я щхьэм дэмыкІуеифу, автоматымкІэ пхаудахэу, гъуанэ куэдхэмкІэ шагъыр къыпхеутхыкІ, апхуэдэ зы къыпыж къэс сэлэтитІ-щы бгъэдэтщ, зэрыбгъахъуэ хъуну яІыгъыр щІаубыдэри. Апхуэдэ чейхэр куэдыщэ зэрыхъумрэ, чей къэс гъуанэ куэд зэриІэмрэ, зы къыпыжыпІэм цІыхуитІ-щы зэрыбгъэдэтыжыр хэплъхьэжмэ, подвал абрагъуэм цІыху мин бжыгъэ зэрыщІэтри къыбгурыІуэнущ. А къыпыж къомыр псори щІаубыдам зэримылъадэм къыхэкІкІэ, зи хьэлъэ ирикъуам къызригъэжа гъуанэр имыгъэбыдэжу зэрежьэжам къыхэкІкІэ, подвалышхуэм увыІэгъуэ имыІэу шагъыр щІолъадэ, псым хуэдэу. Ар зытелъадэр цемент лъэгущи, зыщІифыркъым, чейм къижыр подвалым щІолъадэри, сэлэтхэм я лъакъуащхьэм къэсу шагъырым хэтщ. А шагъырри сорт-сорту зэщхьэщокІри, чэф зыгъуэта сэлэтхэм хэплъыхь ящІ: хэт езым нэхъ къищтэн лъыхъуэу къекІухь… Патруль гуп и гъусэу зы майор гуэрми нэхъ псынщІэу къежыхь, кІийуэ:

– ФыщІэкІ! Зи псэ хуеижыр фыщэкІ! Мис, лагъым щІызолъхьэ, подвалыр къэзгъэуэну! ФынышІэкІ!

– Хьэ-хьэ-хьэ! Къэгъауэ, майор, къэгъауэ! Шагъырым дыхэлъу жэнэтым дыкІуэнщ.

– ФыщІэкІ! ФыщІэкІ!

… Жэщ хъуащ. Унэм дзыхь хуамыщІу, вокзалым тет мафІэгур тІысыпІэ зыщІа офицер гуп къызэрызэщІэгъэплъауэ пщыхьэщхьэшхэ ящІ.

– Шампанскэ телъыджэщ!

– Телъыджэт – духащ.

– Фриц!
– СынодаӀуэ, зиусхьэн лейтенант!
– КӀуэт, шампанскэ къэхьыт, къыдэмэщӀэкӀащ.
– Мыдэ щыӀэщ птулъкӀитӀ-щы.
– Къащтэ, укъэсыжыху дрикъунщ. Хэт щӀэмыхъуэпсар мы къалэм щефэну?..
– Къащтэ ари, кӀуэ!
– Иджыпсту!
– Ивгъахъуэ. Ди текӀуэныгъэкӀэ, ди фюрер и узыншагъэкӀэ фефэ!..

Гупым я шагъырыр ямыухыпауэ шагъырыхьэ ягъэкӀуа фрицыр къыщӀолъэдэж, и джанэ пщампӀэр тӀэтауэ, и дамэтелъ лъэныкъуэри къелэлэхыу.

– Зиусхьэн лейтенант, патрулым сыщӀагъэхьэркъым. Майор гуэрым подвалым лагъым щӀелъхьэ, къигъэуэну – си нитӀкӀэ слъэгъуащ.

– Сыт делагъэ жыпӀэр! Апхуэдиз фӀыгъуэр къэбгъауэ хъурэ? Фынажэ!

Гупыр зэрыджанэпцӀанэу подвалым зэрохь. Ауэ пхъэрыр нэпцӀу пхъэрауэ къыщӀокӀ: подвалым бжэуэ иӀэмрэ патрулым и мащӀагъымрэ пэлъэщакъым ефэр ягъэувыӀэну.

– Подвалыр къызогъауэ, фыкъыщӀэкӀ! – жиӀэурэ майорым и макъыр икӀри, «фи ан-н-нэм... пьяницэ къимылъхужкӀэ!» жиӀэри къахэхъуэныхьщ аби, патрулыр Ӏуишыжри ӀукӀыжащ, унафэр имыгъэзащӀэу. Пхъэр кӀуа гупми я джанэ щӀагъщӀэлъхэм ярызу шампанскэ яхьри къаугъэншэу кӀуэжащ. Офицер гупым я ефэр зэхаублэжри чэфи зэрыгъэхъуащ.

– Губгъуэм диту сэ тхьэ селъэӀуауэ щытащ «мы къалэр мафӀэм ису, унэ зэтетхэр къызэтещахэу, сэ абы я лъабжьэм сыщӀэтрэ мафӀэ нэхум сыщефэу сыгъэлъагъу», жысӀэри. Иджы мафӀэсри къызэщӀэблащ, мафӀэм ис бгыкъухэри къехуэхауи слъэгъуащ, нетӀэ дыкъыщыкӀуэжым. Иджы дыщӀэвгъэкӀи...

– Куэдщ жыпӀар! – пхъэмыфыр Ӏуечри шампанскэ иутхыр псалъэм и жьэм треубыдэ нэгъуэщӀ зым. Адрейхэм я птулъкӀэ зырызыр Ӏуачащи, псыутхым хуэдэу, зым и жьэм адрейм жьэдаутхэ...

Къалэр къэзызгъэна ди дзэр мэз лъапэм къыщыувыӀащи, бийм поплъэ. Бийр увыӀэри уэсым зыщӀитӀащ, атакэ къокӀуэ, Ӏуахуж. ДзитӀым зызэпэщӀасащи, дяпэкӀэ икӀуэтыжынур тхьэм ещӀэ. ЗэуапӀэм сэлэт къыӀуопщхьэ, къыӀупщхьэр яукӀ, абы и пӀэ щӀэ къопщ. Къопщ, увыӀэ имыӀэу. ЛъэныкъуитӀри аращ.

Мэз лъапэм къыщӀэпщауэ, уэс траншеем дэлъу ди сапёрищ зэкӀэлъхьэужьу мэпщ. ЗэуапӀэм зэрыӀухьэу щыӀэр а зы лъагъуэ закъуэр зэрыарар бийм ещӀэри, Ӏэщэу иӀэмкӀэ а лъагъуэм къоуэ, лъапэм къыщежьауэ зэуапӀэм Ӏухьэу. ЗэуапӀэм Ӏухьахэми я Ӏыхьэр нэгъуэщӀхэм крат. Уэс лъагъуэр белкӀэ тегъэкъэбзыкӀащи, лъагъуэм традза уэсыр, бийр къыздиукӀ лъэныкъуэм тедзэжащ, къуэгъэпщкӀуапӀэ хъуауэ. Сапёрищыр мэпщ, я лагъымхэр здалъэфу, сэлэт куэди а лъагъуэм тету мэпщ, нэхъыбэжи зыщӀыпӀи мыпщыжу тедиихьащ. Лъагъуэр щхъуантӀагъэ хъуащ. И кӀэмкӀэ уриплъэмэ, иджыри пщымрэ диямрэ пхузэхэгъэкӀыркъым. ЗэхэбгъэкӀынуи ухунигъэсыркъым бийм, асыхьэтым пщыуэ плъэгъуар уеплъурэ мыхъеиж мэхъу, мэдий. Сапёрищыр мэпщ, дияхэм я къуагъым зыкъуагъапщкӀуэри, бийм я пулемётышэр къалъэӀэсыркъым, къуэгъэпщкӀуапӀэ уэсыр жьым щытриха нэхъ

тафэ хуэзэмэ, дияхэм ящыщ ипэкIэ ягъажэри къэуапIэм Iуалъхьэ, езыхэр абы зыкъуагъапщкIуэурэ блопщ, е гупэкIэ щыIэр мыжурэпэкIэ къалъэфри гъэпщкIупIэ зыхуащI, ауэ мэпщ. Умыпщуи хъунукъым – дзитI зэхуакум пхыкI гъуэгум лагъым телъхьэн хуейщ, нэхъ псынщIэу нэпщысауэ. Танк къакIуэр тIэу-щэ IэщэкIэ Iуахужащ, иджы лагъымкIэ зэхуэщIын хуейщ гъуэгур. Аращ унафэр, ар ягъэзэщIэнуи сэлэтищыр мэпщ. Шынелыщхъуэхэр мастэпэм къызэрыпачащ, цы вакъэхэри аращ, пыIэ дыкъуакъуэхэри нэхъ щIэжщ, ауэ ар зыщыгъхэр лIыжь зэфэзэщщ. Дэнэ щызэхуашэса мы лIыжь къомыр?.. Нэхъ кумбыIуэм итIысхьауэ зы сэлэт лIыжь исщ, и фочыпэр бийм хуэшияуэ, сампалым йопэщэщ.

– Уа, къуэш, схуэузэдыт, тIу, мы фоч мыгъуэр! Мыбы и узэдыкIэ сщIэуэ щытат сэ, ауэ тхьэр игъэпцI къысхуэгупсысыжым обоймэм дэлъу ар зэрыбузэдынур.

– Мис мыпхуэдэущ.

– Упсэу, си щIалэ!..

Сэлэтищыр мэпщ адэкIэ.

Джабэ тIэкIум щхьэщыпщхьащ. Бийм укъимылъагъуу абы уепщыхыфым, адэкIэ нэхъ тынш мэхъуж. Ауэ, абы епщыхыфыр зэрымащIэм щхьэкIэ, къэпщ куэд бгыщхьэм щызэтеувыIащ. Бийм илъагъури аращ: лагъым къахидзэу, топкIэ къауэу ирегъажьэ. Сапёрищым зы къиудыгъэ кумб цIыкIу зрашыхьри, жыр пыIищыр и щхьэм къытрапIэж. Дунейр щIымахуэми, сэлэтищыр «гъуэмбым» ипщIэнтIыхьащ, бийм и топри увыIэжыркъым. Куэдрэ къэуа, мащIэрэ къэуа, ар зэрыхъур а щыми ящIэжыртэкъым… Топри мэувыIэжри, гъуэмбым исхэр къопщыж. Ещанэр къинащ. Зым егъазэри къэнам и жыпыр къеш, илъхэр кърехри къожьэж. Зыхадзэ-къыщылъэтыжурэ бгым жэрыжэкIэ йохри мэбэуэжхэр, адэкIи пщын щIадзэж. Нэпщысащ тIур. АдэкIэ дзитI зэхуакум дэпщхьэу лагъым щIалъхьэн хуейщ, аращ нобэрей махуэм къыщIэпщхэри. Ауэ дауэ махуэ шэджагъуэм уэс тафэм утепщхьэу уи бийм зыкъызэребгъэуkIынур? Жэщ хъуху пэплъэ хъунукъэ?

– ПсынщIэу, маржэ, псынщIэу! Аргуэру къыдэбгъэрыкIуэн щIимыдзэ щIыкIэ, фи лагъымхэр щIэфлъхьэ. Мыхъум, тхузэтеубыдэжынукъым! – мэтхьэусыхэ комбатыр.

«Дауэ зэрыхъунур? Утыкум уипщхьэнри зыгуэрщ, ауэ лагъым бузэдыжу уисыфыну? Иджыпсту узэдарэ пщам щхьэ мыхъурэ? КъыпIэщIэуэмэ-щэ? Ухуэсакъынщ. Зым еузэд лагъымхэри мэпщ, адрейр ауэ мэпщ. Иджы зэбгъурыту мэпщ. А-а, бийми къалъэгъуащи къытракIутэ! Ауэ мыхэр уэсыр кърaтхъуурэ мэпщри тегъэхуэгъуейщ, къатехуапэми, шэр мэлъеиж – жыр пыIэмрэ жыр бгъэIулъымрэ мыхьэнэ гуэр ямыIэу хьэлъэу ауэ зэралъафэркъым сапёрхэм. Щыгъын хужьри сэбэпщ. Бийри делэкъым – лагъым къидзу хуежьащ. Япэ лагъымхэм къехуэхын щыщIадзэм, сапёритIми уэсым зыхаIубащ. ЕтIуанэм и лагъым узэдар трикъузэжри нэхъ псынщIитI къыIэщIэуащи мэгъуэг: и Iэпхъуамбэхэр пихащ, и нитIыр кърихуащ, и щхьэр уIэгъэщ. Сапёрхэм якIэлъыплъ сэлэтхэм ящыщ зы кIэлъыпщри уIэгъэр къуэгъэнапIэм къуилъэфэжащи, епхэ. Адрейм и лагъымхэр щIетIэ. Пшапэр зэхэуащ. Сапёр закъуэ къэнэжам лагъымхэр щIилъхьэри игъэзэжащ. Комбатыр мэгуфIэ, сапёр уIэгъэр япхащ. КIыфI хъуащ. УIэгъэр и гъусэм кърешэжьэж, мэзым щIэт я увыIэпIэм ишэжыну. КIыфIщ тIум я дежкIи: зыр нэфщи, кIыфIщ, адрейм кIыфIщи аращ



7 Заказ №94

щIимылъагъур. Ракетэ щыдрадзейкIэ, нэф хъуар хигуэурэ, нобэ зэрыпща хьэдэ лъагъуэм кърокIуэж зи къалэн зыгъэзэщIа сэлэтитIыр. Мес, мэз лъапэм къэсыжащ.

– УвыIэ, хэт къакIуэр?

– Дэращ.

– Пароль.

– Гъуазэ!

– Ар жыыщ, щIэр жыIэ.

– Дэ дыгъуэпшыхьрейщ тщIэр.

– Дэтхэнэ часть?

– Сапёрщ. Мыр уIэгъэщи, сошэж…

– УIэгъэр къэгъани, уэ гъэзэж.

– Дэнэ здэзгъэзэжынур, гъуэгу мыгъуэм ежьэн, сэ си унафэр згъэзэщIауэ сокIуэж, си гъусэр уIэгъэ хъуауэ.

– Ей, хэт а лекцэ къеджэр? – нэгъуэщI макъ къыхоIукI мэзым.

– Мыдэ къекъу уIэгъэм, и гъусэм егъэгъазэ. Сэ сощIэ а уIэгъэм гъусэ захуэзыщI шу гъусэхэр!

– Хьэм укъилъхуащи, уощIэ!

– Ей! Укъэмывэ! ПщIэрэ уэ узэпсалъэр хэтми? Ар майор Сирклинскэрщ.

– Къекъу мыдэ а дизертирым. Ухэт уэ?

– Сысапёрщ.

– А-а? Есипенкэ урисапёр?

– НтIэ, сержант Хьэгъундокъуэрщ.



– Сыт-тIэ зыщIэпфыщIыжыр? Уэ пхуэдэ лIыхъужь куэдым къыщаджэдыхь мыбы. Обстановкэр дауэ щыт фыздэщыIам?

– ЩIагъуэкъым: танк атакэ тхуэ Iуахужащ. Лагъым тедгъэуващ гъуэгум… Си гъуситIым язып яукIащ, адрейри, мис, уIэгъэщ, и IитIри и нитIри…

– КIуэ, фыкIуэ! А уи лекцэр нэхъ кIэщI щIы дяпэкIэ, уи хъуанэри абы щIыгъуу.

– Ерэхъу, ныбжьэгъу майор!

УIэгъэр санбатым ишэри, зи къалэн зыгъэзэщIа сэлэтыр и часть хыхьэжащ.

ТхьэмахуэкIэ зэхэуа нэужь, ди дзэр ежьащ, бийр йокIуэт: хуэму ежьэри жэкIэ щIэпхъуэжащ. Лагъым къызэринэкIыурэ мажэ, къаухъуреихьыным щошынэ. Ди дзэри кIэлъокIуэ, кIэлъожэ, лъэщIыхьэркъым, цIыхур ешащ. Псом япэ сапёрхэр итщ. Сэлэтыр ешащ, ауэ макIуэ, сэлэтыр жей щхьэкIэ малIэ, ауэ макIуэ, сэлэтыр мэмэжалIэ, ауэ макIуэ. Жэщщ, кIыфIщ, щIыIэщ, ешащ, ауэ кIуэн хуейщи, сэлэтыр макIуэ. МакIуэ, макIуэ, макIуэ. Дэнэ?..

Нэхущщ.

– ФыкъэувыIэ, зывгъэпсэху!

Сатырхэр мэзым щIокIуадэри, щтаучкIэ мафIэ тIэкIу ящI, мафIэ тIэкIу, куэд, куэдыщэ ящIащи, сатырхэр зэбгрыукIуриикIащ. МафIэ къэс плIырыплI-тхурытху пэрощхьэукъухь. Сухъар егъуу, флягэм щIэф жыджэр зырызхэри епэзэзэхыжащи, дунейм псэ пыту къытенар мафIэ зэщIэгъэстахэрщ. ЦIыху Iурихахэм зэщIагъэста мафIэм псалъэр къылъысащи, и Iыхьэ къигъанэркъым: цIыхум къагупсыса псэлъэкIэм техьауэ ирекъутэкI:

– ПIыв!

– Пыф!
– ПӀыв.
– ЩӀыч.
– ЦӀыч.

Дэп къэпӀэнкӀахэм псэлъэгъуэ чэзууэ къалъысар ауэ цӀыхум зыпащӀыж макъ къудейуэ къагъанэркъым – дэп лъеям пхисыкӀа шынелыр гъуанэшхуэщ, гъуэншэдж дытари зэпхисыкӀри сэлэт ешам и лым нэсащи, къыщылъэтауэ къежыхь – уэсым зыхедзэ.

– Фытэдж, старшина! Ротэм и командирыр къыводжэ.

– СынокӀуэ.

Сапёр ротэм командир нэхъыщӀэу къыхэнэжахэр лейтенантым зэхуишэсащ. Топышэм къриуда кумбым щхьэ тралъхьэри, щӀыунэ хъуауэ, аращ ротэм и штабыр – лейтенантым и сэлэтхэр къызэхиплъыхьри игъэззэжащ къызэхуишэсахэм я деж.

– Фытэдж! ЗанщӀэу фыув! Ныбжьэгъу лейтенант, ротэм сержанту хэтыжыр фи унафэкӀэ зэхуэсащ! КъывжезыӀэр старшина Сапожниковырщ.

– Фыузыншэм, ныбжьэгъухэ!

– Узыншагъэ вгъуэтыну ди гуапэщ!

– ФытӀысыж!...

Ротэм и командирым и щӀыунэ-мащэм, доклад зыщӀа старшинар еханэу, командир нэхъыщӀэу хы щызэхэст, лейтенант нэхъыщӀэм и унафэкӀэ зэхуэсауэ. ЩӀалэхэр тӀысыжащ. Нышэдибэ лейтенант нэхъыщӀэу щӀыунэм щӀэкӀар лейтенанту къыщӀыхьэжащ, уеблэмэ чэф тӀэкӀуи иӀэ хуэдэт. Лейтенантыр и «тахътэм» итӀысхьэжащ.

– ФыщӀызэхуэсшэсар мыращ, ныбжьэгъухэ. Ди ротэ щхьэхуэм офицеру хэтаиплӀым ящыщу къэнэжар сэ зырщ, абы къыхэкӀкӀи унафэр си пщэ ислъхьэжауэ щытащ. Нобэ комбригым сишэри лейтенант цӀэр къысфӀищащ, ротэм и командируи сигъэуващ.

– Дынывохъуэхъу, ныбжьэгъу лейтенант!

– Тхьэр арэзы къыфхухъу! Старшина, къегъэхьыт пщыхьэщхьэшхэ!

– Сынnode водаӀуэ, ныбжьэгъу командир!

Арыххэу, лейтенантыщӀэмрэ командир нэхъыщӀэхэмрэ пщыхьэщхьэшхэ зэдащӀащ, «сто» зырызи щӀыгъуу. Пщыхьэщхьэшхэм и кӀэри Ӏей хъуакъым: сержантищыр я лейтенантым занщӀэу игъэувхэри лейтенант нэхъыщӀэ цӀэр къафӀищащ, командир нэхъыжьым къыбгъэдэкӀыу. КъафӀищам къыщымынэу, заригъэтӀэщӀри, плӀимэ зырыз, езым илъа-гъуу, я фащэм хригъэдащ, я Ӏэр иубыдыжри къажриӀащ:

– Нобэ щыщӀэдзауэ фи отделенэхэр взводу флъытэ, фэри абы фракомандирщ. Фэ къэнаищыр военнэ училищэ фигъэкӀуэну унафэ ищӀащ полковникым. Фэри сынывохъуэхъу! Фи тхылъхэр штабым ягъэхьэзырыху, фи отделенэхэм фыщыӀэж, ауэ фи къулыкъур взвод командиру флъытэж. ФыкӀуэ, фи цӀыхухэм я деж фыкӀуэж!

Сержант гуфӀахэр зэбгрыкӀыжащ, зауэр, уегупсысыжыпэмэ, мыхьэлъэ дыдэу ялъытэу...

– Тревогэ! Фытэдж! ПсынщӀэу!

Сапёр къэхуэбэжахэр щӀымахуэ жэщ уаем къыхэтаджэурэ я сатырхэм хоувэ, ува нэужь я Ӏэмэпсымэхэр я пкъым кӀэрагъэбыдэ, нэхъ занщӀэуи мэув. Къэхъуар зищӀысыр ямыщӀэми, суткӀищ лъандэрэ мыжея цӀыхухэр ныкъуэжейуэ къыщӀыщахуар зэрымыджэгур емыгупсысыххэу къагуроӀуэри, ягу ягъэбыдэ, нэхъ Ӏей дыдэм зыхуагъэхьэзыру.

– Комвзводхэр фыкъызбгъэдыхьэ. Заданэм федаlуэ… Бийм Д. станцыр къигъэнауэ пlащlэу йокlуэт, къаухъуреихьынкlэ мэшынэри. Ар зыху ди лъэсыдзэр станц гъунэм къыщыувыlащи дыхьэфыркъым – уэрам псори лагъымкlэ зэхуэщlащ. Дэ унафэ къытхуащlащ нэху мыщу гъуэгур хуит тщlыну. Къэхутакlуэ дгъэкlуэну зэман диlэкъым, цlыхури ди мащlэщ. Псори зэгъусэу докlуэ, зы гупуи дылэжьэнущ. Взводхэм я командирхэми лагъым зэрылъыхъуэ lэмэпсымэ къафщтэ – псоми сэлэт къалэнщ вгъэзэщlэнур, цlыху ди мащlэщ. Дэ, взвод ирикъун дымыхъуж пэтми, ротэу дабж, ротэ заданэри къыдатащ. Щlэупщlэн щыlэ? Щымыlэмэ, сяужь иту фыкъежьэ!

Сэлэт жейбащхъуэхэр, я дзэ зэтеуэу, макlуэ. Макlуэ, я пщlыхьэпlэ ныкъуэеплъхэр зэриухынкlэ хъуну щытар къагупсысыжурэ пащэжу. Зыхуэкlуэ lуэху шынагъуэм, хьэуэ «шынагъуэ» псалъэр мыбдей къыщезэгъыркъым, зыхуэкlуэ ажалым зыри егупсысыркъым. Ахэр зэгупсысыр пщlыхьэпlэ ныкъуэеплъхэркъым – я пщампlэм хэда плlимэщlэ зырызырщ. Плlимэ зылъымыса, ауэ еджапlэкlэ къагъэгугъа сержантищым я псэр зауэм щыlэжкъым, къалэ мамыр гуэрым кlуауэ пивэ йофэхэр, цlэи яхэсыжкъым, уеблэмэ хъыджэбз, хъыджэбз дыдэ – бостей ящыгъыу, пылъхэщ. Сыту дахэ а хъыджэбзхэр… Зауэм къыlуна я lэпкълъэпкъхэр лагъым къыщlэх ялъэф, армыхъумэ, я псэр зауэм хэтыжхэкъым. Лейтенантри нэгъуэщl зыгуэр йогупсыс. Тхьэм ещlэ лейтенантыр зэгупсысыр! Зэгупсысын мащlэ?! Лагъымым нэсыху фlэкl гъащlэ къыхуэмынэжами пщlэркъыми! Атlэ апщlондэху угупсысэныр сыт и уасэ! Абы нэхъей, жэщыр щэху дыдэщ: бийр мэкlуасэ, дыдейхэр мэжей, сапёрхэм гъуэгур ягъэкъэбзэху, тхъэжу жеинухэщ. Жэщ дапщэ хъуа зэрымыжейхэрэ? Жеипlэ ягъуэтыркъым, бийм кlэлъожэхэр.

Уэсыр зыгъэщхъыщхъ сапёр цы вакъэхэм я макъ фlэкl зэхэпхыркъым. А макъыр лейтенантым и гупсысэм зэран хуэхъуркъым – сэбэп хуохъу. А макъым сапёр жейбащхъуэхэр иджыри щхьэукъуэу ешэ, уеблэмэ жеипи яхэтщ. Кlуэуэ жей яхэтщ! Укlуэурэ ужей мэхъу. Ар телъыджэкъэ!

– Фыувыlэ! Мис уэрамыр, взводкlэ зывгуэши, лъыхъуэн щlэвдзэ. Сэ си увыпlэр мо будкэ ныкъуэкъутэрщ. Си связнойр си гъусэщ.

Сапёрхэм я lэмэпсымэр зэфlащlэ, я бжэгъупэр яшийри, мэкъуауэ щlыкlэу заукъуэдий, йожьэ. Йожьэ! Лагъым лъыхъуэ сапёрыр зэрыкlуэ лъэбакъуэр плъэгъуатэмэ, зауэр игъащlэкlэ яухыну уи фlэщ хъунтэкъым. Хьэмбылур нэхъ псынщlэу мэпщ баш папцlэкlэ лагъым лъыхъуэ сапёрым нэхърэ. Вакъапхъэ хуэдиз щlы щхьэфэр (уэс щхьэфэр) сапёрым къисыпыхьыху, зэман куэд макlуэ. Насып яlэщи, сыхьэт яlэкъым. Лейтенантыр и сыхьэтым еплъыххэркъым. Уэс щхьэфэ вакъапхъапlэр зэхипыджыхьурэ зыри къэмыуэмэ, сапёрым лъэбакъуэ ныкъуэ еч, башыпэри адрей вакъапхъапlэм хоlэбэ. Сапёр «мэкъуауэхэм» уэрамым зыдагуэшащ, заукъуэдиящ, къызэранэкlа щlы щхьэфэр хуит хъуащ, хуиту ущызекlуэ хъунущ. Сатырыкум мафlэ плъыжь фlыцlэ lэтэ къыщотэджри, лагъым уэ макъ къыщоlу, уэ макъым и кlэр гъы макъ, щэlу макъ, бжэ макъкlэ еух…

– Товарищ лейтенант, товарищ лейтенант! Щы иукlащ! Щы иукlащ!

Сатырхэр зэрызехьэ мэхъу, мафlэ lэтэ гуэр аргуэру къолыд, уэ макъ, кlий макъ, щэlу макъ…

– Товарищ лейтенант!.. Александров… Младший лейтенант Алек-

сандров иукIащ… Новожиловым и Iэ лъэныкъуэр… Московми и ныбэр…

Сатырхэр я пIэм ижыхьащ. УIэгъэм я щхьэр къыIуах, е къыIуаш. Младший лейтенантыщIэм я зыр ротэм и командирым бгъэдохьэ.

– Товарищ лейтенант, зыри тлъагъуркъым. Лагъым лъыхъуэ аппаратхэр лажьэркъым – щIыIэр градус плIыщIым фIокI. Зыри къытхуэгъуэтыркъым… Си гугъэмкIэ, мыр жыжьэу къагъауэ лагъымым хуэдэщ… Сыт тщIэнур, къэнэжа хьэкъуеитI-щыр текIуэдэнущ…

– Фылажьэ! Унафэр гъэзэщIэн хуейщ.

Младший лейтенантым сатырым егъэзэж.

– Связной, лъэрыжэкIэ жэ бригаднэ инженерым деж. ЖеIэ: «Жэщыр кIыфIщ, щIыIэщ, аппаратхэр лажьэркъым, лагъым къахуэгъуэтыркъым, сатырым цIыхуих хэщIащ, къэнэжа тIэкIури хэкIуэдэнущ. Нэху щымэ, тлъагъуу дылъыхъуэнщ, хуит сыщI цIыхур Iусшыжыну». Жэ!

– Ерэхъу, бригаднэ инженерым…

– ПсынщIэу кIуэ.

Аргуэру къоуэ лагъым… НэхулъэрkъызэкIэщIетхъ, дунейр шэжыпсыфэ хъуащ, сапёр ешахэри шэжыпсыфэщ, ауэ мэпэщащэ, унафэр ягъэзащIэ…

Связнойр къыIуолъэдэж.

– Товарищ лейтенант, «унафэр унафэщ, унафэр умыгъэзащIэм, трибуналым укIуэнущ», – жи.

– ФIыщ. Уэри хыхьэ сатырым, къэнэжаIакъым цIыху.

– Ерэхъу, сыхыхьэнщ!

Связнойр сатырыкIэм поувэри мыжурэпэкIэ уэсым епыджу щIедзэ…

Нэху щащ.

Александров и хьэдэр лъагъуэ нэпцIым зэпрыууэ телъщ, сэлэтищплIым я хьэди уэсым хэIубащ, къэнахэр мэлажьэ.

Младший лейтенант гуэрыр къокIий:

– Товарищ лейтенант! Мыр плъагъурэ!

– Мыр плъагъурэ! ПащIэ зытет лагъымщ, пащIэ зытет лагъымщ! Дахэ-дахэу гъэпщкIуакъым мыр, жэщу щымытамэ, зыри хэмыкIуадэу бгъэкъэбзэфыну щытащ. Плъагъурэ зэрыгъэувар: схемэр нэрылъагъу къэхъуащ, мыр зы, мор тIу, мор щы. IупщIщ. Иджы сыхьэтыпэ фыпэтынукъым мыбы…

Уэрамым дэзэрыхьа сапёрхэм бийр топкIэ къахоуэ, мыдрейхэм уэсым зыхадзэ. Топыр зэрыувыIэу, лэжьэн щIадзэж. Ди топхэр бийм йоуэ…

Дзэм гъуэгу ягъуэтащ, жэщым зызыгъэпсэхуа дзэр бийм кIэлъежьэжащ… Ди дзэм бий гъэр къыIэрыхьэу щIидзащ. Гъэр ящI бийр ди дзэм къызэранэкIа щIыпIэмкIэ Iуаш, ауэ епцIыжакIуэу абы къыдэзэуам щыщ гъэрхэр щхьэхуэу ягъэтIыс. Апхуэдэ гуп къалэ щIыунэ гуэрым щIэсщ. Зырызу щIашэурэ къоупщI. ПцIы яупс, къаумыс, аргуэру пцIы яупс, аргуэру къаумыс.

А гупым кIуэрыкIуэсэжу яхэхуащ сержантитIрэ зы сэлэтрэ. Мы щыр щIыунэм тепщэ щыхъуащи, гъэр гупым хьэкъур ирадзащ: картэ мэджэгу, гъэрхэм я хьэпшып иралъхьэурэ ирагъэхь, къыщах, къытрах.

– Къащтэ иджыри. Так! Иджыри къащтэт. Очко!

– Къыщых, сержант, мо артистым и гражданскэ костюмыр.
– Къащтэ, артист, уи костюмыр.
– Сыт си костюмым уи Iуэхуу хэлъыр?
– Рядовой Петров! КIуэи гурыгъаIуэт а артистым нэхъ щабэу…

Петров зыри жимыIэу «артистым» бгъэдохьэри пIэжьажьэу къреуд, ар къыщолъэтыж, аргуэру къреуд. ЕтIуанэуи къыщолъэтыж. Ещанэуи къреуд. «Артистым» и гъусэхэр зэпеплъыхь, ауэ зыри къызэрыщхьэщымыжыр, псоми я нэр зэрагъэпщкIур щилъагъукIэ, къыщеудри магъ.

– Петров, артистым и ариер имыух щIыкIэ, и фракыр къыщыхи сержант Прокопенкэ къет.

Прокопенкэ костюмыр гупсэхуу зэпиплъыхьу абы и фIагъыр къипщыта нэужь, щIегъуж:

– Польскэщ, бзаджэкъым. Зауэ нэужьым Одессэ уридэтыну утеукIытыхьынкъым.

«Артист» зэщыджэр къыщылъэтри и щIагъщIэлъри зыщидзауэ, пцIанабзэу магъ, ину бжэурэ:

– Я алыхьу, сэ си тхьэ! УщыIэр пэжмэ, лей къыслъысар плъагъуркъэ? Мы махуищым сэ къыслъыса лейр умыгъэгъу, алыхь!
– Петров, жеIэт а артистым Чеховым и «Мыщэм» къеджэну.
– Къеджэ «Мыщэм».
– УвыIэ!
– Къеджэ!
– ЗызукIыжынщи, фи напэр тесхынщ.

Петров абы йоуэри къреуд.

– Къыхэдзэ «Мыщэр»!

ГъэщIэгъуэныракъэ, «артистым» къыхедзэ Чеховым и «Мыщэ» жыхуиIэ ауан рассказыр. ЛIы пцIанэр гъэшауэ утыкум къырагъэуващ…

Зы зэуапIэм къыIуашауэ нэгъуэщIым яшэ сапёр батальоныр, арыххэу къагъэувыIэри, украин къуажэ дахэ цIыкIум пэмыжыжьэу мэз лъапэм къыщIэтIысхьащи, нобэ махуэ етIуанэ хъуауэ щIэсщ: мэзым хэж псым цIыхум зыщагъэпскIащ, щIагъщIэлъ зэрахъуэкIащ, зызэщIаупсащ, письмо ятхащ, пщыхьэщхьэ я ежьэжыгъуэщ. Нышэдибэ комбригыр къэпсэлъащ: «ЛIыгъэ дамыгъэ игуэшыну полковник Остриковыр Армэм къокI. Зратынухэр сыхьэтипщIым деж сатыру вгъэувауэ нревгъэхьэлIэ».

Спискэм ипкъ иткIэ зэхуашэса гупым и рапорт батальоным и адъютант нэхъыщхьэм кърататащ:

– Ныбжьэгъу капитан, фи унафэм ипкъ иткIэ дамыгъэ зратыну гупыр уващ. НыбжезыIэр лейтенант Хьэгъундокъуэрщ.

Капитаным сэлам къарихри, спискэм къеджащ:

– Лейтенант Копылов!
– Сэращ!
– Ефрейтор Сугайпов!
– Сэращ!
– Старшина Макеев!
– Сэращ!
– Капитан Марочкин!
– Сэращ!
– Сержант Индык!
– Сэращ!

– Лейтенант Хагундоков!

– Сэращ!…

Апхуэдэурэ къеджэри, укIыгъэмрэ уIэгъэмрэ дамыгъэ ятрищIащ, «вольнэ» яритыжри, сатырыр тутын ефэу иувыкIащи, мэз лъапэм екIуэкI гъуэгум техьэ хуей удзыпцIэ дахэ цIыкIум итщ, къуажэм доплъэри, абыкIэщ къыздикIыр полковникыр къызэрырикIуэну гъуэгур. ПщыкIузи хъуащ, пщыкIутIи хъуащ. ЦIыхухэр поплъэ, полковникри къэсыркъым. ЛIыхъужьхэр дамыгъэ къыхуахьым поплъэ, щхьэж и гум щегъэфIэж езым и хъуэпсапIэр.

Мес, лейтенант Копылов Алексей Иванович, и ныбжьэгъухэр ЛёшэкIэ зэджэ щIалэ сырыху зэIэщIэлъым, Мэзкуу къыдина и пщащэ Паннэ и нэгу къыщIохьэри, и гур зэрошх: «Хьэ жэжым къилъхуа къэхьпэ, нобэ къызатыну орденыр абы щыгъуэ сиIауэ щытамэ, уи пIэм къыхэсхуа интендантыр удын гъущэкIэ сутIыпщрэт? Хуэстхын хьэмэ хуэзмытхын? Тётя Машэ, ди Михаил и фызым, хуэстхынщи, абы псынщIэу Паннэ Iэригъэхьэнщ си хъыбарыр. КъищIэжынщ итIанэ интендант гъуэгурыкIуэмрэ сэрэ щауэ нэхъ хуэхъуну щытар хэтми! ДрырекIуэ и интендантым иджы! Сэ сыщысхьат, къэзмышэу жысIэри. Хэку зауэм и орден! Ей, Паннэ, Паннэ, щхьэ уделат!..»

Ефрейтор Сугайповыр зыми емыдаIуэу, и нэр мэплъызри щытщ, зыдэплъэ къуажэм дэт унэхэм я пIэкIэ я къуажэ Советыр, абы и куэбжэм кIэрыт адэ нэщхъейр елъагъури. Абы иужькIэ письмо къитхат «сухъар килограммих» жиIэуи, «сухъарым» Сугайповыр «сахъару» къеджэри, фошыгъу килограммих и адэм хуагъэхьауэ щытащ. ЕтIуанэ письмор къыIэрыхьэжа иужькIэ, щIалэ цIыкIум и щыуагъэр къищIэжащ: «сухъар» и цIэу щIакхъуэ гъэгъуа зэрыщыIэр абдеж къыщищIащ. Абы лъандэрэ и адэр дэнэ щыIэм ищIэркъым – кIуэдащ. Военнэ училищэ ягъэкIуэну абы щхьэкIэ къагъэнауэ, мис иджы ефрейтору мэзауэ. Дауэ хъуами, си медалыр сэбэп хуэмыхъуну пIэрэ къаутIыпщыну? Ди къуажэ Советым яхуэстхынщ «Зауэ фIыщIэхэм щхьэкIэ» медаль къызэрызатар. Сыт-тIэ апхуэдэкъуэ зиIэм зэраныгъэ зэрихьэну къыщIыхуагъэфэщэнур?..

Старшина Макеевыр зэгупсысыр телъыджэщ. Дзыхь зыхуищIу ар зыхуиIуэтэн щыIэкъым абы, ауэ езыр игукIэ йогупсысыжри, и гупсысэр къэзыщIэнIакIэ шынэжурэ, зэзэмызи зеплъыхь. Старшинар иджыри къэс зытеукIытыхьыр фейцеягъщ, абы къыхэкIкIи игу къокIыж гужьеигъуэ хуэзэми, гуфIэгъуэ щиIэкIи. Къэхъуар мырат… Хьэуэ, езыр щыукIытэжкIэ, дэри къэттIэщIынкъым абы и щэхур…

Капитан Марочкин Iэджэ игу къокI, Хэку зауэ орденым и I степеныр и бгъэм хэлъу илъытэжащи. Алъандэрэ гвардейскэ дамыгъэ фIэкI зыхэмылъа и бгъэ ижьым къуапэ папцIэ куэд зиIэ орден плъыжьыр иджы хэлъу елъытэжри, иджыри къэс а орденыр зэрыхэмылъар емыкIуу къыщохъу. Иджы и бгъитIми дамыгъэ зэхуэдиз хэлъынущ: «Сэмэгум медалитI, ижьым зы орденрэ гвардием и зы дамыгъэрэ. Пэжщ, гвардием и дамыгъэр орденкъым, ауэ ари дамыгъэ икIэкъым, итIанэ, ар ордену фIэкI зымыщIэ дапщэ ухуей! Берлин гъунэгъукъым иджыри – сыпсэумэ, лIыхъужь дамыгъэ яхуэзмыхьу сахыхьэжынкъым бынунэм!..»

Сыту куэд и гум щыщIэрэ щытхъу дамыгъэ зратыну сатырым хэт сэлэтым! А дамыгъэр къыщIрат Iуэхугъуэм хэлъа бэлыхьымрэ хьэзабымрэ зыми игу къэкIыжыркъым, ящыгъупщэжащ, къэнар абы къырикIуа гуфIэгъуэрщ.

Абы хэту тІу-щы зэрыгъэкІиящ:

– КъокІуэ!

– КъокІуэхэр!

Сатырым хэт зауэлІ насыпыфІэхэм дамыгъэ къахуэзыхь гупыр къуажэм къыдэкІауэ лъэсу къакІуэрт: лІищ, зыр япэ иту, тІур абы ибгъу зырызымкІэ лъэбакъуэ зырызкІэ яужь иту къыкІэлъокІуэ. Япэ итыр бригадэ псом щыцІэрыІуэ майор Инджыджыкъуэрщ – бригадэм сыт хуэдэ дамыгъэ къихьами зи Іэмыщlэ къикІырщ, яужь ититІыр батальоным и командир капитан Ильичёврэ батальоным и комиссар капитан Пушинрэщ.

Военнэ хабзэм ткІийуэ тет увыкІэкІэ щыту къокІуэ офицерищыр, мыдэкІэ сатырыр къэпІейтеяуэ гъунэгъу къэхъу лІищым йоплъхэр.

И адыгэ пыІэ къащхъуэр зэкІупс и щхьэ хъуреишхуэр лъагэу Іэтауэ къокІуэ майор Инджыджыкъуэр. КъэфакІуэ Іэзэм и лъэ зехьэкІэм хуэдэу екІуу бакъуэурэ, и Іэ ижьыр щІедз, Іэ сэмэгумкІэ екъуз и бгъумкІэ егъэкІуэтэкІа дыщэ къамэ Іэпщэр, и ІэпкъЛъэпкъ уардэр плІэм щызэблэдза плІэпсхэм къафІипкІыну къоныкъуэкъу, и нэкІу къамылыфэ лъагъугъуафІэм къолыдыкІ къыпэплъэ сэлэтхэм я гуфІэгъуэшхуэр. ГуфІэгъуэр гуфІэгъуэм хуокІуэ, лъэбакъуэ къэс нэхъ гъунэгъу хуэхъуу, лъэныкъуитІри гуфІэу зэхуопІащІэ. Майор лъагъугъуафІэм лъэбакъуэ къичыху, гуфІэгъуэр лъэбакъуэкІэ сэлэтхэм нэхъ гъунэгъу къахуохъу, ауэ сэлэтхэм я зышыІэми мэскъалитІ хощІ, нэхъ гъунэгъу къэхъуху, нэхъ яхуэмышэчыж мэхъу.

Батальоным и адъютантым командэ итащ:

– Фыув!



Сатырыр зэщІэхъеящ, зэхуэзанщІэ защІу, зэплъыжащ. А командэр майор Инджыджыкъуэр зи пашэ гупми зэхахащ, ауэ я гъуэгу къызэрыкІуэр сэлэт сатырым занщІэу къыхуэкІуэркъым – бгъунжу яблокІри, метр щитху хуэдизкІэ нэхъ жыжьэу мэз лъапэм йокІуалІэ, мэз лъапэмрэ гъуэгу къызэрыкІуэмрэ я кум удзыпцІэ хьэбзыпэ гуэр къинэу. Майорыр сэлэт сатырым хуэзанщІэ хъуащ, адэкІэ гъуэгум ирикІуэмэ, яблэкІыу щІидзэнущ, губгъуэ хьэбзыпэр къикІухьын щхьэкІэ. Майорыр сэлэтхэм я дежкІэ плъэщ, хьэбзыпэм и кІыхьагъым ириплъэжри, губгъуэ нэщІыр зэпиупщІу удзыпцІэм хыхьэри, хуейм ит гупым яхуиунэтІащ. КапитанитІри къыкІэлъокІуэ. ГупитІыр зэхыхьэжыным къэнэжар мащІэщ.

Адъютантым къыкІэлъыкІуэ командэр ет:

– ЕплъэкІ-кІ-кІ!..

Сатыр увам хэтхэм я щхьэр ижьырабгъумкІэ ираІуэнтІэкІащ, асыхьэтми… дунейр къызэгуэчри дыгъэр игъэункІыфІащ, щІылъэр дэгу ищІащ. ЦІыху щтахэр къызэплъэкІыжмэ, офицерищыр къызыкІуэцІрыкІ губгъуэ удзыпцІэ щхъуантІэр мафІэ плъыжьрэ Іугъуэ фІыцІэу къызэщІэбэгащ. Бэгар къызэгуэудыжри къутахуэ-укІахуэхэр къещэщэхыжащ. Сабэмрэ Іугъуэмрэ хуэмурэ етІысэхыжри, ятІэ фІыцІэм щызепщыпщэ псэущхьэ гуэррэ и щхьэр иІыгъыу зыщІыпІэкІэ жэ фІыцІагъэ гуэррэ къалъэгъуащ.

– Маржэ, фынажэ!

– Ауэ фысакъ, ар лагъымщ.

Капитан Ильичёв къаубыдыжащ, къауэ макъым дэгу ищІауэ, капитан Пушин и Іэ лъэныкъуэмрэ и лъакъуэ лъэныкъуэмрэ уІэгъэу Іуахащ, майор Инджыджыкъуэр… и пІэ къинащ, и бгырыпхым и

лъабжьэкӀэ зыри пымытыжу. СэкӀэ паупщӀам хуэдэу занщӀэу пихащ. Майор тхьэӀухудым и пыӀэ къудей щхьэрыхуакъым, щӀым хэтӀысхьауэ хэсщ, зэрытхьэӀухуду, ауэ и бгырыпхым и щӀагъкӀэ пыта и ныкъуэр къыздикӀам кӀуэжащ, и дыщэ къамэри къэлътмакъ кӀэрыщӀам илъа дыщэ дамыгъэ къомри дэкӀуэу. Зыри ягъуэтыжакъым.

Майорыр щӀалъхьащ, капитанхэр сымаджэщым яшащ, адрейхэр я гуп хыхьэжащ, етӀуанэ тыгъуэм пэплъэу.

Сэлэтым, псэумэ, и дамыгъэ игъуэтыжынущ, уӀэгъэхэри хъужынущ, ауэ ямыгъуэтыжынур майор Инджыджыкъуэрщ…

Сапёр батальоныр зэуапӀэщӀэм Ӏуашэжри Берлин кӀуэ лъагъуэм траутӀыпщхьэжащ, сэлэтхэри я Ӏуэху яужь ихьэжащи, мэкъуауэ бэкъуэкӀэу къухьэпӀэмкӀэ макӀуэ, мэпщ. Майор Инджыджыкъуэр зэрыхэщӀ лъандэрэ Хьэгъундокъуэм и пщэ къихуа къалэнышщӀэри – Инджыджыкъуэм и хъуэпсапӀэу щытар гъэзэщӀэныр – здехь, и Ӏэщэфащэхэм я хьэлъагъым абы и хьэлъагъри къыхыхьэжауэ. Сыт хуэдиз и хуэмагъыу мыкӀуами, сапёр ротэр бийм и щӀым нэсащ. Апхуэдэ гуэру къыщӀэкӀынщ урысым «хуэму укӀуэмэ, жыжьэ унос» щӀыжаӀэр. НтӀэ, нэсащ сапёрхэр, бийм и хэкури къаубыдащ. Ротэм и командирыр мэжейри хэлъщ. Ауэ сытым и чэзу абы и нэгу щӀэкӀ пщӀыхьэпӀэр:

– Думыгъэш! Думыгъэш! Думыгъэш жысӀакъэ, зинэ цӀафтэкӀэ къалъхуа!.. Кхъуэхьэнцэм и фий макъыр зэрызэхихыу, и блэгъукӀитӀым хуэзэу и плӀэр къыхэтхытхыкӀщ, «бакхъ» макъыр зэхихыу кхъуэхьэнцэр и плӀэм къихуэри, а удыныр апхуэдизкӀэ къеӀунщӀати, шхуэмылакӀэри сокури хуэмыӀыгъыжу шым къридзыхащ, «барф» жиӀэу вагъэмбэкъум дэхуэри, пхъэӀэщэм щӀивэжыпащ. Къылъыса лейм папщӀэ щӀалэ цӀыкӀур зэщыджэу магъ, ауэ бэуапӀэ имыгъуэту зыщӀэбэмпӀыхь вагъэбдзумэм къыщӀэӀукӀ и макъыр дэгу къузащ.



ПхъэӀэщэжьым кърих лейри щыгъупщэжарэ и гъы макъыр езым зэрызэхихыж щӀыкӀэр игъэщӀагъуэу, старший лейтенантыр а макъым къигъэушащ. ПщӀыхьэпӀэу зэхиха гъы макъыр и тхьэкӀумэ итурэ зыкъиӀэбэрэбыхьыжри къэгуфӀэжащ: пхъэӀэщэм зэрыщӀимывар, пӀэ къабзэ хуабэ зэрыхэлъыр, и сабиигъуэр и нэгу зэрыщӀэкӀыжар къызэрищӀэжу. КхъуэхьэнцэкӀэ къыщраудын ныбжьым ротэм и командирыр зэрикӀар и фӀэщ мыхъужу, и нэр къызэтритхъащ, имылъагъуӀауи, зэрыгъэкӀий, зэхэуэ макъ зэхихри, напӀэзыпӀэм кӀэрахъуэ къихакӀэ къыщылъэтащ. Къалэм дзэуэ дэсыр къэпщӀащи зэрызохьэ, зэрогъэкӀий, мэгуфӀэ, щхьэж ищӀэ гуфӀэкӀэм тету. Хэт къебжэкӀ жеӀэ, хэти къэралым и гимн жеӀэ. Хэт зэщыджэу магъ, нэгъуэщӀ зыгуэрым и пыӀэр дридзейуэ мэдыхьэшх. Хэт фоч егъауэ, топ зыгъауи яхэтщ. Офицери сэлэти ӀэплӀэ зэхуащӀ. Генералым и пыӀэр пщафӀэм щхьэричащи, дридзейуэ къефыхь, ежьуужу:

Кабы не было земли,
Не было бы рощи-и-и!
Кабы не было жены,
Не было бы тещи-и-и!
Э-э-х-х-х! Мил-а-а-й!

Аращ «дзэ текӀуа» жыхуаӀэр…

Къалэжьым щыщӀидзэу Берлин нэс ныбафэкӀэ пща лейтенант Хьэгъундокъуэм америкэн машинэкӀэ Берлин къызэхежыхь, сэлэт отделенэ щӀыгъуу…

Берлин къалэжьщ, дахэуи щытагъэнщ. Лейтенантым и америкэн машинэр иджыпсту зыдэж Бранденбург куэбжэм Европэр зыщышынэ къару гуэри дэкIыфу щытагъэнщ, ауэ гъащIэм илъэс тIощI фIэкI Iыхьэу къыхэзымыха лейтенантым нобэ илъагъу Берлиным дахагъэ хэлъкъым, Бранденбург куэбжэми къару къыдэкIыркъым, хамэ къару дыхьэ мыхъумэ. Зэхэсэхэжа хэкужь къомыр зылъагъу щIалэм шэч къызытримыхьэр зыщ – Берлин зэрыжьырщ. «Берлин щIэщ» жыпIэрэ тхьэрыIуэкIэ упэувами, и фIэщ пхуэщIынукъым…

Мы губгъуэм къипща «нэгузыужьакIуэхэм» я увыIэпIэр Рейхстагырти, лейтенантым и машинэри ирихулIащ а унэ зэтет цIыкIум.

Сэлэтхэр ежауэ Рейхстагым и джабэр зэхацIалэ. Капитаныр унэм щIохьэ: япэ къатым, бжьэ къэпщIауэ, сэлэтыр щызэрызохьэ, етIуанэ къатым, сэлэт мыжурэ зэупсеяуэ, илъэс мин рейхым и архивымкIэ сэлэт пIастэ щагъавэ – игъэузэщIыкIа бжэ псоми а «гъэсыныр» къыщIатхъуащи, пырхъуэм ирикIуэу хьэвэ кIыхьу щызэтегуащ. «И унагъуэбжэр хуищIыжащ» жыхуаIэр а бжэ Iуха къомыр ара хъунщ. «Нобэрей Германием и унагъуэбжэр хуищIыжащ, къэхъур плъагъункъэ! Унэхъуныр мыбы япэу къыщежьа Iуэхугъуэкъым – япэми къэрал унэхъу гъунэжу щыIащ, щыIа псоми я увыIэпIэр аращ. Иджы Германием и чэзур къэса къудейуэ аращ. Мыбы и дежи щыувыIэну Iуэхугъуэкъым «унагъуэбжэ хуэщIыжыныр» – нобэ текIуахэм къыддэзэуа гуэрхэми чэзу къащылъысин хэт ищIэрэ? Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ: щIэр токIуэ, жыр мэкIуэд!..»

А гупсысэхэм зэщIаIыгъэу лейтенантыр унэм къыщIэкIыжри блыным епщIа зауэлI къомым аргуэру яхэплъащ, екIуэлIапIэ лъыхъуэу. Нэхъ езэгъырабгъу зыхуищIри, зи Iуэху зэфIэкIа сэлэт гуэрым мелыр къыIэщIихащ. Рейхстаг блыным щызэблэша тхыгъэ къомым я зы дурэш дигъэзэгъащ: «Къэбэрдейм къикIри Берлин къэсащ Хьэгъуэндокъуэ Барэ 1945 гъэм» – жиIэу псалъэ гуп.

Барэ итхам зэ къеджэжри щIигъужащ: «Майм и 9-м», – жиIэу. Аргуэру зэ къеджэжа нэужь, езыми мелыр зыгуэрым иритыжащ. Игу зэгъауэ, «Виллисым» хуиунэтIыжащ: майор Инджыджыкъуэм и мурадыр старший лейтенант Хьэгъуэндокъуэм игъэзэщIащ – Рейхстагым адыгэбзэ тетщ иджы.

Лейтенантым и къалэн игъэзэщIащи, кIуэж хъунущ. Псори кIуэж хъунущ я унэ дыдэ. ЦIыхухъу зэшахэм я унэ ягъуэтыжынущ. Сэлэтым ныбафэкIэ къипща километр мин Iэджэ хъу лъы лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ мафIэгукIэ, машинэкIэ якIужу, я унэ кIуэж хъунухэщ: илъэсиплI япэкIэ зи псэр дзапэкIэ зыIыгъа анэм и къуэ илъагъужынущ, фыз бэмпIахэм ялI IэплIэ хуащIыжынущ, сабий ныбаджэхэм адэ ягъуэтыжынущ – нобэ дыщытекIуа махуэщ. Аращ «Ура!» щIыжаIэр, аращ лейтенант Хьэгъуэндокъуэми гъэру щыта итальянец лэжьакIуэхэм Сталиным и цIэкIэ коньяк ядефэу и стэканри щIикъутэжар. Зауэр увыIащ, ди цIыхур бий бзаджэм текIуащ!..

Ауэ… лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ къытена цIыхухэм къапэплъэ анэр, быныр, фызыр дауэ зэрыхъунур? Майор Инджыджыкъуэми адрейхэми я анэхэм сыт ящIэнур? Аргуэру ягъеижынущ – аращ къахуэнэр. Я нэпсыр гъущыжа нэужь, Инджыджыкъуэм и псалъэ Хьэгъуэндокъуэм адыгэбзэкIэ Рейхстагым къытринам кърыреджэ. Зауэм зи бын хэкIуэда адыгэ анэхэми лъагэу я щхьэ ираIэт, зауэм зи бын хэкIуэда анэ псоми хуэдэу.

А тхыгъэр нэхъ псэ быдэщ зы цIыху гъащIэ нэхърэ: «Къэбэрдейм къикIри Берлин къэсащ Хьэгъуэндокъуэ Барэ 1945 гъэм майм и 9-м».

ЖУРТ Биберд

# МЭРЭМЭЖЬЕЙ

*Рассказ*



Къалэу фIэкIа пщIэнкъым нобэ ди къуажэр: зым нэхърэ зыр нэхъ дахэжу, зым нэхърэ адрейр нэхъ иныжу унэ абрагъуэхэм сатыру заукъуэдияуэ уэрамыщхьэхэм къытетщ. Псэуалъэ хьэлэмэтхэмрэ чырбыш плъыжькIэ лъагэу къызэрыщIыхьыжамрэ абыхэм сэреифэ къытрагъауэ. Ди жыг хадэхэр-щэ? Гъэм и зэман псоми къуажэм и теплъэр нэхъри ягъэщIэращIэу мэкI ахэр.

Ауэ а псоми зыкIи емыщхьу, псоми къахэщу, къуажэку дыдэм итщ зы пасэрей унэжь, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, унэ ныкъуэщIыжь, къэуэжын гъунэгъу хъуауэ. Ар зыдэт пщIантIэ закъуэрщ чырбыш плъыжь сэреи псэуалъэ гуэри щумылъагъур. Гъунэгъухэм къахухьа лъэныкъуитIыр умыбжмэ, мыдрей тIур илъэс зыбжанэ и пэкIэ къызэрахухьауэ щыта бжыхьщ, лъэныкъуабэ хъуарэ язынықъуэхэм деж щIым хэхуэжауэ. А бжыхь тIэкIур, гъащIэшхуэ зэримыIэжыр Iупщ Iу, лъэныкъуэкIэ ещIащ. Зи щIэлъэныкъуэр гуэгъукIауэ бжэIупэм Iут дэшхуей закъуэр умыбжмэ, щIапIэ иным зыч нэхъ мыхъуми иплъагъуэркъым. Куэд щIащ дэшхуейми къызэрыпымыкIэжIарэ, ауэ итщ, пщIантIэм къыдэна фызыжьым абы зыри иримыгъэIусэу. Ар Къундуз нанэщ.

Илъэс зыбгъупщI хуэдиз ипэкIэ, щIымахуэ уей бзаджэу, Къундуз и малъхъэр къэкIуауэ нанэ игъэсын лъэпкъ имыIэу кърихьэлIат. Абы щыгъуэ джыдэ къищтэри уват дэшхуейр къигъэуэну, арщхьэкIэ фызыжьым идакъым.

– А, си псэ тIэкIу, а зы жыг закъуэрщ лIыжьымрэ щIалэхэмрэ я фэеплъу мы дунеишхуэм щызиIэжыр, игъэт сыпсэужыху тIэкIу, дэнэ мыгъуэм сынихьэсыжын абы, – жиIэу нанэр къыщыувым, мыдрейм сыт ищIэнт, джыдэр игъэтIылъри IукIыжащ. Абы и закъуэкъым Къундуз дэшхуейр щIрыримыгъэупщIыкIам и щхьэусыгъуэу къигъэувыр. Зауэм хэкIуэда и щIалэхэми а жыг щIагъым зыщагъэпсэхуну яфIэфIу зэрыщытари, ахэр щыцIыкIум дэр мыхъуу къафыщIу зэрыщытари – зыри щыгъупщакъым абы. Иджы зыми ирикужыркъым жыг ныкъуэгъур къигъэуэну, итщ зэман блэкIахэм я щыхьэт бзэншэу.

Безрыкъуэ, Къундуз и малъхъэ закъуэм, щIагъуэу зыкъыщIигъэкъуэфыркъым нанэм. Езыри зэрымыщIалэжым имызакъуэу, абы и лъакъуэ лъэныкъуэр зауэ кIуам хилъхьащи, и махуитI зэхуэдэкъым. И щыкъу анэм телъ гугъуехьыр псэкIэ дигъэв мыхъумэ, лъэкIышхуэ щыIэкъым. А псом и щIыIужкIэ, езыри нэгъуэщI къуажэ дэсщи, махуэ къэси къылъэIэсыфыркъым фызыжьым.

ПщIантIэшхуэм дэсыр Къундуз и закъуэпцIийщ. И щIалэ нэхъыжь

дыдэр, къиша щхьэкIэ бын игъуэтыну хунэмысу, ираджауэ щытащ армэм. Ар къиухауэ «сынокIуэж» жиIэу письмо къыщитха махуэ дыдэм зауэр къэхъеящ. КъыкIэлъыкIуэ щIалитIыр, зэтIолъхуэныкъуитIыр, зауэр къызэрыхъеиххэу, зы махуэм дашащ. НэхъыщIэ дыдэр, колхозым нэхъ мэлыхъуэфIу иIар, кIуакъым зауэм. И адэ Елдар и гъусэу абы мэл гуартэр нэмыцэм ящигъэпщкIуат. Нанэм фIыуэ ещIэж и щхьэгъусэмрэ и щIалэ кIасэмрэ зы махуэм зэрыщIилъхьэжар...

Декабрь мазэт. Iупсыр бдзамэ, щIым нэмысу уейт. Зэадэзэкъуэм мэл гуартэр къуршым щаIыгът, бгъуэнщIагъышхуэ гуэр къагъуэтауэ. Ахэр здэщыIэр зыщIэр мащIэт. Зы жэщ гуэрым борэнышхуэ къэхъеящ. Жьапщэмрэ бгым къех уэсымрэ ягъэгужьея мэлхэр зэрызехьэу хуежьэри, зэадэзэкъуэм яхузэтемыубыдэу бгъуэнщIагъым къызэрыщIэхащ. Хъушэр кърагъэгъэзэну щыкIэлъыщIэпхъуэм, бгым щыхури иукIащ. Тхьэмахуэ енкIэ лъыхъуа нэужьщ Елдар тхьэмыщкIэмрэ щIалэмрэ я хьэдэхэр къыщагъуэтыжар.

Мухьэмэд, быным я нэхъыжьым, и письмо зэрэ-тIэурэ къэкIуащ зауэм щIидза нэужь. Ауэ Адэлбийрэ Къэралбийрэ я тхыгъэ кIапэ дунейм къызэрытемыхьар нанэм нэхъапэхэм фIыуэ ищIэжырт, арщхьэкIэ иджы тхьэлъанэ щеIуэж щIалэхэм я письмо махуэ къэс къакIуэу щытауэ, уеблэмэ «мыгувэу дынэкIуэжынущ» жаIэу къатхауэ.

Мэрзидан, Мухьэмэд и щхьэгъусэр, щысащ зауэр иухыу къэкIуэжынухэри къэкIуэжыху. Куэдрэ пэплъащ, иужьым зиIэтри икIыжащ, мыгувэуи пIэщхьагъ зэригъэпэщыжащ.

Фызыжьыр и закъуэ дыдэу къыщынэм, и малъхъэмрэ и пхъумрэ мызэ-мытIэу къэкIуащ нанэр зрашэлIэжын мурад яIэу. АрщхьэкIэ нэхъуеиншэу зи щIалэхэм япэплъэ, абыхэм я цIэр хэмыту псалъитI къызыжьэдэмыкI фызыжьым зыкъомрэ иракуфакъым я Iуэху зытетыр жраIэну. Щымыхъужыххэм, хуэмышэчыжу зэгуэрым Безрыкъуэ нанэм жриIащ:

– Гугъу уохь, ди анэ, дэри тыншу пIэ кIуэцI дилъыфыркъым, накIуэ ди деж, упсэунщ ди гъусэу: дытхъэмэ, утхъэнщ, дылIэмэ, улIэнщ.

– Азалыхьталэм ар къысхуимыухкIэ. ЩIалэхэр къэкIуэжрэ сыдэмысу кърихьэлIэжмэ, сыти жаIэн, сыти я гугъэн? Иджыри къэс сапэплъауэ, сэ сыщымыIэу ахэр пщIантIэ нэщIым къыдыхьэж нэхърэ сылIэмэ нэхъыфIи!

Хьэблэми Iыхьлыми къахутегъэхьакъым Къундуз. Нанэр и пIэм зэримыкIынур хьэкъыу зыпхыкIахэми абы къытрагъэзэжакъым. Ауэ езы нанэм зэи щыгъупщэртэкъым и малъхъэм къыжриIа «телъыджэр». «ЩIапIэ, хамэ жылэ сишэнут, и малъхъэм бгъэдэтIысхьэжащ, и щIалэхэм япэмыплъэфу, жаIэу», – хъущIэрт нанэр.

Безрыкъуэ унафэ ищIри, и хъыджэбз нэхъыжьыр Къундуз бгъэдэсыну къигъэкIуащ. АрщхьэкIэ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу, ари лIы дэкIуэри ежьэжащ. КъыкIэлъыкIуэ хъыджэбзри нанэм бгъэдэкIри унагъуэ ихьащ. ЩIалэ нэхъыжьитIри нанэм деж щыIэурэ кIуащ армэм. Аргуэру фызыжьыр и закъуэу къыдэнащ пщIантIэм.

Зэпымычу бжыхь лъабжьэм кIэщIэст Къундуз, шэнт лъахъшэ цIыкIум тесу. Хэт блэкIми епсалъэрт ар, уэршэрэгъу ищIт ицIыхухэри игъащIэм имылъэгъуахэри. Нанэр иныкъуэхэми ядэгушыIэрт, иныкъуэхэми Iуэхум къыщымыщ гуэрхэмкIэ еупщIырт. Ауэ абы имыгъэпсэуххэр тIэкIу зи ишэгъуэ блэкIыу гурыщхъуэ зыхуищI хьэблэ хъыджэбзхэрт.

– А делэ мыгъуэ, фашэну фыхуеймэ, си деж фыкъакIуэ. Уэ зыжесIэри сэ жызыIэри фIылъагъупIэ дызыщIын азалыхь, зы жэщ нэхъ мыхъуми си унэ нэху фыкъыщекIамэ, жьы къыфтрамыгъэпсэнт! Фахьынурэ ежьэжынут, делэ мыгъуэ.

Хъыджэбзхэри нанэм къыдэгушыIэжырти блэкIырт, зи щхьэ закъуэ зи лъакъуитIу унэ нэщIым къыщIэна фызыжь насыпыншэр яфIэпсэкIуэду. Апхуэдэурэ зэманыр екIуэкIырт. Сабийхэри къыдэкIуэтейрт, цIыху хъухэти, хэти еджакIуэ кIуэрт, языныкъуэхэри армэм дашырт. Нанэри нэхъ жьы, лъэрымыхь хъу зэпытт. Дунейр щыуэфIыр и гурыфIыгъуэт Къундуз: и шэнт лъахъшэ цIыкIур иIыгъыу къыщIэкIырти, сыт щыгъуи зэрихабзэу, бжыхь лъабжьэм кIэщIэтIысхьэрт, ауэ уэлбанэ хъуамэ, е щIымахуэр къэсмэ, и хьэдагъэ тIуащIэт. БлынджабиплIымрэ езымрэ къызэхуэнэжа иужь, абыхэм зэрапIытIым и гукъеуэ къомыр къыхыхьэжырти, тхьэджэрт нанэр. Апхуэдэхэм деж гъунэгъухэри нэхъ къыхуэсакъырт, пщыхьэщхьэкIэрэ къакIуэурэ трагъэурт е къэнапэу жэщым къыбгъэдэсхэри къахэкIырт. Зы мыхьэнэншэ дыдэри фIыщIэшхуэ ищIырт нанэм, е, и гум ежалIэрти, тхьэмахуэ енкIэ иринэщхъейрт. Абыхэм деж сыт къэмыхъуами ар Iэмал имыIэу ирипхырт и закъуэу къызэрынам. Иужьрей зэманым ар зэпымычу Iущащэрт. Языныкъуэхэми жаIэрт нанэр щхьэхуэпсалъэ хъуауэ, языныкъуэхэми ар ядэртэкъым, тхьэ щаIуэжырт зэчыр къибжу. Тэмэмыр зыми ищIэртэкъым. Зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм ар нэхъ Iей хъурт.

Зы гъатхэ пщэддыжь гуэрым Къундуз и пщIантIэм къыдэIукI гъы макъышхуэм хьэблэр къызэщIиIэтащ. Гъунэгъу фызхэр, зырызтIурытIурэ, нанэм дежкIэ ежэкIырт, щхьэж игу къихьэр къибжурэ, зэрыжэм хуэдэу гъыурэ. Ауэ абыхэм ящыщ зыр, фызыжьым нэхъ кIэлъыплъ зи хабзэр, и макъыр утIыпщауэ гъырт, адрей хьэблэхэми зэхахрэ жыпIэу.



– Еууей, Къундуз тхьэмыщкIэ мыгъуэ, буха мыгъуэщ уи дуней гугъуехьри гукъеуэри, уи щIалэхэм уи нэ къахуикIыурэ, дуней нэхур къыубгынащ.

Хьэблэм ягъеижыну щIызэхуэса нанэр унэ блынджабэм кIэщIэсу, къуажэ советым и лэжьакIуэхэм къаухъуреихьауэ щрихьэлIэм, къэхъуар къагурымыIуэу, ящIэнури ямыщIэу къызэхэнащ. Ахэр зэм Къундуз, зэми советым и лэжьакIуэхэм еплъырт. Хъызыр, советым и председателым, сыт жимыIами, нанэм сыт хуэдэу емыдэхэщIами, ар нэхъ Iейуэ гъы мыхъумэ, къикIиартэкъым. Зы зэман зэ, нанэр нэхъ щызэтесабырэжым, Хъызыр, и нэпсыр щIилъэщIыкIыурэ, къызэхуэсахэм Iуэхур зытетыр яжриIащ:

– Сыт мыгъуэ, дунейм, сыкъакIуэу мы лажьэ зимыIэ фызыжьыр бэлыхь щIыхэздзар? Сэ сыхэмытми, езым бэлыхьу телъыр къелыжырт. Щхьэ мыгъуэ сыдела апхуэдизу? Сыт сигу къыщIэкIыххар мыбы сыкъэкIуэну? Си щIапIэ пыч кIуэдат сэ! Фызыжь насыпыншэм и гукъутэр щIэрыпсу къезгъэблыжащ. Зэпытрэ зэкIэсу укIуэ щIапIэри! СыкъезыхьэкIыр сыт уейпсей сэ?!

Хуэм-хуэмурэ щытхэми къагурыIуащ Iуэхур зытетыр. Къундуз и щIапIэр инт, гектар псо хъурт, зауэм ипэкIэ зэрыщытам хуэдэу. ЩIапIэхэм пачу кърагъэжьа иужь, фызыжьым и гугъу ямыщIурэ екIуэкIащ. ЯщIэрт ар нанэм зэрызыхищIэнур, тэмэму къызэрыгурымыIуэнур. Ауэ иужьрей илъэсхэм, къуажэр рабочэ поселкэ зэращIам къыхэкIыу, абы къыдэкIат нанэм и щIапIэр плъапIэ зыщIа зырызхэри, псалъэ-

макъи къаIэту щIадзат. Жылэ кIыхьым зы унагъуэ закъуи дэсыжтэкъым апхуэдизыщI иIыгъыу. КъинэмыщIауэ, илъэс къэс нэхъыбэ хъу зэпытт унагъуэу тIысыж щIалэгъуалэри. Зауэм цIырхъ ищIа цIыхур къызэщIэрыуэжат. Зыбжанэ щIауэ щIапIэхэри зэпэубыда хъуат. Нэхъри къуажэр бгымрэ псымрэ я зэхуакум дэсти, адэкIи мыдэкIи IэбапIэ иIэжтэкъым. Ауэ фызыжьым и щIапIэр пичыну Хъызыр нэхъри тезыгъэгушхуар ар зэрыхуземыхьэжырт. Пэжу, зы илъэси къанэртэкъым хуримыгъавэу, хутримыгъэсэжу, арщхьэкIэ Къундуз зэримыхьэфурэ фIызэщIэкIэжырти, кърихи щыIэтэкъым. Арат Къундуз и щIапIэр плъапIэ зыщIахэми советым и лэжьакIуэхэр хьэIупс щIащIар.

– Дэ щIапIэ диIэкъым, мы фызыжьым мыпхуэдизыщI щIигъэхьэулейр сыт? – жаIэу щыхуэувкIэ, Хъызыр и гум зигъазэрт. Ауэ дэтхэнэм жепIэн фызыжьым и гуауэмрэ и псэм хьэзабу телъымрэ зыхуэдизыр? НэгъуэщIым и гуауэр гуауэу къэзымылъытэм ар жепIэкIи сыт и мыхьэнэ? А псори зэхилъхьэжри, арат Къундуз и щIапIэр пичыну советым и председателыр нобэ тезыгъэгушхуар. Хъызыр ищIэрт ар нанэм и гуапэ зэрымыхъунур, мызэ-мытIэу зэхихыжат жыжьэ псалъэу, и щIалэхэр къэкIуэжмэ, зэбгъурыту унэ иращIыхьу, зэшхэр зэгъунэгъуу игъэтIысыжыну нанэр зэрыщIэхъуэпсыр. Ауэ апхуэдиз дыдэу зыхищIэну и пщIыхьэпIи къыхэхуакъым. Нанэм абы кърихамрэ и гур здэкIуамрэ кIуэнуи и гугъэххакъым.

Хъызыр щилъагъум, нанэр егъэлеяуэ гуфIащ. Ар къэкIуэхукIэ фызыжьым и гур фIы къыхуищIырт, гуапагъэ гуэрхэри къыхуищIэрт.

– А, си псэ тIэкIур зэзгъэшхын Хъызыр, укъэкIуа, си щIалэ цIыкIу? Алыхьыр арэзы къыпхухъу, си дуней нэху, чэм имыIэу укъокIуэ, сыпщыгъупщэркъым, – гуфIэрт нанэр.



Хъызыри Къундуз IэплIэ хуищIри и узыншагъэм щIэупщIащ, зэрихабзэуи дэгушыIащ:

– Уэ, ди анэ, фIыуэ сыкъэплъагъужыркъым. Нэхъапэхэм махъсымэ бэлыхь себгъафэу щытати, куэд щIауэ зыбущэхужауэ зыри жыпIэжыркъым.

– А, си псэ тIэкIу, махъсымэ схуэщIыж мыгъуэрэ? Мыдэ си щIалэхэр къэкIуэжмэ, фезгъэфэнкъэ! Сэ куэд щIауэ абыхэм я Iыхьэ тIэкIур сохъумэ.

Ахэр зыкъомрэ зэпсэлъа иужь, Хъызыр хуэмурэ къригъэжьащ:

– Уа, Къундуз, пщэдей уи щIапIэр пхуезгъэвэнущ, ауэ мы къомыр пхузехьэркъыми, и ныкъуэр пытчынщи, зыгуэрым едгъэщIэнщ.

ЯпэщIыкIэ нанэр къызэIууэри и фIэфIыщэ мыхъуауэ жиIащ:

– Ана-а, Хъызыр, си щIалэхэр къэкIуэжмэ-щэ? Ар дауэ хъун, сымыгъуэ?

– ЩIалэхэр къэкIуэжмэ, щIапIэ къахуэдгъуэтынкъэ, Къундуз? КъэкIуэжащэрэт, щIапIэр Iуэхут.

Къундуз япэщIыкIэ арэзы хъу хуэдэуи хъуащ. АрщхьэкIэ къэхъуари-къэщIари ямыщIэу, нанэр зэщыджэу къыщиудащ.

– Азалыхь, Хъызыр, уэ си щIалэхэм щхьэкIэ зыгуэр зэхыумыхауэ, си щIапIэр пыпчыну укъэмыкIуа! Мы ди щхьэщыгу итри цIыху цIыкIури узогъэлъэIу, къызжеIэ зэхэпхар, – зэрызэщыджэм хуэдэурэ, къуажэ советым и унафэщIым зыхуигъэзащ нанэм.

Апхуэдэу Iуэхум зыкъызэридзэкIыну щымыгугъахэр кIэрахъуэу утыкум къинащ, ящIэнур ямыщIэу.

– Хьэуэ, Къундуз, ар уигу щхьэ къэбгъэкIагъэххэ, – жиIэу Хъызыр

къыщригъажьэм, нанэм абы и псалъэр Iэпиудащ:

– АтIэ иджыри къэс сыту пумычарэ си щIапIэр? Алыхь, сыт зэхэпхами, зыгуэр зэхэпхамэ, къызжепIэнукъым армыхъумэ, – фызыжьыр нэхъ гукъутэу гъыуэ щIидзащ.

Зи нэпсыр джэшым хуэдэу къещэщэх нанэм щыIуплъэм, Хъызыр и нэгум къыщIэувэжащ Къундуз и щIалэ нэхъыжьыр, езым и гъусэу армэм дашауэ щытар. Мухьэмэдрэ Хъызыррэ зыгъэшкIэт, къуажэ школыр къызэдаухат. А тIур зы частми хэтащ, зауэр къэхъейуэ илъэсищ дэкIыжыхукIи.

... А гъэм Сталинград хуит къащIыжыным къэнар махуэ бжыгъэт. Ди сэлэтхэр къызэщIэплъауэ ебгъэрыкIуэрт. Офицер хахуэ Есэнокъуэ Мухьэмэд и ротэр нэхъ псэзэпылъхьэпIэ дыдэм Iутт. БжыгъэкIэ езыхэр нэхъ мащIэ щхьэкIэ, нэмыцэхэр ягъэундэрэщхъуати, зэкIэщIэжыпIэ ирамыту, Iэщэр кърагъэтащ. Гъэр хъуа нэмыцэ генералым зишхыхьыжырт. АтIэми, щIыунэм къыщIэзыша ди зауэлIхэр зэрымащIэ дыдэр щилъагъум, ар хьэщхьэрыIуэ дыдэ хъуащ. Мухьэмэд зи командир ротэм ротэкIи уеджэж хъунутэкъым, и зэхуэдитIырт а зэхэуэм къелар. Нэмыцэхэр щIыунэм къыщIэкIыурэ я Iэщэр самэшхуэу зэтрадзэрти, я Iэхэр Iэтауэ лъэныкъуэкIэ увырт. Иужь дыдэм иту къакIуэ генералым и кIэрахъуэр самэм хидзэ хуэдэу ищIри гъунэгъуу къыбгъэдэт офицерым и бгъэгум къриубыдэри къеуащ, езыми зиукIыжащ. Зы сыхьэт ныкъуэ хуэдэ псэужащ Мухьэмэд уIэгъэ хъуа иужь, Хъызыр уэсяти къыхуищIыжащ. И ныбжьэгъур и IэкIэ щIилъхьэжри, Хъызыр Елдар деж письмои къитхат, и щIалэ пажэм и кIуэдыкIэр иту. АрщхьэкIэ письмор къригъэхыфакъым, и псэм техуакъым кърикъэхыну, дадэмрэ нанэмрэ ещыхьэкIуэну. АбыкIэ Хъызыр щхьэусыгъуэ гуэрхэри иIэт: лIыжьымрэ фызыжьымрэ фIыуэ зэрилъагъум имызакъуэу, и ныбжьэгъумрэ езымрэ зы хъыджэбз дэгушыIэу щытащ. Ауэ армэм дэкIыным куэд имыIэжу хъыджэбзыр Мухьэмэд къиишат. ЗэныбжьэгъуитIым абы щхьэкIэ зы махуи нэмыплъ зэрататэкъым, уеблэмэ Мухьэмэд и хьэгъуэлIыгъуэр зезыхьар Хъызырт. А псори зэпилъытыжри, Хъызыр и письмор къыхуэутIыпщатэкъым. Езыр зэуащ Берлин нэсыху, зауэр иухыным махуэ бжыгъэ фIэкIа имыIэжу уIэгъэ хьэлъэ хъури илъэс нэблагъэкIи госпиталым щIэлъауэ къэкIуэжащ 1946 гъэм и март мазэм. КъэкIуэжа нэужь Мухьэмэдхэ я пщIантIэм Къундуз фIэкIа дэмысыжу къыщрихьэлIэжым, Iуэхур зыIутыр фызыжьым жриIэфакъым...

И щхьэр мащIэу кIэрахъуэри, Хъызыр нанэм бгъурытIысхьащ. Нанэр нобэр къыздэсым и щIалэхэм зэрыпэплъэртэкъым Хъызыр игъэщIагъуэр, атIэ Мухьэмэд махуищ япэкIэ письмо къитхауэ, ар къэкIуэжу гъуэгу тету Къундуз тхьэлъанэ зэрищIырт. И ныбжьыр илъэс пщIейм щIигъуами, Къундуз и акъылым имытыжу зыми хужыIэнтэкъым, ар гъэщIэгъуэну къызэтенат. Игъэва гуауэмрэ иужьрей илъэсхэм и псэм хьэзабу телъамрэ щыгъуазэхэм яфIэтелъыджэт фызыжьым хэлъ лIыгъэр. Псом хуэмыдэу и щIалэхэм я гугъу щищIкIэ жиIэр и гум хыхьэу и фIэщт, апхуэдизкIэ пэплъэрт и бынхэр къэкIуэжынуи, зауэр щиухар дыгъуасэу къыпщигъэхъурт. Уеблэмэ уи фIэщ ищIырт щIалэхэр моуэ пщIантIэм къыдыхьэжыну. Иныщэт нанэм и гугъэр. Армыхъумэ, хэт зауэм хэкIуэда и быным нобэ къэс пэплъэр?.. Хэт пэмыплъэр?! Къундуз бампIэ куэдыIуэ фIызэтрихьауэ и щэхур хуэмыбзыщIыжу ара? А махуэм хьэблэм ягъеяр зауэм хэкIуэда щIалэхэратэкъым, атIэ езы фызыжьырт, зауэ екIуэкIам зи жьыщхьэр

мыгъуэ ищIа нанэ насыпыншэрт. Ар ягъеижырт псэууэ, къабгъэдэсу.

Мы хъыбарыр хьэблэми жылэми Iуэтэн яухатэкъым нэхъ гъэщIэгъуэныжыр къыщыхъуам. И щIапIэр пичыну Хъызыр къыщыкIуа махуэм Къундуз пIэм хэгъуэлъхьащ. Ар хьэлъэт. ПIэм здыхэлъым нанэр зэпымычу Iуэщхъурт, и щIалэхэм я цIэр чэзууэ жиIэурэ абыхэм еджэрт, и щхьэгъусэм епсалъэрт. Хьэблэр нанэм бгъэдэст, и гъащIэм щыщу къыхуэнэжа тIэкIур щэIурэ IыхькIэ дагъакIуэу, хьэзабрэ бэлыхьу и псэм телъыр дагъэву. А махуэм армэм лъагъунлъагъу къикIыжащ Къундуз и гъунэгъу щIалэр. ПщIантIэм и къуэш нэхъыщIэ цIыкIум фIэкI дэмысу къыщрихьэлIэжым, ари Къундуз дежкIэ екIуэкIащ, нанэми щIэупщIэну, и анэри къиишэжыну. Ар къызэрыкIуэжам хэзымыщIыкI фызхэр къыщыгуфIыкIащ, ехъуэхъуу щIадзащ. Хьэлъэу пIэм хэлъ фызыжьым и тхьэкIумэ жьажьэхэм хуэму къицырхъащ «къэкIуэжащ», «укъэкIуэжыпа» псалъэхэр; и нэ набгъэхэм хъарпшэру къалъэгъуащ сэлэт фащэр. ЯпэщIыкIэ Къундуз и нэхэр хьэлъэу къызэтрихри къыдэплъеящ, арщхьэкIэ и напIэхэр хуэмыIыгъыу фIехуэхыжащ. Абы ирихьэлIэу щIалэм и анэм жиIащ:

– Нанэ бгъэдыхьи щIэупщIэ, тIасэ, плъагъуркъэ, хьэлъэ дыдэщ.

ЩIалэр нанэм бгъэдыхьэри нэкIум Iэ дилъащ, зигъэщхъри хуэму жиIащ:

– Сыт ухуэдэ, нанэ?

Къундуз аргуэру къыдэплъеящ икIи къызэфIэтIысхьащ. МащIэу зыкъытриIэтыкIщ, къыщхьэщыт щIалэм IэплIэ къыхуищIри, и макъыр кIэзызурэ ерагъкIэ къыдришеящ:

– Сыту куэдыщэрэ сызыпэбгъэплъа мыгъуэ, си псэ тIэкIу. Апхуэдизрэ сыкъыумылъагъуу сыту пхуэшэча? СыфщыгъупщэжыпамыгъуитIэ! Дэнэ щыIэ, тIасэ, Мухьэмэдрэ Адэлбийрэ? Ахэр къэбгъанэу укъэкIуэжа, хьэмэрэ...

Пэшым щIэсхэр зэплъыжащ. ЯпэщIыкIэ зэуэ къагурыIуатэкъым нанэм жиIэхэр, арщхьэкIэ «Мухьэмэдрэ Адэлбийрэ дэнэ щыIэ?» – жиIэу щыщIэупщIэм, псоми къагурыIуащ Къундуз гъунэгъу щIалэр и къуэр ару къызэрыщыхъуар. Псоми я бзэр иубыдащ. ЩIалэми жиIэнур имыщIэу ундэрэбжьауэ щытт, зэми и анэм, зэми и адэшхуэм еплъу, гущIэгъу лъыхъуэу. Иджы щысхэм щыщу цIыхуитI зэплъыжыфыртэкъым. Сытми, щысхэм ящыщ зы тегушхуэри кърригъэжьащ:

– Нанэ, мыр Къэралбийкъым, мыр...

– И гугъу фымыщI, ирегугъэ и щIалэр арауэ, – Iэпиудащ абы и псалъэр нэщхъей дыдэу щыс, зи щхьэр уэсу къетхъуха дадэм, армэм къикIыжа щIалэм и адэшхуэм. – КъыфIырещI и къуэр къэкIуэжауэ. Епсалъэ, тIасэ, епсалъэ, и щIалэр епсалъэ хуэдэу, умышынэ, епсалъэ. НэгъуэщI мыхъуми, и псэр псэхужауэ кIуэнщ хьэдрыхэ. Ари Iэджэ и уасэщ. Плъагъуркъэ, сыхьэт бжыгъэщ къыхуэнэжар. Хэт ищIэрэ, апхуэдэу зэрыхъуар нэхъыфIу къыщIэкIынщ, армыхъумэ и напIэр зэтехьэнтэкъым.

– СыкъэкIуэжащ, нанэ, сыкъэкIуэжащ, – жиIащ щIалэми, щтарэ и макъым къикI щIагъуэ щымыIэжу, кIэзызу.

– Делэ цIыкIу мыгъуэ, нэхъ ину жыIэ. Фэ сыкъызэрывгъэнам сыхуэдэж уи гугъэу къыщIэкIынщ, щIагъуэу зэхэсхыжыркъым, тхьэкIумэ жьажьэ сыхъуащ, – къыпыгуфIыкIащ Къундуз, икIи щIалэм и щхьэфэм Iэ дилъэурэ аргуэру щIэупщIащ:

– Уи къуэшхэр-щэ, тIасэ, дэнэ щыIэ, слъагъуркъыми?

ЩIалэр и адэшхуэм еплъри хуэмурэ жиIащ:

– КъокIуэж ахэри, мыгувэу къэсыжынущ.

Къундуз и нэпсыр къыфIыщIэжри, и кIуэцIыкIыщIэ псом зыкъигъазэу бауэри, и псалъэхэм пищащ:

– Тобэ, апхуэдэ къэмыкIуэжыкIэ дунеишхуэм тету хэт зылъэгъуар!

АдэкIэ къэхъуам зыри пэплъакъым. Ар ищIамэ, дадэри тегушхуэну къыщIэкIынтэкъым армэм къикIыжа и къуэрылъхур нанэм апхуэдэу иригъэпсэлъэну. IэкIэ ягъазэ мыхъумэ, мазэ нэблагъэкIэ езыр-езыру зызыхуэмыгъэхъея фызыжьыр хуэмурэ къызэфIэтIысхьэри гъуэлъыпIэ натIэм фIэлъ и бостейр къищтащ. Фызхэр здигъэIэпыкъуурэ, бостейр щитIагъэри и лъакъуэхэр пIэм къригъэувэхащ, лъакъуэкIэ и вакъэхэр къилъыхъуэу.

– НакIуэ, си псэ тIэкIу, сэ зыгуэр пхуэзгъэтIылъащи...

Зыри пэмылъэщу, Къундуз пэшым къафIыщIэкIри кIэлындорым къытехьащ. Абы и Iэблэр и «щIалэм» иIыгът. КIэлындорым къыщытехьэм къэувыIэри нэкIэ унэ ныкъуэщIыжьыр къызэхижыхьащ икIи и макъ дэгу икIамкIэ и щIалэм зыхуигъэзащ:

– Унэ тIэкIури къызэрывгъэнам хуэдэщ, си псэ тIэкIу, плъагъуркъэ, и лъэгу къудейр ирезгъэлъхьакъым. Фигу иримыхьмэ, сыт сщIэжынут...

Нанэм кIыхьу кърригъэкIуэкIыу щIидзащ и малъхъэр мызэ-мытIэу къакIуэу зыхишэжыну къызэрепсэлъар, ар щымыхъум, щIыхьэху ищIу унэ ныкъуэщIым зыгуэр ирищIэну иужь зэритар. ЩIалэм илъагъурт езыр армэм щымыкIуэм зэрыщыта дыдэм хуэдэу унэр иджыри зэрыщытыр, нанэм зи гугъу ищI псоми ар щыгъуазэт. Зауэм ипэкIэ Елдар зыщыпсэуар пэшитI хъууэ мы унэ ныкъуэщIым и щIыбым къыдэта пщэфIапIэ цIыкIурщ. Ар жьы щыхъум, и щIалэхэри къыдэкIуэтеяти, унэшхуэ кърригъэжьащ, мыдрей пэшхэм я лъэгури ирамыдзауэ, пхъэбгъури бжэ-щхьэгъубжэри хьэзыру зэрыщIэлъым хуэдэт ноби. Пэжу, ахэр зыкIи сэбэп мыхъужыну зэманым Iисраф ищIат. Ахэр псори иригъэлъэгъуа нэужь, Къундуз щIалэр дэшхуей лъабжьэм пэмыжыжьэу щылъ мывэшхуэм деж ишэри жриIащ:

– Мы мывэр егъэкIуэтэкIи, мыбдежыр къэфтI.

ПщIантIэм къыдыхьэ щIалэхэми белыр зэIэпахыурэ щIыр къатIырт. Хуабэр къегуэуат е къару имыIэжу арат, Къундуз щымытыжыфу щетIысэхым, и гъуэлъыпIэр къыхущIахри дэшхуей лъабжьэм щIагъэуващ. Нанэр япэщIыкIэ пIэм итIысхьащ, иужькIэ зигъэукIурийри белыр зыIыгъхэм якIэлъыплъу щIидзащ.

– Хуэму, си псэ тIэкIухэ, хуэму, кхъуэщыныр фкъутэнщ, – гузавэурэ зэзэмызэ зыкъытриIэтыкIырт нанэм. ПщIантIэм дэт псори нанэм еплъырт къэхъуар къагурымыIуэу. Алъандэрэ сыт хуэдэу зэтесу щымытами, сыт хуэдэу зимыIыгъами, иджы Къундуз и акъылыр фIэкIуэдауэ къалъытэрт нэхъыбэм.

– Джаур, Хъызыр, «уи щIапIэр пысчынущ жери» къокIуэ. Си напэр текIатэкъэ иджы пезгъэчамэ, – и щхьэ хуэпсалъэу щылът фызыжьыр.

Куэд мыщIэу щIалэхэм пасэрей кхъуэщын ин, литр тIощIым щIигъу ихуэну, къыщIатIыкIащ. Къундуз и щэхуи и нахуи зыщIэу зи гугъа гъунэгъухэми ягъэщIэгъуат ар, икIи фызыжьыр нэхъри яфIэпсэкIуэдт. Уеблэмэ Къундуз и пхъум нэхърэ нэхъ гъунэгъуу къыхущыту псоми къабж, лIэмэ зэрыщIалъхьэжыну и ахъшэ тIэкIури и джэбынри здигъэтIылъахэр зыжриIа Марусхъани ищIакъым апхуэдэ гъэтIылъыгъэ абы иIэу. Языныкъуэхэми жаIэрт нанэм ар щыгъупщэ-



8 Заказ №94

жауэ щытауэ, ауэ, иджы, и къуэр къызэрыкIуэжу, къигубзыгъыжауэ. Адрейхэми ар ядэртэкъым. Абыхэм ягъэхъыбарыр уи фIэщ пщIы иужь, нанэм абы мылъкушхуэ щигъэпщкIуат. Арагъэнт кхъуэщыныр къаувыхьауэ псори щIеплъыр.

– Иджы, си щIалэ цIыкIу, мы хьэблэми жылэми цIыхухъуу дэсыр къызэхуэшэси гъэхъуахъуэ, мыбы итыр мэрэмэжьейщ, – жиIащ Къундуз, кхъуэщыныр зэпалъэщIыхьу и пащхьэ кърагъэува нэужь.

Кхъуэщыным и щхьэм тегъэжыхьа шэхур хуэсакъыурэ къытрахри итым еплъащ. Ар стэчаным щракIам зэрыпщIэн щыIэтэкъым лъыуэ фIэкIа.

– Мыр щIалэхэр щыдэкIа гъэм лIыжь мыгъуэм сэрэ щIэтIтIат, – жиIащ нанэм, цIыхухэм яхэплъэурэ, – куэдрэ щIэтащ щIым, ауэ сэ сщIэрт дапщэщми ар зэ къызэрыщIэсхыжынур. Къеджэ, тIасэ, псоми, жылэм иралъагъу си щIалэр къызэрыкIуэжар, ирыращIэ сылIэмэ си кхъаблэм къыщIэувэн зэрызиIэр. Хьэблэми фIыгъуэр тхьэм къыфхуищIэ, зеиншафэ къыстевгъэуакъым. Сэ сылIэми, мис, си щIалэ цIыкIум щыгъупщэнкъым фэ къысхуэфщIар зыхуэдизыр.

Къундуз и унафэр гъунэгъу лIыжьым диIыгъащ. ДжакIуэ хагъэхьэри цIыхухэр къызэхурагъэшэсащ. Нэхъыжьхэр нанэм бгъэдыхьэри ехъуэхъуащ и щIалэр узыншэу зауэм къызэрикIыжам щхьэкIэ, япэ хъуэхъубжьэри IэщIагъэуващ. Мэрэмэжьейр изу зэрыт фалъэр Къундуз и Iэ сысхэм къыдэфэрт. Абы аргуэру хьэблэм папщIэ хъуэхъушхуэ жиIэри зы Iубыгъуэ закъуэ иригъэжэхащ.

– А Марусхъан, пшынауэ макъ зэхэсхыркъыми-тIэ, си хъыджэбз? – зыхуигъэзащ нанэм гъунэгъу цIыхубзым, махъсымэр гъунэгъу лIыжьым иритыжурэ.



– КIуэ, Марусхъан, къеджэ КIулацэ, – жиIащ дадэми. – ЩедгъэжьакIэ и кIэм нэсу арэзы ирехъу Къундуз.

ЩIэх дыдэу пшынауэри къашэри пщIантIэм джэгушхуэ къыщызэIуахащ. Мэрэмэжьейм зи гур жан къищIа щIалэгъуалэр Iэгумрэ лъакъуэмрэ щысхыртэкъым, абыхэм я джэгу макъыр жылэшхуэм и лъэныкъуэ псоми нэIусырт. А псоми къахэIукIыу Къундуз и тхьэкIумэм къиIуэрт Елдар и макъыр, и макъ дэгу къарууншэр, ауэ нанэм дежкIэ сыт нэхъри нэхъ лъапIэр. Абы жиIэрт фIыуэ илъагъуу щыта адыгэ уэрэдыжьыр – Гуащэгъагъ и уэрэдыр.

Мэрэмэжьейм хэщIа щыIэтэкъым, джэгур зэпыууэ, пщIантIэм хьэдагъэм зыкъыщыщиIэтам.



*Усэхэр*

БИЦУ Анатолэ

## СУРЭТ

Куэд щIащ зауэ мафIэр зэрыужьыхыжрэ,
Ауэ сахуэ фIыцIэрноби ди щIым телъщ...
Мес, щIэрыщIэу нанэ блыным къыфIехыжри,
Нэпсыр щIилъэщIыкIыу, сурэт гуэрым йоплъ.

А сурэтыр нанэм хуехь и Iупэм, и нэм,
Трахыным хуэдэу щIекъузэ и бгъэгу.
КъогуфIыкI сурэтым щIалэ щхьэц баринэр –
Зэгуэр сабий дыдэу техьар зауэ гъуэгу.

А зы сурэт закъуэрщ къытенар дунейми
И фэеплъу и къуэ зауэм хэкIуэдам –
Аращ зэплъыр анэр дыгъэр къыщIэкIами,
Аращ зэплъыр анэр жэщхэр хэкIуэтам...

Къызоплъыхь сэ фэбжькIэ гъэнщIа мы ди щIылъэр,
Нобэм и нэщэнэу дэнкIи щызолъагъу:
Итщ и пащхьэм анэр блыным сурэт фIэлъым –
Сурэтыр нэщхъыфIэщ, анэр гукIэ магъ.

## НЭФ

Зэгуэр къыщихьэм
Ди щIым бийр мафIэскIэ –
Ихъумэу лъахэр,
Ем ар пэуват.
Хэтт щхьэмыгъазэу
Лыгъэ курыкупсэм
Дунейр сэлэтым
КъыщытеункIыфIам...

Бийр хисхьэжащ
Езым зэщIищIа мафIэм.
ЩIэрыщIэу ди щIым
Дыгъэр къыипсэжащ.
Ауэ къэнащ
И махуэ псори кIыфIу –
А зауэм нэфу
Сэлэт къыикIыжам...

О, сыту гуфIэу
Iуплъэжынт ар нобэ
Зэгуэр мафIэсым
Щихъума дунейм!
… КъекIухьыр нэфым
БашкIэ Iэбэрабэу,
ФIэкIуэда нитIыр
Къилъыхъуэж нэхъей.

## АЦКЪАН Руслан

* * *

Аргуэру нэгум къысфIыщIохьэ зауэр,
щIы щхьэфэм Iугъуэ тхышэр къыщотэдж.
ЙоувыкIыр топхэр, гъащIэм тегъэпсауэ,
вуужу шэ икIахэр зэподжэж.

Къежэх лъы хуабэм нитIыр фIыщIихъумэу,
зауэлIыр зэ ныбжьэгъухэм яхоплъэж.
ЩыхэкIым и псэр, къэса бийм щихъумэу,
зытелъ щIы кIапэр бгъэгум щIекъузэж.

… Сурэтым щабэу делъэ анэм и Iэр,
абы фытоткIуэ и нэпс пщтыр къекIуар.
Сабийр мэжей, бгъэм щIэлъу адэ пыIэр,
щхьэгъубжэм Iутщ нысащIэ зигу бэгар.

КъысфIэщIу сэ жэуап зым хуемытыну
мы упщIэм къунтхыу си псэм зыщегъэш:
нэхъ тынш лъы бгъажэу зауэм уIутынир
е упэплъэныр зауэм кIуам нэхъ тынш?..

ЛЪЭIУ

*Хьэх З.*

СыкъэпцIыхужу пIэрэ, си губгъуэ:
зи адэр зауэм и пэ псэуар,
къызыхуадзыжу гъуэгухэм зи гугъэр
адэншэ къабзэу къэнар сэращ.

Анэм и куэщIым ущыпэсщI щыIэт,
уи дежт псэхупIэ сэ щызгъуэтар.
ЗэблэпхыкIауэ и джанэ щIыIухэр
си сабиигъуэр къыпхуэзгъэнат.

Иджы, си губгъуэ, зы лъэIу пхузиIэщи,
жьыбгъэ Iуэхуншэм ар иумытыж:
губгъуэу щIым тетыр щытмэ зэрыщIэу,
си адэр зэрылъыр къысхуэгъуэтыж...

## КIЭЩТ Мухьэз

### ДЭШХУЕЙ ГУЭРЭН

*Хэку зауэшхуэм хэкIуэда*
*КIэщт Мамилэ и фэеплъу*

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщIащэр жьыху
Дэшхуейр къыщытщ зыкъиблэу.
Дэ дежьэ пэт,
Иджыри къэтщ
Ар зыгъэкIа Мамилэ.

Щытехьэм гъуэгу,
ЩIалэм и нэгу
Иплъэщ нэщхъейуи нанэ,
И къуэм и жып
Зы дэ Iэбжьыб
ИрикIутащ, гъынанэу.

Къэхъуащ щымэх,
ФIэщIу псэр хах,
Ауэ ишхакъым дэхэр:
Дэхэм Iуплъам,
Нанэ къэнам
Илъагъут и нэкIу лэдэххэр.

Фэеплъти, щысхьт,
Бгъэм дэлъу здихьт,
Къихьэсыжакъым унэм:
Щхьэхьу бий жэм
ИутIыпща шэм
ФIигъэункIыфIати и нэр.

ИгъэпщкIури щIым,
Дэм щIыгъуу щым
Хъужащ Мамилэ и гур.
Нуру бла гум
И гъусэу дэр
Иритыжащ зей щIыгум.

Гъатхэм и бзийм
Зыщиукъуэдийм,
ЩIы яуIам Iэ дилъэу,
Дэшхуей гуэрэн
Дыгъэм Iуплъэн
ПапщIэ
КъыхокIыр щIылъэм.

Къепщэм борэн,
Дэшхуей гуэрэн
Зэкъуэувар мыдзыхэ.
Нанэ нэщхъейу
ЩыблэкIым дей,
Ахэр къыпфIощIыр гухэ:

Я тхьэмпэ къэс,
КъыпфIэщIу нэпс,
Уэсэпс пощэщ къудамэм, –
Нанэ еша
Къыхуигъэша? –
ХутолъэщIыхь и дамэм.

Гъатхэ къэсыху,
Зи пщIащэр жьыху
ДэшхуейхэрщокI Дон Iуфэм.
Ахэм къысфIощI
Дон Iуфэ куэщI
Щраплъ Мамилэ и фэ.



## ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан

### АВТОБУС КЪЭУВЫIЭПIЭМ ДЕЖ

Магъыр щIалэ цIыкIур зэгуэуду,
Джэшым хуэдэу къолъэлъэх и нэпс,
Автобусым блишащи и адэр
КъыкIэлъыкIуэ къэувыIэпIэм нэс.

Магъыр сабийр, зыми хуэмыудэIуу,
«Папэ» фIэкI и макъым къимыкIыж…
Иджыпсту абы и гузэвэкIэм
ПлIыщIрэ зы гъэр сэ сигу къегъэкIыж…

Дыкъыкъуанэу анэм и кIэ къуагъым,
МафIэгужьхэм мащIэм дыхана?!

Псыхэкlуадэу сабийм ди гъы макъыр,
Дэ адэншэу дапщэ дыкъэна?!

Абы щыгъуэ мафlэгухэм я lугъуэу
Ди адэхэм я нэкlухэр зыгъэпщкlуар
Нобэм къэскlи хэлъкъэ атlэ тхъугъэу
Фызабэхэм я щхьэм къыхэнау!..

О, шоферхэ, мафlэгузехуэу щыlэ!..
Фи гулъэфым, маржэ, фыхуэсакъ,
Фытемыплъэкъукlыу фыкъэувыlэ,
Къэмыlу щlыкlэ сабийм я гъы макъ!

Щlэблэр топ уэ макъым зыкlи хуейкъым,
Къыхэмыщту ахэр ирежей…
Щlыми, псыми, уэгуми фыщызекlуэ,
Зауэ гъуэгур къыхэвмых къудей!

## МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

* * *



Хуейщ дыгъэр бзийкlэ гуэшэну,
Щlым гуапэу къедэхэщlэну.
Зауэм и lугъуэм щlиуфэм –
Дыгъэм и лажьэр сыт?

Хуейщ бзухэр уэгум итыну,
Хуиту уэрэд кърашыну.
Шэм и фий макъым игъащтэм –
Бзухэм я лажьэр сыт?

Удз дахэр хуейщ къэгъэгъэну,
Еплъ псоми ягу хигъэхъуэну.
Ем къыщlэхутэм и лъэгум –
Гъэгъам и лажьэр сыт?

Хуейщ сабий цlыкlухэр джэгуну,
Щlым гуфlэу къыщажыхьыну.
Балигъхэр зэгурымыlуэм,
Сабийм я лажьэр сыт?

## МАКЪХЭР

Къыщоlур щlылъэм
Макъ зэмыщхьу lэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищlэн?
Я уэрэд дахэр
Къуалэбзум пщэдджыжькlэ
Мы си псэм гуапэу
Сфlэфlщ къедэхэщlэн.

И даущ макъым
Седаlуэу щlэмычэу
Пщыхьэщхьэ хъуам
Псы lуфэм сыlутын,
lэгуауэ иным
Унэр зэтричу
Сфlэфlщ хьэгъуэлlыгъуэ хъуамэ
Сыхэтын.

Къыщоlур щlылъэм
Макъ зэмыщхьу lэджэ,
Я бжыгъэр дапщэ хъуми
Хэт ищlэн?
Мэгъуагъуэ уафэр,
Къыгуохуу къырым дзакlэ, –
Апхуэдэ макъри
Трырет мы щlым.

Сабий къалъхунум
Псэкlэ щыгуфlыкlыу,
Цlыхубзхэр насыпыфlэу
Ирещэlу.
Ауэ ирехъу щlыр
Гуауэм къыдэмыскlэу –
Мы щlылъэм
Шэ фий макъ къыщремыlу.

МЭЗЫХЬЭ Борис

# Сэ ныбжьэгъу сиIэщ

*Рассказ*

Хэку зауэшхуэм хэкIуэда
си къуажэгъухэм я фэеплъу



Сэ ныбжьэгъу сиIэщ. Ар сэр нэхърэ нэхъыжьщ, ауэ нэхъыщIэщ. Ар дуней къытехьэу зыкъомыфI дэкIыжа нэужьщ сэ сыкъыщалъхуар. Иджы сэ илъэс тIощIрэ пщIым себэкъуащ, си ныбжьэгъур тIощIым итщ, сэ си жьакIэр махуэ къэс супсын хуей мэхъу, абы и дзыгъуэц пащIэр зэримыупсащ. Ауэ а псор дэ зыкIи зэран къытхуэхъуркъым: гугъуехь сыIууамэ, абы и блыпкъыр къысщIегъакъуэ, гузэвэгъуэ къыслъыкъуэкIамэ, къысхуощыгъуэ, гуфIэгъуэ сиIэмэ, джэгур зэхеублэ.

Ар си чэнджэщэгъущ. Абы нэхъыбэ илъэгъуащ: япэ лъэбакъуэр сэзыгъэчар аращ, си ныбжьэгъурщ япэ дыдэ псыхъуэм дамэкIэ сызыхьар, зыгуэрым и удын къыстехуамэ, сымыгъыу жэуап естыжу сызыгъэсари аращ.



Нобэ хуэдэщ пхъэ фоч цIыкIу къыщысхуищэхугъар. Абы щыгъуэ сэ къэзгуфIам щIэи-гъуни иIэтэкъым. Фочыр сIыгъыу сышхэрт, сыщыжейкIэ, ди анэмрэ сэрэ дяку дэлъу фIэкIа сыгъуэлъыжыртэкъым.

Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъу пэжыр. Сэ абы сыт щыгъуи щапхъэ тызох. Нэхъапэм псыIэрышэр и лъакъуэ зэхуакумкIэ дэжу уврэ зитхьэщIу слъагъурти, сэри апхуэдэу схуэщIын си гугъэу псыхъуэм сыдыхьэрт, арщхьэкIэ цы топу псым сыхэджэразэрт.

Ахьмэдхэ сэ сыщыпащтыхьт, жысIар унафэт, сщIэр хабзэт. Сэ сыщыту тIысыну хуиттэкъым зыри. Ахьмэд и адэри абы хэтыжу. Сигу зэбгъам сезауэкIэ, и Iэр къысхуиIэтыну хуитыныгъэ зиIэ щыIэтэкъым. Iэнэ къащтамэ, лым и нэхъ Iыхьэфlыр сысейт, шхэгъуэм сримыхьэлIамэ, си Iыхьэр къызэжьэу жьэгум пэрытынут. Хэтыт хуитыр абыхэм ящыщу къалэм е тыкуэным кIуауэ кIэнфет къысхуимыхьыну?

Махуэ гуэрым нэхъ хэкIэсауэ Ахьмэдхэ я деж сыкIуат. Си ныбжьэгъум IэкIэ кърашэкI гуцIыкIур къыщIишати, е мэз, е шыудзышэ, е щхьэл дызэрыкIуэнур къызгурыIуащ.

– Уи гъуэмылэ зэрегъалъхьэ, Юрэ, дыкъэгувэнущ, – жери зыкъысхуегъазэ.

– Дэнэ дыздэкIуэнур?

– Мэз.

Сэ сылъэпэрапэу Ахьмэд и анэм деж сыкIуащ. Сэри абы сызэреджэр мамэщ.

Мамэ жьэгум дэсти, сыкъызэрилъагъуу кхъуейхьэбыкъуэш-

хуэ къысIэщIилъхьащ.

– Мамэ, гъуэмылэ… мэз докIуэ…

Ахьмэд и анэр нэхъу-нэхъуу къызэплъри, шэжыпс къызыпыж и Iэхэр кIэпхынкIэ илъэщIурэ, щIыбым щIэкIащ:

– А-а тIасэ, здумышэ, гугъу уригъэхьынщ.

Сэ мамэ и кIэкъуащIэр сутIыпщри гуцIыкIум ситIысхьащ, икIи Ахьмэд сыхудэплъеящ.

– Хьэуэ, мамэ, си закъуэ сыкIуэфынукъым, сошынэ.

Ныбжьэгъу щхьэкIэ умыщIэн щыIэ, ар згъэшынэнт, гуцIыкIум нэхъ тыншу зизгъэзэгъащ. Си ныбжьэгъур гуфэм дэувэри, дежьащ.

Ахьмэд бауэкIэщI хъуа щхьэкIэ, ар хуэму кIуэуэ хуэздэнутэкъым. Сыт дэгъэзеигъуэ? Неуэ, неуэ. Сытуи гъуэгуанэ кIэщIт: щIэхIейуэ дынэсащ. Сэ къысхуэнар схуаубгъуа кIагуэжьым сытесу ныбжьэгъум банэ зэрыпиупщIым сеплъынырт. Ауэ щIэхыу сезэшащ икIи, абы зыгуэркIэ сыдэIэпыкъун мурадыр сиIэу сежьати, лъэбакъуищи сымычу, банэ къысхэуащ. Мис абдежым угъынумэ, къеблагъэ. ЩIы мэракIуэ IэмыщIэ къысхуимыщыпу сыхутеужакъым. Абы иужькIэ и кIэлошитIым сригъэувэри, езыр лъапцIэу банэм хыхьэжащ.

Сытми, былым къехыжыгъуэм банэу пыдупщIар ткъузыжащ. ЯпэщIыкIэ сэ тIэкIу сыкъэгузэващ: дауэ сызэрыкIуэжынур? Ахьмэд гум зэрылъэIэсыжыр гуахъуэпэмкIэщ, зыгуэрурэ сыдригъэпщеину сощIри, банэр къысхэуэнукъэ?

– Ухуеймэ, лъэсу нэкIуэж, хьэуэ жыпIэрэ, сэ къэзгъэзэжыху мыбдеж щыси, усхьыжынщ, – щыжиIэм, си пэр къыпылэлащ. Абдежым щIакъуэ нэпцIи зыкъэсщIаи, зызгъэгусаи, арщхьэкIэ си ныбжьэгъур нэбгъузкIэ къысхущIэплъ фIэкIа «быхъ» жиIэртэкъым. Нэщхъей дыдэ сыкъызэрыхъуар щилъагъум, хуэмышэчыжу дыхьэшхащ.

– КъакIуэ мыдэ, – ар хьэмбыIуу тIысащ. – КъыдэтIысхьэ си пщэдыкъым. – Сэ куэдрэ зысIэжьакъым. Асыхьэтуи дыкъежьэжащ.

Си IутIыжыгъуэ махуэти, нэхъ псынщIэу къуажэм сынэсыжу си ныбжьэгъухэм зэрызахуэзгъэлIыным сыхэтт, ауэ ар пIащIэртэкъым, хэбгъэзыхьмэ, дыкъызэрыкIуам нэхърэ нэхъ хуэмт. Си куэр псыф къэхъуащ. Сыт Ахьмэд апхуэдэу псынщIэу къыщIэпщIэнтIар? Сэ сыту сымыпщIантIэрэ? Езы Ахьмэдщ слэбакыр, армыхъумэ, сэракъым. Ар щыжысIэкIэ, дыхьэшх фIэкIа, нэхъ псынщIэу кIуэркъым.

Дэ къуажэм дыкъэблэгъэжащ. Сэхуранхэм сащхьэпрыплъмэ, унэ уэнжакъхэр солъагъу, Iугъуэмэ къысщIехьэ, жэмым пежьа шкIэхэм я бу макъыр зэхызох. ЗгъэпIэщIэн си гугъэу, сэ лъакъуэкIэ Ахьмэд и джабэм сотIыхь…

Былымым я ужь диту дэ къуажэм дыкъыдыхьэжащ, дыкъэзылъагъум Iэпэ къытхуашийрэ я щхьэр ягъэкIэрахъуэу. Сэри зызгъэлIу, къыдбгъурыту нех си ныбжьэгъу щIалэжь цIыкIухэм си бзэгур къахуиздзырт.

– Юрэ тхьэкIумэкIыхь шыр къиубыдати, фIэгуэныхь хъури иутIыпщыжащ, – жиIэрт Ахьмэд. Сэри си щхьэр сщIырт, ар си фIэщыпэ хъужауэ.

ПщIантIэм дыкъыдыхьэжыху абы и пщэдыкъым сыкъыхудэкIакъым. Пщыхьэщхьэшхэ дышхэху и куэщIым си-

сащ. А псом я щIыIужкIэ, ди унэ зезгъэхьыжащ.

Абы и ужькIэ махуэ зыщыплIкIэ си ныбжьэгъур слъэгъуакъым. Жэщ хъуху сэ Iуащхьэ джабэм сыкIэрыст, ар къэсыжыным сыпэплъэу. Ауэ ар си япэ къэтэджырти дэкIырт, сыгъуэлъыжауэ фIэкIаи къигъэзэжыртэкъым. Ахьмэдхэ сыкIуамэ, е мэз щыIэщ е щхьэлым къэтщ фIэкIа къызжаIэртэкъым.

Пщэдджыжь гуэрым Iэ щIыIэкIэ сэ зыгуэр къызэрыстеIэбар зыхэсщIащ, си напIэр зэтесхын сыщхьэхыу сыхэлъщ, си нэкIущхьэм зыгуэрым ба къыхуещI. Сыкъаплъэмэ – Ахьмэдщ, арщхьэкIэ жейм апхуэдизкIэ сызэщIиубыдати, зыкъысхуэIэтакъым. Ауэ ар абыкIи сфIэкIакъым, сыкъипхъуатэри пщIантIэм сыдихьащ, щхьэкIэ псым сыхиIури, си нэм сыщIэIуэтыхьу сыкъэувыжащ.

Жейр зэрыстеууэ, абы зездзри и дамэм сышэсащ. Бэзэрым сишэну куэд щIауэ сыкъигъэгугъэрти, сыкъыщIигъэушар ара си гугъэу, сэ абы сеупщIащ.

– АIэ, нобэ хъунукъым. Сожьэри, къэзгъэзэжа иужькIэ, морожнэ Iэджи уэзгъэшхынкъэ, усшэнщи. НтIэ, будь здоров, – абы и Iэгум си Iэхэр иригъапщкIуэри аргуэру зэ сыкъиIэтащ, лъагэу сыдридзейщ, сыкъиубыдыжщ, быдэу сызрикъузылIэри, зы псалъи къызжимыIэу, пщIантIэкум сыкърингэри псынщIэу дэкIыжащ.

А махуэм хьэблэ псор зыщIыпIэ кIуащ...

* * *

Махуэ мащIэ кIуа, а бэзэр гъуэгужьым си нэр теплъызауэ си ныбжьэгъум сыпэплъэурэ. МыIэрысэхэри хъури, къыпачыжащ, дэшхуейм и пщIащэри къызэрыпылъэлъыжри Iэджэ щIащ. Ауэ Ахьмэд зи къэсыжыркъым. Уэшх зэпымычыжти, сыщIамыгъэкIыу унэм сыщIаубыдащ. АрщхьэкIэ саIэщIэкIыурэ мамэ деж сожэкI. Сыкъызэрилъагъууи, сызыбгъэдешэри си щхьэр и куэщIым ирелъхьэ, ба къысхуищIыну зыкъыщигъэшкIэ, нэпс пщтырхэр си пщэдыкъым къыдолъадэ. Сэ зыми сыщIэупщIэркъым. СощIэ: си ныбжьэгъур къэсыжамэ, си деж нэкIуэнт. Мами мыпхуэдэу нэщхъеинтэкъым.

Ауэрэ гъэри щIыри кIуащ. Ауэ Ахьмэд и хъыбар щыIэтэкъым. Зауэ жыхуаIэм къикIыжхэми ар зылъэгъуа яхэттэкъым. Мамэ зэрыцIыкIум нэхърэ нэхъ цIыкIуж хъуащ. Махуэ псор джэшыдзхэм я деж щегъакIуэ, джэдым джэдыкIэу къакIэрыхур джэшыдзхэм яхурикъуркъыми, жьэгу гъуанэм ситIысхьакIэ, зы джэдыкIэ яжьэм къысхупэрихыжыркъым. Джэшым къикIыр сэ къызгурыIуэнт?! Ауэ мамэ «уи ныбжьэгъур жыжьэ щыIэу, ауэ узыншэу къызжаIащ» щыжиIэкIэ, тIури догуфIэ.

Дунейм хуабэ кIапэр щиубыда махуэ гуэрым дэ бацэжь топыр къуажэ гупэм къыщетхуэкIырт. Мамэ я гъусэу хьэблэ фызхэми гуарцэ къащыпу тпэмыжыжьэу щызэхэзекIуэхэрт. Арати, джэ макъ гуэр зэхызох:

– А, Юрэ, зо! – къызоджэ мамэ. – Уи нэр нэхъ жанщ, тIасэ, плъэт, сыт мо бэзэр гъуэгужьым кърикIуэр?

КъызэхьэлъэкIыпэу топыр къэзгъэнауэ сыплъэмэ, фыз гупышхуэм къаухъуреихьауэ шу гуэр къашэ.

– Армейцщ шым тесыр, – жызоIэ. Фызхэри, Iуэхур къагъэ-

науэ, Iэдакъэжьауэ ящIауэ абыкIэ маплъэ.

– Алыхь, ар хьэсэпэхъумэм и шыр ара хуэдэмэ.

– Азалыхь, Хьэзешэ къепсыхыу нэгъуэщI и шым щигъэшэсакIэ, ди щIалэ гуэр къэкIуэжу арамэ, – жеIэ зым. Ауэ я пIэм икIхэркъым. Псори мэгугъэ къэкIуэжыр езыхэм я Iыхьлыуэ. ЩIалэ цIыкIухэр дыщIэпхъуащ. Гупми зы фыз къахэжауэ и щхьэфIэпхыкIыр щIиупскIэу къожэ. Къызэрыблагъэу:

– ГуфIапщIэр, гуфIапщIэр сысейщ. Нэхунэ, Ахьмэд къэсыжащ, – мэкIий. Сэри си къару къызэрихькIэ сыщIопхъуэ, шыпэм сызэрихутэу, лъэданэ синам хуэдэу сызэщIоувыIыкI. Ахьмэд къепсыхыну къыжьэдекъуэ, арщхьэкIэ Хьэзешэ идэркъым.

– АтIэ, Юрэ къызэтыт, – и дзэ хужь пIащэхэр къыIупсу ар къысхуогуфIэ, – мыр щIалэшхуэ зэрыхъуа, – жиIэурэ къоIэбэри Хьэзешэ сыIех, и бгъафэм сыщIекъузэ, и нэм, и псэм сыхуехь, сэри и пщэм зыщIэздзащи, псэлъапIи зыплъыхьыпIи езмыту сокъуз. Апхуэдэурэ унэм дыкъэсыжащ. Шым сакъыпэу къепсыхмэ, си ныбжьэгъур щIакъуэщ. Сэлэт щыгъынымрэ зэрыфагъуэмрэ щынэмыщIа, Ахьмэд – зэры-Ахьмэдт. Хьэуэ, тIэкIуи нэщхъеирилэ хъуат.

А жэщым сэ ди унэ сахуэкIуэжакъым. Сэ пасэу сыIурихыжащ, Ахьмэд ныщыгъуэлъыжар сщIэххэркъым. Хьэблэри къуажэри лъагъунлъагъу къызэхуэсат...

Пщэдджыжьым Iэлъэныкъуэ баш зыIыгъ Ахьмэд дэрэ пщIантIэм дыкъыдэкIащ. АрщхьэкIэ си ныбжьэгъум, «сигу къэкIыжыххэртэкъыми» жиIэри, псынщIэу игъэзэжащ, зэкIуэцIылъ гуэр унэм къыщIихри къысхуишиящ.

– Мыр ууейщ.

ЗэкIуэцIысхмэ, плъыжь дахэ гуэрщ, гъущI цIухэр хэлъыжу. Сэ си нэр къихуу си ныбжьэгъум соплъ.

– Мыр жьэ пшынэщ, Юрэ, си лъакъуэр зыгъэуза дадэжьым къытесхащ. Мис мыпхуэдэущ зэрепщэр...

Апхуэдэ пшынэ зиIэ къуажэ псом дэстэкъым!

– А сымыгъуэ, а гъуамэм и жьэм жьэдэлъар сабийм щхьэ епта? – гукъанэ хэлъу жеIэ мамэ. И IитIыр и блэгущIэм щIэлъу ар бжэкум итщ, и нэхэр Ахьмэд къыхутемыхыу.

– Сыхьэт енкIэ къэзгъэкъуэлъащ ар, мамэ, – мэдыхьэшх си ныбжьэгъур.

Куэдрэ пщIантIэм дыдэзэгъакъым. Сэ хьэмаскIэм хуэдэу яужь ситу, си ныбжьэгъур Мацэхэ екIуэкIащ, нэщхъейуэ куэдрэ бжэIупэм Iусащ, цIыхубз гъыхэм едэхащIэу, итIанэ си Iэпэр иубыдри дыкъэкIуэжащ.

– Ара мыгъуэщ, – жиIащ Iэнэ къигъэувурэ мамэ, – унагъуэ мащIэ гуIэркъым. Хьэблэ къудейм цIыхуипщIым тхылъ угъурсызыр къахуэкIуащ.

– Мацэхэ Iэбжи-набжи ямыIэж...

– ЦIыхухъу зыщхьэщымытыж унагъуэ мыгъуэр... фызабэ мыгъуэр... щIымахуэм щIисхьэу хуежьэри, ягъэсыжащ, иджы зэпрыкIыбжэщ.

Си ныбжьэгъур къызгурыIуэжыртэкъым. Ар зэм егъэлеяуэ нэщхъыфIэт, зэми псалъэ къыпхужьэдэмышу еплъыхырт, асыхьэтым къыщиуду гъын фIэкIа умыщIэну. Махуэм и нэхъыбапIэм псы Iуфэм Iус си ныбжьэгъум Iуплъэху, мамэ и нэпсхэр кIэпхынымкIэ щIилъэщIыкIырти: «Махуитху мыгъуэр

узижагъуэм и пIалъэ мыхъукIэ», – жиIэрт. Абы щыгъуэм сэ ар къызгурыIуэртэкъым…

ЦIыху къакIуэ-накIуэр щызэтеуа махуэ гуэрым си ныбжьэгъум гъунэгъум я шыдыгур зэщIищIащ, кIапсэшхуэ, джыдэ, гуахъуэ ирилъхьэри гублащхьэм дэтIысхьащ.

– А си щIалэ, тIэкIу зыбгъэпсэхуакIэщэрэт, уи лъакъуитI зэхуэдэкъым, – и къуэр къызэремыдэIуэнур ищIэ пэтми, мэлъаIуэ мамэ.

– Гуэныхьщ, мамэ, хадэ тIэкIур Iэщым Iисраф ящIмэ, щIымахуэ кIыхьым сыт яшхыжын, – жиIэурэ сэ къысхуеплъэкIащ. «Сыздэшэ» жаIэу си нитIыр лъаIуэу къыщIэкIынти: – Уэ иджыри укъитIысхьакъым, си закъуэ сымышынэу мэз сызэрымыкIуэфынур пщIэркъэ?

Сэ абы и псалъэр тIу сщIакъым. IэхъупIэ банэр дэ тпэжыжьэтэкъым, баш папщIэу гуахъуэр зыщIигъакъуэурэ, абы банэр пиупщIащ, гум кърикъузэри, шыдыгум и ужь диту лъэсу дыкъежьэжащ.

– ЛIы хуэдэу дегъэхыж, Юрэ… Си плIэм удэсу усхьыжынт, ауэ си лъакъуэр… – нэщхъейуэ къызэплъщ, итIанэ пыгуфIыкIри кIагуэжьыр гум щIищIа шыдым трилъхьащ, сэ сигъэшэсыжри, – неуэ иджы, – жиIащ.

А махуэм кIыфI хъуху Ахьмэд сэрэ бжыхь тхуащ, сэ и лъабжьэм сыщIэзэрыхьурэ сымыгъэIэбэу, Ахьмэд къызэплъыху пыгуфIыкIыу. Ауэ ноби си нэгу щIэтщ Мацэ и щхьэгъусэ тхьэмыщкIэм гуфIэгъуэу иIар зыхуэдизыр.

ЕтIуанэ махуэм нэху сыкъызэрекIыу сэ Ахьмэдхэ сежэкIащ. Ауэ уни пщIантIи нэщIт…

Аргуэрыжьуи си ныбжьэгъум пэплъэн щIэздзэжащ, бэзэр гъуэгужьым сабэр къыщызыгъэхьейр ара сфIэщIу. Зэманыр макIуэ, Ахьмэд ихуа бжыхьыр зэрылъэлъэжрэ Iэджи щIащ. ЦIыхухэм абдежым «Ахьмэд и бжыхь хупIэ» фIащыжакIэщ.

* * *

Ахьмэд и гъуса Iэджэм къагъэззэжакIэщ. Хэт и Iэ-и лъэ псоуэ, хэти башкIэ гъуэгум теуIуэу. Ауэ дэтхэнэми насыпыфIэу зелъытэж. Зелъытэж, дуней жыхьэнмэм къыхэкIыжащи. Ди хьэблэми дэсщ си ныбжьэгъум щIыгъуу зауэм дэкIа. Ар щIэх-щIэхыурэ мамэ деж къокIуэ, набжэ-бжыхь хуегъэбыдэ, пхъэ IэплIэ къыхудедзэ, и жэмыжьым къыкIэлъоплъ, джэдкъазыр щыкъун щигъащIэркъым. Мамэ гуапэ лей щыхъур абы и бын цIыкIухэм ящыщ гуэр щIэх-щIэхыурэ жэщгъуэлъ къызэрыхуищIырщ. Ауэ а псом нэхъ лъапIэщ Ахьмэд и хъыбар къызэрыхуаIуатэр. Мамэ дежкIэ Чэруан иджыри щIалэтанэщ, Ахьмэд хуэдэу, арагъэнщ «си щIалэ цIыкIукIэ» щIеджэр.

Чэруан къыдыхьамэ, къару лей игъуэтыжауэ, и кIэ кIыхьыр щIихурыхукIыу мамэ абы пожажьэ, IэплIэ иришэкIыурэ, Ахьмэд хисауэ щыта тутейм и лъабжьэм щIешэри егъэтIыс, и щIалэ закъуэр къыхуэкIуэжам ещхьу, нэхъуей текIауэ, зэпиплъыхьу тэлай щосри, сыт щыгъуи хуэдэу, укIытафэ тету къыщIедзэ.

– ИIэт, Чэруан, уи ныбжьэгъум и хъыбар къызжеIэт. – Мамэ дежкIэ а тIур сыхьэт япэкIэ зэбгъэдэкIыжам хуэдэщ, Чэруан жиIэнур гукIэ ищIэ пэтми, фIэгъэщIэгъуэнщ.

Чэруан мэпсчэуIу, тутын пегъанэри щIеш, и нэ гъуабжитIыр занщIэу фагъуэ мэхъу, и гупсысэхэр зэхуикъусыжыхху абы зэрызиIэжьэр мамэ къохьэлъэкIри, игъэпIащIэу и куэм тоуIуэ.

– НтIэ, а махуэм кIэмэндирым дриджат, – мыпIащIэу къерегъажьэ Чэруан. – Дриджэри картэр къытрилъхьащ. – Фэ нэхъ сызыщыгугъ щыIэкъым, жи абы, Iуэхур зыIутыр мыращ: мис мыбдежым нэмыцэм я кхъухьлъатэ тIысыпIэр щытщ, – жеIэри картэм тоIэбэ, – абы ныжэбэ зыгуэр евмыщIэмэ, пщэдей зызыIэтыну ди дзэр Iисраф къащIынущ. Щэхуу кIуауэ, тетри тесри зэтепIытIэн хуейщ. ГурыIуэгъуэ фи къалэныр?

– ГурыIуэгъуэщ, – жыдоIэ.

– АтIэ, гъуэгу махуэ, си къуэшхэ, фысакъ, – жери зырызыхэу ди Iэр къеубыд.

Ахьмэд дэрэ ди танкыр зэбгъурыттэкъэ? IэплIэ зэхуэтщIыжри дитIысхьащ. Зауэм, мамэ, арыншауэ хъурзкъым, а дакъикъэм къэхъунур зыми ищIэркъым. Арати, дыкIуэмдыкIуэурэ, гъуэгу нэпцI защIэкIэрэ кхъухьлъатэ тIысыпIэм декIуэлIащ. ДекIуалIэри, лъэныкъуэ зырызымкIэ зыкъеттри дахэуэу щIэддзащ. Жэщыбг фIэкIати, къэрэгъулхэм щынэмыщIа адрейхэр жейрт. Сытми, нэмыцэхэм къэхъуар къагурыIуэу, зауэм зыхуащIыху, зыкъом хьэлэч зэтетщIэри мэзым зыхэддзэжащ. Абдейм сыплъэмэ, Ахьмэд и танкыр мэзым къыхэжауэ солъагъу...

– Ар дауэ къэпцIыхуа, на-а? Псори зэщхькъэ? – хъыбарыр абы деж зэрынэсу, мамэ сыт щыгъуи апхуэдэу щIоупщIэ.

– Тетха бжыгъэмкIэ, Iэгъу, – Чэруани сыт щыгъуи а жэуапыр ет. Мамэ абыкIэ арэзы зэрыхъуар елъагъури, адэкIэ пещэж: – Арати, сыплъэмэ, Ахьмэд и танкыр мэзым къыхэжауэ солъагъу. Уэлэхьи, адыгэш тес фIэкIа умыщIэнт, абы и танкыр зыкIэ игъэIэкIуэлъэкIуэфти. Зэм адэкIэ лъэуэ, зэм мыдэкIэ зыщIидзу абы кхъухьлъатэр ипIытIу, машинэшхуэжьхэр щхьэпрыригъэхуу слъагъуртi, абы и ужь иту дэри дытелъэдащ... Япэ ища Ахьмэд и танкыр бийм къаухъуреихьауэ щыслъагъум, абыкIэ зыздзащ, ауэ сэ сызэрысым мафIэ къыщIэнэу бажэ Iугъуэр къыщытщIэуэм, исхэр дыкъилъэлъащ. Танк къуагъым сыкъуэсу сыплъэмэ...

– Уэ уи нитI къаплъэмкIэ плъэгъуакъэ си щIалэр зэрысар мэзым хыхьэжу?

– Уэлэхьи, билэхьи, талэхьи, уэ узэрыслъагъум хуэдэу слъэгъуам, лажьи-хъати имыIэу абы и танкыр мэзым зэрыхэпкIэжар.

– ЛIы хуэдэу зэуат-тIэ си щIалэр?

– Тхьэ сIуэни, шыщхьэмыгъазэти, дыгъужьыгу ишха хуэдэтэкIэ.

– И адэри апхуэдэу пхъашэу щытащ, – мамэ погуфIыкI, ауэ и пыгуфIыкIыкIэм ткIыбжьагъ гуэр хэлъщ, – кIэдетхэм щезауэм сыт хуэдэу шыщхьэмыгъазэт...

Абдежым тIуми я псалъэм пач. Щхьэж и щхьэ илъым иIыгъыу хоплъэхэр. Ауэ мамэ япэ къощри:

– А си щIалэ цIыкIу, узогъэгувэ. Гугъу укъызэрыздехьыр тхьэм псапэу къуитыж, – жеIэри езыр япэ къызэфIоувэж. ЗэкIэ и закъуэу къанэмэ, абы нэхъ къызэрищтэр ещIэри, Чэруан зиIэжьэркъым.

Сэ куэдрэ содаIуэ а хъыбарым. СедаIуэ пэтми,

зыщызгъэнщIыркъым. Сэ срогушхуэ а хъыбарым. Хьэуэ, сэ сызэрыгушхуэр си ныбжьэгъурщ. СщIэртэкъэ ар зэрыхахуэр! Хьэблэ псом дэстэкъым къыпэхъу. Сэращ ар апхуэдэу щIэзэуар. Мамэ къыхуагъэхьыжа орденхэр хуэмыхум иратрэ?! Мамэ ахэр щIэх-щIэхыурэ елъэщI, си бгъэм къыхелъхьэ, IуокIуэтри къызоплъ. А дакъикъэхэм и пащхьэм итыр Ахьмэду къыфIэщI хъунщи, сабийм хуэдэу мэгуфIэ. ИтIанэ нэщхъейуэ:

– А си щIалэ цIыкIу мыгъуэ, сыту екIунут уи бгъэм мы фащэ дахэр! – жеIэ. Мамэ и нэпсхэр щIилъэщIыкIыну доIэбей, ауэ нэпс иIэжкъым. Абы орденхэр щащыху хужьым кIуэцIешыхьыжри пхъэ пхъуантэшхуэм и лъабжьэм щегъэпщкIуж.

ИтIанэ… ИтIанэ си ныбжьэгъум пэплъэн щIыдодзэж…

* * *

Илъэсхэр макIуэ, мамэ лъэрымыхь хъуащи, гъунэгъухэм нэхъ жыжьэ кIуэжыфыркъым. Сэри Мацэхэ бжыхь щахуэтхуам сызэрыта ныбжьым нэса щIалэ цIыкIу сиIэ хъуащи, махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу си ныбжьэгъум и гугъу хузощI. Мамэ деж куэдрэ сызэрымыкIуэжыфри тIуми дигу къоуэ, ауэ сыкIуакъэ, «а Юрэ, си псэр зэзгъэшхын, уи ныбжьэгъум и письмом къысхуеджэт», жеIэри тхылъымпIэ гъуэжь зэпыпкIыр къещтэ. Ар абы нэм хуэдэу зэрехьэ, и псэм и щIэгъэкъуэнщ.

Мамэ и гугъэ хихыжыркъым гува-щIэхами Ахьмэд къызэрыкIуэжынум, сэри аращ. Дэхуэха мащIэ къыкъуэкIыжа! Илъэс къэси гуэгушыхъу хуегъашхэ. Сабийхэм ярегъэшхыж. Ауэ ерыщу дыпоплъэ къыщигъэзэжынум. Гугъэр фIыщ. Блыным фIэлъ сурэтышхуэми «дауэ мыхъуами фыкъыспэплъэ» – жиIэ хуэдэщ.

Махуэ гуэрым ди гъунэгъум лIы хьэщIэ къэкIуат. Сэри сыдэсти, срагъэблэгъащ. Iэнэ къахьыным дыпэплъэу дыздэщысым, абы пэртэбакъ кърихащ, ауэ Iэ лъэныкъуэкIэ щыхузэтемыхым, сыIэбащ. Пэртэбакъыр жьыт, текIыжат, зи щхьэ тезылъхьэу къыпхуезыхьэкIын куэди щыIэтэкъым. ЛIым и зыхуэпэкIэмрэ абырэ схузэгъэкIуртэкъым. ХьэщIэм тутын пезгъэгъэнэн сщыгъупщэжауэ сызэрыщысым гу щылъитэм:

– Ар фэеплъщ, щIалэфI, фейцей хъуами, аращ щIызесхьэр, – жиIащ. Пэртэбакъыр зэтезгъэпкIмэ, «Ахьмэд» жиIэу сапэкIэ къыхэуIукIат.

– Хэт мыбы зи цIэ тетыр? – соупщI сэ Хьэжсуф. ЛIыр нэщхъейуэ погуфIыкI, гукъэкIыжхэр зыщхьэщиху щIыкIэу, и щхьэр егъэсыс.

– Сэр дыдэм сщIэркъым, уэ сыткIэ бжесIэн, щIалэфI, куэд щIа пэртэбакъщ ар…

… Хуабэщ, хуабэщ дунейр. КIапсэу зызыукъуэдия цIыху гупышхуэр зым адрейм зыщIигъакъуэурэ хуэму пхокI гъуни нэзи зимыIэ къыпфIэщI гъавэ щIапIэ губгъуэшхуэм. ЦIыхухэр зэхэфыщIащ, гукъыдэжыншэщи, ахэр зы зэман зауэлIу щытауэ къызэрыпщIэжын щыIэкъым. Гъуэзу къащхьэщыт сабэм гу лъамытэжыххэу, ахэр макIуэ, я Iур игъущыкIащи, псы Iубыгъуэкlэ я нэр къуатын къыпфIощI. Уеблэмэ ахэр цIыхухэм нэхърэ Iэщ хъушэм нэхъ ибогъэщхь. Ибогъэщхь, ауэ а къомыр мы бэлыхьым хэзыгъэтыр зэрыцIыхур зэращымыгъупщарщ, гъэрыпIэ

ихуахэр Iэщым хуэдэу Iуэм зэримытырщ.

Хуабэщ. Хуабаещ. Гъуэгум и сэмэгурабгъур помидор хадэщ, ижьырабгъумкIэ уплъэмэ, хъарбыз фIыцIэшхуэхэр бомбэ къэмыуауэ зэхэлъщ хъущауэ. Ауэ еплъ хыхьи. КIапсэу гъуэгу кIыхьым зытезыукъуэдия цIыхухэм къабгъурытщ автоматыр зи бгъэм ищIа сэлэтхэр. Нэмыцэ сэлэтхэр. КъызэрыгуэкI фашистхэр. Ныжэбэ Iуэбжэм щIакхъуэ зытхух къыбгъэдэзылъхьахэр. Ахэр къащтэну щIэпхъуахэм ящыщу зыми къигъэзэжакъым – щIакхъуэм лагъым кIэрыщIати, зэреIусэу, щIакхъуэхэри, цIыхухэри, щIыри зэхэзэрыхьыжауэ уафэгум дрипхъеящ. Лагъым уэ макъым нэхърэ нэхъ гущыкIыгъуэт къуэгъэнапIэм къуэсахэм я дыхьэшхыр.

ГъэщIэгъуэныщэу зыхыбощIэ хъарбызымэр…

МакIуэ, макIуэ цIыхухэр, джалэр къапхъуэтэжу, уIэгъэм зыщIагъакъуэу, я дзэр зэтекъузарэ я гущхьэм мафIэр щыблэу. ЕрагъкIэ зэфIэтыф къудейщ Ахьмэд, и лъэ нэхъ зэрихьэми, ерагъкIэ и лъэр зэблихыфу аращ Мурат. Абыхэм я ужь итщ Къамбери. Зэхьэблэ щIалэхэр мы жыхьэнмэми щызэкIэрыкIыркъым. Куэд дэмыкIыу Ахьмэд бгъукIэ йощIэ, ауэ сабэм щыхэхуэ дыдэм, Муратрэ Къамберрэ мапхъуэри (дэни къраха къару!) къаIэтыж, зыщIагъакъуэри йожьэжхэр.

– Псы Iубыгъуэ закъуэ мыгъуэ… Щхьэлыкъуэпс шынакъ уефэнтэкъэ, Мурат? – и Iупэ гъущIа къэчахэр бзэгу гъущэмкIэ зэпилъэщIыхьурэ Ахьмэд нэщхъейуэ погуфIыкI икIи, малъхъэдисым хуэдэу и нэр тедияуэ, хъарбыз ныкъуэшхуэр зыIэщIэлъу блэкI нэмыцэ сэлэтым йоплъ. Махуэ Iэджэ щIауэ зиIу хугу хьэдзэ емыха пленхэр къызэреплъыр ещIэри, сэ абрагъуэмкIэ абы сыхъэр къызыдих хъарбызыр зэгуегъэху, и кур къерешхыкIри, къэнар лъапэкIэ йоуэри дрехуей.

Хьэуар хъарбызымэм зэщIищтащи, хъарбыз щащэ бэзэр утет хуэдэщ. ГъэрыпIэм итхэм Iупсыр иракъух, нэхъыбэр йоплъых, хъарбызым Iумыплъэн щхьэкIэ. Ахьмэди и ныбжьэгъухэм я Iэблэр иутIыпщауэ макIуэ, и нитIыр хъарбызым тенауэ. Мы дунеижьым тетт Ахьмэд абы пищI шхыныгъуэ! Тэмакъри апхуэдизкIэ игъущыкIащи, мы зэрыкIуэ гъуэгужьым ещхьу сабэр къилъэлъми ярейщ. Асыхьэтым мазэ ныкъуэм ещхьу хъарбыз бзыгъэшхуэ, жылэхэр къыхэплъу, Ахьмэд ибгъукIэ къыщохуэх. ЩIалэр меданкIэ къызэтоувыIэ абы еплъу, итIанэ ищIэр езы дыдэми имыщIэжу йопхъух, ауэ а напIэзыпIэм автоматыр къызэролъэлъ. Ахьмэд и Iэ сэмэгур щIопщ тхьэмпэу полэл, ар джэлэным хунамыгъэсу Муратрэ Къамберрэ йопхъуэри къаIэтыж, занщIэуи цIыхухэм зыхагъэпшэхъуэж. АрщхьэкIэ къэрэгъулым ахэр къилъэгъуакIэти, къабгъэдохьэ. Узымрэ зэгуэпымрэ къагъэлыба Ахьмэд абы кIуэцIыпкIэну и лъакъуэр еIэт, арщхьэкIэ адрейм зыIуедзри, лъакъуэ пцIанэр сабэм хьэлъэу хохуэ.

Нэмыцэм напIэзыпIэм автоматыр зыпщIэхипхъуэтащ, ауэ зыгуэр игу къэкIыжам ещхьу погуфIыкIри:

– Туземцыр туземцщ, хьэращ ныкъуэшхым пхъуэр, цIыхум зэи нэгъуэщIым и ныкъуэшх ишхынукъым, – жеIэри гъуэгунапщIэ удзым хохьэж, сабэр шырыкъу лъапэмкIэ иIэту. Мыдрейхэми гузэвэгъуэр ящхьэщыкIащи, я гур зэгъэжауэ я гъуэгу хагъэщIын щIадзэж.

Дыгъэр шэджагъуапIэм иувауэ, мывэкIэщхъ къыщIэхыпIэ бгынэжам носхэр. Сатыру ирагъэувэкI, аргуэру ябжыжри лэжьыгъэм пэрагъэувэ.

– Фэ лэжьыгъэр фIыуэ флъагъуркъым. Фыщхьэхынэщ. Дэ фылажьэу федгъэсэнщ. Язынықъуэхэм мы мывэкIэщхъыр джабэм носилкэкIэ дэфхи тефкIутэ. Кърахьэхыжыр аргуэру дэфхьеиж. Лэжьыгъэм цIыхур цIыху ищIауэ аракъэ фызыхурагъэджар? Феуэ-тIэ.

Офицерым къыбгъэдолъадэ нетIрей къэрэгъулыр, икIи бзэкIэ зыгуэрхэр къыжреIэ. Мыдрейм, мэдыхьэшхри, и Iэр ещI.

– Ей-ей, мыдэ фыкъакIуэт. – Къэрэгъулым Ахьмэдрэ абы и ныбжьэгъуитIымрэ къыхеш. – Флъагъуркъэ, фи ныбжьэгъур сымаджэ хьэлъэщ, абы и мащэр къыхуэфтI. Къафщтэ мо белыр, – жеIэ нэмыцэм урысыбзэ ныкъуэкIэ. Мыдрейхэми зэхахар я фIэщ мыхъуу зэхэтщ, я нэр къихуу.

– Мылажьэ ягъашхэркъым, иIэ, псынщIэу и мащэр къэфтI.

– КъэстIынукъым, ухуейми сыукI, – жеIэ Къамбер.

– Зауэм унафэр щызымыгъэзащIэм иращIэр, уэ усэлэтщ, уощIэ, – фашистым автоматыр зыпщIэхехри, джэд фIигъэжа къыщымыхъуу, лIы Iэщэншэр еукI. Къамбер Ахьмэд ибгъукIэ щоукIурий, лъыпсыр къыпыжу.

– Уэри мо хьэм зыщIэбгъакъуэу слъэгъуащ, – къреджэ абы аргуэру нэгъуэщI зы.

Ахьмэд щыму зыкъомрэ щытащ, иужькIэ, «сытIысмэ, саукIынщи, си мащэр къызэратIыр слъагъункъым», – жиIэу йогупсысри зрегъэщэтэх.

– Зыгъэпсэху, зыгъэпсэху, – мэдыхьэшх нэмыцэ сэлэтыр, – уэ гъуэгуанэшхуэ къыппэщылъщ: уи алыхьым деж нэс укIуэн хуейщ! – Адрейхэм дежкIэ зегъазэри: – КъэфтIыну мащэ хьэмэрэ мыбы и ужьыр фэзгъэхуну?

Ахьмэд нэщхъейуэ абыхэм я дежкIэ йоплъэкI. Абы къыгуроIуэ мы щIыпIэм псэууэ зэрырамыгъэкIынур.

– Сэр щхьэкIэ зевмыгъэукI. Куэдщ мор стекIуэдащи, къэфтI. Дызэхуэдэ адыгэщ, сыщIэфлъхьэжынщ.

Муратрэ Хьэжсуфрэ, ентIыр къаIэтым ещхьу, къехьэлъэкIыу белхэр къащтэри мывэкIэщхъ къихыпIэм ибгъукIэ макIуэ. Къэрэгъулым Ахьмэди абыкIэ еху.

– Мис мыбдежырщ узыщIэлъынур. Зыщумыгъэгъупщэ, – жеIэ абы.

ЩIалитIым мыпIащIэу щIыгулъ гъущIар къатI. Дакъикъэри гъащIэщ. Бел дзагуэхэм ятIэмрэ мывэкIэщхъымрэ мащэм кърaтхъу. Мащащхьэм щхьэщыс Ахьмэди нэщхъейуэ йоплъ белыпэ къэс и гъащIэми зэрыхэщIым. Белыпэ – гъащIэ бжьиз, белыпитI – дакъикъэ. ЩIалитIри пIащIэркъым. Адрей къомри къоплъэри зэхэтщ. Зыри лажьэркъым, белыпэ – гъащIэ Iыхьэ, белыпэ – гъащIэ Iыхьэ... ЩIалитIыр пIащIэркъым – дакъикъэ закъуэри гъащIэ Iыхьэщ. Къэгъазэ имыIэу, зэи умылъагъужыну. Ахьмэди щыму мащэ бжьэпэм щхьэщысщ. Абы и гум щывыр зыхуэдизыр зыми ищIэркъым, игъащIэкIи ищIэнукъым, имыIуатэуи хьэдрыхэ здихьынущ.

Мащэр хьэзыр зэрыхъуххэу, Ахьмэд къызэфIагъэуващ. Ар щытт зэщIэкъуауэ, и нэгу нэщхъеягъуи гуфIэгъуи зыри къимыщу, ауэ и нэ гъуабжэ пIащитIымкIэ нэхъуейуэ цIыхухэм къа-



9 Заказ №94

хэплъэу, илъагъу псори – и ныбжьэгъу нэщхъейхэри, хьэзабыр зыгъэв щIыгури – игу ириубыдэм ещхьу. ЦIыхухэри абы еплъырт, лIам ирагъэщхьу. Апхуэдэурэ куэд дэкIакъым. Сэлэтым унафэ ищIащ ар ятIэщIыну. Ахьмэд щыгъын тIэкIур езым зыщидзыну яужь ихьат, арщхьэкIэ нэмыцэм къыхуидэркъым.

– Мыхэр гугъу ехьащ, гугъуехьыпщIэ къуентхъыу уи щыгъыныр къыпщрыратхъ, – жеIэри. Ахьмэди нэщхъейуэ:

– ФыкъакIуэ, сщыфх, хамэIэ къызэвмыгъэIусэ, – щыжиIэм, Мурат бгъэдохьэри, и напIэр къыхуэмыIэту, джанэ пщампIэр еубыд, арщхьэкIэ и гур къызэфIонэ, къыIуокIуэтыжри и ныбжьэгъухэм къахэплъэу мэувыж.

– Сщыфх, тхьэм щхьэкIэ, зевмыгъэукI, – мэлъаIуэ Ахьмэд, – мыбы сэ сакъелынукъым, фэ си хъыбар фхьыжынщ, фи насып къикIмэ… ИIэт, си къуэшхэ…

Хьэжсуф бгъэдохьэри Ахьмэд етIэщI. Ауэ фашистыр пIащIэркъым. Ар тIэкIурэ мэгупсысэ, икIи Ахьмэд и щыгъынхэр зыщатIэгъэну а тIум унафэ къахуещI. Мыдрейхэми куэдрэ зралъэфыхьыжыркъым.

Ахьмэд мащэм щхьэщытщ, и анэ къызэрилъхуам хуэдэу, и нэм нэпс къудамэ къемыкIуэу. Асыхьэтым автоматыр хьэдагъэ пшынэу къызэролъэлъ, щиху жыгыщIэ ирагъэбэтауэ, Ахьмэд зэм гупэкIэ, зэми щIыбагъкIэ ещIэу тIэкIу щотри, зэуэ мащэм йоукIурие.

ЩIы щхьэфэм хуэдэу зэтес хъуху мащэр иратхъуэж, иужькIэ сэлэтым и дзэлыфэ итIурэ:

– Флъагъурэ, аращ зэрыхъур, и цIи и щхьи къэнакъым, фэри аращ къыфпэплъэр, – жери IуегъэзыкIыж…

… Хьэжсуф тутынункIыфIар кIэфылъэм ирелъхьэри мэщатэ, пэртэбакъыр къызэрегъэдзэкI-ызэрегъэдзэкI.

– Мис абы лъандэрэ зызохьэ, – жеIэ. – Сэ щызагъэтIэгъа гъуэншэджым къикIат… Гуп сыхыхьэху пэртэбакъым и хъыбар соIуатэ…

Хэт ар? Си ныбжьэгъура? СщIэркъым. Ещхьу жеIэ. ИпэжыпIэр жызыIэн къуажэм къыдыхьэжакъым. Ауэ сэ си фIэщ сымыщIым нэхъ къызощтэ. Мы хъыбарыр мами жесIэркъым. Ар мэгугъэ. Сэри аращ. Ауэ къуажэкхъэм сын щыдгъэувыжащ. Хьэуэ, ар Ахьмэду къыщIэкIынкъым… Си ныбжьэгъур апхуэдэу яхуэукIынкъым. Сыхуейкъым яукIыну.

Ауэрэ илъэсхэр блокI. Сэ зэрыслъэкIкIэ нэхъ щIэхщIэхыурэ мамэ деж сокIуэ, ауэ Ахьмэд зи къэсыжыркъым. Сыкъилъагъуху мамэ магъ, щимэу зэкIуэцIылъ письмо гъуабжэхэм сыкърегъаджэ. Абы си гугъуи итщ: «Юрэчкэ лIы хъуа?»

Си ныбжьэгъур къызэрытщ. Мамэ сэрэ иджыри догугъэ си къуэшым къигъэзэжыну. ГугъапIэ димыIэж щхьэкIэ, гъащIэм дигъэгугъэу дегъэпсэу. Сэ жэщкIэрэ абы сопсалъэ, илъэгъуахэр къысхуеIуатэ, мэзым, псым дыздокIуэри, мамэ къызохъуапсэ: – Сэри зэ закъуэ слъэгъуащэрэт, – жеIэри.

Мис апхуэдэщ си ныбжьэгъур. Ар сэ нэхърэ нэхъыжьщ, ауэ нэхъыщIэщ. Ахьмэд илъэс тIощI ирикъуа къудейщ, сэ тIощIрэ пщIым сыщIигъуащ. Ауэ ар си шынэхъыжьщ икIи си ныбжьэгъущ. Ар сэркIэ псэущ.

ХЬЭIУПЩЫ МуIэед

# ЩХЬЭКIУЭ

*Новеллэ*



Iэбу и куэщIым башыр илъу тутей жыгыжьым и лъабжьэм щIэст, щхьэкIуэ шур къыщцыдыхьам. И ныбжьым хуумыгъэфэщэну ар псынщIэу къызэфIэуващ, зыхуихьынур имыщIэу, шу мыцIыхум щтэIэщтаблэу еплъу.

– Жэназы щыIэщ. Нэгъуей Гуащэнэху щыIэжккъым, – жиIэу щхьэкIуэм къыжьэдэкIа псалъэхэр и тхьэкIумэм къыщиIуэм, Iэбу и башыр IэщIэхури, пщIантIэр къызэригъэжыкIа асфальтым техуащ, макъ ищIу. ЗыкъищIэжу, ерагъкIэ еIэбыхыу башыр къыщищтэжам, гу лъитащ щхьэкIуэр зэрыдэмытыжым. Абы хэту, куэбжэм деж къыщцыувыIащ автобус. Абы къикIыжри и нэгур зэлъыIухарэ гуфIэу къыдыхьэжащ и щхьэгъусэ Линэ. Зи дамэр къута къуршыбгъэу пщIантIэкум ит и щхьэгъусэр щилъагъум, Линэ:

– Щхьэ укъэщта, лIыжь, Iэсият и операцэр хъарзынэу зэфIэкIащ, – жиIащ. Ауэ лIыжьым зигъэхъеякъым. – Сыт, на-а-а, къыпщыщIар? Зэхэпхакъэ, уи пхъур нэхъыфIщ, – бгъэдэкIуэтащ абы Линэ.

Iэбу и нэхэм къыщIэж нэпсыр нэкIу зэлъа фагъуэм телъадэрт, жьакIэ хужьым хэлъадэрти, кIуэдыжырт. Линэ зэи илъэгъуатэкъым Iэбу гъыуэ.

ТIэкIу дэкIри, Iэбу зыкъищIэжащ, и Iэ пхъашэхэмкIэ и нэкIур зэпилъэщIыхьащ. УкIытауэ Линэ къеплъри щIэупщIащ:

– Дауэ щытщ, жыпIа, хъыджэбзыр?

– НэхъыфIщ, лIыжь, операцэри хъарзынэу зэфIэкIащ, – жеIэ Линэ.

– Алыхьым и шыкурщ, – щэтащ лIыжьыр, и пхъумкIэ и гур тIысыжами, нэгъуэщI гуауэ гуэр зэригъэвыр белджылыуэ.

– Джанэ-гъуэншэджым, къащти, тIэкIу телъэщIыхь, – жиIэри, Iэбу аргуэру хьэлъэу хэщэтыкIащ.

«И пхъумкIэ къыхуэсхьа гуфIэгъуэм лIыжьым и лъагъуныгъэжьыр къыдеблыжащ», – пыгуфIыкIащ ауанышIу Линэ. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, япэм джанэ-гъуэншэджыр езым къыдихырти есэбауэрт, телъэщIыхьырти дилъхьэжырт. Сыту пIэрэ иджы лIыжьым ар дзыхь къыщIыхуищIар? Ар зыхуихьынур Линэ ищIэртэкъым. А джанэ-гъуэншэджыр хуэзыдар япэм иIа фызырт. ЩыщитIагъэри зэзэмызэххэт. Ари лIыжьыр зауэм

ипэкIэ зыдэса къуажэм дыуэщI е нэгъуэщI Iуэхукlэ щыкlуэм дежт.

Зауэр къыщыхъеям, Агубэч Iэбу трактористу, уей-уей жригъэIэу, лажьэрт. И цIэр колхозми районми щызэлъащIысат. Езыр щIалэ дахэт, зэпIэзэрытт, пкъыфIэт. Хъыджэбз Iэджи зыхущIигъэплъат, Iэджэми я пщIыхьым щэхуу хэтат. Ауэ хъыджэбз зэкIуж псоми Iэбу къахихар колхозыр зэрыгушхуэ жэмыш Гуащэнэхут. Ар къишэри, иджы сынасыпыфIэщ щыжиIэ дыдэм, зауэр къэхъеящ. Къуажэм япэу дэкIа щIалэхэм ящIыгъуу езыри зауэм Iухьащ. Iэджэ и нэгу щIэкIаи, Iэджэрэ уIэгъэ хъуаи, ауэ сыт щыгъуи абы и гъусэт фIыуэ илъагъу уэрэдыр:

*Мы си щхьэцыгъуэшхуэри*
*ТIууэ соухуэнырэ,*
*Ар зыхуэзухуэнри...*

Iэбу лъэбакъуэ къэс ажалым пэплъэрт. МащIэрэ пэщIэувакъым ар ажалым, мащIэрэ хэтIэхэсэ зэдэджэгуакъым а тIур.

Мис иджыпстуи... и автоматыр мэлъалъэ, фашистхэр мэджалэ, мис иджыпстуи... езыри... и гъащIэм пыкIынкIэ хъунущ... А гупсысэм иутIыпщыркъым. ИтIани ар япэкIэ макIуэ, и Iэпкълъэпкъыр лIыгъэм иIулIауэ... макIуэ, и автоматыр икъузу... Шэхэр блолъэт, сабэр къаIэту, и гупэкIэ уэшхым хуэдэу къытолъалъэ, Iэбу мэджалэ...

УIэгъэщ... Блынджабэ хужь... Дыгъэпсыр щхьэгъубжэм къыдеутхыкI, уэрэдыр и Iэпэгъуу:

*Мы си щхьэцыгъуэшхуэри*
*ТIууэ соухуэны-р-э-э...*
*Ар зыхуэзухуэны-ыри-и...*

Халат хужь зыщыгъ медсестрахэр погуфIыкI. Гуащэнэху и письмо къэкIуащ: «Сыузыншэщ, сыппоплъэ...»

*Мы си щхьэцыгъуэшхуэри*
*ТIу-уэ соухуэны-рэ-э...*

Iэбу я къуажэм къыщыдыхьэжам гурыфIыгъуэншэщ илъэгъуар. Мыбыи фашистхэм я лъэужь къыщагъэнат, жылэр зэтракъутат. Уэрамыр цIыхуншэт. Мес Iэбу и унэр. Ар псощ. Ауэ куэбжи бжыхьи Iутыжкъым. ПщIантIэр нэщIщ, Iэбу и гум зехуз. Зыри щымыIэжу пIэрэ? А гупсысэм и лъэр дыщIощIэ. Ауэ зэуэ зыкъещIэж... Уэздыгъэ пагъэнам щхьэгъубжэр къигъэнэхуащ, Гуащэнэху зэрыпсэум и хъыбарегъащIэу. Псэущ! Iэбу лъэ псынщIэкIэ ежьащ.

Ар пщIантIэм дохьэж. Бжэр Iуех. Гуащэнэху и щIыб къэгъэзауэ хьэкум кIэрытщ.

– Гуащэнэху!

– Iэбу! – Гуащэнэху лIым зыпщIэхедзэ.

Абы хэту сабий гъы макъ къоIу. Iэбу къэщтауэ къызэплъэкIмэ, гъуэлъыпIэм сабий цIынэ илъщ. ЩтэIэщтаблэу лIыр абы бгъэдохьэ. Сабийр хъыданжэрумэм кIуэцIылът, и Iэпэ цIыкIухэм щIэфу.

Iэбу и нэр щоункIыфIыкI. И гур зэгуэудыным хуэдэу и бгъэм къыщоуэ. ИкIи ерагъкIэ къыдрешейри жеIэ:

– Бын узэриIэр щхьэ сумыгъэщIарэ?

А псалъэхэм Гуащэнэху къыдоскIэ. И нэкIущхьэри зэуэ псыф къохъу. Ар щытщ, Iэбу къемыплъыфу, и нэхэр игъэпщкIуарэ и напIэхэр къыхуэмыIэту…

– Iэбу, – Iущэщащ Гуащэнэху, – уи хъыбар гуауэ къыщысIэрыхьэм, Хьэжчэл сыщимыгъэпсэум… Мазищ фIэкIаи сыдэпсэуакъым… Полицайхэм, упартизанщ, жари, гуузу яIэщIэкIуэдащ… Уи пщIантIэр нэщIт, зеиншафэ къытеуэрти, сигу къеуэрт. ИкIэм-икIэжым сытегушхуэжри, хэзмыгъэкIуэдэжыпэн щхьэкIэ, уи фэеплъу зесхьэну сыкъыдэтIысхьэжауэ арат…

Гуащэнэху къэгъащ, нэгъуэщI хужымыIэу сабийр къищтэри и бгъафэм щIикъузащ. Ерагъыу и напIэхэр къиIэтри, нэпс зыщIэз нитIымкIэ Iэбу къеплъащ, «къысхуэгъэгъу, плъэкIынумэ» жыхуиIэ щIыкIэу.

… Гуащэнэху зэрыщымыIэжыр щхьэкIуэм къызэрыжриIэу, Iэбу и нэгум а плъэкIэр къыщIэувэжащ…

Iэбу и щхьэр къыфIэхуауэ, зыри хужымыIэу зыкъомрэ хэплъэу щытащ, зэми Гуащэнэху, зэми сабийм еплъу. ИужькIэ хуэму къэпсэлъащ:

– ТIэкIуи усхуэмыщыгъуэу апхуэдэу псынщIэу сыпщыгъупщэжыну, ар дауэ, Гуащэнэху?.. Лъагъуныгъэшхуэ дяку дэлъати…

Гуащэнэху а пщыхьэщхьэм и анэм деж кIуэжащ. Iэбу илъагъурт цIыхубзым и фэм дэкIыр. ЕлъэIуат къигъэзэжыну. АрщхьэкIэ…

«Хьэуэ, Iэбу, – идатэкъым Гуащэнэху, – сэ уэ узгъэпэжыфакъым, уэ къысхуэбгъэгъуми, сэ ар сылIэху зыхуэзгъэгъужынукъым», – жиIэри кIуэжат.

Абы иужькIэ Iэбу къуажэм къыдэIэпхъукIащ. Илъэсищ енкIи физ къишэжакъым. Иужьым зи лIыр зауэм хэкIуэда Линэ псэуэгъу ищIащ. Бынищ хуигъуэтыжащ. ЩIалитIрэ зы хъыджэбзрэ. ЩIалитIыр къалэм дэсщ. Ипхъуми пIэщхьагъ тынш игъуэтащ.

И унагъуэкIи и щхьэгъусэкIи Iэбу зэпэщу псэурт. Ауэ Гуащэнэху зэи щыгъупщэртэкъым. Къыщишам хуидауэ щыта джанэ-гъуэншэджыр и фэ ириплъу зэрихьэрт. Ар игу къыщыкIкIэ, пхъуантэм къыдихыурэ есэбауэрт, телъэщIыхьырти, дилъхьэжырт. Жьы зэрыхъурэ, нэхъыбэрэ Гуащэнэху тепсэлъыхь хъуат, зыщIыпIи мыкIуэнуми, джанэмрэ гъуэншэджымрэ зыщитIагъэрти, къикIукI-никIукIыу уты-

кум итт, гъуджэм бгъэдэувэрти, зыкъомрэ иплъэрт, дзапэ уэрэд жиIэу. Линэ едэIуапэмэ, зэхихыр зы едзыгъуэ иримыкъут, ари къытригъэзэжурэ куэдрэ жиIэрт:

*Мы си щхьэцыгъуэшхуэри*
*ТIу-уэ-э соухуэны-рэ-э...*
*Ар зыхуэзухуэны-ы-ри-и...*

Линэ къыгурыIуэрт псори. Ауэ Гуащэнэху Iэбу хуида джанэ-гъуэншэджыр нобэ езым къыщIылъигъэсар къыхуэщIэртэкъым. Ар къищIэн щхьэкIэ, Линэ ауаныщIу, ауэ губжь тIэкIуи хэлъу жиIащ:

– Дужэгъуащ уи лъагъуныгъэжьыр, лIыжь, щыщумытIэгъэнукIэ, хуиту дэбгъэлъыркъэ фэеплъыр пхъуантэм.

– Абы и щхьэкIуэр дэкIыжа къудейщ. Псэужкъым ар, фызыжь, – нэщхъейуэ жэуап итащ Iэбу, гъуэлъыпIэм итIысхьэурэ.

Линэ и нэпсыр къыфIекIуащ. Дэнэ щищIэнт абы къэхъунур: «жэназы щыIэщ, Агубэч Iэбу щыIэжкъым», жиIэу пщэдей Iэбу и щхьэкIуэр къуажэм зэрыдыхьэнур?





# Блокадэ

МАХУЭ 900-кIэ бийм и къапхъэным итащ Ленинград. Ар щIидзат 1941 гъэм июлым и 10-м. Гитлер и «Барбаросс планым» ипкъ иткIэ, Германием СССР-р мазитI-щым иубыдын хуейт. Къалэ нэхъыщхьэхэу Москварэ Ленинградрэ зыIэрагъэхьэмэ, адэкIэ псори псынщIэ дыдэу къехъулIэну къащыхъурт. Генерал-фельдмаршал Браухич Вальтер зи пашэ «Север» дзэм хэт бригадэу 4-м, дивизэу 45-м, зауэлIу мин 950-м нэсым я пщэ дэльт Нева тет къалэр махуэ бжыгъэкIэ къащтэн хуейуэ. Ауэ ленинграддэсхэр бэлэрыгъакъым. Ленинград фронтым и унафэщI Ворошиловымрэ партым и къалэ комитетым и япэ секретарь Ждановымрэ бий бзаджэм зэрыпэщIэувэн къару зэгъэпэщыным иужь ихьат: зэман кIэщIым къриубыдэу къалэдэсу мин 96-м Iэщэ къащтащ, дивизэу 9 къызэрагъэпэщащ. Абыхэм хыхьат щIалэгъуалэр, иджыри зи къару къыгъэгугъэ нэхъыжьхэр, цIыхубзхэр.

Нэмыцэдзэм зэуэ ехъулIэныгъэхэр хузыIэрыгъэхьакъым. Къалэнышхуэ зи пщэ дилъхьа дзэзешэр зэрыщыгугъам хуэдэу къызэрыщIэмыкIам къыгъэгубжьа Гитлер фельдмаршал Браухич Вальтер Берлин ишэжри, и къулыкъум трихуащ. Абы и пIэм иригъэуващ фельдмаршал Кюхлер Геральд.

Къалэр хъума зэрыхъумкIэ арэзытэкъым Ставкэри Штаб Нэхъыщхьэри. Москва ираджащ Ворошиловымрэ Ждановымрэ. Абыхэм гуащIэу къепсэлъащ Сталиныр. Апхуэдэу Iуэхур щыхъум, и ныбжьыр зэрыхэкIуэтам икIи апхуэдэ IэнатIэм нэсу зэрыпэмылъэщыжым къыхэкIыу, и къулыкъум трагъэкIыну Ворошиловыр лъэIуащ. Абы и пIэм ирагъэуващ армэм и генерал (иужькIэ Совет Союзым и Маршал хъуа) Жуков Георгий. Ауэ ари а къулыкъум куэдрэ пэрагъэтакъым. Командующэ нэхъыщхьэ Сталиным и япэ къуэдзэу ягъэуври, Москва яшэжащ.

Жуковым и ужькIэ, Ленинград фронтым и унафэщIу щытащ генерал-майор Федюнинский И. И., генерал-лейтенант Хозин М. С., генерал-лейтенант Говоров Л. А. сымэ.

1943 гъэм Ленинград фронтыр тIууэ ягуэшащ – Ленинград, Волохов фронтхэу. Япэм и унафэщIу ягъэуващ армэм и генерал Мерецков К. А., етIуанэм – армэм и генерал Попов М. М. Иджы а фронтитIым Ленинград и блокадэр зэпратхъын хуейт. Абыхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну и пщэ далъхьат Прибалтикэ фронтым. А фронтищым яIэт офицеррэ сэлэту зы мелуанрэ мин 240-рэ, топрэ лагъымыдзу мин 21-рэ, танкыу 1475-рэ, кхъухьлъатэу 1500-рэ. Ленинград къэзыухъуреихьа фельдмаршал Кюхлер IэщIэлът сэлэтрэ офицеру мин 741-рэ, топу мин 11-м щIигъу, танкыу 380-рэ, кхъухьлъатэу – 400.

1944 гъэм январым и 14-м пщэдджыжьым советыдзэхэм бийм ебгъэрыкIуэн щIадзащ. Январым и 20-м Новгород хуит къащIыжащ. Зы тхьэмахуэ дэкIри, январым и 27-м, Ленинград блокадэр зэпратхъащ. Зэман кIэщIым къриубыдэу ди советыдзэр километри 100 хуэдизкIэ кIуэтат, мыбдежым щызэтракъутащ бийм и дивизэ 26-рэ.

Хуабжьу гугъу ехьащ ленинграддэсхэр. Блокадэм щита махуэ 900-м къриубыдэу фашист Германием а къалэм бомбэ зэмылIэужьыгъуэу мини 146-рэ щридзыхащ, лагъымрэ топышэу мини 150-м нэс тригъэщэщащ. ЦIыхухэр шхын щхьэкIэ лIэрт, щIыIэм иукIырт, узым ихьырт. Махуэм хуэзэу зы сэлэтым иратыр щIакхъуэ грамм 250-рэт, лэжьакIуэхэм – грамм 200-т, мылажьэхэмрэ сабийхэмрэ – грамми 125-рэт. Ари зылъымысыр нэхъыбэт. Махуэ къэс хьэдэ минхэр щIалъ-

хьэрт. Пискаревскэ кхъэм и закъуэ хьэдэ мин 470-м нэс щыщӀалъхьащ.

ИтӀани къалэм зитакъым. Ленинград хуэфащэу фӀащащ Къалэ-лӀыхъужь цӀэр.

А къалэр зыхъумахэм яхэтащ ди республикэм икӀахэри. Псалъэм папщӀэ, ПЕ-2 кхъухьлъатэм исуу Ленинград хахуэу щызэуащ КӀэфо Арсен. Абы бомбэ мащӀэ яхидзакъым къалэм къебгъэрыкӀуэ нэмыцэ фашистхэм, хэщӀыныгъэ мащӀи яритакъым.



Ленинград и уэгур зыхъумахэм ящыщщ кхъухьлъатэзехуэ, Совет Союзым и ЛӀыхъужь Байсултанов Алим. Ар 277-рэ уэгум ихьащ, хьэуам зэхэуэ 64-рэ щригъэкӀуэкӀащ. Абы и закъуэу бийм и кхъухьлъатэу 8, и ныбжьэгъухэм я гъусэу 10 къриудыхащ. 1943 гъэм и сентябрым уэгум и гъащӀэр щитащ.

Ленинград блокадэм щызэрихьэлӀат адыгэ щӀалитӀ – Къэрэгъэш щалъхуа Махъцы Ӏэбурэ Бахъсэнёнкэ щыщ Тхьэкъуахъуэ Мухьэмэдрэ. ТӀури зы зенит батареем щыщт икӀи блокадэр иухыху хэтащ. Псом хуэмыдэу а тӀум гукъинэж ящыхъуат 1942 гъэм апрелым и 4-р. А махуэм хуэдэу гуащӀэу бийр Ленинград къебгъэрыкӀуатэкъым. Нэмыцэ кхъухьлъатэхэм уафэр яуфэбгъуат. Адыгэ щӀалитӀыр зыхэт зенит батареем а махуэм нэмыцэ кхъухьлъатэу 36-рэ къраудыхат. Батареем и унафэщӀ Иванов Сергей Совет Союзым и ЛӀыхъужь цӀэ лъапӀэр къыхуагъэфэщащ, Махъцымрэ Тхьэкъуахъуэмрэ Хэку зауэ орденхэр кърататщ. Абы щыгъуэ ахэр зэрызэуа зениткэ топыр иджыри къэс Санкт-Петербург и музейхэм ящыщ зым щӀэтщ.

Ленинград блокадэм лӀыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу хэтащ нэгъуэщӀ ди хэкуэгъу куэди. Апхуэдэщ Куэцэ Сулдар, Молэ Хьэтал, Ебгъэжьыкъуэ Мурадин, Блай Ӏэдил сымэ. Псом хуэмыдэу фӀыщӀэ ин бгъэдэльщ Блай Ӏэдил. Абы Астрэхьан дэт медицинскэ институтыр 1941 гъэм къиухащ, Ленинград блокадэм щихуам, 596-нэ хирург ротэм и унафэщӀу щытащ икӀи цӀыхупсэ куэд ажалым къыӀэщӀихащ. Зы махуэ дэкӀыртэкъым абы операцэ зыбжанэ имыщӀу. Вагъуэ Плъыжь орденыр, медаль зыбжанэ къыхуагъэфэщащ.

Тхыдэм къыщыхъуакъым ленинграддэсхэмрэ махуэ 900-кӀэ къалэр зыхъумахэмрэ я фэм дэкӀамрэ лӀыгъэу зэрахьамрэ хуэдэ.

**УЭЗРОКЪУЭ Заур**

# Берлин къызэращтар

## БЖЫГЪЭХЭМРЭ ЩАПХЪЭХЭМРЭ

1-нэ, 2-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм (Маршалхэу Жуков Г. К., Рокоссовский К. К., Конев И. С.) я дзэхэр 1945 гъэм апрелым и пэхэм Берлин екIуэлIащ. Абыхэм яхэтт сэлэтрэ офицеру мелуанитIрэ мин 500-рэ, топрэ лагъымыдзу 41.600-рэ, танкыу 6.250-рэ, кхъухьлъатэу 7.500-рэ яIэт.

Берлин и хъуреягъыр быдапIищу къещIэкIат. ГъущIрэ бетону гъэжауэ быдапIэ 400-м щIигъу иIэт. Уэраму хъуар зэпрытIыкIат е баррикадэкIэ гъэбыдат. Фашист Германием и щыхьэрыр яхъумэрт «Висла», «Центр» дзэхэм. Абыхэм яIэт топрэ лагъымыдзу мини 10-м щIигъу, танкыу 1.500-рэ, кхъухьлъатэу 3.300-рэ, сэлэтрэ офицеру цIыху зы мелуаным нэс хэтт.

* * *

ЛъэныкъуитIми яйуэ Берлин папщIэ екIуэкIыну зэхэуэ гуащIэм хэтынут зауэлIу мелуани 3-рэ мин 500-м щIигъу, топрэ лагъымыдзу мин 50-м щIигъу, танкрэ езырызекIуэ топу мини 8-м нэс, кхъухьлъатэу мини 9-м щIигъу. Советыдзэр фашистыдзэм ефIэкIырт: цIыху бжыгъэкIэ – хуэди 2,5-кIэ, топхэмкIэ – хуэди 4-кIэ, танкхэмкIэ – хуэди 4,1-кIэ, кхъухьлъатэхэмкIэ – хуэди 2,3-кIэ.

* * *

Берлин ебгъэрыкIуэным махуитI иIэу, апрелым и 14-м, тIасхъэщIэх гупу 32-м къэхуташ бийм и быдапIэ нэхъ инхэмрэ и дзэхэр здэщыIэмрэ. Маршал Жуков Г. К. командирхэр зэхуишэсри, я къалэнхэр аргуэру зэ IупщI ящищIыжащ.

* * *

Апрелым и 16-м щIыпIэ зэманымкIэ сыхьэти 4-м, нэху мыщауэ, бийм трагъэпсащ уэздыгъэ мелуаным

щIигъу зэрылъ прожектори 143-рэ. Абыхэм ягъэгужьея, нэф ищIа фашистхэм зыкъэщIэжыпIэ ирамыту ебгъэрыкIуащ 1-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм я кхъухьлъатэхэр. А зы махуэм къриубыдэу ахэр бийм 6.550-рэ теуащ. Топхэм бийм трагъэлъэлъащ топышэу зы мелуанрэ мин 236-рэ е вагон 2450-рэ ярыз топышэ.

* * *

Апрелым и 17-м ди дзэхэм яхузэфIэкIащ Берлин къэзыухъуреихь быдапIэхэм ящыщу етIуанэри зэпратхъын. КъыкIэлъыкIуэ махуэм генерал-полковник Рыбалкэ П. С. зи пашэ танкыдзэр Шпрее псым зэпрыкIащ икIи апрелым и 21-м Берлин и гъунапкъэм Iухьащ.

* * *

Апрелым и 24-м адыгэ кхъухьлъатэзехуэ хахуэ Къуэныкъуей Назир хузэфIэкIащ Берлин щхьэщыхьэу абы щыIэ Темпельхоф аэродром нэхъ ин дыдэм сурэт трихын икIи ди дзэхэр нэхъри ебгъэрыкIуэнымкIэ ар сэбэпышхуэ къахуэхъуащ.



* * *

Апрелым и 25-м Берлин къанэ щымыIэу къэухъуреихьыныр зэфIэкIащ икIи а махуэм 1-нэ Белорус, 1-нэ Украин фронтхэм я зауэлIхэм папщIэ Москва салют щащ.

* * *

Апрелым и 29-м Берлин и къалэкум зэхэуэ гуащIэхэр щекIуэкIащ. Маршал Жуков Г. К. унафэ ткIий яхуещI генералхэу Чуйков, Берзарин, Кузнецов, фронтым и штабым и унафэщI, генерал Малинин сымэ махуитI-щым къриубыдэу зауэр ухын хуейуэ.

* * *

Апрелым и 30-м пщэдджыжьым жьыуэ советыдзэхэм Берлин и Рейхстагым ебгъэрыкIуэн щIадзэ. Ма-

хуэ псом зэхэуэ гуащIэхэр екIуэкIащ. Мыбдежым бийм щыфIэкIуэдащ сэлэтрэ офицеру 2.500-рэ, топу 28-рэ, фочрэ автомату 1.800-рэ, танкыу 15. Нэмыцэ 2.604-рэ гъэр щыхъуащ. Майм и 1-м пщэдджыжьым жьыуэ бийм зыкъитащ. 3-нэ армэм и командующэ генерал Кузнецов В. И. Маршал Жуков Г. К. хъыбар иригъэщIащ сержантхэу Егоров Михаилрэ Кантарие Мелитонрэ ТекIуэныгъэм и бэракъыр Рейхстагыщхьэм зэрыщыфIадзамкIэ.

* * *

Апрелым и 30-м сыхьэти 10-м полковник Марченкэ Е. Т. зи командир гвардием и стрелковэ дивизэм Германием и канцелярием ебгъэрыкIуэу щIидзащ. Абы хэтт Гитлер и бункерыр, гъущIрэ бетонкIэ къиищIыкIар. Ар фIыуэ зэщIэузэда цIыху минитхум яхъумэрт. Бункерым хэтт командиэ пунктыр, генерал Вейдлинг и связым и узелыр. Мы бункерым папщIэ икъукIэ зауэ гуащIэ екIуэкIащ.

* * *



Майм и 2-м советыдзэхэм къанэ щымыIэу Берлин къащтащ.

* * *

Майм и 8-м Берлин и къуэкIыпIэ лъэныкъуэм щыIэ Карлсхост щIыпIэм Iэ щытрадзащ Германием псалъэмакъыншэу зыкъызэритымкIэ актым. А махуэ дыдэм ди къэралым и щыхьэр Москва топ 324-кIэ гъэуэгъуэ 24-кIэ салют щатащ ТекIуэныгъэм Иным и щIыхькIэ.

* * *

Берлин къэзыщтахэм ящыщу зэрахьа лIыгъэмрэ къагъэлъэгъуа хахуагъэмрэ папщIэ зауэлI 600-м Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр фIащащ, цIыху 13-м ЛIыхъужьым и Дыщэ Вагъуэр етIуанэу иратащ. ЗауэлI мелуанрэ мин 82-м «Берлин къызэращтам папщIэ» медалыр хуагъэфэщащ.

* * *

Майм и 24-м Сталин Иосиф Кремлым и Уардэунэм и Георгиевскэ залышхуэм ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ иригъэблэгъащ КПСС-м и ЦК-м, Правительствэм хэтхэр, зауэлIхэр, еджагъэшхуэхэр, производствэм щыпашэхэр, щIэныгъэм, щэнхабзэм я лIыкIуэхэр – псори цIыху миным нэс. Дзэзешэ пашэхэу, Совет Союзым и Маршалхэу Жуков Г. К., Конев И. С., Рокоссовский К. К., Толбухин Ф. И., Малиновский Р. Я. сымэ орден нэхъ лъапIэ дыдэр – «ТекIуэныгъэ» орденыр иратащ.

* * *

Июным и 24-м Москва и Ут Плъыжьым ТекIуэныгъэм и парад щекIуэкIащ. Ар езыгъэкIуэкIар Маршалхэу Рокоссовский К. К., Жуков Г. К. сымэщ. Мыбы ТекIуэныгъэм и бэракъыу 360-рэ щыблахащ, фашист бэракъыу 200 щыхыфIадзащ.

**УЭРЫШ Нурхьэлий**





КЪАРДЭНГЪУЩI Зырамыку

# СИ ЗАУЭ ГЪУЭГУАНЭХЭР

*ГукъэкIыжхэм щыщщ*

## ГъэрыпIэм

Любни къалэ цIыкIум дыкъыдахуауэ зыщIыпIэ даху. ЩIыхур апхуэдизкIэ куэд мэхъури, и пэми и кIэми унэплъысыркъым. Граждан щыгъынкIэ хуэпауэ цIыху куэди къытхэтщ. УпщIэ пыIэ фIыщIэ ин щхьэрыгъыу, гуэншэрыкъ лъыгъыу зы лIышхуэ къахэжауэ мэкIий:

– Ей, адыгэ фхэт? – жиIэурэ. Строй м къыхокIиикI зыкъом:

– Хэтщ!

– Фыдэнэ къуажэ? – жеIэри, «упщIэ пыIэр» мэкIий.

– Ды-Ислъэмейщ! – къыжраIэ. Абы хэту нэмыцэ конвойр къэсри, автомат дакъэмкIэ и пщэдыкъым дэуэри хихуэжащ колоннэм. «Абы фIэкIа сыкIуэфынукъым» жызыIэу къэувыIэр яукI. Метрищэ къэс зы хьэдэ гъуэгум къытранэ. Сэ сещIэкъуауэурэ сокIуэ.

Кременчуг къалэм дахури, игъащIэ лъандэрэ чырбышрэ кхъуэщыну ягъэжа ятIэр къызрахауэ щыта мащэшхуэ гуэрым драхуащ. Ар мащэ бгынэжат, и хъуреягъыр быдапIэу къэщIыхьауэ резервуар инхэр итт, зищIысыр къысхуэмыщIэу. Си гъуса командирым дэрэ дызэфIэкIуэдащ. Адыгэ куэд ист. «Ди къуажэ яхэсынкIэ хъунщ», жысIэу къэскIухьурэ, зы резервуарым и гъунэгъуу щысу, мафIэ ящIауэ шей ягъавэу, ди къуажэгъухэм сахуозэ. Ахэр си егъэджакIуэу щыта Вэрыкъуэ Хьэжсуф, абы и шынэхъыщIэ Даут, Дзыгъур Мухьэдин, школым къыщызэдеджахэу Созей Мыхьэмэтхъан, Безыр Нажмудин, абы и къуэшхэу Темыркъанрэ Цацымрэ, си адэ къуэшым ипхъу Балъкъызхэ исам и пщыкъуэ Балъкъыз Къасболэт, Къардэн Сэхьид и къуэ Хьэсэн, Барий Iэбубэчыр, Зэрэгъыжым щыщу Пщыбий Хьэжчэрим (ар псом нэхърэ нэхъыжьт, революцэм плъыжьхэм я лъэныкъуэу хэтауэ жаIэрт), Вэрыкъуэ Хьэжчэрим. ЗэрыжаIэмкIэ, Псыгуэнсурэ Зэрэгъыжрэ щыщу 60 хъурт. Ахэр псори граждан щыгъынкIэ хуэпат, сэ парашютист фащэ сщыгът, сыузыншэу, ауэ тIэкIу сыщIакъуэу (си лъэдакъэм къытехуам щхьэкIэ), сахэхуащ.

– Тобэ, мыр дэнэ укъикIа? – жиIащ си егъэджакIуэу щыта Хьэжсуф.

– Сэ зауэм и пэм къыщыщIэдзауэ сыхэтащи, гъэщIэгъуэнкъым, фэ дауэ мыбы фыкъызэрыщыхутар? – жысIащ.

– Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу окопэ къатIыну куэд дыдэ Полтавэ къалэм и гъунэгъуу дыкъашати, нэмыцэм къаувыхьри мы Iуэм къахуащ. ЩоджэнцIыкIу Алийрэ Къэжэр Индрисри ди гъусащ, ауэ ахэр зэрыхъуар тщIэркъым, – къызжиIащ Хьэжсуф.

НэгъуэщI гуэри къэпсалъэри:

– Лагъым Хьэбас* исщ мыбы, – къызжиIащ. Сэ занщIэу

* ЦIэ-унэцIэр зэтхъуэкIмэ, нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

сыкъэуIэбжьащ. Лагъым Хьэбас Москва къыщызДеджат. Сэ Сталиным и стипендие сом 500-р къызату, Хьэбас Станиславскэм и стипендие сом 300-р къихьу къыздэдухат. Зауэр щIидзэным мазих иIэу сэ дзэ къулыкъум сраджэри, парашютисту Борисполь къалэм сыкъыщыхутат. МыдэкIэ театрым и директор Семеновыр дзэ къулыкъум щраджэм, Хьэбас директор ящIат. Сэ къэзгъэнат си щхьэгъусэ актрисэ Къурэлей Зулихъанрэ мазих фIэкIа мыхъуа си къуэ Николайрэ. Дзэ къулыкъум сыздэщыIэм, си щхьэгъусэ Зулихъан нысхуетх: «Хьэбас театрым и директор ящIати, сриджэри, ныжэбэ уи деж сынэкIуэнущ, къызжиIати, бзаджэ жесIащ. «Си кабинетыр щхьэцыкIэкIэ къэозгъэпхъэнкIынщ!» – къызжиIащ». Сэ Хьэбасым къыхуэстхауэ щытащ: «Мы дзэ къулыкъум сыздэщыIэм, сынэIэбэнщи, уи пщэгурыгъыр зэрысщIыкIынщ, хьэбыршыбыр!» – жысIэри. Ар слъэкIынут сэ: си къуэш Мурид Дохъушыкъуей элеваторым и директору а зэманым лажьэрт. Зы псалъэ къыхуэстхамэ, кIуэнурэ и кабинетым къамышыкIэ щIиубэрэжьыхьынут, директор къулыкъуми къытрыригъэхунут. «Хьэбас исщ мыбы», – къыщызжаIэм, а къомыр сигу къэкIыжащ. Фоч ирату зауэм ягъэкIуэну дзыхь хуамыщIу, щIытIым хагъэхуати, адрейхэм хуэдэу, гъэр хъуауэ а лагерым ису къыщIокI. Сэ сызэрыкоммунистыр абы ищIэрт, зы псалъэ сэр щхьэкIэ жиIамэ, саукIынут.

Арат занщIэу сыкъэзыгъэдзыхар, ауэ къысфIэмыIуэхуауэ фэ зытезгъэуащ. АрщхьэкIэ, семылъэIуарэ мынэгъуэщIу, ди къуажэгъу гуэр кIуэри, Хьэбасыр къысхуишащ. АбыкIэ ар зыхуеяр къызгурыIуакъым, Хьэбас и благъэми сщIэртэкъым.



Хьэбас, игъащIэм дяку зыри имылъам хуэдэу, къысIущIэри, си Iэр къиубыдащ:

– Мыр ди зэхуэзапIэ гъэщIэгъуэнщ, хэт и гугъэнт? – жиIэри.

– Сэ сызауэурэ саубыдащ, уэри дауэ мыбыхэм уакъызэрыхэхуар? – жысIащ.

– Зэрыплъагъущ, щIытI къэфтIыну фыдогъакIуэ, – жаIэри дыкъашати, зыми дыхунэсакъым, дыкъаувыхьри, мыбы дыкърахуащ, – жиIащ.

– Куэд щIа мыбы фызэрисрэ?

– Нобэ махуэ еплIанэ мэхъу, – жиIащ.

– Хэт ди цIыхугъэу нэгъуэщI исыр?

– Къущхьэ усакIуэ Отаров Керим. И куэр уIэгъэу. НакIуэ уэзгъэлъагъунщ, – жиIэри сишащ. «СыткIэ сыхуей, игъащIэм сцIыхуу щытакъым», – сигукIэ жысIэурэ сыкIуащ. Мащэм щIыр къыщрахым Iуащхьэ цIыкIу хуэдэу къэнати, Керим баш иIыгъыу абы тест. Ди Iэр зэрыубыдащ.

– Мыр КъардэнгъущI Зырамыкущ, «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» зытхар мыращ, – жиIащ Хьэбас.

– Дызэхуэмыза щхьэкIэ, уи гугъу куэдрэ зэхэсхащ, – жиIащ Керим.

Зауэ нэужьым Отаровым и куэ лъэныкъуэр пымытыжу къэкIуэжауэ щытащ. ИужькIэ зыкъомрэ псэужащ. Хьэбаси къыщIэпхъуэжри, нэмыцэхэр ди республикэм ису къэкIуэжащ. Хьэбас Вольнэ Аул къуажапщэ мэзым щIэсащ, зауэр иухыху. Абы

иужькIэ дэнэ укIуэнт? ЯгъэтIысри, илъэс дапщэми сщIэркъым, щысащ. Псоми сыкъелауэ сэри сыкъэкIуэжа нэужь, Хьэбас дэрэ Налшык дыщызэхуэзащ. «Алыхьым и хьэтыркIэ, си гугъу къыумыщI!» – жиIэри къызэлъэIуащ. – «Сыт щIэсщIынур? Илъэси 5-кIэ щIакхъуэ фIыцIэ Iыхьэ зэдэтшхыу дыздэпсэуащ, Хьэбас», – жысIэри, и Iэр субыдри сыIукIыжащ...

МодэкIэ тезгъэзэжынщи, Отаровым сыкъыбгъэдэкIыжри, ди къуажэхэр здэщысым сыкъэкIуэжащ.

Нэмыцэ офицерыр тэрмэш и гъусэу мащэ бжьэпэм къытеувауэ кIийрт:

– Журтхэр фыкъыхэкI! ДахэкIэ фыкъыхэкIмэ, фи гугъу тщIынукъым. ЗызыгъэпщкIуауэису хъуар къэдубыдурэ дукIынущ. Иджыри вжыдоIэ, фэр-фэру фыкъыхэкIи, нэхъыфIщ!

Сэ советым и лъэхъэнэм щыгъуэ урыс, журт, адыгэ, къущхьэ жаIэурэ зэхэгъэж ящIу зэхэсхатэкъыми, «Сыт журтхэр къыщIыхашыр?» – сегупсысырт. «Ар зэрыжуртыр сыткIэ къызэращIэнур?» – жысIэрт. Зауэ фащи граждан фащи ящыгъхэу къэтэджауэ журт зыкъом тхэкIащ.

Ди гъунэгъуу урыс интеллигент щыст:

– Еууей, журт тхьэмыщкIэхэ. ЗэтраукIэнущ ахэр, – жиIащ.

– Ар зэрыжуртыр сыткIэ къызэращIэнур? – сеупщIащ абы.

– Абыхэм я мыстыпэр пыупщIащ! – жиIащ.

Суд зытращIыхьауэ тутнакъэщым исым ещIэ тралъхьа илъэс е мазэ бжыгъэр иухмэ къызэраутIыпщыжынур. Абы щыгъуэми тутнакъэщым исыр ягъашхэ, езы изыдзам щыщ цIыхущи. Ауэ дэ бий нэхъ гущIэгъуншэ дыдэм дыIэщIыхьащ. Ерыскъы къыдимыту, хуэмхуэмурэ шхын щхьэкIэ дигъэлIэну аращ. Гъэр нэхъыбэ лIэхукIэ, фашистхэм я дежкIэ нэхъыфIщ. Ахэр фашистщ, дэ дыкоммунистщ. Гитлер и дзэр къыщигъакIуэм яжриIащ:

– ЛIыжь, фызыжь, сабий щыIэкъым, къыфхуэзэр фукI, гуэныхьыр сэ къызощтэ, – жиIэри. И сэлэтхэми и офицерхэми ар дагъуэншэу ягъэзащIэ. Мы иджыпсту дызэрысым шхын щхьэкIэ лIауэ хьэдэхэр машинэкIэ Iуаш махуэ къэс.

Махуищ хъуащ ерыскъы зэрысIумыхуэрэ. Дызэрыс мащэр быдапIэу къэщIыхьат, абы и щIыIум гъущI банэ тешэжат. Лагерым и хъуреягъкIэ зи дэлъху, зилI, зи къуэ къэзылъыхъуэж цIыху куэд щызэхэтти, псори украиныбзэкIэ кIийрт: Мыпхуэдэр ис? Мыпхуэдэр флъэгъуа? – жаIэурэ.

Сэ си жыпым тхылъымпIэ напэ тIэкIу илъти, къисхри стхащ: «Сэ фэр щхьэкIэ дыгъуасэ сызэуащ. Нобэ гъэр сыхъуауэ шхын щхьэкIэ солIэ. Мыбы къилъхьи, шхын тIэкIу къысхуэдз!» Стхар си пилоткIэм ислъхьащ, си бэлътокумкIэ зэкIуэцIыспхэжри сыкъэтэджащ.

– Сыт пщIэнур? – жиIэри Хьэжсуф къызэупщIащ.

– СылъэIуэнущ. Алыхьым дыкъимыужэгъужамэ, зыгуэрым гущIэгъу къытхуищIынщ, – жысIэри блын лъагэм секIуалIэри, щхьэпрыздзащ. Куэд дэмыкIыу зы цIыхубз гуэр къыдэпщейри и щхьэр къыщхьэпришиикIащ.

– Хэт мыр зейр? – жиIэри си пилоткэр сигъэлъагъужащ.

– Сысейщ! – жысIэри сыкIиящ. ЦIыхубзыр епкIэжащ. Куэдрэ

сыпэмыплъэу аргуэру къыдэпщейри:

– Къэубыд! – жиIэри си пилоткэр къыдзыжащ. Псори абыкIэ пхъуат, арщхьэкIэ зытездзэри, зыми Iэрызмыгъэхьэу, сэ къэсщтэжащ. Зыгуэр, ар стрихыну къызэIэпщэкIуати, сыкIуэцIыпкIэри, занщIэу щэIуу етIысэхащ.

– Упсэу, бзылъхугъэ! – жысIэу сыкIийри, си пIэм сыкъэкIуэжащ. Си бэлътокумкIэ къызэкIуэцIипхэжати, стIатэри: гъэвауэ кIэртIофышхуищ, помидорышхуэу щы, зы щIакхъуэ Iыхьэ илът. Арат пилоткэм ихуэнури. Ахэр Хьэжсуф, Даут, сэ – дэ щым тшхащ.

– Е, Алыхьым уигъатхъи, ди нэр къэбгъэплъэжащ, – жиIащ Хьэжсуф.

ЕплIанэ махуэр кIуащ арыххэу. Етхуанэм, нэмыцэ офицер, сэлэтитI и гъусэу нихьэри, «Фыув тхурытхуу, этап фыкIуэнущ!» – жиIащ.

– Сэри сыкIуэнущ мохэр здашэм, – яжесIащ си гъусэхэм.

– Уэ уздэкIуэм дэри дынэкIуэнущ, – жари зыкъомыр нэуващ си гъусэу. Сызэрыкоммунистыр Хьэбас имыIуэтэн щхьэкIэ сымыкIуэу хъунутэкъым. ЕтIуанэу, мыбы сызэриса махуитхум зыри дагъэшхатэкъым. Дыздашэнур сымыщIэ пэтми, нэхъыфIым сыщыгугъырт. А махуитхум и кIуэцIкIэ си псэм сытемышыныхьу зы дакъикъэ закъуи кIуатэкъым. СыкъикIуэсыкIынут, ауэ Iэмал лъэпкъ щыIэтэкъым, хьэхэр яIыгъыу, ди хъуреягъыр яхъумэрт.

Тхурытхуу дагъэувщ, дыкърахури, гъущI гъуэгу вокзалым дыкъахуащ, мафIэгум драгуэри, дежьащ. МафIэгур хуэму фIэкIа кIуэркъым, къоувыIэри псори блегъэкI. Шхынрэ псырэ щхьэкIэ долIэ, къэмэх тхэтщ. Зыгуэр ди вагоным щыщу лIэри, мафIэгур здэжэм ирадзащ. Тарас и цIэу зы украин щIалэ цIыкIу ныбажэ хъуауэ гъуэгыу исти, бжэм деж Iус сэлэтитIым тхалъэфри ирадзащ, кIэлъыуэри яукIащ.

Зы станц гуэрым дыкъыщыувыIауэ, къызэрыгуэкI щыгъынкIэ хуэпауэ лIыжь гуэр исти, кIийуэ щIидзащ:

– Дыкъыздэсар дэнэ? – жиIэу.

Станцым и цIэр къыбжаIэрт къэувыIэпIэм тет псалъэхэм. Ауэ ди щхьэмкIэ уафэр тлъагъу фIэкIа, дызэрыс пхъэбгъу вагоныжьым дыкъиплъыфыртэкъым. Зыри тлъагъуртэкъым. ЛIыжьыр, дыкъыщыувыIа станцыр и унагъуэр зыдэс щIыпIэр арауэ къыщыхъуауэ, кIийуэ арат. КъэувыIэпIэм зэрыгъэкIийуэ тет цIыху куэдым къыжраIащ станцым и цIэр. ИтIанэ лIыжьыр къикIиикIыу хуежьащ: сэ сымыращ, си бынхэм ящыщ тетмэ, шхын къызевгъэт е зыгуэр фыжи яжефIэ мыбы сызэрисыр! – жиIэу. ЛIыжьым и цIэр жиIэри, зы цIыхубз гуэр къэкIиижащ: «Умыгузавэ, сожэ фи деж яжесIэну», – жиIэри. Куэд дэмыкIыу и фызымрэ и пхъумрэ шхын къэп ныкъуэ къыхуахьри къэсащ. Къыдрадзейри вагон дызэрысым кърадзащ. Гъуэмылэр лIыжьым фIашхыну зыкъом ежати, плIанэпэм деж дэс командиритIым ядакъым: «ЛIыжьым и гъуэмылэм хэт еIусэми дукIынущ!» – жари Iэдакъэсэ къызыкъуахащ. Ар си гуапэ хъуащ. А тIур си гъунэгъубзэу плIанэпэ дыдэм деж дэст.

КомандиритIыр къулыкъушхуэ зиIа лIыхэт. Я дамыгъэхэр яхэмылъыж пэтми, я псэлъэкIэмкIэ къапщIэрт. Зэпымыууэ фронтым,

окруженэм дызэрихуам тепсэлъыхьырт.

– Бзаджэнаджэу къыщIэкIащ Кирпонос, апхуэдизыр дикъыщаувыхьым ар зэплъар сыт? Фыкъаувыхь, фыкъикI, – щIыжимыIар сыт? – жиIэрт зым.

– Езым зимыукIыжами, Сталиным иукIынут ар, – жиIащ зым.

– Си полкым щыщу зы ротэ хъун фIэкIа къэмынэху сызэуащ. Сэ созауэри сыIутщ, си бгъуитIымкIэ къыщыхъур сэ сымыщIэмэ, си командирым ищIэн хуейкъэ?

– Ахэр псори бий лэжьэкIэщ, – жиIащ мыдрейм.

Дыздэжэм, украин уэрэд «Распрягайте, хлопци, кони» жыхуаIэр, гъунэгъубзэу, дызыдэж къуажэ гуэрым къыщыIуащ щIалэгъуалэм жаIэу.

– Куэду къафIэIуэхуи абыхэм зауэм и хьэзабыр! – жиIащ тщыщ зым.

КомандиритIыр вагоным и плIанэпэ дыдэм деж щытти, дыздынэсар ялъагъуырт.

– Совет гъунапкъэхэр зэпыдупщIащ, – жиIащ зым, сэкIэ ящIа гъуанэм дэплъри.

– Сэри сыдэгъэплъыт, – жиIэри мыдрейри дэплъащ, – Прощай, великий Советский Союз, не смогли мы тебя защитить, оказались плохими сыновьями! – жиIащ.

– Неправда, друг мой. Мы сделали все, что могли, воевали до последнего патрона, – жиIащ мыдрейми.

– Мы не смогли, но другие сумеют защитить. Я в этом уверен. Россия всегда была и останется великой – жиIэщ адрейми, заущэхужащ. А тIум жаIэм седаIуэрт, сегупсысырт ди Iуэху хьэлъэм.

– Дауи, Совет Союзыр щыIэнщ, ауэ дэращ щымыIэнур. Сэ сыкъеджауэ щытащ румын майор гуэрым и запискэ. Империалист зауэм щыгъуэ гъэр хъуати, зауэр иуха нэужь, хуит ящIыжри кIуэжат. «Сэ сымайорщ», – жиIати, «Уэ зи деж ущыIа ди бийм деж щымайор. Ди деж афIэкIа ущымайорыжынукъым», – къыжраIат, – жиIащ.

– АтIэ, уэ узыщыгугъыр сыт? Дэри ардыдэращ къыджаIэнур, мы фашистхэм я лагерым псэууэ дикъелмэ, ауэ ар гугъапIэншэщ, – жиIащ мыдрейм.

МахуитIрэ жэщитIкIэ дыкIуауэ, зы къалэ цIыкIу гуэрым дикъыщыувыIэри дыкърагъэкIащ. Тхурытхуу дагъэувауэ дыздахум, зыгуэр къытхэкIиикIри щIэупщIащ: «ДыздэщыIэр дэнэ?»

– Владимир-Волынскщ, Западнэ Украинэм, – къыжраIащ.

«Нэмыцэм дамышамэ, Алыхьым жыхуиIар хъунщ», – жысIащ сигукIэ.

Командиру тхэтхэр псори тхашри нэгъуэщI щIыпIэ яшащ.

– Ар дэнэ? – жери Iэубэчыр къызэупщIащ.

– Жыжьэкъым, умыгузавэ! – жысIащ.

Къалэбгъум дахури зы унэ щыуэ зэтету зы лъэныкъуэмкIэ щыту, гъущI банэ щащIэкIэ къэхухьауэ я кум гъущI кIапсэ банэр дагъэкIэрэхъуэжауэ, и плIанэпиплIым вышкIэ щытрэ нэмыцэ хъумакIуэр пулемётым бгъэдэсу тесу, абы драхуэри бжэр хуащIыжащ. Унэм дыщIыхьэри, зы пэшышхуэ и лъэгур мывэкIэ къищIыкIауэ ди къуажэхэр дыщIэтIысхьащ. И лъэгур щIыIэти,



10 Заказ №94

я бэлътохэр яубгъури, абы тетIысхьащ. Си шынелыр сыубгъури, абы сытетIысхьащ. Ар октябрым и 3-рт. ЩIыIэт, ауэ нэгъуэщI Iэмал щыIэтэкъым. ДызыщIэс унэм укъыщIэкIамэ, мыдрей унэшхуэр пхъэбгъу лъэгут, ауэ абы гъэрхэр зэщыгуауэ щIэст. Бжэм и бгъуитIым чеитI ягъэуvауэ, жэщым Iуэхур абы щызэфIагъэкIыу арат, ахъумэ щIыбым щIагъэкIыртэкъым. Бамэр къыщIихырти, убэуэфыртэкъым. А махуэм шхын зыри къыдатакъым. ЕтIуанэ махуэм и пщыхьэщхьэм дызыщIэлъ унэм пыIухауэ щыт унэ цIыкIум деж дахури, хьэпцIийм къыщIагъэвыкIауэ «кофэ» жари, крушкIэ зырыз къыдатащ, унэм дыщIахуэжри, бжэм IункIыбзэ къратыжащ.



Дисщ абы, пщыхьэщхьэ къэс а «кофэ» крушкIэ зырызыр къыдат. Си къуажэгъухэр хэти зэтегъуащ, хэти я нэр къыщIэмыплъыжу зэщIэбэгащ. Дзыгъур Мухьэдин лIышхуэр, и пащIитIым фIэкI къыхэмынауэ, и нитIыр къижу зэтегъуащ. Вэрыкъуэ зэкъуэшитIыр – Хьэжсуфрэ Даутрэ, Балъкъыз Къасболэт сымэ зэщIэбэгащ, я нэр къыщIэмыплъыжу. Адрейхэр нэхъ гъур хъуа фIэкIа, зыри ядэслъагъуртэкъым. Вэрыкъуэ Хьэжчэрим жэщым къызэIыхьауэ, мыбэуэжыфу нэху къекIри, пщэдджыжьым зэкъуэшитIым и Iэблэ зырызыр яIыгъыу, сэ и бэлътоужьымрэ и котелокымрэ сIыгъыу къыщIэтшри, пщэфIапIэм и гъунэгъуу «ЛазареткIэ» еджэу зы унэ гуэр щытти, абы тшэщ, пхъэбгъу лъэгум и бэлътор идубгъуэщ, абы тедгъэгъуалъхьэри дыкъэкIуэжащ. ДыкъыщIыхьэжри, дынэщхъей дыдэу дытIысыжащ.

– А здэфшам дохутыр щыIэт? – къыдэупщIащ Къасболэт.

– Мыбдежым вгъэгъуэлъ, – жиIэри, урыс дохутыр си гугъэщ, урысыбзэщ къызэрыдэпсэлъар, пхъэбгъу лъэгум дгъэгъуэлъащ, – жысIащ. ЗэкъуэшитIым зыри жаIакъым. Созей Мыхьэмэтхъан

къарууншэ зэрыхъур слъагъурт, ауэ зыри жысIэртэкъым. Абы и Iэижыр къэгъэшауэ къэнауэ Iэшэт. Ди къуажэ хьэмэмым загъэпскIыу здыщIэтым, зэдэджэгуурэ Мыхьэмэтхъан щхьэгъубжэм жьэхэхуэри, абджыр икъутэщ, хуэр зэпиупщIри, Iэшэ хъуат. «КъыпщыщIар сыт?» – жысIэу сыщеупщIам, арат езым къызжиIар.

Октябрым и 11 махуэр дэкIри, пщыхьэщхьэм, «кофэ» дефэу дыщIахуэжа нэужь, ди лъэпкъэгъу лIым, Пщыбий Хьэжчэрим, жиIащ:

– Ей, фымыгузавэ, АлыхькIэ соIуэ, мыпхуэдэу дамыIыгъын. Е лэжьапIэ дашэнщ, е даутIыпщыжынщ, фымыгужьей, нэмыцэри цIыхущ. Советскэм кIэ игъуэтащ.

Сэ си бзэр схуэубыдрэт? Советскэм сригъэджат, сигъэсат, «дунейм зы къэрали къыттемыкIуэну» си щхьэм къриукIат, сызэрыцIыкIу лъандэрэ зэхэсхыр арат.

– Уэлэхьи, Германыр игъащIэкIэ езауэми, Советскэм темыкIуэн. Зауэр кIыхь хъунущ икIи Советскэм Германыр зэхикъутэнущ. Ауэ апщIондэху дэ мы Iуэм дилIыхьынущ. Нэмыцэм нэхърэ нэхъ гущIэгъуншэ дунейм лъэпкъ теткъым. Ар фашистщ, – жысIащ. – И лъэпкъыр дуней псом щытепщэу щигъэтыну хуейщ.

– Уэ, КъардэнгъущI цIыкIур, узэрыкоммунистыр дощIэ, зыри жыдмыIэ щхьэкIэ, – жиIащ ди лъэпкъэгъу лIым.

– СлIо, щIалэ, Зырамыку и коммунистагъэм къуищIар? Алыхьыр згъэпцIащ, уи зэранкIэ мы щIалэм зыщ хэхуу щытмэ, узмытхьэлэм, уи нэхъыжьагъми семыплъу, – жиIащ Балъкъыз Къасболэт. ЛIым зиущэхужащ, адрейхэми зыри жаIакъым. Жэщым куэдрэ сыжеякъым: «Си бзэр сыт щIысхуэмыубыдар? Сэ сыщыпсэуамрэ сызыхэхуамрэ зэрызэхуэмыдэр сыт къыщIызгурымыIуэр?» – жысIэу, сигукIэ сызэгуэпу сыхэлъащ. МэжалIэм, цIэм, фIейм сагъэжейртэкъым.

Пщэдджыжьым нэмыцэм бжэр Iуихщ, къытхэплъэри, сэ Iэпэ къысхуишийри: «Ком гир!» – жиIащ. Сэ сыкъэтэджащ. ЩIым щылъ си шынелымрэ шыхьауэ си пIэщхьагъым щIэлъ плащ-палаткэмрэ къыщысщтэм: «Найн!» – жиIащ. Ахэри згъэтIылъыжауэ сыкъыщыщIэкIым:

– Уэлэхьи, яукIыну щIашым, – жиIащ зыгуэрым. Адрей пэшхэми къыщIашурэ зыхыбл дыхъуащ. ПщэфIапIэм къыпыт унэжь цIыкIум дишэри тачкэ зырызыххэ къыдитащ. – «Унэхэм фыщIыхьэурэ лIахэр къыщIэфхыурэ ифлъхьэ!» – жиIащ нэмыцэм. ИщIагъ къатым щIэлъхэр япэщIыкIэ къыщIэтхыурэ, я лъакъуэр зэхуэгъэзауэ, я щхьэр зэбгрыдзауэ тачкэ къэс тIурытI итлъхьэри, дежьащ. Дызэрыс лагерым и гъунэ дыдэм деж тшэри, метр 80 и кIыхьагъыну, метри 4 хуэдиз и кууагъыу, метритI и бгъуагъыу мащэ къэтIа иIэти, абы иддзащ.

«Дауи, мыбы илъщ Вэрыкъуэ Хьэжчэрим», – жысIащ сигукIэ. Къэдгъэзэжым тшэм, аргуэру тшэурэ и щIагъым щIэлъи и щхьэм телъи, къанэ щымыIэу, зы хьэдэр цIыхуитIым къыщIэтхыурэ, дэтшырт. ДыщыкIуэкIи дыкъыщыкIуэжкIи сэ зысплъыхьырт, мыбы сикIа зэрыхъуным сегупсысу. Лагерыр чырбыш щIыкIэу, зы лъэныкъуэмкIэ хуэкIыхьт, и плIанэпиплIым вышкэ щытти, пулемётым бгъэдэсу хъумакIуэр тест. Я кум удыхьамэ, Iэмал имыIэу

уаукIынут. ИхъуреягъкIэ гъущI кIапсэ банэкIэ щэнейрэ къэхухьат, пщыхьэщхьэм хьэ яIыгъыу къеувэкIырти, нэху щыху яхъумэрт. Пщэдджыжьым вышкэм къытетIысхьэхэрти жэщ хъуху тест, щызэблэкIыр пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэмрэ пщэдджыжьымрэт. Дэ дызыщIэс унэм метри 5-кIэ нэхъ пэмыжыжьэу зы вышкэр щытт, адрейхэр тпэжыжьэт. Пщыхьэщхьэ пшапэ зэхэуэгъуэм зребгъэхьэлIэу вышкэ щIагъымкIэ ущIэмыкIмэ, узэрикIыфын щыIэтэкъым. Вышкэ щIагъым ущIэкIа нэужь, лъэбакъуиплI нэхъ умыкIуэу гу гъуэгу блэкIырт. Ар зэпыбупщIмэ, быдапIэ цIыкIу, метррэ ныкъуэрэ и лъагагъыну къыщытт. Абы адэкIэ жыг хадэшхуэти, хуит ухъуат уздэкIуэнумкIэ. А псори фIыуэ зэзгъэлъэгъуауэ, иужьрей хьэдэхэр дэтшу мащэм иддза нэужь: «КъыщIэмыщу ятIэ тIэкIу тефтхъуэж!» – жиIащ нэмыцэм. ЯтIэр теттхъуауэ дыкъыщыIукIыжым, си гъусэ урыс сэлэтыр си ужьым хъуанэу итт.

– Сыт къэхъуар? – соупщI абы.

– Иужьым къыдэтша хьэдитIым я зыр псэууэ щIэттIащ.

– НтIэ, псэууэ щхьэ къэпша?

– Тачкэм къислъхьа нэужь, и нэр къызэтрихри къызэплъащ. «Мыр псэущ!» – жесIат нэмыцэми: «Некъу! Ар абы нэмысу лIэнущ!» – жиIэри автомат лъэдакъэмкIэ къыскIуэцIыуащ. Псэут, ауэ псэлъэжыфыртэкъым.

Ар жиIэурэ дыкъыздэкIуэжым, зы украин гуэр бошкIэкIэ псы ныдишауэ щыслъагъум, сыбгъэдэлъэдащ:

– Тутын уиIэ?



– СиIэщ, – жиIэри, тутын бза, чысэм илъу, тхылъымпIи щIыгъуу къызитащ. Ар сшыхьурэ, сепсалъэрт:

– Сыт хуэдэ ахъшэ зекIуэр?

– Советскэм и ахъшэ зекIуэжыркъым. Нэмыцэ маркэрэ украин ахъшэ къыдагъэкIамрэщ, – жиIэ пэтрэ, къыткIэрыхуауэ къэкIуэж нэмыцэр къэсщ, автомат лъэдакъэмкIэ къызэуэри, тутынри сIэпигъэхуащ, си щIыбри къысхуигъэузащ. Тачкэхэр къыщытщтам дгъэувыжри, кIэзармэм дыщIыхьэжащ.

Псоми я жьэр Iурыхуауэ къызэплъащ: «Упсэу?» – жыхуаIэу.

– Дэнэ уздэщыIар? Уздашар дэнэт? – къызэупщIащ Къасболэт.

– Хьэдэ дэсшащ, си закъуэкъым, куэд дыхъуу хьэдэ куэд дэтшащ. Ауэ аракъым Iуэхур. Сэ мурад сщIащ, мыбы апхуэдэу шхын щхьэкIэ зизмыгъэлIыхьу сикIыну. СызэрикIыну щIыпIэми фIыуэ сеплъащ. Си гъусэу нэкIуэнур хуитщ, – жысIащ.

– Уэлэхьи, сэ сынэкIуэнум, Зырамыку, ауэ сыхыфIумыдзэну тхьэ къысхуэIуэ. Сэ си гъащIэ псом мэлым сыпэрытащ. «Вот» зэрыжаIэ нэхъыбэ сщIэркъым, сыкIуэдынущ, – жиIащ Барий Iэубэчыр.

– Тхьэ пхузоIуэ, Iэубэчыр, си псэр пыту ухыфIэзмыдзэн!

– Сэ иджыри си мэлыхъуэ къарур схэлъщ, «тхьэлэ» жыхуэпIэр стхьэлэфынущ, – жиIащ.

Вэрыкъуэ Хьэжсуф къэпсалъэри:

– ФикIыфмэ, зэкъуэшитIри дыникIынщ, – жиIащ.

– Сэри сыникIын мыгъуэт, ауэ си къуэшитIыр дауэ зэрыхыфIэздзэнур? – жиIащ Безыр Нажмудин, си гъусэу къуажэ школым къыщызедеджам.

СыкъеплъэкIри, къыздеджа Созей Мыхьэмэтхъан сыщыIуплъэм, и Iэ Iэшэр сигъэлъагъури, и нэпситIыр къежэхащ.

– Уэлэхьи, сипшамэ, сэри сыникIынтэм, – жиIащ Унэгъэс Шэмсэдин. Сэ ар фIыуэ слъагъурт, и къуэш нэхъыщIэ Мурадин сыдеджат, дызэныбжьэгъуати.

Унэм сыкъыщIэкIри, пщIантIэм гъэрхэм я бэзэр дэтти, си плащпалаткэр сом 300-кIэ зыгуэрым есщащ. Си шынелыр бэлътоужь зэхэфыщIакIэ схъуэжри сыкъыщIыхьэжащ. Си гъусэу къикIыну жызыIахэр граждан щыгъынкIэ хуэпат.

– Си пилоткэр схъуэжамэ арат, – щыжысIэм, Iэубэчыр щIэкIри фIеибзэу зы фурашкIэ къысхуихьащ.

Псоми пщыхьэщхьэр зэхудипIалъэу арат. Пщыхьэщхьэ «кофэ» крушкэ зырызыр къыдатыну дахуащ. Лагерыр тIууэ зэпрыгъэлыкIауэ щытти, адрей лъэныкъуэмкIэ исхэри къахурти, пщэфIапIэм и зы лъэныкъуэмкIэ абыхэм щратырт, дэ мыдрей лъэныкъуэмкIэ къыщыдатырт. Унэгъэс Шэмсэдин сяпэ иту къыIихри, дяку дэт нэмыцэр адэкIэ щеплъэкIым, адрей лъэныкъуэм щрат чэзум жэри, яхэуващ, сэ си «кофэ» Iыхьэр къеIысхри, сыкъыIукIыжащ. Шэмсэдин етIуанэрей «кофэр» къыIихри, хъумакIуэм мыдэкIэ къимыгъэкIуэжу, адрей лагерым ихуну ирихужьащ.

– Зырамыку, мыбы сыздахур дэнэ?! – жиIэу къэкIийуэрэ, адрей лагерым ирахуащ. Дэри пщэфIапIэм дыкъыIуахужри ди лагерым дыкъахужащ.

Пщыхьэщхьэ хъуащ. Абы фIэкIмэ, кIэзармэм дыщIахуэжынурэ, IункIыбзэ къратыжынут. Ар октябрым и 12-рт, 1941 гъэм.

– Си къуажэгъухэ! Сэ сыздэкIуэр псэзэпылъхьэпIэщ. Е сикIын, е мо гъущI банэм зыфIезгъэукIыхьын, нобэ шхын щхьэкIэ лIауэ дэсшахэм хуэмыдэу. Алыхьым сыкъихъумэу псэууэ сикIрэ сыкIуэжмэ, мыбы фыкъызэризнар фи дейхэм яжесIэжынщ. Ауэ а гъущI банэм сэ сыфIаукIыхьрэ фэ псэууэ фыкIуэж хъумэ, си кIуэдыкIар яжефIэж! – жысIэри, Балъкъыз Къасболэт деж къыщыщIэздзэри, я Iэр субыдыжурэ Безыр Нажмудин деж сыщынэсым, зыкъызидзри IэплIэ къысхуищIыжащ. Ауэ нобэми согъэщIэгъуэж, егъэджакIуэу лэжьа, щIэнығъэ, зэхэщIыкI зиIэ Балъкъыз Къасболэт къызэринар? Ар абы илIыхьыну Алыхьым иухауэ арагъэнт.

– НакIуэ, Iэубэчыр, Алыхьым гъуэгу къыдитынщ! – жысIэри, сыкъыщIэкIри дызыщIэса кIэзармэм и плIанэпэ дыдэм деж сыуващ, Iэубэчыр си щIыбагъ дэтт. ХъумакIуэр зытес вышкэмрэ сэрэ ди зэхуакур метрих нэхъыбэ хъунтэкъым.

– СыкъеплъэкIынукъым, Iэубэчыр, сэ сщIэр пщIэну ращ! – жесIащ щэхуу, сыкъемыплъэкIыу. АлыхькIэ соIуэ, мы жысIэм зыпцI хэмылъ. Нэмыцэр адэкIэ зэреплъэкIыу, сыщIэпхъуэри гъущI банэм сыдэжейри, селъэри и кум дэулъэрыхъыхьауэ дэлъ гъущI кIапсэ банэхэр зэщызгуэри, адрейм зездзащ. Апхуэдэурэ гъущI банищми селъэри, быдапIэ цIыкIум и блыным сежэлIащ, сыдэпщейщ, селъэри, жыг хадэшхуэм сихьащ. Нэмыцэхэм, зэрыгъэкIийуэ, сринэхэр ягъэфийуэ, гъэрхэр унэм щIахуэжу щIадзащ. ХьэрэкIытIэ драдзеяти щIым зыхэздзащ. ХьэрэкIытIэр ункIыфIыжа нэужь, сыкъэтэджыну

сыкъыщеIэм, си кIэр зыгуэрым иIыгът.

– Хэт ар? – жысIащ щэхуу.

– Сэращ, – жиIащ Iэубэчыр. Дыкъэтэджри дежьащ. Мис апхуэдэу дыкъикIащ дызэрыса лIапIэм, къэнахэр илIыхьащ. Пшапэр зэхэуат. Ауэ сэ фIыуэ сеплъат сыздэкIуэн хуей лъэныкъуэм. СэмэгумкIэ сыкIуэмэ, дызэрыт хадэр зэриухыу, къалэм удыхьэн хуейт. ИжьымкIэ укIуэмэ, хадэр зэриухыу, губгъуэм уихьэрт, къалэбгъу дыдэм хуэзэу. Къалэм дыдыхьэмэ, патрулхэм даубыдынут. Зыри жызмыIэу сыкIуэурэ жыг хадэр зэриухыу, быдапIэ цIыкIум и блыным дыкъелъэри къалэбгъу губгъуэм дихьащ. «Алыхьым аргуэру сыкъихъумащ», – жысIащ сигукIэ. Ар си япэ къыщIэпхъуэт.

КIыфIым дыхэтурэ дыздэкIуэм, нэху мащIэ къэслъэгъуащ. Ауэ сэ куэд щIауэ, сызэрыщIыкIу лъандэрэ, зэхэсхырт: «Уэздыгъэ нэхур гъунэгъущ жыпIэу умыкIуэ, хьэ банэ макъыр жыжьэщ жыпIэу къыумыгъанэ», – жаIэу. Хьэ банэ макъи зэхэсхыртэкъым. Ауэ сыкIуэрт а нэхумкIэ, тшхын гуэр къытIэрыхьэным сыщыгугъыу. Iэубэчыр си гъусэу уэздыгъэ нэху мащIэм сокIуалIэри, щхьэгъубжэ цIыкIум сыдоплъ: фэтыджэн уэздыгъэ маблэ, гущэхъыринэ щIеупскIэри зы фыз бгъэдэсщ, нэгъуэщI зыри слъэгъуакъым. Абы сыдэплъыху, си ужь иту цIыху зыхыбл къикIауэ къыткIэлъыкIуэу къыщIэкIри, къэбыстэ хьэсэ цIыкIу щытт бжэIупэ дыдэм дежи, ар зэрапхъуащ.

– Мыр къахэсхащ, Зырамыку, – жиIэри, Iэубэчыр къэбыстэ щхьитI къызбгъэдихьащ.



– Мыр уи шхалъэм хуэгъэткIунукъым, Iэубэчыр, ауэ бгъэныщкIум, и псыр ебгъэхыурэ езыр къызыжьэдэдзыж, бжызоIэ – умышх. ДяпэкIэ тшхын дгъуэтынщ, – жесIэри, зы къэбыстащхьэр къеIысхри, сежьащ. Мыдрейхэр ди ужьым иту накIуэрт.

– Ди ужьым фикIи, фызэбгрыкI! – жысIащ зыкъезгъэзэкIри. Iэубэчыр дэрэ дыкIуэурэ, Буг псым и Iуфэм дыIухьащ. Ар псышхуэт, уфафэу макъ лъэпкъ имыщIу ежэхырт. Метри 10 нэхъ лъагэу къамылхэр къыхэкIыкIауэ хэтт. Абы иужькIэщ гу щылъыттар, ахъумэ япэм зыри тлъэгъуатэкъым. И Iуфэм окопэхэр, траншейхэр екIуэкIыу етIэкIауэ, щытхэт ди топхэр, къыздыIуашыну хунэмысауэ, къыщикIуэтым къызэрагъэнам хуэдэу. 1939 гъэм ди дзэхэм Западнэ Украинэр къыщаубыдыжам, Польшэмрэ СССР-мрэ гъунапкъэ яхуэхъуауэ щытар мыбдежт. Псы Iуфэм дыIутIысхьауэ ди къэбыстэ зырызым дедзакъэм, дгъэныщкIуурэ къызыжьэдэддзыжу дыздэщысым, Вэрыкъуэ зэшитI Хьэжсуфрэ Даутрэ къыIухьащ.

– ФыкъикIа? Сыту фIыт! Мэ си къэбыстэр, вгъэнышкIу, ауэ фымышх, фигъэлIэнущ. Сэ сыкIуэнщи, тшхын къэслъыхъуэнщ, фэ мыбдежым фыщыс. КъэзгъуэтIамэ, сыкъэкIуэжынщи, фысшэнщ, – жысIэри сыкъыIукIащ.

Уэздыгъэ нэхумкIэ сыкIуэурэ, зы унэшхуэ гуэрым секIуэлIащ. ЩхьэгъубжэмкIэ сыдэплъмэ, стIолышхуэм къетIысэкIауэ цIыху куэд, нысащIэ щыгъынкIэ хуэпауэ хъыджэбзи яхэсу, уэрэд жаIэу бгъэдэсщ, цIыху щIэзу щIэсщи, зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Унэм фызышэ щIэтт. «Мыбы дэ драIуэхукъым, хэти нэмыцэм я телъхьэщ, хэти ди телъхьэщ, сахэмыхьэмэ нэхъыфIщ», – сигукIэ жысIэри сыкъыIукIыжащ. АдэкIэ къыщыблэ уэздыгъэ нэхум сыхуэкIуэу

сыздэкIуэм, махуэм яIуа хьэпцIийм и хьэуазэхэр Iуамыхыжауэ сыздыпхыкIым, абы жейуэ хэлъ кхъуэм сытеувэри, кIийщ, къыщылъэтри си псэр Iуихащ, сэ сыщIэцIэфтри сыджэлащ, езыр щIэпхъуащ. Абы сыфIэкIри, адрей унэм сыкIуащ. Щхьэгъубжэмкlэ сыдэплъмэ, зы лIыжь жьакIэху пIэм исщ, нэгъуэщI зы лIы фIыцIи фэрэкI напэ шэнтым тесщ, илъэс 18-м итыну зы щIалэ, илъэси 10-м нэсыну зы цIыкIу щытщ, зы фыз гъур кIыхь хьэкум бгъэдэтщ. Си гурыIупсыр къэжащ, «зыгуэр епщэфI» жысIэри. НэгъуэщI Iэмал щыIэтэкъым, дымышхэу хъунутэкъым. Бжэм сытеуIуащ. ЩIалэ цIыкIум бжэр къыIуихри:

– Хэт ар? – жиIащ.

– СынырщIыхьэ хъуну? – жысIэри, жэуапми сыпэмыплъэу, сыщIыхьащ. ЛIы фIыцIэшхуэр къысIуплъэри:

– Оттуда? Абы укъикIа? – жиIащ.

– Аращ, сышхэнут, – жысIащ.

– Пожалуйста! – жиIэри, фызым Iэнэ плIимэ цIыкIу къигъэуври, кхъуэм хуагъавэу къыщIэкIынт, пэгун псо ихуэну зы шыгун сэкурэшхуэ, кIэртIоф гъэвар изу, къытригъэуващ, бахъэр къыщхьэщихыу.

– Гъусэ сиIэщ, – жысIащ.

– Къеджэ-тIэ, – жиIащ фызым. Къезджэну бжэр къыщыIусхам, Iэубэчыр щхьэгъубжэм ныдэплъу Iутт.

– Дэнэ щыIэ адрей тIур? – жысIащ.

– Iусщ псы Iуфэм, – жиIащ.

– КIуэи къеджэ, дагъэшхэнущ, – жысIэри къезгъэгъэзэжащ. Щыри псынщIэ дыдэу къэсри, Iэнэ цIыкIум дыкъетIысэкIащ.

– Нэмыцэм дигъэхьэжэркъым! – жиIэщ фызми, щIакхъуэ Iыхьэ, нащэ фIэIу зытхух къытрилъхьащ. Iэнэм детIысылIа къудейуэ, бжэм зыгуэр къытеуIуэри, зы урыс, ди гъусэу къикIахэм ящыщу, къыщIыхьащ. Ари къэтIысауэ къыддошхэ.

– Дэнэ ущыщ? – сеупщIащ.

– Краснодар, – жиIащ.

– Удиземлякщ, – жысIащ.

– Си закъуэти, гъусэ зыфхуэсщIыну фи ужьым ситу къэскIухьырт. СывэдаIуэрти, фи бзэр адыгейхэм я бзэм ещхьти, сывигъусэмэ нэхъ къасщтэрт, – жиIащ.

Си гъусэхэр «я хьэдэжьыр тралъхьауэ» шхэрт, гъаблэгу ящтауэ.

– Апхуэдиз фымыших, фэзэгъынукъым, дяпэкIи Алыхьым къыдитынщ тшхын, дэ иджы дыщхьэхуитщ, – жысIэри, шхэн щызгъэтыжащ, нащэ фIэIуми седзэкъакъым. Урысми щигъэтащ, ауэ мыдрейхэр шхэрт. Унагъуэр зей лIыжьыр къэпсалъэри:

– Фэ фшхым сэ сыщысхьыркъым, ауэ апхуэдиз фэзэгъынукъым, фигъэлIэнурэ, фи хьэдэ щIэлъхьэным дэ гугъу дригъэхынущ, – жиIащ.

– Тутын уиIэу пIэрэ? – зыхуэзгъэзащ лIы фIыцIэм.

– СиIэщ, – жиIэри, мыпIащIэу хъыдан чысэ цIыкIу кърихри, бзауэ самосад тхылъымпIэм трикIутэри къызитащ. Тутыныр сшыхьри, тIэу секъуа нэужь, си Iэгур къэузащ. Сеплъмэ, си IэгуитIым псо иIэтэкъым. ГъущI банэм зэхиупщIэтат, зэхифытхъыхьат, зы щIыпIэм деж лъыр тегъуэжат, нэгъуэщI щIыпIэм иджыри къижырт. Зыри

жысIакъым. Унэгуащэм Iэнэр Iуихыжа нэужь, къыдэупщIащ:

– Мы Iэнэм тет лъыр къыздикIар дэнэ?

– Ди Iэгум къож, – жысIащ. Адрейхэми апхуэдэу жаIащ.

Фызым хъыданыжь зыкъомрэ фэтыджэн птулъкIэрэ къихьри, фэтыджэныр ди Iэхэм быдэу къыщихуэурэ хъыданыжьхэмкIэ фIипхыкIащ.

– Мыбы гъэш яIэкъым, сэ сиIэщ. Си деж и ныкъуэр фынакIуи фыщызгъэIэнщ, гъэш фэзгъэшхынщ, – жиIащ лIы фIыцIэм, къэтэджыжурэ.

– Дэ дынэкIуэнщ! – жаIэри, зэкъуэшитIыр къыщылъэтащ.

– Уэри кIуэ абыхэм я гъусэу, – жесIащ урысым. Iэубэчыр сэрэ куэд дигъусэну дыхуейтэкъым. Урысыр къыщылъэтри абыхэм я гъусэу щIэкIащ.

– Мыхэр гуэщым шэи щIэгъэгъуалъхьэ! – фызым и къуэм жриIащ. Дэ цIэ бжьакъуэм дыфIэст, фызым и тепIэнщIэлъыныр цIэм иригъэблэну хуейтэкъым. ЩIалэм дыкъыщIишри, гуэщым, гуэдз пхырхэр уэшх трамыгъэшхэну щIагуауэ щIэлъти, абыхэм дахэгъуэлъхьащ.

– Мыбы фыщIэлъу зыми фыкъигъуэтынукъым, фыкъыхэмыщту фыжей! – жиIэри, щIалэр щIэкIыжащ.

Нэху щыху сыжеякъым. Япэрауэ, сыгуфIэрт, «дыщхьэхуитщ», жысIэрти. ЕтIуанэу, цIэм сагъэжейртэкъым. ЩIэ мелуан схэсу къысщыхъурт. Уэ зыбгъэпсэхуну ухуейщ, ужеину ухуейщ, ауэ цIэр жейркъым, зы дакъикъи мыувыIэу машхэ. Шхын тIэкIу зыIухуа Iэубэчыр пырхъыжу жейрт. Сэ, гъэрыIуэм сыкъикIа щхьэкIэ, бийм иIыгъ щIыпIэм дызэритым, адэкIэ ди Iуэху зэрыхъунум семыгупсысын слъэкIыртэкъым.

Пщэдджыжьым щIалэр гуэщым ныщIыхьэри:

– Фыкъэуша? – жиIащ. – Фытэджи псынщIэу унэм фыкъыщIыхьэ, зыми фыкъимылъагъуу!

ПсынщIэу унэм зыщIэддзащ. ЩIалэм крушкIэкIэ къыттрикIэурэ тIэкIу зыттхьэщIащ. Си жьакIэр кIыру зэщIэкIати, псыр си напафэм нэсыртэкъым.

Унэгуащэм къигъэува Iэнэм телъыр дыгъуэпшыхьрейм хуэдэ дыдэт: кIэртIоф гъэва, нащэ фIэIу тIурытI, щIакхъуэ бзыгъэ цIыкIу зырыз. ДетIысылIауэ дыщышхэм Iэубэчыр жесIащ:

– Нащэ фIэIур умышх, уэзэгъынукъым! – А дакъикъэм я гъунэгъу физ къыщIыхьащ, зы литр хъун шэ, кхъуэщын цIыкIум иту къихьри.

– Мыбы я унэм фыкъызэрыщIыхьэр слъэгъуати, къыфхуэсхьащ. Мыбыхэ гъэш яIэкъым. – Iэубэчыр дэрэ шэр зэхуэдитI тщIыри дефащ, фызым фIыщIэ хуэсщIри.

– Иджы ди гъусэхэр дыгъуэпшыхь здэкIуар дывгъэлъэгъуамэ, абы дыкIуэнти дызэрыгъуэтыжынт, – жысIащ.

– ФынакIуэ, сэ фысшэнщ, – жиIащ шэ къытхуэзыхьа фызым. ДызыгъэхьэщIа унагъуэм фIыщIэ хуэсщIауэ, сэлам щесхыжым лIыжьым жиIащ:

– Советскэм фыкIуэжыну фыхуеймэ, зэпымыууэ дыгъэ къыщIэкIыпIэмкIэ фыкIуэ!

Фызым дыкъыщIишщ, Хьэжсуфрэ и гъусэхэмрэ здэкIуа лIы

фIыцIэм деж дишэри, езыр къыщIэкIыжащ. Унэм лIы фIыцIэмрэ и щхьэгъусэмрэт щIэсыр.

– Дэнэ щыIэ ди гъусэхэр? – сеупщIащ абы.

– Ахэр нэхущым къэтэджри, шхэри ежьэжащ, – жиIащ. «Ари нэхъыфIынкIи хъунщ», – жысIащ сигукIэ. Апхуэдэм деж тIу нэхъыбэ узэгъусэну ухуейкъым. Куэд узэгъусэмэ: «Мыр сыт, мы къомыр?» жаIэнурэ нэмыцэхэми полицайхэми укъагъэувыIэнурэ гъэрыIуэм уахужынут.

– Псым дауэ дикIыну? – сеупщIащ лIы фIыцIэм.

– ФынакIуэ, сэ фисшынщ! – жиIэри дыкъыщIишащ. ДыздэкIуэм, къызэрыдэхьейри, сшха псори къэзжыжащ.

– Иджыри шхыным уесэжакъым, мащIэ дыдэурэ зебгъэсэжын хуейщ, – жиIащ лIы фIыцIэм.

Псы Iуфэм дыIухьэри, кхъуафэжьей цIыкIу Iутти, абыкIэ дришащ.

– МобыкIэщ зэпымыууэ фыздэкIуэнур! – жиIэри, ди Iэр къиубыдыжащ. – Гъуэгу махуэ! – жиIащ. – Фи гъусэхэри абыкIэ сутIыпщащ.

– Алыхьым жыхуиIар хъунщ, Iэубэчыр, фIым Алыхьым дыхуишэ! – жысIэри дежьащ.

КъухьэпIэмкIэ щыпсэу украинхэр къуажэшхуэу зэхэсу щыскъым. Нэхъыбэр зэбгрыдзауэ, щхьэж и щIы мащIэ тIэкIум тесыжу мэпсэу. Дэ докIуэ ерагъкIэ, къару диIэжкъым. Дыкъэзылъагъу цIыхубзхэр къыдэжурэ шхын къыдат: щIакхъуэ, кхъуей, салэ, кIэртIоф гъэва. Iэубэчыр зыри иIыгъкъым, сэ вещмешок сIыгъщи, тхуэмышхыр абы идолъхьэри, губгъуэм щыдошх. Пщыхьэщхьэм унэ гуэрым, жэщым дыщыIэну, докIуалIэ. ДызэкIуэлIам дагъашхэ, дызищIысымкIэ къыдоупщI. Iэубэчыр бзэ ищIэркъыми, зыри жимыIэу щысщ. Жэуап езытыр сэращ:

– Дэ зауэр къэхъеиным ипэкIэ къэрал гъунапкъэм деж дыщылажьэу дыIутащ. Нэмыцэхэр къащыттеуэм, дэ дытутнакъти, ди хъумакIуэхэр щIэпхъуэжащ, дэ дыкъагъанэри, иджы мыпхуэдэу нэмыцэм я ужь диту дакIэлъокIуэ, зыми ди гугъу къиищIыркъым, дыкавказ лъэпкъщ, – жысIэурэ къахузокъутэкI. Ахъумэ дызыхуэзэнур пщIэнукъым. Дэнэ дыщIэмыхьами, щIалэгъуалэр, номиным еплъыну къызэхуэсам хуэдэу, къызэхуосри къыдоплъ. Дэ ди теплъэм щхьэкIэ доукIытэ, догузавэ. АпхуэдизкIэ дызэщIэкIащи, Iэубэчыр цыджан фIэкIа зэрыпщIэн щыIэкъым: и щхьэцыр хъурыфэщ, и нэ гъуэжьитIыр утхъуауэ цым къыхоплъ. Сэ зыслъагъужыркъым, ауэ сызэрыIуплъэгъуейр сощIэж, си жьакIэри, си щхьэцри зэщIэкIащ, цIэ хэзу хэсщи, машхэ.

Къыдэплъыну къызэхуэсахэр щIэкIыжа нэужь, хьэуазэ IэплIэшхуэ къыщIахьэри унэ лъэгум ираудэ. Ар ди гъуэлъыпIэщ. Жэщым, ди ныбэр зэтес хъужакъыми, зэблэкIыу Iэубэчыр дэрэ хэ-блэ щIыбым дыщIокI, дэри дыжейркъым, ди бысымхэри дгъэжейркъым. Пщэдджыжьым дагъашхэ, фIыщIэ яхудощIри гъуэгу дытоувэж. Ауэ куэд тхуэкIуркъым. Жыг жьауэ дызэрыхуэзэу дотIысри дыщысщ, е гъуэгум дыдодзых, зэгъуэкI зыдощIри, зыдогъэпсэху. Махуэм бгъуэпщIэ дошхэ. Ди ныбэм изщ, ауэ ди гум зигъэнщIыркъым. Дыныбажэщи, къыщытщыхьэм дыщотIыс.

ЕплIанэрей жэщым бысым тхуэхъуа унэм, къыдэплъыну къызэхуэса щIалэгъуалэр зэхэсу, дэ деплъыхыу дыщысу, унэгуащэр тхуэпщафIэу, унэр зей лIыр къыщIыхьэжащ. Дэри къытIуплъэщ, мо къомми яхэплъэри:

– Сыт фыкъыщIызэхуэсар? ЦIыху дэхуэха фымылъэгъуауэ ара? ФыщIэкIи фыкIуэж фи унэ! – жиIэри, псори щIихужащ. «ФыкъыздикI, фызищIыс?» – жиIэу къыщыдэупщIым, а жысIэ си хабзэ дыдэр къескъутэкIащ. Ауэ ар абы и фIэщ зэрымыхъуар и нэгумкIэ къызгурыIуащ.

– А жыпIахэр хъунущ, ауэ фысакъ, полицайхэм фыкъаубыдмэ, нэмыцэ комендантым деж фашэнущ. НэмыцэмфаIэщIыхьэмэ, е Германым лэжьакIуэ фашэнущ, е лагерым фрадзэнущ. Полицайхэм фащэ щхьэхуэ ящыгъкъым, я Iэблэм хъыдан хужь къешэкIауэ аращ, – жиIащ лIым, дышхэу дыздэщысым. ЛIым и псэлъэкIэмкIэ еджауэ, щIэныгъэ иIэу, цIыху гъэсауэ къысщыхъуащ.

– Даубыдми, зыри тлъэкIынукъым, Алыхьым къытхуиухам дыхуэзэнщ. Иджыри къэс дыкъихъумащ, иджыри дыкъихъумэну долъэIу, – жысIащ. Ар игу ирихьащ лIым.

– Ар пэжщ, сыт щыгъуи Алыхьым, нэхъыфIым щыгугъын хуейщ, – жиIащ.

ЛIым щIалэшхуитIрэ зы хъыджэбз ишэгъуэрэ иIэти, зыри жамыIэу къыдэплъу, къыдэдаIуэу щысахэщ. Дыгъуэлъыжын щыхъум, щIалитIыр щIэкIри хьэуазэ IэплIэ зырыз къыщIахьэри япэу узыщIыхьэ пэшым и лъэгум щрадзащ. Бжьыхьэт, октябрым и 16-т, щIыIэбжьт дунейр, пщыхьэщхьэ зэрыхъуу щIыIэ хъурт.

– КъывэщIыIэкIыну къыщIэкIынщ, ауэ фыщIэкIынуми, фи дежкIэ мы пэшыр нэхъ тынш хъунщ. Фи жэщ фIыуэ! – жиIэри лIыр щIэкIыжащ.

Iэубэчыр дэрэ дызэблэкIыу дыщIэкI-дыщIыхьэу нэху дгъэщащ. Жьыуэ лIыри и бынищри къэтэджри, зыщIыпIэ кIуащ. Дэри дыкъэтэджри, ди щIэлъын хьэуазэхэр щIэтхыжри, дыкъыщIыхьэжауэ дышхэу дыщысу, зы фызыжь, илъэс 75-м итыну, къыщIыхьащ. КъытIуплъэри, ину къэгъащ.

– Си Ваня мыпхуэдэу къыщикIухьыр Алыхьым ещIэ! – жиIэри. Абы нэхъ хэмылъуи щIэжыжащ.

– Сыт ар зищIысыр? – жысIэри сеупщIащ унэгуащэм.

– Ар си анэщ, и къуэ нэхъыщIэр, си дэлъхур, Советым щыгъуэ МВД-м хэтащ. Советыдзэм яхэту икIуэтащ. Аращ си анэр щIэгъыр, – жиIащ. Дышхауэ дыкъыщытэджыжым, унэгуащэм адэкIэ къыпищащ:

– ФызэрыфIей мыгъуэр солъагъу, нобэ-пщэдей уэсыр къеуэхынурэ ди кIэртIофыр щIиубыдэнущ. Псори кIэртIофкъэтI кIуащ. Сэри сакIэлъыкIуэн хуейщ, ахъумэ сыфхуэжьыщIэнт, фигу къызэвмыгъабгъэ.

– ЕмыкIу фхуэтщIыркъым, ину фIыщIэ пхудощI дызэрыбгъэхьэщIам щхьэкIэ, уилIыми апхуэдэу тхужеIэж, – жесIэу бжэм дыкъыщыхуэкIуэм, фызыжьыр аргуэру къыщIэлъэдэжащ, хъыданым кIуэцIылъу зы щIакхъуэ хужь хъурейрэ салэ IыхьитIрэ иIыгъыу.

– Мыр сIыфх, гъуэгум щыфшхынщ, – жиIащ.

– Ину фIыщIэ пхудощI, нанэ, дэ гъуэмылэ куэд тIыгъщ, тхуэхынукъым, – жесIащ.

– И жагъуэ фымыщI си анэм, – жиIэри, ди вещмешокыр сIихри фызым абы ирилъхьащ.

– Алыхьым жиIэмэ, уи Ваня узыншэу къыпхуэкIуэжынщ! – жесIэри, фызыжьым IэплIэ хуэсщIащ, езым жор къыттрищIэри дыкъыщIэкIыжащ.

Дыпхъэр щхьэкIэ, ди лъэр пхъэм дэнат. ДыкIуэфыркъым, къару диIэжкъым. Унищ къэдгъанэри, еплIанэм дыщIыхьащ, зыдгъэпсэхуну. Абы щыпсэурт зэдэлъхузэшыпхъу. Унэм мэл щIалъафэри фIагъэжауэ зэIахыу дрихьэлIащ.

– Мыпхуэдэм деж хьэщIэ къыпхуэкIуэну фIыщ, – жаIэ. Феблагъэ! – жаIэри, шэнт къыдатри дагъэтIысащ. КIапэр къыпаупщIри ягъэвати, къыхахри ди пащхьэм кърагъэуващ.

– Дэ дышха къудейщ, дыкъыщIыщIыхьар зыдгъэпсэхуну аращ. КIапэ тшхы хъунукъым, ди ныбэхэр иджыри зэтес хъужакъым, – жысIащ.

– Уэлэхьи, кIапэ тIэкIу сшхынтэм, – жиIащ мэлыхъуэжьу щыта Iэубэчыр.

– Уэлэхьи, умышхын! Нэхъри ныбажэ уищIынущ, арыншами уи ныбэм нэху щыху уигъэжейркъым, – жысIащ. Я жьэр Iурыхуауэ ди зэпсалъэ макъым зэдэлъхузэшыпхъур къедаIуэрт, яфIэгъэщIэгъуэну.

Абы хэту, кIэпхын Iулъу зылI къыщIыхьэщ, сэлам къыдихри къэтIысащ.

– Мыхэр къызэрыкIуар слъэгъуати, сыкъыщIыхьащ, – яжриIащ унэр зейм. ТIэкIурэ щыму дыщысащ. КъыщIыхьар къэпсалъэри:

– Фэ Советым фыкIуэжыну фи гугъэщ, куэд мыщIэу уэс къесынущ, ауэ мы уи вакъэ зэфIэтхъам жыжьэ уихьынукъым. ФынакIуэ си деж, сэ сышырыкъущIэщ, уи вакъитIыр пхуэздыжынщ, – жиIащ лIым.

– Абы нэхъыфI къытхуэпщIэну дыхуейкъым, ину фIыщIэ пхуэтщIынт, – жесIащ. Си кирзэ шырыкъуитIыр щIэрыпст.

ЛIым дыкъыщIишри я деж дишащ. ДыкъыщцыщIэкIыжым зэдэлъхузэшыпхъум фIыщIэ яхуэсщIащ: – Фи жагъуэ фымыщI фи кIапэр зэрыдмышхар, хъунукъым ар тшхы, – яжесIащ.

ЛIым дызыщIиша унэм зыри щIэстэкъым. И лъэщапIэм и хъуреягъкIэ фэ бзыхьэхуэ, вакъэ дыжын хуей куэд щылът.

Iэубэчыр и ботинкIитIыр лъихауэ я напитI тIэпIахэр едыж, лъэдакъитIри щIэуэ щIилъхьэну жиIауэ йолэжь. Iэубэчыр абы йоплъри щысщ, жейр къыстеуащ. Унэм и лъэныкъуитIым «лавкэкIэ» еджэу тетIысхьэпIэ къыкIэрыгъэувауэ щыту, абы сытесу арати, жысIащ:

– Мы тетIысхьэпIэм сытегъуалъхьэу сыжей хъуну?

– Пожалуйста, жей, щхьэнтэ уэстынщ, – жиIащ.

– Щхьэнти сыхуейкъым, – жысIэри, гъуэмылэ изу зэрылъ си вещмешокыр си щхьэм щIэздзри, мо нэху щыху цIэм самыгъэжейр, занщIэу сыIурихащ. Куэдрэ сыжея, мащIэрэ сыжея, сыкъэушмэ, щIалэгъуалэр къызэхуэсауэ щIэсщ. СыкъызэфIэтIысхьэщ, сахэплъэри сеплъыхыжащ. Сигурэ си щхьэрэ зэбгъэжащ. «Сэ Сталиным

и стипендие къызату, дахэу зысхуапэу, хъыджэбз цIыкIуу къысхуэзэм зыкъыскIэращIэу, Москва радиом тIэуней сыкъитауэ (зэм «Къэбэрдей студием дипломнэу ягъэувыну «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» итхащ» жаIэу, зэми «ФIыуэ зэреджам щхьэкIэ Сталиным и стипендиер къратащ» жаIэу). Мыпхуэдэу сыдэхуэхауэ, сыфIейрэ цIэм сишхыу, лIыжьым хуэдэу сызэщIэкIауэ, сыбэлэбанэу, бамэр къыскIэрихыу... Сыт апхуэдиз зауэ сызыхэтам, зы шэ цIыва къыстехуэу сыщIимыукIар?» – жысIэу сеплъыхыу сыздэщысым, зы щIалэщIэ лъагъугъуафIэ къызбгъэдэтIысхьэри:

– НакIуэ ди деж. Къашэ ар щыдгъэIэнщ, – жиIэри ди адэм сыкъигъэкIуащ, – жиIащ.

Сэ си щхьэр къэсIэтри, си фIэщ мыхъуу, сеплъащ.

– Аращ, аращ, мыпхуэдэу мыбыхэм закъыумыгъэлъагъуу, накIуэ! – жиIащ.

– Iэубэчыр, мыбыхэ я деж сыщагъэIэну сашэ, – жесIащ Iэубэчыр.

– Сэ дауэ сыхъуну? – жиIэри Iэубэчыр къэтхьэусыхащ. Ди псалъэмакъым къедаIуэ шырыкъуущIэр къэпсалъэри:

– ФыкIуэ, мыр си деж щыIэнщ, – жиIащ.

– Уэ мыбы и деж ущигъэIэнущ, – жесIащ Iэубэчыр.

– ДызэкIэрачу драгъэубыдыну армырауэ пIэрэ? – жиIащ.

– Драгъэубыдынумэ, дызэкIэрамычуи драгъэубыдыфынущ, – жысIащ. Я жьэр Iурыхуауэ ди псалъэмакъым псори къедаIуэрт.

– ФыкIуэ! Фэри фызэбгрыкI, гъэр тхьэмыщкIэ фымылъэгъуауэ ара? – жиIэри псори къыщIихуащ.

– Iэубэчыр! Сэ сыздашэр усшэнщи уэзгъэлъагъунщ, умыгузавэ, – жесIэри щIалэм и гъусэу сыкъыщIэкIащ. «Бобик» и цIэу зы хьэ плъыжь ин щIалэм къежьэу щытти, занщIэу къызжьэхэлъащ. ЩIалэр пхъуэри хьэм и пщэхъур иубыдащ.

– Бобик, мыр дыдейщ, дяпэкIэ мыбы уесэн хуейщ, – жиIэурэ, дыкъызыщIэкIа унэр лъэгум дэтти, щыгу цIыкIум дыдэкIри, бжьэпэм тет унэм дыщIыхьащ. ПщафIэу зы цIыхубз сырыху лъагъугъуафIэ щIэтти, куэду нэфIэгуфIэу къысIущIащ. Махуэр щэбэтти, дэлэн игъажьэрт. Абыхэм я хабзэмкIэ, щэбэтым нэхъ шхыныфIхэр ящI, члисэм макIуэ, аращ нэгузегъэужьыпIэу яIэр. СызэрыщIыхьэу:

– Мыдэ къэтIыси шхэ, – жиIэщ, стIолым сыбгъэдигъэтIысхьэри, борщ, лы гъэва, щIакхъуэ къытрилъхьащ. ЦIыхубзыр сызыша щIалэм и анэт, сэ и шыпхъу си гугъащ. Сызышам и цIэр Пётрт.

– Сэ сышхащ, сымэжалIэркъым, – жысIэ щхьэкIэ:

– Шхэ жысIащи, шхэ!

СлъэмыкIыу сетIысылIауэ, борщым сеIубу сыздэщысым, зы щIалэ цIыкIу, илъэс 12–13-м итыну, къыщIэлъэдэжщ, къысIуплъэри:

– Мыра къэфшари? – жиIащ.

– Мыращ, сытыт-тIэ узыхуеяр? – жиIащ и анэм. ЩIалэ цIыкIур зыкъомрэ къызэплъащ, итIанэ:

– Какой страшный! – жиIащ.

– Сыт къыувыр? КIуэи уи Iуэху щIэ! Уэ абыхэм уи Iуэху хэлъкъым, – жиIащ и анэм. ЩIалэ цIыкIур щIэжыжащ.

Пэж дыдэу, сышынагъуэт, номиным нэхърэ нэхъ Iейуэ сызэщIэкIат. Абы щыгъуэми си щхьэцыр фIыцIэт, си жьакIэр гъуэт.

(Си адэм и щхьэцыр фIыцIэт, си анэр сырыхут – ара хъунт къызыхэкIар).

– Илъэс дапщэ ухъурэ? – къызэупщIащ унэгуащэр.

– Илъэс 50, – пцIы соупс.

– Зауэм укъихуа-тIэ мыбы?

– Хьэуэ, сэ тутнакъыу границэм деж сыщылэжьащ, – жысIэри аргуэру зыгуэрхэр къескъутэкIащ.

– Бынунагъуэ уиIэ?

– СиIащ, ауэ иджы сиIэжу къыщIэкIынкъым, куэд щIащ сыкъызэрыдэкIрэ, – жысIащ.

Апхуэдэурэ шхэн сухащ.

– Иджы, псы пэгунитI згъэхуабэри гуэщым щIэзгъэуващ, тасышхуэри щIэтщ, щыгъын щIагъщIэлъи, щIыIутелъи щIэслъхьащи, мы Пётр уигъэпскIынщ, фыкIуэ! – жиIэри, дыкъыщIэкIащ. Сщыгъыу хъуар сщихри, сабийм хуэдэу тасым сригъэтIысхьэри, езыр къыстеIуэтыхьурэ Пётр сигъэпскIащ. Джанэ-гъуэншэдж щIагъщIэлъ къабзэ щыстIэгъащ, абы и щIыIукIэ джанэ, итIанэ цыплIэ трызигъэлъхьэжащ, кIэстум щхъуантIэ щызигъэтIэгъащ, польскэ джэлъэфей, ари щхъуантIэу щIыгъуу. Ахэр псори щIэ дыдэтэкъым, ауэ икIи лэжьатэкъым, къабзэт. Си кирзэ шырыкъуитIыр лъыстIэгъэжащ. Си жьакIэр Пётр схуиупсащ, си щхьэр щхьэц машинкэкIэ щIищащ. Арати, си фэр къыщIэщыжащ.

Унэм дыщIыхьэжа нэужь унэгуащэ Улиянэ къызоплъри аргуэру къызоупщI:

– Илъэс дапщэ ухъурэ?

– ТIощIрэ щырэ!

– Фыз уиIэ?

– Хьэуэ.

– АтIэ дауэ тутнакъыу узэрыщытар?

– Сытутнакъакъым, сыпленащ, Владимир-Волынск лагерым сыкъикIуэсыкIащ, – жысIащ.

– ГъащIэ Алыхьым къуитати, псэууэ укъикIащ, – жиIащ. Абы хэту нышэдибэ гъуэгыу гъуэмылэ нытхуэзыхьа фызыжьыр къыщIыхьэжащ.

– Къэфшэну жысIатэкъэ тхьэмыщкIитIым языр! КъыщIэвмышар сыт?..

– Къэтшащ, бабушкэ! – жиIащ Пётр.

– Дэнэ щыIэ-тIэ?

– Мис, щысщ, – сригъэлъэгъуащ.

– Ар мыракъым.

– Мыращ, дгъэпскIащ, тхуэпащ, зэщIэтщащи, къыпхуэцIыхужкъым.

– Сынок мой! – жиIэри, фызыжьым IэплIэ къысхуищIащ, – Си Ваня Советхэм ящIыгъуу икIуэтащ. Сэ сщIэркъым абы телъ бэлыхьыр зыхуэдэр! – жиIэри ину къэгъащ.

– Апхуэдизрэ умыгъ, бабушкэ, Iэмал имыIэу къэкIуэжынущ Иван, – жиIэрт Пётр.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, унэм я лIыр къыщIыхьэжащ.

– Мыра къэфшар? – жиIэри си Iэр къиубыдащ. – Сэ си унэцIэр

Единакщ, си цIэр Фотийщ. Жэщ кIуам фыздэщыIар си анэ къилъхуа си шыпхъущ, абы и лIыр нэмыцэм я деж секретару щолажьэ. Ар ди цIыхущ, шынагъуэкъым! Ди анэр нышэдибэ нэкIуауэ фыкъилъэгъуати, гъуэгыу къэкIуэжащ. Сэ Iуэху щызиIэт къалэми, «къафшэ!» – жысIэри, сежьат. Сэри си щхьэгъусэми ди къару илъыгъуэщ, си къуитIри ин хъуащ, лэжьакIуэщ. Дгъэшхэну диIэр мо фызыжь закъуэрщ. Удгъэлэжьэну укъэтшакъым. Сэ си фIэщ мэхъу Советскэм къызэригъэзэжынур. Сызыхуейр зы закъуэщ: «Мыбы сыкъихъумащ, и деж сыщигъэIащ» жыпIэну ара къудейщ. Сэ Советым щыгъуэ сельсоветым и унафэщIу сылэжьащ. Уи гъусэр къыщыувыIа къатрыщIэм и фызыр си къуэдзэу щытащ. А уи гъусэри слъэгъуащ, псори фIы хъунущ. УмыукIытэу шхэ, зыужьыж, уздэмыкIуэн умыкIуэ, сэ си деж къэкIуэнур дзыхь зыхуэсщI-къысхуэзыщIыж цIыху пэжхэщ. ЛъэпкъкIэ усыт? – къызэупщIащ.

– Сыкъэбэрдейщ.

– Апхуэдэ зэхэсхакъым. Дэнэ фыщыпсэур?

– Сышэрджэсщ, урысхэр игъащIэ лъандэрэ къызэрыдэджэр черкесщ, – жысIащ, – Кавказым дыщопсэу!

– Черкесхэр зэхэсхащ, Кавказри сощIэ, – жиIащ. – АтIэ уи Iуэхур къызэрекIуэкIар дауэ?

– Парашютисту служить сщIащ, зауэм зэрыщIидзэу дылъэтащ. Киев деж окруженэм сихуащ. Владимир-Волынск щыIэ гъэрыпIэм си гъусэм сэрэ дыкъикIуэсыкIащ, – жесIащ.

– Молодец! А окруженэ иным и хъыбар зэхэтхащ. Си шынэхъыщIэ Иван Владимир-Волынск къалэм МВД-м и начальникыу лэжьащ. Советыдзэм ядикIуэтащи, и хъыбар лъэпкъ тщIэркъым. Ди анэр зэпымыууэ магъ. НэхъыфIым, Алыхьым дыщыгугъынщ. Си щIалэхэмрэ уэрэ фIыуэ фызэрылъагъунщи, уагъэзэшынкъым, – къызжиIащ. Ар лIы губзыгъэ, лIы зэтес гуэрт, фашистхэр илъагъу хъуртэкъым. Советскэм къызэригъэзэжынур хьэкъыу и фIэщ хъурт. «Аргуэру насып сиIэу, Алыхьым фIыуэ сыкъилъагъуу къыщIэкIащ». Бжьыхьэт, сэ сежьэжамэ, сызыхэхуэнур сщIэртэкъым. Иджы си гум зэкIэ пыIэгъуэ игъуэтат. Ауэ Iэубэчыр здашам щыIэ хъунутэкъым. Илэжьыни игъуэтынутэкъым, езыри яхуэгъэшхэнутэкъым. Махуэ зытIущ нэхъ дэмыкIыу, си хозяиным селъэIуащ.

– Фотий, дорогой, си гъусэр здэщыIэр хъунукъым, нэгъуэщI хэщIапIэ къыхуэгъуэтын хуейщ.

– СощIэ, абы согупсыс. Пщэдей сыкIуэнщ, щIыпIэ гуэр сощIэри, абы щагъэIэну яжесIэнщ.

ЕтIуанэ махуэм Фотий шэджагъуэ нэужьым къигъэзэжащ.

– Къэзгъуэтащ, пщэдей тшэнщ, уи ныбжьэгъур здэщыIэр уэри унэкIуэнщи, зэбгъэлъагъунщ, уигу зэгъэнщ.

Нэху дыкъекIри къатрыщIэм деж дыкIуащ. ФIыщIэ ин хуэсщIри, Iэубэчыр къыщIэтшыжащ. Къуажэ дыдэмыхьэу, гу гъуэгу дытемыхьэу, губгъуэ защIэкIэ лъагъуэ цIыкIукIэ дыкIуэцIрыкIри, зы къуажэ цIыкIу дыдыхьащ. Унэшхуэ гуэрым декIуалIэри дыщIыхьащ. Абы зы лIыжь, цIыхубзищ, сабиитI щIэст.

– Къыфхуэсшащ. Мы щIалэм фызэрихьэнщ, ауэ фымыгъэмэжалIэ, – яжриIащ.

– ФІы дыдэщ, умыгузавэ, ар ди деж хъума щыхъунщ. Дэ дыцІыху кІуапІэкъым, – къыжраІащ. А унагъуэм Фотий фІыуэ къацІыхурт. Советым щыгъуэ председателу щылэжьам, мы къуажэ цІыкІури абы епхауэ щытат.

– НэфІэгуфІэу щыт, сабийхэм ядэджэгу, фІыуэ закъегъэлъагъу. ЩІэх дыдэу я бзэри къэпщІэнщи, фызэгурыІуэнщ. Сэ сыкъакІуэурэ услъагъунщ, – жесІащ Іэубэчыр.

– Алыхьым и хьэтыркІэ щІэх-щІэхыурэ къакІуэ! – жиІэри дыкъыщІэкІыжащ.

ЩІымахуэр абы щисхащ, я быным хуэдэу сыкъалъагъуу. Дунейм зы цІыхуфІ тетмэ, ахэр етІуанэт. Зэгуэрым урыс лІитІ зынывщІагъэхуащ, къэпитІ яІыгъыу.

– Парашют умыщэхуну пІэрэ? – жаІэри.

– Хьэуэ, зыкІи къытхуэгъэсэбэпынукъым. Ар зыгуэрым илъагъумэ, дыкърригъэщынущ, «къыздифхар дэнэ?» жаІэурэ дызэрахуэнущ, – идакъым Фотий.

ЛІитІым я псэлъэкІэмкІэ сэлэт къызэрыгуэкІыу зэрыщымытыр къызгурыІуащ. ТІури граждан щыгъынкІэ хуэпат. ЛІитІым Іэнэ къыхуащтэри ягъэшхащ.

– Самогон уимыІэу пІэрэ? – жиІащ зым.

– Зетхьэркъым! – жиІащ Фотий. Шхэри щІэкІыжахэщ, фІыщІэ къыхуащІри.

– Зыри къызгурыІуакъым, – жиІащ Фотий.

Зы зэман заул дэкІауэ нэкІуащ Советскэм щыгъуэ егъэджакІуэу Западнэ Украинэм ягъэкІуауэ щыта, директору школым щылэжьауэ зы щІалэ хэщІыхьа хьэпІацІэнэІу, зы цІыхубз дахэ, егъэджакІуэу лэжьауэ, и гъусэу. А тІур школым щылажьэу зауэр къэхъейщ, нэмыцэр къатеуэри, щІэпхъуэу дэкІынхэу хунэмысу къэнауэ школым щыпсэурт, зэрышауэ. Зэрыпсэун яІэтэкъыми, зи бын ирагъэджахэм деж лъэІуакІуэ кІуэурэ, къратымкІэ псэурт.

– Дауэ фыпсэурэ? – еупщІащ Фотий.

– Дауэ дыпсэун, Іейуэ гугъу дохь, – жиІащ щІалэм, Ржевскэм. И псэлъэкІэмкІэ куэду щІэныгъэ зиІэ цІыхут. – Псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр дэ тхуэдэ екІуэлІапІэншэхэр Германым лэжьакІуэ яшэу жаІэри аращ.

КІэртІоф, хьэжыгъэ яритри иутІыпщыжащ.

Зауэр дэнэ нэсами, дунейм сыт къыщыхъуми, зыри зэхэтхыртэкъым. Газет, радио жыхуаІэхэр щыІэтэкъым.

ЩІымахуэр икІри, гъатхэр къихьащ. Апрелым и 3-р пасхъэт, ІутІыжт. ЩІымахуэм кІэртІофыр зэрылъ мащэм и щхьэр тримычын щхьэкІэ, Польшэм и зэманым старостэу лэжьауэ, къэнжалыщхьэ унэ иІэу, зы къулеижь гуэрым деж кІэртІоф щІыхуэ къыщищтати, ар етыжын хуейт. Мащэм и щхьэр Фотийрэ сэрэ тетхащ.

– Тэрэзэ къэхьын хуейщ, дэнэ щыІэ Пётр? – щІэупщІащ Фотий.

– НакІуэ, сэ сынэкІуэнщ! – жысІащ.

– Хьэуэ, Пётр нрекІуэ.

– Сыт щхьэкІэ, сэ сынэкІуэнщ! – жысІэри дежьащ. Уунэхъунумэ, зы бетэмалщ. НатІэм кърритхам уфІэкІынукъым. Лъэгум дехри, пщІантІэм дыщыдыхьэм, полицаитІ абы я деж ефэу щІэсти,

къыщIэплъри сикъалъэгъуащ. Зыр къыщIэжри:

– Ухэт уэ? – жиIэри сиубыдащ.

– Мыр си деж щыIэщ мэлажьэри! – жиIащ Фотий.

– Ар дэ зэхэдгъэкIынщ, накIуи нышIыхьэ! – жиIащ. Си Iэм ятIэр къыфIэтIэтIу фIейти:

– Си Iэр сыгъэтхьэщI, – жесIащ. Фотий унэм щIыхьащ, мыдрей полицайм и щIыбагъ къысхуэгъэзауэ бжитIым я кум иту, абыхэм епсалъэрт. Унэгуащцэм къытрикIэурэ си Iэр стхьэщIырти, «зыри жумыIэ» къизгъэкIыу физым Iэпэ хуэсщIри, сикъыщIэжащ. Километр хъуми арат, мэзышхуэ щытти, абы сыхуэжэу сыщIэпхъуащ. ПолицаитIыр къыскIэлъыщIэжауэ нысkIэлъоуэ. Псы цIыкIу ежэхырт, псы бэкъу куу иIэу. Абы селъэну сыIулъэдащ. АрщхьэкIэ и нэхъ бгъуапIэ дыдэм срихьэлIащ. Нэхъ и зэвыпIэмкIэ сыжэн си гугъэу ижьымкIэ къыщысIуантIэм, си лъэдий сэмэгум шэр къытехуэри, сыджэлащ. Япэ нэса полицайр къысхьэщылъадэри:

– УзоукI, сволочь! – жиIэу къыщызигъапщэм, Фотий къэсри, фочыр иубыдщ, лIыр игъэкIэрахъуэри псы цIыкIум хидзащ. ЕтIуанэм и фочыр къытрихри:

– Сэ физукIынщ, физыхуейрамэ! Мы тхьэмыщкIэр щIэвукIыр сыт? – жиIащ. Псым хидзар хъуанэцIанэурэ къыхэпщыжри:

– Мы диверсантыр зыхъумэ уэращ укIын хуейр! – жиIащ. Зыр къызбгъэдэнэри, адрейм шыгу къихуащ. Сралъхьэри, нэгъуэщI къуажэ полицайхэм я отделенэм сашащ. Фотий шууэ нысkIэлъысащ, хъыдан къабзэ иIыгъыу. Си вакъэр лъихщ, си гъуэншэдж лъапэр зэгуиупщIыкIри, уIэгъэм зыгуэрхэр щихуэри ипхащ.

– Насып джанэ пщыгъыу укъалъхуащ уэ! КъупщхьитIым я кумкIэ шэр дэкIащ, псынщIэ дыдэу ухъужынущ, умыгузавэ, – къызжиIэри, си гур фIы схуищIащ. – Мыр згъэлэжьауэ и щIыхуэ стелъщ, – жиIэри украин ахъшэу сом 300 къызитащ, хъуржын цIыкIу из тутын и гъусэу.

Фотий къыщIэкIыжащ. А махуэми жэщми полицай унэм сыщIэлъащ, пщэдджыжьым гум срагъэгъуалъхьэри срашэжьащ.

Владимир-Волынск къалэм сашэжащ. ЯпэщIыкIэ нэмыцэ комендатурэм сыIуашащ. Зы нэмыцэ офицер къыщIэкIри, къызэплъщ-къызэплъри – «бандит!» – жиIэри зэрылъэкIкIэ си напэм къыхэуащ, бэлътокукIэ и Iэр илъэщIыжурэ щIыхьэжащ.

Сызыша полицайр къыщIэкIыжри, аргуэру срашэжьащ. Сэ зыри слъагъуртэкъым, гууэщIу гум силъщ, мэкъум сыхэлъу. ГъэрыпIэм сыIуашэри, абы пленитI кърашати, носилкэм сытралъхьэри лагерым срахьащ, кIэзармэм и еплIанэ къатым сыдрахьейщ, пхъэбгъу илъу зы гъуэлъыпIэ гуэрым срагъэгъуалъхьэри къыщIэкIыжащ.

Iэубэчыр къыщына лIыжь-физыжьхэм я деж щыIащ, ди дзэр нэсу къахыхьэжыху. КъэкIуэжри зауэ нэужьым и унэ илIыхьыжащ.

# Гынымэ зыщыуа письмо щимэхэр

Илъэс зыкъом дэкІащ абы лъандэрэ. Радиом сыщылажьэрти, зы цІыхубз хэкІуэта си деж къыщІыхьащ. «Си цІэр Зулижанщ, Сэхъухэ срапхъуэщ», – зыкъызигъэцІыхуащ абы икІи, лей куэд къримыгъэкІуэкІыу, папкэ удзыфэшхуэ къысхуишиящ, – мыр сэ иджыри къэс схъумащ, дяпэкІэ уэ хъумэ…» Зулижан и нэпсхэм къызэпажыхьащ. Папкэр къызэІусхри, письмо щимэ цІыкІу къом къыдэлъэлъащ, языныкъуэхэр я зэкІуэцІылъхьэпІэхэм деж щызэпытхъауэ.

Письмохэм еджэн щІэздзэри, а махуэм нэгъуэщІ Іуэху схуэщІэжакъым. Ахэр къэзытхыр Зулижан и дэлъху Мусэт, къыздикІыр зауэрат, зыхуитхыр и анэмрэ и шыпхъу закъуэмрэт. Жэщ псом жей симыІэу сегупсысащ а письмохэм. ЕтІуанэ махуэм Зулижан къэслъыхъуэжри, Мусэ и хъыбар жезгъэІэжащ.

– Сэ ныбэ силъу, Мусэ илъэсищым иту, ди адэр мафІэгум щІэхуэри иукІауэ щытащ, – къызжиІащ абы. – Ди анэм гугъу ехьу дипІащ. Ди адэм щІэнығъэр и хъуэпсапІэу зэрыщытар къыджиІэ зэпытт. Сэ пединститутыр къэзухащ, къуажэ школым, итІанэ педучилищэм сыщылэжьащ. Мусэ къуажэ школыр къиуха нэужь (абы щыгъуэ классиблт къуажэ школыр зэрыхъур), Краснодар электротехникум къыщиухащ, арщхьэкІэ а ІэщІагъэмкІэ къуажэм лэжьыгъэ щигъуэтакъым. Гурыхуэ цІыкІущ, есэнщ, жаІэри, Потребсоюзым ящтащ.

Апхуэдэу щІалэщІэр техьа мэхъу ІэщІагъэ хуэхъуну бухгалтер лэжьыгъэм и гъуэгум. Куэд дэмыкІыуи, Мусэ райпом бухгалтеру яшэ. Абыи куэдрэ щамыгъэлажьэу, и ІэщІагъэм фІы дыдэу зэрыхищІыкІыр къалъытэри, Къэбэрдей-Балъкъэр потребсоюзым яшэж.

Апхуэдизу зи Іуэху дэкІ щІалэм и ныбжьыр а зэманым зэрыхъур илъэс тІощІт. 1938 гъэм сентябрым и 9-м «Къэббалъкъпотребсоюз»-м къыщыдэкІа унафэм дыкъыщоджэ: «Дзэм къулыкъу щищІэну зэрыраджам къыхэкІыу, Сэхъу Мусэ Тыгъуэн и къуэм инструктор-бухгалтер лэжьыгъэр щхьэщыхын…».

Арати, Сэхъу Мусэ и ныбжьэгъухэм я гъусэу дзэ къулыкъум пэрыуващ. ЗэрыгумащІэрагъэнт, абы и япэ письмор Минвод деж къыщиутІыпщат. ЕтІуанэр къитхат Украинэм нэсауэ:

«Зулижан, мамэ, дауэ фыщыт? Дэ махуищ мэхъури гъуэгу дытетщ. Си нэкІэ сымылъэгъуамэ, си фІэщ хъунтэкъым ди къэралым и инагъыр, гур хохъуэ кІэ зимыІэж ди губгъуэхэм, ди мэзхэм ущыблэжкІэ…

**Адыгэ сэламкІэ, фи Мусэ».**

* * *

«… Зулижан, мамэ быдэу жеІэ мыгузэвэну. Сэ си Іуэхухэр хъарзынэщ. Дагъэлажьэркъым, дагъасэу аращ. Сыузыншэщ.

Фэ дауэ щІымахуэм фыхуэхьэзыр: фшхын, вгъэсын зэвгъэпэщыфа? Аращ нэхъ сыщІэгузавэр. ДяпэкІэ мы адресымкІэ къэфтх: Украинэ, Винницэ область, Жмеринкэ къалэ.

**Фи Мусэ».**

* * *

«Зулижан, сощІэ, мамэ Іэджэуи игу сыкъэкІащ. Сэри сыапхуэдэщ. Мамэ жумыІэ, ауэ мыбыкІэ уэсышхуэ къыщесащ, щІыІэ Іейщ.



11 Заказ №94

Абы щхьэкIэ дызэрагъасэ зэманри ягъэмэщIащ. Япэм сыхьэтипщIкIэ дыкърахуэкIыу щытамэ, иджы – сыхьэтихщ.

Псоми десэжащ, къыттехьэлъэжыркъым, иджыщ дэ красноармеецкIэ укъыдэджэ щыхъунур.

**Фи Мусэ».**

* * *

«Зулижан, си шыпхъу цIыкIу, сынолъэIуатэкъэ мамэ умыгъэгузэвэну, дэнэ къифха апхуэдэ хъыбар, сэ си IэпхъуамбэхэрщIыIэм писыкIауэ? Лажьэ сиIэкъым, фи фIэщ мыхъумэ, си Iэхэр къищу сурэт зытрезгъэхынщи ныфхуезгъэхьынщ.

Ахъши къыумыгъэхь афIэкIа. Фэ зыкъэвгъанэу щхьэ сэ сом щитI къысхуевгъэхьа? Сэ къэсщэху щыIэкъым: письмо нызэрыстхын тхылъымпIэ, ручкэ – аращ.

Зыми дыхуагъэныкъуэркъым: дахуапэ, дагъашхэ.

**Мусэ».**

* * *

«Алъандэрэ нызэрызмытхам щхьэкIэ къысхуэвгъэгъу, си анэ лъапIэ, си шыпхъу цIыкIу, фызгъэгузэвауэ къыщIэкIынщ.

Дэ Iуэхушхуэ зэфIэдгъэкIащ: зэхэфхауэ пIэрэ Бессарабиер къызэрыдгухьэжар? Зы фоч дгъэуакъым, IэплIэешэкIкIэ драгъэблэгъащ. Бессарабиер, Румынием къыгуэкIыжри, дэ къыдгухьэжащ. Иджыпсту Бессарабием и къалэ цIыкIу Бельцы жыхуаIэм дыдэсщ.

**Красноармеец сэламкIэ, фи Мусэ. Июным и 6, 1940 гъэ».**

* * *

Письмохэр 49-рэ мэхъу. Псоми укъеджэфын, ауэ дэтхэнэ зыми къыхощ щIалэм и гурыщIэ къабзэр, анэмрэ шыпхъумрэ яхуиIэ IэфIыгъэр, гуапагъэр, Iуэху зыбгъэдэтым кърит гукъыдэжыр.

Зулижан игу къегъэкIыж:

– Дунейм тету къыщIэкIынтэкым Мусэ нэхърэ нэхъ цIыху гумащIэ. НэфIэгуфIэт, гушыIэрейт, цIыхум Iуэхутхьэбзэ яхуищIэн фIэфIт. Абы щыгъуэ тхылъ зыщIэу къуажэм куэд дэстэкъыми, пщыхьэщхьэ щIагъуэ дэкIыртэкъым ди унэ зыгуэрхэр къэмыкIуэу. Хэт лъэIу тхылъ хузэхилъхьэрт, хэти письмо хуитхырт. ЧэнджэщакIуэ къакIуэхэри щыIэт. Ди анэр хуабжьу щыгуфIыкIырт иджыри дахэ-дахэу балигъ мыхъуа и щIалэм апхуэдэ пщIэ зэриIэм.

ЦIыхур зэи Iейм пэплъэркъым, фIым фIэкIа. Псом хуэмыдэу – зауэм. Пэплъэртэкъым ди совет цIыхухэри зауэ къэхъеину, ауэ, итIани, сабийми балигъми а зэманым яIурылъыр Лебедев-Кумач и уэрэд «Пщэдей зауэ къэхъеймэ…» жыхуиIэрат.

Сэхъу Мусэ и гъусэу дзэм къулыкъу щызыщIа, Псыгуэнсу къуажэм щыщ Тэрчокъуэ Алшагъыр къызжиIэжауэ щытащ:

– Дзэм сыщыIэу, Жмеринкэ къалэм дыдэсу, Сэхъу Мусэрэ Мэкъуауэ Гъузеррэ срагъусэу зы отделенэм дыхэтащ. ДызэгъэбыдылIар топ хьэлъэхэрт. Абы дыщыIэу тревогэкIэ дикъыдашыжри, япэщIыкIэ частым дыкъашэжащ, итIанэ дахуапэщ, Iэщэкlэ даузэдщ, гъунапкъэм дашэри дагъэуващ. ЩIытIхэр тщIыри топхэр хэтIтIащ. Абыхэм яужь дитурэ, зауэр къэхъеящ. Япэ махуэ дыдэм бомбэ кърадзыхыу

щIадзащ. Кхъухьлъатэм топкIэ уеуэфынукъым, езыхэр щысхьырабгъу ямыIэу къытхэуэурэ дызэбградзащ, итIанэ танкхэр абыхэм къахыхьэжри, дыкъимыкIуэту хъуакъым. Волгэ дыкъызэпрыкIащ, дахэуэм, хьэлэч тщIым, езыхэри къауэурэ дэри хьэлэчыр къытхалъхьэу. ГуащIэмащIэ хъуа ди частыр Камышин къалэм деж щIэрыщIэу щызэрагъэпэщыжри, Мусэрэ сэрэ часть зырыз дыхэхуащ, абы и ужькIэ дызэхуэзэжакъым. ЩIалэ губзыгъэт, адыгагъэ зыхэлът, шынэ жыхуаIэр ищIэртэкъым. Апхуэдэу сигу къинэжащ сэ Сэхъу Мусэ.



«Дянэ, си шыпхъу цIыкIу, – итт Мусэ 1941 гъэм сентябрым и 30-м къитха письмом. – Псом япэ адыгэ сэлам гуапэшхуэ ныфхузогъэхь икIи сыпIащIэу сыныфщIоупщIэ. Сэ фыкъысщIэупщIэмэ, сыфIщ, сыузыншэщ, фи письмо сызэрыщыщIэм нэхъ лажьэ сиIэкъым.

Полтавэ деж фашистхэм си гур щатепщэхащ, фIыуэ хэдгъэщIащ. Иджы дыкъыIуашащи, тIэкIу зыдагъэгъэпсэхуну къыщIэкIынщ.

КъысщIэупщIэ псоми сэлам схуефхыж».

КIэщI дыдэу фIэкIа къимытхми, Мусэ и письмохэр къызэкIэлъигъэпIащIэрт. И анэрат нэкууи-напIэуи иIэр. Сыт щыгъуи игу фIы зэрищIын гуэр къыхуигъуэтырт. Ауэрэ зэманыр кIуэурэ, унэм икI письмохэр зэпыуащ: бийр къэсащ Кавказ бгыжьхэм я жьэгъум. А лъэхъэнэм Iэджи и гум щыщIащ сэлэт хахуэм. Къэбэрдей-Балъкъэрыр хуит къызэращIыжар зэрызэхихыу, гуфIэу письмо къитхащ:

«Илъэсыщ Iэ угъурлыт мы дызытехьа 43 гъэр. Тхьэшхуэм и фIыщIэкIэ, хуит фыкъащIыжащ ди сэлэтхэм. Сэри аращ алъандэрэ зяужь ситар: зыгуэрхэм я къалэ, къуажэ, зыгуэрхэм я анэ, шыпхъу хуит къэсщIыжащ.

Дауэ къела ди къуажэр, куэд хэкIуэда? Фронтым кIуа щIалэхэм сыт я хъыбар? Ди жэмыр фиIэж, дауэ фыхъурэ, фшхын вгъуэтрэ?

Зулижан, мы сызыщIэупщIэ псоми Iэмал имыIэу жэуап къетыж. Узыншэу, си шыпхъу закъуэ. Январым и 30, 1943 гъэ».

* * *

«Зое, мамэ, сэ нобэ зыкIэ сыгуфIащи. Сэ сыхуэзащ адыгэ капитан щIалэ гуэр. И унэцIэр КIыщокъуэщ. Зауэм и пэкIэ институт къиухащ. Си жагъуэ хъуар зыщ: ар нэгъуэщI часть зэрыхэтырщ. АдыгэбзэкIэ дызэпсэлъащ. Фи фIэщ хъун, илъэс хъуауэ а дакъикъитхуращ къысхуихуар адыгэбзэкIэ сыпсэлъэну. Абы и ужькIэ нэху щыху мамэ сепщIыхьащ.

Мусэ. Январым и 4, 1944 гъэ».

КIыщокъуэ Алимт Мусэ зыхуэза адыгэр. А хъыбарыр зэрыта пись-

морщ Мусэ къитхауэ иужь дыдэу Сэхъухэ къаIэрыхьэжари. Абы и ужькIэ къахуэкIуам итт: «ПщIэ зыхуэсщI Зое Тыгъуэн ипхъу! Дыгъуасэ, апрелым и 17-м, 1944 гъэм, дэ насыпыншагъэшхуэ къытщыщIащ: уэри сэри. Уи дэлъху лъапIэ, си ныбжьэгъуфI Мусэ Севастополь деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм къыщаукIащ…

Уи дэлъхур дэ щыщIэтлъхьащ Севастополь ищхъэрэкIэ километр 12-кIэ уехмэ, узыхуэзэ мэзым, Бахъчысэрай къикIыу Севастополь кIуэ гъуэгум пэмыжыжьэу. ЛIыгъэ зыхэлъхьэ, си шыпхъу, уэ уи дэлъхур хахуэу щытащ.

**Белай Григорий. Апрелым и 18, 1944 гъэ».**

А письмом и ужь иту Зулижан къыхуахь щхьэкIуэ тхылъри. ИтIани и фIэщ имыщIыну яужь итщ. Гугъэр иужь дыдэу малIэ, жыхуаIэрати, Зулижан письмо етх Мусэ зыхэта частым и командирым деж, щхьэкIуэ тхылъ къызэрыхуэкIуар ебзыщIри. Мыгувэуи мыпхуэдэ жэуап къыIэрохьэж:

«ПщIэ зыхуэсщI Зое Тыгъуэн ипхъу, частым и командирым и лъэIукIэ мыр ныпхузотх. Сэ си гъусащ уи дэлъхур, Севастополь хуит къыщытщIыжым ар зэуапIэм Iуту къаукIащ 1944 гъэм апрелым и 17-м, сыхьэтыр 14-м деж. УIэгъэ хьэлъэ хъуауэ сэ къыIуслъэфащ зэуапIэм. И уIэгъэхэр хуэспхэри, зы сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкIыу санбатым яшэ пэт, гъуэгум и псэр щыхэкIащ. Езым и ныбжьэгъуу щыта сэлэт Семеновскэм и гъусэу зы мащэ итлъхьэжащ, я кхъащхьэми пхъэ сын щыхэтсащ, я цIэ-унэцIэхэр тету. Зауэр иухмэ, зэгъусэу дыкIуэнщи, щыщIэтлъхьа щIыпIэр уэзгъэлъагъунщ.

Уи дэлъхум зэрихьа лIыгъэм щхьэкIэ къыхуагъэфэщащ «За отвагу» медалыр. Зое, Мусэрэ сэрэ дызэгъусэу илъэситIрэ ныкъуэкIэ дызэдэзэуащ. Ар фэ фхуэдэ дыдэу, сэри сыпсэуху си гум ихунукъым.



**Худяков Григорий».**

Зулижан и нэпсхэм къызэпажыхьауэ адэкIэ къеIуэтэж:

– Худяковри хэкIуэда, Тхьэм ещIэ, и хъыбар афIэкIа къэIужакъым. Зауэр иуха нэужь, Севастополь сыщыщIоупщIэ, си дэлъхум и кхъащхьэр къэзгъуэтыну. «Къуэшыкхъэм щIэлъщ, укъакIуэмэ, уэдгъэлъагъунщ», – къысхуатхыж. Тызодзэри сокIуэ. Абы си гур зэрыщыхэщIар къэIуэтэжыгъуейщ. Къуэшыкхъэм щызэхуахьэсыжат а си дэлъхум хуэдэу пIэщIэгъуэкIэ адэ-мыдэкIэ щыщIалъхьауэ щытахэр. Къырымым апхуэдэ кхъэуэ сызыщрихьэлIахэм дэтхэнэми цIыху 200, нэхъыбэ щIэлът. УнэцIэхэри тедзатэкъым сынхэм, щIэлъым я бжыгъэм фIэкIа. Си дэлъхум и цIэри зыщIыпIэ дежи теткъым, Севастополь архивым щахъумэу фIэкIа».

Абы и ужькIэ анэмрэ шыпхъумрэ я гугъэр хахыжащ Мусэ псэууэ къигъэзэжыным. Зыр зым щысхьу, зым и гухэщIыр адрейм щибзыщIурэ къекIуэкIащ а тIур. Уеблэмэ, и анэ закъуэр къигъанэу, Зулижан лIы дэкIуэфакъым.

«Алыхьыращ къызэзытари, сIызыхыжари Алыхьыращ» жиIэурэ, Мусэ и анэр дунейм ехыжащ. И гущIэр гуауэм къызэгуичми, гъыуэ, бжэуэ зыми зыкъригъэлъэгъуакъым. Апхуэдэ гуауэ дапщэ щыму къыздрахьэкIа адыгэ анэхэм?!

… Си пащхьэ илъщ зауэм и гынымэ гуащIэр зыщыуа письмо щимэ цIыкIу къомыр. Ахэр и фэеплъщ Хэку зауэшхуэм къызэрыгуэкI сэлэту хэта, Хэкум папщIэ зи псэм щымысхьыжа Сэхъу Мусэ Тыгъуэн и къуэм.

**АФIЭУНЭ Рае**

# Гузэвэгъуэшхуэм пэджэжу

Къухьэпӏэ лъэпкъхэм мыпхуэдэ псалъэжь яӏэщ: «Топхэр щыпсалъэм деж музэхэм заущэху». Ар зыгуэрым щыжиӏакӏэ, апхуэдэ къыщыхъуи щыӏауэ къыщӏэкӏынщ, ауэ я нэхъыбэм деж зауэм усэныр дэкӏуэдыным и пӏэкӏэ, поэзием и пкъыгъуэ гуэрхэр нэхъри кърегъэбл. Апхуэдащ Хэку зауэшхуэри: ар къыщыхъеям щыгъуэ ди къэралым лъэпкъыу исыр зэкъуэту къызэдэтэджа къудейкъым, атӏэ усэрэ уэрэдкӏи а шынагъуэшхуэм пэджэжащ. Абы и щыхьэтщ адыгэ лъэпкъ ӏуэрыӏуатэри. Зэрытщӏэщи, ӏуэрыӏуатэр къэзыгъэщӏыр цӏыхубэращ икӏи езы лъэпкъыр хуэмейуэ зыгуэрым и унафэкӏэ хъыбари, уси, уэрэди къежьэнукъым, къежьэпами, бэм игу иримыхьмэ, бжьиз имыкӏуу кӏуэдыжынущ. Апхуэдэу зэрыщытым ӏуэрыӏуатэр цӏыхубэм я макъ пэж ещӏ. Нэмыцэ зэрыпхъуакӏуэхэр ди къэралым къыщытеуэм, тхакӏуэусакӏуэхэм я къалэмхэр ягъэпсыным пэмыплъэу, езы цӏыхубэм уэрэдхэр къыхэӏукӏащ, Хэкур хъумэным, лӏыгъэ зехьэным, адэ-анэмрэ къэшэн дахэу къанэмрэ яхуэпэжыным зауэлӏыр къыхураджэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар къэхутэныгъэ институтым и архивымрэ фонотекэмрэ ӏэрытхыуи макъкӏэ тхауи зауэ зэманым зэхалъхьауэ щыта усэхэр, уэрэдхэр пщӏы бжыгъэу хэлъщ. Дауи, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зыгуэрым иусащ, зыгуэрым и гурылъымрэ гурыгъухэмрэ къахэкӏащ, ауэ я нэхъыбэм зы къэхъугъэ гуэр къежьапӏэ хуэхъуа щхьэкӏэ, дэтхэнэми куэдым ягу щыщӏэхэр къеӏуатэ икӏи абы къыхэкӏыу, зым иуса уэрэдыр бэм жьэрыӏуэтэжу зэдащтэри цӏыхубэ уэрэд мэхъу, дэтхэнэми зэрыфӏэнэхъыфӏым хуэдэу псалъэ гуэрхэр хедзри езыр зыхуейхэр хелъхьэж. Мис апхуэдэу, зы унагъуэ, зы жылагъуэ гуэрым къыщежьа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ лъэпкъ псом и гъуджэ мэхъу.

Гъащӏэр зэмылӏэужьыгъуэщ, абы къыхэтэджыкӏ уэрэдхэри я темэрэ я зэхэлъыкӏэрэкӏэ куэд мэхъу. Зауэм лӏыхъужьыгъэ мотивхэмрэ гуныкъуэгъуэ мотивхэмрэ и ӏэпэгъущи, а лъэхъэнэм къежьа уэрэдхэри гъэнщӏащ хэкур хъумэныр, лъэпкъ напэмрэ лъэпкъ щӏыхьым яхуэфэщэныр зи лъабжьэ къыхуеджэныгъэхэмкӏэ. Апхуэдэу, зауэм къыщежьэ хабзэщ тхьэусыхафэхэр, гъыбзэхэр. Абы къыщынэркъым: а темэм и гъусэу къыщӏокӏ лъагъуныгъэ мотивхэри, ауанри, гушыӏэри. Аращи, цӏыху цӏыкӏур зэи зыхуэмеин лъыгъажэр щӏэдзапӏэ хуохъури цӏыхубэ гъуазджэм къегъэщӏ зы дуней еплъыкӏэ щхьэхуэ — фӏыр, цӏыхугъэ лъагэр, напэр, лъагъуныгъэр я гъуазэу. Икӏи

ахэр зи плъапIэ лъэпкъым сыт хуэдэ хэщIыныгъэшхуэ имыгъуэтми, и гур иуда хъунукъым, зым и пащхьи лъэгуажьэмыщхьэу щыувынукъым. Апхуэдэщ Хэку зауэшхуэ лъэхъэнэм къежьа адыгэ цIыхубэ уэрэдхэри. Абыхэм къалэнышхуэ ягъэзэщIащ цIыхухэм я гур мыкIуэдынымкIэ, фIыр ищхьэ къэхъунымкIэ, фэм дэмыхуэн хуэдиз мыгъуагъэ зылъысам и губампIэр дэхынымкIэ. Илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIащ, Хэкум къихьауэ щыта лыгъей мафIэм и лъэужьхэри хэгъуэщэжащ, абы щыгъуэ уэрэд зыхуаусахэри, щIаусауэ щыта щхьэусыгъуэхэри, езы зыуса дыдэхэри щыIэжкъым. А уэрэдхэри япэм хуэдэу куэдрэ зэхэпхыжыркъым. Ауэ ахэр дэ къытхуэнащ блэкIам и фэеплъу, лIыгъэм и щапхъэу, лъэпкъ гъуаз-джэм и дахапIэу, ди тхыдэм и зы теплъэгъуэу.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

## ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ И ИЛЪЭСХЭМ ЯУСА УЭРЭДХЭР



### ПАРТИЗАН УЭРЭД

Кремль дахэу Москва дэтым
Унафэ къыщатыр, уей,
Къыттеуащ фашистхэр, уей дуней,
Зэхэдвгъэкъутэ, уей.

Къэралышхуэр къэтэджащи, уей дуней,
ЗылI и быну щытщ, уей.
Къыттеуащи дэ ажалыр, уей дуней,
Мащэ кIыфIыр къахудотIыр, уей.

Партизану ди шууейхэр, уей дуней,
Ди аузхэм ныщопэкIур, уей,
Фашист хьэIуцыдзхэм, уей дуней,
Щыблэшэу къахоуэ, уей.

Дэ дыадыгэлIхэщ, уей дуней жи,
Бийхэм дапикIуэткъым, уей.
Дэ СосрыкъуапцIэм, уей дуней,
ЛъыкIэ дрикъуэшхэщ, уей.

Совет оборонэм, уей дуней жи,
Дэ приказ къыдетыр, уей,

Ди псэ ІэфІыр ттами, уей дуней,
Дэ Кавказыр ттынкъым, уей.

## УІЭГЪЭПХЫМ И УЭРЭД

Си бостей цІыкІур уи кІэ къуэлэнщ.
Умыгузавэ, си Нэкъуэлэн,
Зауэр увыІэмэ, сыкъэкІуэжынщ.

Си кІэ къуэлэн гущэр сэ зыщызохыр,
ЦІыхухъу гъуэншэджыр зыщызотІагъэ,
ЦІыхухъу щыгъынкІэ сэ фронтым сокІуэ.

Си туфлъэ цІыкІур лъэдакъэ лъагэщ,
ПщІэгъуалэ лъагэм сынэшэсауэ,
Сэ уІэгъэпхыу зауэшхуэм сокІуэ.

Си жыр тажыщхъуэм си щхьэр къехъумэ –
Дэ цІыхубз лъэпкъыр дыхъумэгъуейми,
Сэ си хэку лъапІэр бийм щысхъумэнщ.

Дэ фашистыдзэм удын идотыр,
Щхьэхуит хуэзауэр сыту гуащІащэ!
Сэ зауэ  гуащІэм лІыгъэ щызощІэ.

Дэ совет цІыхухэм хэкур дохъумэ,
ЦІыхубз Іэслъэсу сэ сыкъалъхуами,
Си хэкум и цІэр ІейкІэ згъэІункъым.

## ЗИ АДЭ КЪЭМЫКІУЭЖАМ И ГЪЫБЗЭ

Си адэм и хэку ихъумэу,
Уойрэ, и псэр итакъэ,
Уи кхъащхьэр здэщыІэр
СщІам, си адэ дыщэ,
Уи деж лъэсу сынэкІуэнти, уей.

Ди Багъыр щІалэ хахуэт,
Гупым япэ иттэкъэ,
Кхъухьлъатэ къащхьэщыхьэм,
Уойрэ, щхьэмыгъазэт,
Яхэуэныр ирегъажьэ, уей.

Си адэр шы пэхум тесу,
Уойрэ, пщІантІэми дэкІатэкъэ,

Шыр пхэнжу бгъунлъэри,
Уой, си адэ дыщэ,
Мыхъужыныр къыпхуэкIуакъэ, уей.

Сэ ноби сожьэ, сожьэ,
Уэ къэбгъэзэжын къысфIощIыр.
Сэ жэщи махуи,
Уой, си адэ дыщэ,
КъэкIуэжыпIэмкIэ сыноплъэ, уей.

## ЖАНДУЗ И ЩIАЛИЩЫМ ЯХУИУСА ГЪЫБЗЭ

Шэрэдж псыхьэ сэ сынокIуэ,
Шэрэдж бжьэпэ сытоувэ,
ЩIалэ дэтхэм саныхоплъэ,
Си щIалищым яз хэмыт мыгъуэ, уей.

Языхэзи щахэмыткIэ,
ПэгунитIыр щIызогъалъэ,
Си нэпситIыр къелъэлъэхыу,
ПщIантIэ нэщIым согъэзэж мыгъуэ, уей.



СыкъыщIокIри вагъуэм соплъыр,
СыщIохьэжри нысэм соплъыр,
И хьэпшыпыр зэкIуэцIелъхьэ,
ПIэщхьагъыншэщ, сыт ищIэн мыгъуэ, уей.

Жэщыр хъуамэ, сымыжей,
Нэхур щамэ, сымылъагъу,
Си щIалищым я гуIэгъуэм,
Мы си нитIыр ятеслъхьа мыгъуэщ, уей.

Пшынэ фIыцIэр магъ-мэусэ,
Мы уэрэдыр зыхуэзусыр
ФIыуэ слъагъуу си щIалищырщ,
Зауэ бзаджэм сIэщIиха мыгъуэщ, уей.

## ФIЫЦIЭ

Уафэ щхъуантIэр уи тепIэну,
Уэс куу щIыIэр бгъэгукIэ бгъэткIуу,
Бийм и тIасхъэр уэ жэщ къэскIэ къапшIэрт,
ФIыцIэ, уей.

Бэракъ плъыжьыр Рейхстаг щыгум
Жьым щIиупскIэу фIэзыщIахэм
Уахэтауэ, дэ гуфIэгъуэр къытлъоIэсыр, ФIыцIэ, уей.

Уэ хутакIуэу лIыхъужь хахуэм
Бий штаб тхылъхэр щызэщIэпкъуэм,
Укъаувыхьыр плIащIэу, тхуащIэу, ФIыцIэ, уей.

Шэр, уэшх хуэдэу, къыптелъалъэу,
Iэрыубыди уамыщIыфу,
ЩIы фIыцIэжьыр увыIэпIэ пхуохъур, ФIыцIэ, уей,

Извещенэр къысIэрохьэр,
УлIыхъужьу къамыхьатэм,
Сэ си гъащIэр уэ уи бампIэм кIэщI ищIынт, уей.

ТекIуэныгъэр псоми ящхьэщ,
Бийр ди пащхьэм щыхэщIамэ,
Си дэлъху закъуэр Совет хэкум щхьэузыхь
хурехъу!

## ЗАУЭМ ХЭКIУЭДАМ И ГЪЫБЗЭ



Сэ биишэм сызэрихьрэ,
Дыгъэр зэи къыщIэмыкI,
Зы слъэмыкIыурэ сэ тхьэмыщкIэр
Губгъуэ нэщIым сыкъинаи.

Си анэкъилъхуу КIулэ дахэм
Унэ лъэгур къыреикI,
Сэ окопэурэ сызэрылъыр
ЛIы пцIэжакIэрэ къизъикIаи.

Ныбжьэгъу пэжурэ пщIэгъуалэжьыр
Окопащхьэм къыщогыз.
Бий гъэгызурэ сэ си Iэщэр
Мащэм илъурэ мэулъий.

Си анэкъилъхуу Хьэжмуратым
Удын бзаджэр биймибодз,
Сыздэщылъыр уэ къэпщIатэм,
ЩIыгуль къабзэ къыстебдзэнт.

Си шыпхъу закъуэу КIулэ дахэ,
Си кIуэдыкIэр уигу игъэлъ,
Ди къуажэкхъэм сыщIэлъатэм,
Си сын джафэм Iэ дэплъэнт.

Си анэжьурэ си гу махэ,
Си кIуэдыкIэм зумыгъэхь,
Уэ сыбгъейуэрэ уи гур бгъэткIукIэ,
Сыт си Iуэху мыгъуэм хэхъуэжын?

Си щхьэгъусэу си ФатIимэ,
Сэ уэ фIыщэу услъэгъуат,
Лъагъуныгъэри кIэм нэмысурэ,
Си гур мафIэм ныхисхьащ.

Си щхьэгъусэу си ФатIимэ,
УдэмыкIуэу ущымыс,
ДэнкIэ укIуэми, си Алёшэр
Си фэеплъурэ къыздешэкI.

Си Алёшэурэ си бын закъуэ,
Уэ уи адэр шэм ихьащ,
Уи Iэ цIыкIухэри къыщыпшийкIэ,
Уэ хэт мыгъуэми укъищтэн?

Си Алёшэурэ си бын закъуэ,
Уи гуауэшхуэр уигу игъэлъ,
Уи лъэр быдэу укъэтэджмэ,
Сигу мамыру сыщылъынщ.



СИ ТХЬЭУСЫХЭР ФЭ ЗЭХЭФХ!

Гардеробым сыкъыдадзыр,
Машинэжьым сынырадзэ,
Комендантым сыжьэхадзэ мыгъуэ, уей.

Пшынэ фIыцIэр IэкIэ зесшэрт,
Зэрызешэу шалоныжьым
Ди Кавказым сыныреш мыгъуэ, уей.

Ди хъыджэбзхэм ягу сыкъэкIмэ,
Я ныбжьэгъум и фэеплъу
Кавказ къуршхэр къызогъанэ мыгъуэ, уей.

Шалоныжьым сыкъырашыр,
Машинэжьым срашалIэ,
Город Берлин сынидашэ мыгъуэ, уей.

Фашистыжьхэр залымзехьэщ,
ЗалымыгъэкIэ комендантым
Город Берлин сыкъихьа мыгъуэщ, уей.

Си адэ-си анэм сэ сагъафIэрт,
Сэ сфIэмыфIу фашистыжьым,
Къезгъэгъыхыу,  лей къызех мыгъуэ, уей.

ШхыIэн кIапэр къызоIэтыр,
Комендантыр къыщыщIыхьэм,
Си щхьэфэцым зиIэта мыгъуэщ, уей.

Си щхьэцыгъуэр зэгузохыр,
Мы си гущхьэр зэгуэпхами,
Хамэ хабзэ сымыщIэну мыгъуэ, уей.

КъуанщIэ фIыцIэхэр зэрызохьэ,
Си адэ-анэр си гум къихьэм,
Город Берлин сыщопыхьэ мыгъуэ, уей.

Жэщ уэздыгъэр къызэщIонэ,
Лыгъэ мафIэу зэщIэнам
Хисхьэн къомым сахокIуадэ мыгъуэ, уей.

ФАШИСТЫЖЬХЭР ФЫКЪИМЫХЬЭ!

Фыкъимыхьэ, фашистыжьхэ,
СоветыщIым фыкъимыхьэ!
Совет щIыгум фикIуэдэнщ.

Дыгъэр щепсу ди Советскэм
Зы бий закъуи фыкъимыхьэ!
Дэ ди Iэщэм федгъэхьынщ.

Фашистыжьхэр шынел кIыхьщ,
ИкIыхьагъкIэ зауэ хъуами,
Ди Дзэ Плъыжьыр къыфтекIуэнщ.

Ди танкышхуэр уи лъэгубгъуэщ,
Ди Советскэм и губгъуэшхуэр
Партизанхэм яуфэбгъуащ.

Фашистыжьыр пыІэ лалэщ,
КІэлалэжьхэу джэдкъэукІхэр
Налшык къалэ щаукІащ.

ЯугъащІэ, яугъащІэ,
Зауэм Іутхэм яугъащІэ!
Къамыгъазэу бийр яхуж.

ИугъащІэ Краснэ Армэм! –
Къамыгъазэу бийр яхуж,
Город Берлин дахуэжащ.

Бийр ди танкхэм зэхапІытІэ,
Ди «Катюшэм» и шэ плъахэм
Фашистыдзэр зэщІакъуащ.

Ди «Катюшэр» бийм нахоуэ.
Удын бзаджэр дэ бийм еддзри,
Берлин къалэр дэ къэтштащ.

Бомбэр Берлин щыдодзыхыр,
Гитлер и дзэр зэрыдохыр,
Краснэ Знамяр щыфІыдодзэ.

ЯугъащІэ, яугъащІэ,
Ди лІыхъужьхэм яугъащІэ!
Краснэ Армэм иугъащІэ!



## ЗАУЭМ, ЛIЫГЪЭМ, ХАХУАГЪЭМ ЯТЕУХУА ПСАЛЪЭЖЬХЭР

Зауэ езыгъажьэ и щхьэ лажьэ хохуэж.
Зауэ щекIуэкIа къуажэрэ ябгынэжа хэкужьрэ.
Зауэ уIэгъэншэ хъуркъым.
Зауэм и кIэр хьэдагъэщ.
ЗауэфIрэ дауэфIрэ щыIэкъым.
Дзэр зыдэса жылэрэ ябгынэжа щIапIэрэ.
Шэм зэхэгъэж ищIыркъым.
Iэщэ зыгъэдалъэм илъ япэ мажэ.
Имыгъуэу уи джатэ къыумых, къыипхамэ, лIыгъэншэу иумылъхьэж.
Хэкум емыкIу къылъысмэ, псэемыблэжу къыщцыж.
АжалитI щыщымыIэкIэ, а зэ лIэгъуэм лIыгъэ хэлъхьэ.
Бийм и пIалъэр ущыIущIэщ.
Е дылIэн е дылIын.
ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ.
Лыгъэ щIапIэ лIы икIуадэркъым.
ЛIыгъэм хуэлъащэм батэр егъэш.
ЛIыгъэм Iэщэр хуэжыIэщIэщ.
ЛIым и лIыгъэр зауэм къыщацIыху.
ЛIыхъужь и джатэ бзэщхъуркъым.
Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ




*ЕкIуэкIыу:* **5.** Илъэсищ нэблагъэкIэ нэмыцэхэм яIэщIэлъа къалэ, Украинэм щыщу. **7.** Фочыр къызэрагъапкIэ. **9.** Зы тхылъ фIэкIа къыдигъэкIыну хунэмысу, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда адыгэ усакIуэ. **11.** Лагъым лIэужьыгъуэ. **12.** Хэку зауэшхуэм хэта, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щыджэгуа, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **13.** «Георгий …» — Къардэн Бубэ и повесть. **15.** Хэку зауэшхуэм хэта, Горь-

кэм и цIэр зезыхьэ Литературэ институтым щезыгъаджэу щыта адыгей тхакIуэ. **16.** Белоруссием щыщ Къалэ-лIыхъужь. **17.** «... къута» — КIыщокъуэ Алим и роман. **18.** «... пыIэ» — КIыщокъуэ Алим и усэ. **19.** ... зиIэм уахъты иIэщ *(псалъэжь)*. **20.** 1941 гъэм ноябрым и 7-м Москва и Краснэ площадым щекIуэкIа парад цIэрыIуэм икIыу занщIэу зауэм Iухьа совет сэлэтхэм яхэта, иужькIэ адыгэ театрым и сценэр илъэс куэдкIэ зыгъэбжьыфIа, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист. **23.** Бицу Анатолэ и усэ. **26.** «ЩIэблэр ... уэ макъым зыкIи хуейкъым, / Къыхэмыщту ахэр ирежей...» — Гъубжокъуэ Лиуан и «Автобус къэувыIэпIэм деж» усэм щыщщ. **27.** Совет Союзым и ЛIыхъужь ... Михаил. **28.** Езым и лъэIукIэ зауэм кIуа, фочауэ батальоным и командиру щыта адыгэ усакIуэ цIэрыIуэ. **33.** Топ, пулемёт зрагъэувэ быдапIэ. **34.** «Мыужьых мафIэ» поэмэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэ. **35.** «Зы ...» — Къашыргъэ ХьэпащIэ и рассказ. **36.** Джатэ и ... нанэ щыIэкъым *(псалъэжь)*. **37.** «... къарукIэ бийр бгъэсу» —КIыщокъуэ Алим и усэ. **38.** А псым деж щекIуэкIа зауэ гуащIэм хэта зауэлIхэм ящыщу 2438-м Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ. **40.** «Телъхьэ ... си шым» — КIыщокъуэ Алимрэ ХьэIупэ ДжэбрэIилрэ зэдатха уэрэд. **41.** Зауэ зэманым Шортэн Аскэрбий итха пьесэ. **44.** Грузинхэм адыгэхэр зэреджэр. **46.** «Сыхуейкъым ...» — КIуащ БетIал и усэ. **48.** Омск къалэм зи фэеплъ дэт Ларионовэ Анастасие и къуэу зауэм хэкIуэдам я бжыгъэр. **49.** КIыщокъуэ Алим Хэку зауэшхуэм теухуа и трилогием къыхэщ лIыхъужь. **50.** Кхъухьлъатэзехуэу щыта адыгэлI, Совет Союзым и ЛIыхъужь.

*Къехыу:* **1.** Хэку зауэшхуэм щыгъуэ нацист Германием и ахъшэри и дыщэри щихъума Швейцарием и къалащхьэ. **2.** Кхъухьлъатэхэм къродзых, езырезыру къэуэж шэ лIэужьыгъуэ. **3.** «Гум ...» — КIэрашэ Тембот и очерк. **4.** «ЦIыху напэ» балладэр зи IэдакъэщIэкI усакIуэ. **6.** А унэцIэр зезыхьэ лъэпкъым къыхэкIащ Совет Союзым и ЛIыхъужь щIалищ — зыр Къэрэшей-Шэрджэсым, адрей тIур Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ зэкъуэшитIщ. **8.** Къалэ-лIыхъужь. **10.** «Шагъдий ... техутэ» — ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **14.** «Кхъэм и куэбжэр блыпкъкIэ къыIуащIауэ, / ... хуэдэу сынхэр зэбгъурытщ...» — Гъубжокъуэ Лиуан и «Адэхэм я сынхэр» усэм щыщщ. **15.** Пасэрей фоч. **21.** ... лъэужьыншэ хъуркъым *(псалъэжь)*. **22.** Кавказым щыпсэу лъэпкъ цIыкIу. **24.** ШэпхъкIэ е шэ закъуэкIэ уэ Iэщэ. **25.** «Мы щIылъэм шэ фий ... къыщремыIу» — Мыкъуэжь Анатолэ и усэ сатырхэм ящыщщ. **29.** ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэр щиуха нэмыцэIуэр здэщыIа къалэ. **30.** «Щоджэн ... и гъыбзэ» — Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса уэрэдхэм ящыщщ. **31.** «Жэмборэ ...» — ХьэхъупащIэ Амырхъан и усэ. **32.** Ди сэлэтхэм нэмыцэхэр къыщызэтрагъэувыIа, Ингушым щыщ къалэ. **39.** Хэку зауэшхуэм и зэманым а лъэпкъым щыщу 106-м къыхуагъэфэщащ Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр. **42.** Зауэ ... дауэ ... щыIэкъым *(псалъэжь)*. **43.** Къагъырмэс Борис и «Гуауэмрэ губжьымрэ» поэмэм къыхэщ лIыхъужь. **45.** Псэр щэи, ... къэщэху *(псалъэжь)*. 47. «... щIыналъэ» — Бещтокъуэ Хьэбас и усэ.

---

## ЕтIуанэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **6.** Бицу. **7.** Тумэн. **9.** Сонэ. **10.** Сэх. **11.** Тебэ. **12.** Адэжь. **13.** Май. **15.** Гурыгъу. **16.** Джэд. **17.** Батэ. **18.** Тет. **20.** Мыл. **21.** Тхьэзэплъ. **26.** Тхъурымбэ. **27.** Абазэхэ. **28.** Хуэфащэт. **30.** Гъудэ. **31.** Дыщ. **32.** Амыщ. **34.** Нал. **35.** Пашэ. **39.** Дыд. **40.** Iэсэ. **41.** Нэпс. **43.** Рим. **45.** Инат. **46.** Мыкъуэжь. **47.** Бжэн.

*Къехыу:* **1.** Щихухэр. **2.** Журт. **3.** Аму. **4.** Псыжь. **5.** Анэмэт. **7.** Тобэ. **8.** Надэ. **14.** Тэрэз. **19.** Тхьэрыкъуэ. **20.** Мухьэмэд. **22.** Хьэблэ. **23.** Пабжьэ. **24.** Ету. **25.** Дзэху. **29.** Абхъаз. **33.** Мадинэ. **36.** Шортэн. **37.** Псэм. **38.** Фэбжь. **40.** Iэтэ. **42.** Собэ. **44.** Акъужь.

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 05.06.15. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 15,4.
Уч-изд. л. 12,3. Тираж 3320 экз. Заказ №94
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов